

## *HET BOEK ADJI-SÅKÅ*

OUDE FABELAHTIGE GESCHIEDENIS  
VAN JAVA,

VAN DE REGERING VAN VORST SINDOELA  
TE GALOEH TOT AAN DE STICHTING VAN MADJA-PAIT  
DOOR VORST SOESOEROEH:

UIT DE POËZIE JAVAANSCH PROZA OVERGEBRAGT DOOR

C. F. WINTER, Sr.

UITGEGEVEN VAN WEGEN HET KONINKLIJK INSTITUUT VOOR TAAL-, LAND- EN  
VOLKENKUNDE  
VAN NEDERLANDSCH INDIË, DOOR

J. J. B. GAAL EN T. ROORDA.


MET EEN

UITVOERIG BIJVOEGSEL TOT HET WOORDENBOEK  
DER JAVAANSCHE TAAL  
VAN  
GERICKE EN ROORDA.

AMSTERDAM,  
RIJ FREDERIK MULLER.  
1857.

KASALIN SAKING AKSARA JAWI  
ING ASARA LATIN  
DENING :  
MAS KUMITIR.


SIDOARJO, FEBRUARI 2017



## SERAT AJI SAKA


[1] Wonten tiyang agadah cariyos : bénJing pulo Jawi : enggal laminipun boten kinanten badhé suyud dhateng nagari Ngerum sarta asok bulu bekti dhateng ing Mekah, nanging bilih sampun angsal pitungatus taun karsaning Gusthi Kang Maha Agung: annitahaken Rathu ing tanah Jawi ingkang dipun kithani : anama ing Galuh, Rathu ageng mondra guna sarta sekti, anangnging agaminipun tata Buda, sarta boten sumérep ing sastra, jujulukking Rathu Prabu Shindula. Sasirnanipun Rathu punika, dipun gentosi ing Rathu murka, apurun dhateng tiyang sepuhipun, Rathu punika mongsa tiyang, angalih kadhaton dhateng ing **Mendhang Kamolan** kaprenah sawetannipun kitha ing **Demak**, kala semanten taksih dereng wonten sastra. Anunten badhé wonten Bramana sekti ange-Jawi, ajujuluk Aji Saka, pinangkanipun saking sabrang. Punika sampun tinakdir ing Gusthi Kang Agung, badhe anyelani jumeneng Rathu wonten ing pulo Jawi, nanging boten ngantos lami “karatonipun rinacut déning Gusthi Kang Agung, Pringaken dhumateng ingkang gadhah luluri karaton Jawi. Mila kapecat karatonipun amargi Aji Saka kasiku dhateng Gusthi Kang Agung. Lajeng dados Rathuning lelembut.

Sadéréngipun wonten Rathu, ing tanah Jawi sakalangkung saking dahuru, patrapipun tiyang angupados tedha, sami pendhet-pinendhetan, sinten ingkang rosa angsal, wondéning agaminipun tata Buda, kajeng : séla : ingkang dipun puja. Anunte[2]n karsanipun Gusthi Allah anitahaken Rathu, ingkang ngepel tanah Jawi, putranipun Sang Watu Gunung, ajujuluk Prabu Sindhula, bagus wignya sekti, kéringenan sapulo Jawi, lelembat ing tanah Jawi sami ajrih sarta kumawula. Alami panjenengnganipun, tata gemah arja ingkang nagari. Sang Prabu kangungan putra sakawan, ingkang pambajeng: Éstri ayu jumeneng Rathu wonten ing Nusa Tembini, balanipun sami Éstri, panengakkipun kakung bagus anama Dewatha Cengkar, punika ingkang badhé anggentosi Rathu. Pandhadhanipun anama Déwatha Pamunah, dados Adipati wonten ing Madunten, wuragilipun anama Dewa Agung, dados Bupati wonten ing Bali. Putra pandhadha akaliyan wuragil wau saben mongsa angaturi bulu bekti dhumateng ingkang rama. Ananging



Déwatha Cengkar mungkar, amongsa tiyang, sarta purun dhateng ingkang rama, kalampahan dipun tundhung saking nagari. Déwatha Cengkar lajeng ngraman anglempakaken tiyang, lajeng ayasa kadhaton wonten ing Medhang Kamolan, balanipun sampun kathah, nagari sapangétan sampun sami teluk sadaya, amargi kawon ing perang kaliyan Déwatha Cengkar sekti. Ing mangké karsanipun badhé mengsah ingkang rama. Sadhérékkipun kakung kakalih boten angrembagi, nanging Déwatha Cengkar kekah ing karsa, amepak balanipun, tiyang Bang Wétan dipun kerig sadaya. Sarêng tengara mungel barisipun bodhol, anglangkungi agengngipun, tiningalan kados rēdi latu lumampah.

[3]Sakathahing padhusunan ingkang kalangkungngan sami telas dipun arupi sadaya, nagari ing Galuh dipun kepang, kathah griya dipun besméni. Nanging tiyang Galuh boten angladosi ing prang. Sarêng Prabu Shindula midhanget yén ingkang putra adamel rêsah, sumedya anggepuk nagari ing Galuh, sanget dukanipun lajeng amiyosi anindhijihi perang. Balanipun ingkang putra larud sadaya. Anunten Déwatha Cengkar tumandang angamuk, tiyang ing Galuh sami ajrih amathukaken piyambak angungsi barisana ing wingking. Déwatha Cengkar angesuk kapanggih ajeng-ngajengan kaliyan ingkang rama. Pangandikanipun Prabu Shindula, thole : élinga, sira uga cacawangan Rathu, nanging aja angéngé mongsa, Déwatha Cengkar amangsuli, apa abamu, aku kosiya-siya, ing mengko aku ora wedi, arêp males ing kowé, sasampun wicanten makaten, lajeng anyandhak bindi, narajang amupuh siyat-siyut, nanging boten amikantuki. Prabu Shindula sabalanipun ing sanalika boten katingal nagari ing Galuh katingal wana. Ingkang putra dipun supatosi. Eh Déwatha Cengkar, saréhné sira banget wani marang Ingsun sira kasiku ing Jawatha kang luwih, ora awet jumeneng Rathu, ing bésok ana kang malesaké Ingsun anyelani karatonira, sira bakal salah kadadéyan dadi buron isén-iséning banyu, lah : iku sira anti, Déwatha Cengkar sarêng pangandikanipun ingkang rama anyupatosi, sanget pa[4]nelongsa sarta pamuwunipun atobat dhumateng ingkang rama. Nanging sampun kasép, kados upaminipun balang : bilih sampun dhawuh : boten kenging dipun tututi supaos wau




amesthi kalampahan, Déwatha Cengkar mupus kondhur dhateng ing Medhang Kamolan awit nagari ing Galuh sampun katingal wana.

Déwatha Cengkar dhaharanipun saben dinten tiyang satunggil, tanah pasisir akaliyan monca nagari, ingkang sami kaléréh ing Medhang Kamolan bulu bektinipun awarni tiyang, lami-lami nagarinipun risak.

Prabu Déwatha Cengkar sampun apuputra namung satunggil kakung abagus boten wonten ingkang ngungkuli, ajujuluk Raden Daniswara, ginandhang badhe angentosi kaprabon, nanging Sang Raja Putra tansah sanget anggénipun angrudatos awit ingkang rama among satiyang.

Cariyos ing ngajeng punika kakéndela samanten, ing mangké ingkang kocap Ajisaka, anglangkungi saking sekti mondra guna, pinangkanipun saking Mekah anga-Jawi, amung dipun lampahi nem dinten, lampahipun kampir wonten ing nagari Shélan, titiyang ing ngriku dipun tata agaminipun sampun sami ngéstokaken sarta suyud sadaya. Anunten Ajisaka ngangit cariyos tembung Kawi, cariyosipun Harjuna Wijaya. Sareng sampun angsal sataun anggénipun wonten ing nagari Shélan lajeng dhateng ing nagari Keling, titiyang [5] ing ngriku sami suyud sadaya. Anunten Ajisaka nganggit cariyosipun Rama Déwa, ingkang angratoni kethék nagarinipun ing Poncawathi, kala mengsahan kaliyan Rathu danawa ing Ngalengka.

Saking Keling Ajisaka wangsul dhateng ing Shélan malih, lajeng dhateng ing Shigelang. Wonten ing ngriku amumulang ngélmí, sarta anganggit cariyosipun Bana Putra ing Lokapala. Laminé anggénipun wonten ing Shigelang satus tahun, nagari ing Shigelang sampun kaeréh, sakathahing titiyangngipun sampun sami ngéstokaken ngélmínipun Ajisaka. Lami-lami Ajisaka késah saking Shigelang, sumeja dhateng tanah Jawi. Wonten ing margi angampiri pulo ing Lampung, kaliyan ing Shokadana, titiyang ing pulo kakalih punika sampun sami suyud sadaya. Sareng sampun kendel sataun andumugékaken lampahipun angancik tanah Jawi, anama ing Ujung Kolan tanah ing Banthen, wonten ing ngriku amumulang sakathahing tembung : sarta




ngélmí panitisan, titiyang ing Ujung Kolan sami suyud anggepijun Ambathara : sarta asih lulut.

Wontenipun sastra Jawi : sandi : sutra : keling : sarta sastra kerendha, punapa malih condro sangkala, inggih Ajisaka ingkang nganggit, kala samanten ing Ujung Kolon deréng wonten Rathunipun, Ajisaka badhé kadamel Rathu, nangnung boten purun amung dipun sebut Panembahan Bathara Adi kéma[6]won, anggénipun wonten tanah ing Banthen sataun, anunten sakabatipun saking sabrang kathah nusul dhateng pulo Jawi.

Ajisaka lajeng késah saking tanah ing Banthen, sakabatipun wonten ingkang dipun tilar, supados andumugékna mumulang ngélmí, amencarna agaminipun, lampahipun dhateng ing tanah Jawi boten angambah siti. Ingkang dipun seja dhateng nagari ing Medhang Kamolan, lampahipun awor kaliyan angin énggal dhatengipun, anjujug ing redi Kendheng. Ajisaka sektinipun anglangkungi, amunjuli sasamining tumitah. Saking Mekah dhateng ing pulo Jawi lampahan tigang taun dipun lampahi dhateng Ajisaka namung nem dinten kémawon dumugi, amargo saweg Jinurung ing Gusthi kang Agung, sabarang pikajengnganipun dados, mila anglalana anga-Jawi, awit badhé amradinaken wulangngipun.

Ajisaka wancinipun taksih anem abagus warninipun wasis ing ngélmí, dipun guroni ing tiyang kathah. Kalanipun ngancik ing redi Kendheng. Anuju ing wulan besar : mongsa kasa wuku manail taun Jimakir, sinangkalan kunir wuk tanpa jalu.

Ajisaka adhedhekah wonten dhusun ing Kabuyutan, sakabatipun sampun kathah. Wondéning bebektanipun saking sabrang Serat Kawi cariyosipun Harjuna Wijaya : Serat Rama : Panitisastra, salaminipun wonten ing Kabuyutan angang[7]git sastra Sandi : Dasanama : Condra Geni : Wiwaha : Bima Shuci. Tiyang Bang Kilén sami amangéran dhateng Ajisaka. Anunten Ajisaka sisilih nama Shang Hyang Mudhik Bathara. Sakabatipun sangsaya kathah, sami saged-saged sadaya, sarta sampun sami kalilan amumulang.



Ajisaka ayasa mariyem ageng satunggil rontaka sakawan bendhé wolu, gendé kakalih, sarta anyipta telagi, ing tengah wonten pulonipun, sadaya yasanipun punika dados tetengeran, sinten ingkang kuwawi anjunjung mariyem mau, ngalamating tembé badhé aksal singgih, bilih bendhé kaliyan rontoka ical takbiranipun badhé wonten perang ageng, yen mantuk dalajat badhé kerta, sinten ingkang saged ngelangi saking pinggiring telagi dumugi pulo, punika ngalamat badhé manggih kamukten.

Ajisaka nunten karsa nglalana, ingkang kadhwuhan tengga depok ing Kabuyutan sakabat satunggil anglangkungi wasisipun kawenangaken angeréh sakathahing sakabat, sabarang kawruhipun Ajisaka sampun kacakep, kaparingan nama Mudhik Bathara. Wondéning ingkang tumut salampahipun Ajisaka : namung sakabat sakawan, saking kilén urut pasisir, mangétan sumeja badhé dhateng ing Bali, pinten-pinten rēdi ingkang dipun ambah, sakathahing nagari utawi padusunan ingkang kalangkungan ing Ajisaka, sami nungkul sadaya, titiyang ngipun sami anguguru ngélmí, sarta anguguru sastra. [8] Akathah warnining sastra : anggitipun Ajisaka, kaloréyan manawi kacariyosna sadaya.

Saréng Ajisaka sampun anjajah nagari Bang Wétan sarta anyangkalani sakathahing rēdi ingkang dipun ambah, lajeng wangsl mangilén urut pasisir malih, anjog ing Banthen ing Jakartha: ing Karawang: ing Carêbon: ing Brebes ing Thegil ing Ngasthina: ing Batang: ing Kendhal ing Kaliwungu: ing Semewis, anunten ngambah seganten ngancik ing pulo Kélor, wonten ing ngriku kendel, lajeng dhateng pulo Majethi, saking pulo ngriku lumampah dhateng ing Danaraja. Sabatipun kakalih : anama pun Dora kaliyan pun Sembada : katilar wonten ing pulo Majethi wau, arumeksa kagunganipun wangkingan, Ajisaka andumugékaken lampah, anjog ing Pajangkungan, saengen-ingenipun kéndel amumulang, pinten-pinten ingkang sami nyakabat, saking ing Pajangkungan anjog ing Surapringga, wonten ing ngriku angraos pakewed, lajeng lumebet ing nagari Mendhang Kamolan.



Lampahipun Ajisaka kéndel wonten dhekah ing Shangkéh, mampir griyanipun Rondhda Shengkeran, adangu kéndel sajawining kori, rêmen aningali pasang rakiting patamanan tatanemanipun kathah warni-warni, mangsanipun saweg angemohi, ing ngandapipun rêsik, sakiwa tengenipun dhekah wau kathah ingkang anggriyani. Wondening ingkang gadhah padhekahan inggih Rondha Shengkeran, roso asugih sanak sa[9]dhérék, ingkang raka tilas patih ing Mendhang Kamolan, atilar putra éstri satunggil anama Dewi Rarasathi, wancinipun saweg birahi sekar, anglangkungi ayunipun, kala samanten boten wonten ingkang animbangi.

Nyai rondha medal saking griya, kaget aningali wonten tamu, lajeng wangsl malebet aparéyah dhateng récang éstri angelar lampit, sarêng sampun dipun kén angaturi tamu ingkang wonten ing jawi. Ajisaka kaliyan sakabatipun kairid malebet sami alenggah wonten ing lampir sangandhaping batur, sarta dipun segah gantén.

Nyai Rondha éram sanget aningali bagus sarta wingiting semunipun Ajisaka. Sarêng sampun ambagékaken lajeng apitakon : sapéyan sinten ingkang sinambat saking pundi : sarta ing pundi ingkang sineja, Ajisaka amangsuli, kula tiyang nglalana, boten gadhah griya, Nyai Rondha gumujeng amangsuli, kula pitakén ing sayektosipun : ing pundi wonten tiyang boten gadhah pinongka, Ajisaka amangsuli, sayaktosipun kula saking nagari sabrang, dhateng kula mriki badhe sumerêp tanah Jawi, kula mugi sampéyan serêpaken ing ngriki dipun wastani nagari ing Mendhang Kamolan, ing jumeneng Rathu ajujuluk Dewatha Cengkar patihipun ingkang rumiyin sémah kula, ing mangké sampun tilar, dipun gentosi sadhérék kula aném, A[10]jisaka pitakén : raka i jengandika Kyai Patih punapa boten apuputra, Nyai Rondha amangsuli, inggih, gadhah satunggil nanging éstri, kala tilaripun ingkang rama saweg suson, kula gadhah panantun, manawi parêng : sapéyan kula aken anak, anak kula éstri sapéyan aken sadhérék eném supados sampun ngantos ontang-nganting, Ajisaka amangsuli : sumongga.

Nyai Rondha lajeng nyeluk ingkang putra, dipun purih medal, panyelukipun : rara : mrénéya, iki sadulurmu lanang lagi teka saka ing




anglalana, Dewi Rarasathi lajeng dandos wewah ayunipun saking karêngga ing panganggé, anunten medal kalih anyangking pakinangan, sarêng sampun kaselehaken lenggah alingan ingkang ibu. Nyai Rondha wicanten : iku kakangngamu dhéwé, kalané isih cilik anglalana, lagi teka saiki, marata : sapanen, Dewi Rarasathi lingsem sanget dangu kéndel kémawon, yén sampuna ajrih dhateng ing ibu, kados boten purun nyapa. Dangu-dangu kawedal wicantenanipun alirih, sampéyan kaaturan prembagé : kakang, ingkang saweg rawuh, Ajisaka kumesar ing manah, agugup sahuripun, nuwun adhi, Nyai Rondha gumujeng, apitaké dhateng Ajisaka, katon apa adhimu, Ajisaka amangsuli, panyana kula Déwi Supraba tedhak anyapa dhateng ku[11]la, Dewi Rarasathi mésem tumungkul, sakabat kakalih anggénipun ngawasaken boten kumedhép awit sajegipun déreng naté aningali tiyang ayu makaten, Ajisaka gimir tansah asabil sabab déning énget yén amandhita.

Nyai Rondha wicanten dhateng Ajisaka, nagara ing kéné wis misuwur, yén ana Bramana sekti mondraguna, bagus isih enom limpad ing ngelmu panitisan pinangkané saka ing sabrang anga-Jawa anggawa aksara warna-warna, apa déné layang tembung kawi, gawéné amumuruk, wong pirang-pirang nagara padha anguguru, mung kari wong nagara ing Mendhang Kamolan, sing kawruhé isih bingung. Yén ta Bramana iku anaha ing kéné, aku sumeja angguguru, Ajisaka gumujeng amangsuli, dora ingkang awartos punika, angindhakaken ing kayaktosanipun, wondening ingkang kawartos punika inggih kula.

Nyai Rondha kaget, wicantenipun : begja temen aku katekan kowé, saréhné aku bodho, muga legaha kowe amuruk, wangslipun Ajisaka, yén sampéyan sudi amundhut wulang, kula sandika kémawon, Nyai Rondha lajeng dipun wulang ngelmi panitisan sarta tembung kawi, sampun sampurna ing kasagedanipun, ingkang putra lajeng dipun wulang piyambak anyakep sakathahing wulang.


[12]Ajisaka anglajengaken anggénipun mumuruk, tiyang nagari ing Mendhang Kamolan sadaya sami anguguru, sarta suyud dhateng Shang Bramana sabrang, anggepipun kados sami angabdi. Ajisaka



saking laminipun anggénipun wonten ing karandhan misiur kasagedanipun ngantos kamirêngngan dhateng patih ing Mendhang Kamolan ingkang nama Kyai Patih Thengger, Kyai Patih lajeng lumampah dhateng ing karandhan amanggihi Ajisaka. Sadalu anggénipun ngaos sastra : tembung kawi : ngelmi panitisan tuwin swarnining kasekten, boten antawis lami sakathahing kawruh sumpun kacakup sadaya.

Panuju Kyai Patih tuwi dhateng karandhan, Ajisaka apitakén : Paman kala rumiyin sadhateng kula ing nagari ngriki, wonten ing lulurung ageng, aningali tiyang kathah sami pating baleber, boten sumerép ingkang dipun ungséni, punika punapa sababipun, Patih amangsuli, punika sami abdi dalem ing nagari ngriki, angupados tiyang ingkang lemu, badhé dhaharipun Sang Natha, saben dinten angladosaken satunggil, Ajisaka kaget sarta éram saget amirêngngaken pratélanipun Kyai Patih, wicantenipun : yén mkaten : Paman dados Rathu i jengandika punika adamel risaking nagarinipun piyambak, mila kula tingali kagunganipun siti dhusun kathah King kang suweng, sarêng Ajisaka kédel wicanten boten antawis dangu para sakabatipun sami malajeng-malajeng dhateng, angungsi ing gurunipu[13]n sarta sami anangis anyuwun dipun kekahana, awit dipun bujeng badhé kacepeng dhateng utusanipun Sang Natha, sarêng Ajisaka sumerép makaten lajeng matur dhateng Kyai Patih, Paman kulo kémawon sampéyan saosaken dados daharipun Sang Prabu. Nanging kula gadhah panyuwun kaparingan siti ing Mendhang Kamolan wiyaripun namung saiket kula, samongsa sumpun tampi, kula lajeng kadhahara.

Kyai Patih kaget amirêngaken aturipun Ajisaka, wangulanipun : anggér : kulo boten kadugi anguyang sakit anempur pejah, aluwung sampéyan mumulang kémawon prayogi, awit ing ngriki taksih kathah tiyang bodho, ajisaka amangsuli, kajengngipun Paman kula pejah, tekad kula badhé ambélani titiyang ing Mendhang Kamolan ingkang sumpun sami anguguru dhateng kula, Nyai Rondha sanget anangis mirêngngaken ginemipun Ajisaka kalih Patih Thengger, sasambatipun : adhuh enggér : kapriyé polahku, yén kon tinggal, aku ora bisa kari, amesthi nglabuhi kowé, Ajisaka gumujeng amangsuli, sumpun sampéyan kuwatoss bibi,




Patih Thengger sumambung, anggér : kasinggihan aturipun Bok Ayu, anggénipun murih sandéning karsa sampéyan ingkang boten sayogi, Ajisaka amangsuli, yén makaten Paman tanpa damel anggén sampéyan anguguru, yén boten téga ing pejah, [14] aluwung sampun anguguruha, bilih boten kula labuhi pejah, boten mantep andilipun titiyang ing Mendhang Kamolan ingkang sampun angguguru dhateng kula, pejah sapisan gesang salaminipun, Paman mugi dipun pitajeng dhateng kula, boten ngantos kalampahan kula pejah. Katuruta pikajeng kula, kasaosna dhateng Sang Prabu : dados sadhaharipun, yén sampun angsal ingkang kula suwun Sang Prabu amesthi badhé boten cuwa, awit kula saged damel tiyang. Sanajan karsa adhahar tiyang sadasa sadinten kados boten kirang, Patih Thengger amangsuli, mongsa borong ngakarsa sampéyan.

Boten antawis dangu utusanipun Prabu Déwatha Cengkar dhateng ing karandhan amanggihi Kyai Patih, andhawahaken timbalan : Kyai Patih : i jengandika ingandikan sarta angladosna dhahar dhalem tiyang, awit i jengangdika sampun lami boten anyaosi, gusthi boten saged dahar éca, Patih amangsuli, inggih sandika, kalerêsan kula sawega angsal tiyang satunggil, lah punika warninipun, taksih eném abagus mesthi momol dagingngipun, utusan anjenger ningali bagusipun Ajisaka, salaminipun gesang déréng ningali ingkang ngungkuli punika, kajawi namung putranipun Sang Natha.

Ajisaka sasampuning dandos lajeng kairid ing Kyai Patih, badhé kasaosaken dhateng Sang Natha. Sakathahing mu[15]rid punapa malih Nyai Rondha, tuwin tiyang ing nagari Mendhang Kamolan méh sapalih, sami tumut ing lampahipun Ajisaka, sumedyo sami badhé anglabuhi.


Sadhatengngipun ing kadhaton Kyai Patih kapethukaken ing abdi priyantun éstri kakalih, anama Nyai Soka, kaliyan Nyai Sana, angirid Kyai Patih dhateng ngarsanipun Prabu Déwata Cengkar, Ajisaka kaliyan ingkang sami tumut wau kandhég wonten ing jawi. Sang Natha andangu dhateng Patih, kapriyé : Patih, apa sira anggawa saosan dahar Ingsun, wis lawas Ingsun ora dahar énak, yén ora dhahar daging uwong,



sariraningsun lesu : ora karowan rasané. Nuju bisa énak oléh Ingsun dhahar, ana bocah bagus parékan lemu siji Ingsun gawé pindhang, saiki anggagat manéh, wis sapasar iki ora kapénak rasané sariraningsun malah nganti ising nginsingngen getih. Yén ora bisa oléh uwong, sira Ingsun gawé tambal butuh, amesthi Ingsun pangan, utawa Ingsun anyembeléh mantri siji sing rada ala rupané : agampang disalini, Patih Thengger nyembah munjuk : Gusthi : abdi dalem sampun angsal tiyang satunggil pinangkanipun saking sabrang, punika kali adreng konjuk dadosa dhahar dalem, nanging agadhah panyuwun kaparingngana kagungan dalem siti ing Mendhang Kamolan namung sawiyaring iketipun, siti kasuwun rumiyin, bilih sampun katampén badanipun kasumanggakaken kadhhara.

[16] Sang Prabu sakalangkung suka ing galih, andangu dhateng Kyai Patih, apa tuwa : apa enom wong kang sira saosaké dadi dhaharingsun, Patih munjuk : taksih eném wetah alus badanipun saweg écanipun kadhhahar, ing sapunika wonten ing jawi, Sang Natha dhawah angirid lumebet, Ajisaka lajeng kéríd ing ngarsanipun Sang Prabu, Nyai Rondha Sengkeran boten kantun kalih tansah anangis kémawon, Déwata Cengkar anjenger ningali bagusipun Ajisaka, pangandikanipun : apa sira kang kali adreng dadi dhaharingsun anjaluk bumi saambané iketira, Ajisaka munjuk : inggih kawula, bilih andadosaken paréngnging karsa dalem, Déwata Cengkar ngandika malih, aja, Ingsun éman sira wong isih énom bagus rupanira. Balik sira ngawulaha, Ingsun gawé Bupati, Ajisaka munjuk : sakalangkung-langkung panuwun kawula ing pasihan dalem, abdi dalem kedah anyuwun siti ing Mendhang Kamolan, Déwatha Cengkar ngandika malih, yén sira ora kéné sun éman iya : sun turuti kakarépanira.


Sang Prabu lajeng dhawah dhateng Patih : yén karsa miyos andikakaken mepak prajurit. Saréng sampun pepak wonten ing alun-alun Déwatha Cengkar miyos anitih gajah, angandika dhateng para abdi, éh : bocah-bocah Ingsun, padha sira kawruhana kabéh, wong iki aran Ajisaka, [17] kali adreng dadi dhaharingsun, nanging duwé panyuwun bumi ing Mendhang Kamolan ambané mung saiketé yén wis katampan suka lila Ingsun paténi, kang iku yén wis duwé pamilih bumi,



sarta wis cukup ambané, nuli padha sira cekela, Sang Natha andangu dhateng Ajisaka, endi iketira, Ajisaka lajeng angunjukaken iket, sarêng dipun babar, Sang Natha éram aningali wiyaripun boten nyana pisan-pisan bilih wiyar makaten, dados tontonanipun tiyang kathah, sami gumun aningali. Iket dipun babar : boten telas-telas ngantos lampahan sadinten taksih, malah anasabi nagari ing Mendhang Kamolan, Sang Natha sabalanipun tansah tut wingking pambabaring iket wiyaripun ngantos ngacakki talatah ing tanah Jawi. Ajisaka kunjuk dhateng Prabu Déwatha Cengkar, Gusthi : saréhning iket kawula anasabi talatah dalem nagari ing Mendhang dados mélik kawula, ing mangké kawula suwen mulungngipun saking asta dalem, Déwatha Cengkar annyumadosi, nanging Ajisaka angungsed kedah anampéni sakala, Sang Natha dipun bujeng ing sapuruggipun, titiyang ing Mendhang Kamolan sampun sami ambalik suyud dhateng Ajisaka, sami tumut ambujeng Rathunipun, palajengipun Sang Natha kapengkok ing saganten kidul lajeng anggebyur sagajahipun sirna. Déwatha Cengkar salah kadadosan awarni baya pethak agengngipun sarédi anakkan, yén angambang : gigiripun dados pulo. Ing mang[18]ké sampun kayaktosan supaosipun ingkang rama Prabu Shindula.

Déwatha Cengkar ingkang malih baya pethak angratoni saisining saganten, tatanipun kados tiyang, adamel papatih: nama Adipati Gajah Mina, nayakanipun anama Kyai Aryo Lodan Rongga Saradula: Demang Witri Ditha: pandelegan anama Bongsa, santananipun anama Kaluyu: Radén Arya Poléng: Radé Arya Bunthal Ngabei Wulung Réktha: Demang Kabunthang: Radén Arya Képét Pethak, wondéning ingkang ngratoni sagenton kidul kala samanten kakalih, satunggil éstri: anama Raja Angin Nangin kalih Déwatha Cengkar wau.

Déwatha Cengkar tansaha damel rérésah salebeting seganten utawi ing dharatan, damelipun angadhang margi ambégal sarta mejahi tiyang. Rêmen saba dhateng lépén, akathah tiyang ingkang dipun sarab, andadosaken susah galihipun Raja Angin-Nangin ngantos kawiyo pangandikanipun: sapa sing bisa anyirnakaké baya putih, Ingsun ngéngéri, Déwatha Cengkar sangsaya mindhak ageng, alangipun



lampahan saonjotan angaping cangkem kados lawang guwa. Swaranipun angajrihi, saben dinten ngerik-ngerik anedha ruwat.

Kacariyos Ajisaka. Sasirnanipun Déwatha Cengkar, wang sul dhateng nagari Mendhang Kamolan sabalanipun lajeng ang[19]gentosi jumeneng Rathu, ajujuuk Prabu Jaka. Titiyang ing Mendhang Kamolan ageng alit sami suyud sadaya, ical marasing manah, awit sampun boten wonten ingkang mongsa tiyang. Nagari ing Mendhang Kamolan karta, sarta amanggih karaharjan mirah sandhang: mirah tedha, tulus samukawis ingkang dipun tanem, Ajisaka ambekipun adil asih paramarta. Tiyang alit sakéca jenjem manahipun, boten wonten lampah dursila, ingkang angresahi anggénipun sami angupa jiwa, mengsa boten wonten purun, akathah Bramana saking sabrang anga-Jawi. Wondéning para priyantun ing Mendhang Kamolan ingkang nama Bupati: Mantri: sapangandhap taksih kalulusaken ing kalenggahanipun, papatihipun inggih taksih Kyai Thengger.

Prabu Jaka anunten miyos sinowan ing para abdi, Bupati: Mantri: Punggawa: sarta Panditha. Nyai Rondha Sengkeran inggih sowan, Patih Thengger ingkang wonten ing ngarsa. Sang Prabu angandika datheng Patih, Bapa: undhangna marang sarupané kawulaningsun yén muridingsun si Duduga lan si Manawi Ingsun karsakaké dadi titindhihé kawulaningsun Bupati wolungatus si Manawi kang tengen si Duduga kang kiwa. Si Manawi Ingsun paringngi jeneng Adipati Dutha Nagara, si Duduga: Adipati Sura Adi. Nanging karo pisan isisha ana sajroning kadhaton aja pisah lan panjenenganingsun,unjukkipun Patih akaliyan para abdi sadaya: sami nuwun sa[20]ndika, Sang Natha ngandika malih, lan maningngé: Bapa, saréhning panjenenganingsun isih lomba, Ingsun jujuluk narpa anama Prabu Jaka, para abdi sami suhur peksi nuwun sandika sadaya. Sang Natha lajeng kondur angadhaton.


Ing mangké kacariyos putranipun Prabu Déwatha Cengkar, ingkang nama Radén Arya Daniswara, sasirnanipun ingkang rama, minggah ing rédi, amargi dipun kuya-kuya dhateng titiyang ing Mendhang Kamolan awit saking dhawahipun Prabu Jaka, sakathahing abdi ing nagari miwah ing dhusun sami kapacakán boten kénging kandheg utawi kampiran



Radén Daniswara, balik sinten ingkang purun nyepeng, badhé kaparingan ganjaran kathah.

Wondéning Radén Daniswara wau sampun kaenas déning Gusthi kang Agung, ing bénjing badhé ngepel Jawi. Lampahipun kalunta-lunta, sampun tebih saking nagari ing Mendhang Kamolan, namung ambekta abdi panakawan sakawan sami putraning Tumenggung, anama Begja: Daulat Manawa: menawi. Pun Menawa kalih pun Menawi palihanipun pun Begja kaliyan pun Daulat embanipun, salaminipu lumajeng Radén Daniswara boten dhahar: boten saré. Punika dados tapanipun, aturipun panakawan sakawan : Gusthi: suwawi sami kéndel, kula sami ngelih sarta karipan, Radén Daniswara angandika, yé kowé padha ora betah cegah turu la[21]n pangan baliya menyang ing Mendhang Kamolan dak lakonané dhéwé larine, pira bara pinaringan urip, panakawan matur malih, Gusthi: prayogi mawi tekiyar, sampun sok manggung amupus.


Radén Daniswara anglajengaken lampahipun rinten dalu boten kendél-kendél ngidul ngilén lumbet ing wana, anjog dhateng rēdi alit wonten guwanipun anama Therusan, punika pangalapan ageng, yén kambah ing titiyang ingkang dédé jamanipun lepatipun ical inggih mantukipun édan, salebetung guwa wiyar, ingkang kidul anjog dhateng kadhaton terun dhateng ing saganten, ingkang kilén anjog dhateng rēdi ala-ulu. Ingkang wétan anjog dhateng rēdi jamur dipa. Ingkang lér anjog dhateng saganten, wonten kori satunggil malih, anjog dhateng salebetung kadhaton ananging mineb, saléring kadhaton wonten sanggar langgatanipun sakiwaning sanggar langgatan wonten balumbangngipun mawi bale kambang kaca ing tengah, tatanemanipun anglangkungi saking saé. Gedhongnging bale kambang mineb ing lebet wonten kathilipun mas mawilangsé tundha éndah anglangkungi. Sawétaning bale kambang wonten patamananipun, ing ngriku ingkang kawastanan peken Diyéng. Pekenanipun dalu kémawon nanging ingkang sami sasadéyan nyiluman, wondéning guwa Therusan wau: ka[22]dhatonipun Prabu Shindula. Sasirnanipun ing Galuh, Sang Prabu ngalih wonten ngriku. Mila guwa Therusan anglangkungi éndahipun.



Radén Daniswara lumebet ing guwa, sanget anggénipun kapécut aningali lalangenanipun, sakathahing kori dipun lebeti sadaya, kasengsem aningali pasang rikitipun salebetung guwa, karsanipun badhé tapa wonten ing ngriku. Gedhongngipun ing bale kambang wau lajeng menga piyambak dipun lebeti dhateng Radén Daniswara, nanging badhé bonten kadamel panggénan tapa. Wondéning badhé panggénanipun tapa wonten lawangnging guwa ingkang Jawi.

Radén Daniswara anggénipun tapa wonten ing guwa Therusan sampun angsal tigang wulan sawulan anggénipun tansah asemédi, angicalaken angenangen gangsal prakawis, patrapipun pinarak asila tumpang, angajeng ngaken sanggar pamelengangan asta kakalih tumumpang ing pangkon ingkang kiwa nurut wentis ingkang tengén tumumpang ing asta kiwa: anurut dariji. Sampun ical kamanungsanipun, anunten wanci dalu panakawan sampun sami tilem wonten coba ageng andhatengngi, awarni widadari gangsal sami ayu-ayu, sarta éndah panganggénipun amurugi panggénanipun sang tapa. Ingkang satunggil anama Sangkaningrat matur, Radén punika widadari sami sowan amargi kédanan sampéyan boten étang amanggih dudukanipun Sang Hyang Pramésthi, sa[23]king sangeting kasmaran, amung sampéyan ingkang katingal salebetung cipta, mila kula sami tumurun saking Suralaya, sowan ing sampéyan mriki. Panyuwun kula, mugi-mugi parênga ngabdékaken kula sadaya. Kalih déning malih kula sami nyuwun sumerêp punapa ingkang sampéyan seja, atapa wonten ing guwa ngriki, Radén Daniswara boten gingsir. Anunten wonten malih widadari ayu, éndah panganggénipun dhateng ing ngarsanipun Radén Daniswara, sarta mésem-mésem, wonten malih ingkang dhateng, asandhing lenggah sang tapa. Anunten sadaya sami anyelaki, angrubung Radén Daniswara, ananging sang tapa boten ébah: boten gimir, ingkang anggoda sami kaken manahipun, anunten Sangkaningrat awas ningali. Yén Radén Daniswara sampun ngraga sukma, awicanten dhateng kancanipun: ayo padha mulih. Ana ing kéné tanpa gawé tunggu wong mati, widadari gangsal késah sadaya.


Boten antawis dangu wonten widadari sanésipun andhatengi, warninipun sami ayu-ayu, anguré rambut kados mentas jamas, amurugi



panggénanipun sang tapa. Wonten ingkang ngrangkul saking wingking: saking ngajeng: utawi saking iringan wonten ingkang ngarasaken susu, sawenéhan nyandhak astanipun kacepengaken ing susu, karangkulaken ing jongga: utawi ing lambung. Anunten wonten satunggil malih ingkang dhateng, aliyangan wentisipun sang tapa, sarta boten sah [24] anggénipun mandheng. Nanging sakathahing pratingkah anggogodha boten tumama, malah ingkang anggodha sami kagodha, kédhanan dhateng sang tapa.

Anunten sakathahing widadari sami medal angidung wonten ing jawi, angentos-gentos, sang tapa ingkang dipun mimirangngi. Wonten ingkang keplok gumujeng surak amé, akathah solahing widadari. Lajeng sami nyelak anggodha malih. Wonten ingkang nyandhak astanipun kacepengaken ing susu, wonten ingkang anggrauti anjiwiti, nanging sakathahing pangridhu boten wonten wusanipun malah ingkang ngridhu sami kédanan dhateng sang tapa. Anunten sami medal saking guwa. Wonten widadari satunggil sanget anggénipun kédanan wangslu malebet dhateng guwa malih, samudana sumpingngipun kantun wonten pangkonipun sang tapa, sarêngngan musna kaliyan kancanipun sadaya.

Kocap Sang Prabu Shindula, ingkang musna saraganipun sampun dados jajangkeping Déwa ing Suralaya, akayangngan wonten ing guwa Therusan anedhaki ingkang wayah. Angandika sarwi gumujeng, wis wudarén tapamu, awit wis katarima ing Jawatha. Kowé saiki pinaringan bojo widadari lima. Iku wis kapesthi ing Déwa kang linuwih: dadi jatukramamu, anurunaké para Rathu ing tanah Jawa, turun-tumurun ora ana kang nyelani panjenengngané. Ing mangko durung mangsané kowé ju[25]meneng Rathu, karana Ajisaka sakti mondraguna. Nanging oléhé jumeneng ana ing Mendhang Kamolan kawangenan telung taun, yén durung tutug ing jangjiné, ora kena disuwawa. Déné yén wis tutug ing mangsané, amesthi kowé sing anggenténi jumeneng Rathu turun-tumurun, ing saiki matengna tapamu, dén madhep marang kamuksan, bésuk yén kowé wis diwasa, iku mangsané madhep maring kadigdayan, déné yén wis tutug ing étungané telung taun aku angamini oléhmu ngrebut nagaramu. Mungguh adhep marang kamuksan iku kawruhana,



ora kena sinambi, lan ora kena kala-kala, nuli éling: nuli ora. Angél pambuwangnging panggodha, kang anempuh angen-nangen lilima, yén ora bisa ambadali, temah ambibingung ametengngaké ati, wekasan kalimput marang budi ala, Radén Daniswara nyembah matur, sinten pukulun déné kagungngan welas dhateng kula, sarta sumerêp ing kasusahan ingkang pinanggih ing badan kula, Prabu Shindula amangsuli pangandika sarwi gumujeng, layak kowé ora sumurupa ing aku, aku kakékmu Prabu Shindula ing Galuh, kang musna lan nagarané. Kowé lan bojomu widadari bakal dak emong salawasé. Kang iku: putu: aja kowé salah gawé, tutugna tapamu, nanging lungaha saka ing guwa kéné, mangulona bener, kowé bakal anemu alas ana padhukuhané: aran ing Panungkulon, ngéngéra wong rondha ing kono. Yén wis tutug ing [26] wawatesan telung taun rēbuten nagaramu, ing kono bakal sirnané Prabu anama Ajisaka, kowé nuli jumeneng Rathu. Wis putu: aku mulih menyang kayangan, paranana garwamu: rêmihen, yén wis lejar: tinggalen. Aku kang ngemong lan kang rumeksa, Prabu Shindula lajeng musna.


Radén Daniswara lajeng lumebet ing kadhaton badhé amanggih ing garwanipun, katingal pajanganipun mawi langsé anglangkungi saking saé. Garwa widadari gangsal sami amurugi. Radén Daniswara semunipun rêmen nanging galihipun kewedan awit déreng sumerêp pratikelipun angungrum tiyang éstri, lajeng angaras pangandikanipun: Adhi Ajeng: apuranen sakéhing kaluputanku. Mulané aku ora nemoni kowé tumuli, awit aku lagi tapa, Sang Déwi méngo, sarta anebihi, lajeng dipun pondhong kalih dipun rêmih, kabekta dhateng pasaréyan, saréng Radén Daniswara sampun kadugén karsanipun lajeng angandika dhateng garwa, Ahi Ajeng: kowé kariya, aku arêp lunga, anutugké tapaku. Bésuk baliku: yén ana pitulunging Déwa, bisa angrebut nagaraku, mongsa wurungnga katemu manéh karo kowé, Sang Déwi matur, adhuh: Pangéran kulo boten saged kantun badhé andhérék satindak sampéyan, garwa pinondhong malih sarwi angingidung, binekta dhateng pasareyan, [27] saréng sang Déwi sampun kapatos anggénipun saré, lajeng dipun apit ing guguling, dipun lurubi singeb, Radén Daniswara lajeng medal tindak dhateng



panggénanipun garwa sanesipun, sarêng sakawan sampun kawradinan sarta sampun sami saré sadaya, Radén Daniswara medal saking guwa.

Radén Daniswara lajeng lumampah, abdi sakawan andhérék, samargi-margi tansah angénet-énet garwa gangsal ingkang dipun tilar kantun wonten ing guwa, nanging kekahing cipta anggénipun badhé andumugékaken tapanipun, lampahipun malebet ing jurang: minggah ing rédi kangnung boten dhahar: boten saré, ingkang kacipta ing galih, bahdé angétokaken pitedahipun ingkang Èyang. Lampahipun ngilén lerês anusup-nusup wana, ingkang pinendeng: padhekahan ing Panungkulam, anunten anjog ing pategilan sarta pagagé wonten paréngnging rédi. Anglarési mangsanipun tanem tuwuhan pantun utawi sanésipun sami angemohi. Akathah swaraning peksi, ingkang tengga tataneman wonten ingkang angrerépi, angrebab angambang: anyuling, angasih-asih swaranipun, Radén Daniswara boten kandheg ing lampahipun anjog dhateng ing wana malih, amanggih curi medal toyaniipun anglangkungngi saking bening: dhawah ing béji. Radén Daniswara karêmenen mirsa beningnging toya, arucat busana: lajeng siram, sasampuning siram sarta abusana, andumugékaken lampah, dumugi ing wana talatahipun padhe[28]kahan ing Panungkulam.

Satengahing wana wau wonten padhekahan katingal sarta wonten kalurukking sawung kamirêngan, Radén Daniswara amurugi, sumeja badhé ngampiri. Apanggih kaliyan tiyang jaler wonten ing tegil anama Kyai Pacukilan lajeng dipun dangu, Paman kula takon marang dika, niki jenengé alas ing pundi, ingkang dinangu matur, punika dipun wastani wana ing Panungkulam, balik kula matur pitakén: sampéyan sinten ingkang sinambat, Radén amangsuli, jeneng kula Radén Daniswara. Yén lega atiné Paman kula arêp mampir ing padhékané, Kyai Pacukilan agepah, Radén Daniswara dipun aturi pinarak wonten padhékanipun sarta dipun segah ing sawonten-wontenipun, aturipun: bendara: sampéyan punika tembé katingal, ing pundi ingkang pinongka, sarta badhé tindak dhumateng ing pundi. Punapa inggiha kasasar, déné angambah wana ageng, Radén Daniswara amangsuli, kula wong ideran boten duwé omah. Sing kula seja padhukuhan ing Panungkulam anggoléki embok rondha sing omah ngriku. Napa dika sumurup




prenahé, Kyai Pacukilan matur, inggih sumerêp nanging tebih lampahan sadinten saking ngriki. Prenahipun wonten tengahing wana ageng, Radén Daniswara suka ing galih midhanget aturipun Kyai Pacukilan lajeng lerêp wonten ing padhekahanipun.

[29] Kacariyos embok rondha, ingkang adhedhekah wonten satengahing wana Panungulan, sanget ing kamlaratanipun panganggénipun gombalan pangupa jiwanipun sadé godhong, ingkang katedha sadintendinten namung kukuluban, prenahing griyanipun tebih saking padhusunan bilih késah sadé godhong: mawi nyipeng wonten ing margi.

Nyai rondha gadhah anak satunggil jaler, jaka sepuh bagus warninipun anama Jugul Mudha, acawet babakan kusambi, asabuk oyod-oyodan beleripun anglangkungi, saking boten naté kaambetan toya, rêgeding awak ngantos kénging dipun susuk, lerêsipun angingonana biyung, punika boten malah tansah dados dameling biyung. Sakathahing awon angalempak wonten Ki Jugul Mudha, balilu cupet budinipun sungkanan adoyanan caroba abetah tilem boten pisan purun nyambut damel anananem utawi sanesipun, yén dhédhé: aras-sarasen késah, ngantos bedhug boten mingser saking panggénanipun terkadhang ngantos sadalu pisan boten késah –késah. Sanajan doyan nedha sarta doyan tilem inggih ugi betah melék sarta betah lapa. Wekel ajrih ing biyung: sarta ageng tarimanipun isinan boten watak adora. Yén dipun srengeni ing biyangngipun kéndel kémawon lajeng tilem ngantos sapeken kajawahan kapanasan boten tangi.

Sitinipun padhekahan ing Panungulan eloh. Sau[30]pami ingkang anggriyani puruna ambubak samukawis ingkang dipun tanem amesthi medal, padhekahan punika angajengaken lépén angungkuraken rêdi.


Wondening Nyai Rondha kala ingkang wau dados bojonipun eném Patih ing nagari Galuh. Sarisakipun nagari: Patih tumut musna kaliyan Prabu Shindula, atilar wawratan medali Jugul Mudha wau. Griyanipun boten gatra, ing ngajeng wingking wana, boten gadhah latar, rungkud kiwa tengenipun, ingkang kadamel pager: godhong jati, payon dipun rambati ing bolu, utawi tutuwuhan sanésipun, korinipun namung



nedheng tiyang ambrangkang. Bilih jawah: Jugul Mudha katrocohan ngantos kados tiyang dipun dusi, sadalu gerêng-gerêng boten aksal tilem, bilih biyangngipun badhé olah-olah, Jugul Mudha dipun kén mendhet kajeng: boten purun, yén sampun mateng: katedha piyambak biyang ngipun boten dipun umani.

Anuju satunggiling dinten Nyai Rondha kaliyan anakipun sami ninis wonten sangandhaping kusambi, wicantenipun Nyai Rondha, éh: anakku Jugul Mudha, saréhné ora ana wekasané pepesthiné awakku lan pepesthénmu, aku mrayogakaké kowé ngawula Gusthimu lawas ing Mendhang Kamolan dadi ora babakal, aku iki bosen kangélan kaya mengkéné, kapingin koingoni, mukti kaya biyén dhek isihé swragi ramamu, Jugu[31]l Mudha amangsuli, kula boten purun angawula Rathu mongsa tiyang, boten ajeg adilipun, Nyai Rondha anyambungi, pangrunguku kang jumeneng Rathu ing Mendhang Kamolan saiki: Ajisaka, kukuh adilé sarta balaba, iku prayoga kawulanana, Jugul Mudha sumaur, punika satru kula, kula boten purun bekti. Bilih boten tedhakipun Gusthi Prabu Shindula, ingkang jumeneng Rathu, kula boten purun ngawula-ngawula, kula pilih pejah, Nyai Rondha sumaur, bésuk apa tedhaké Gusthi Prabu Shindula jumeneng Rathu. Yén kowé angenténi, mongsa menangana. Ing saiki apa sing padha dipangan, Jugul Mudha amangsuli, yén badhé boten menangngi, inggih mupus kémawon, bilih déréng dumugi ing jangji, dipun bujengnga: inggih angoncati, Nyai Rondha sumambung, lah kapriyé wekasané, aku bosen temen mangan gogodhongan, ora wurung padha mati, Jugul Mudha sumaur, embok sampéyan sabar kémawon, kula wau dalu nyupena angén gajah, kalih momong laré nyunggi rêmbulan, sarêng tangi: kula mirêng swara, besuk padhukuhan ing Panungkulon bakal katekan Rathu, sekti sarta pinujul angédhepaké sarupané kang kumelip, sira kang bakal dadi Papatihé. Punika: embok sapéyan antosi, Nyai Rondha mangsuli, bésuk apa rawuh, dienténi: apa ora selak mati.

[32]Kacariyos Radén Daniswara, tindak saking padhekunan Pacukilan angambah wana malih. Dangu-dangu aningali kukus kumelun ciptaning galih mongsa boten wonten tiyang dhedhekah: ing sakiwa tengenipun wana punika. Lampahipun kéndel sangandhaping kajeng kandhayakan



dipun adhep ing panakawan sakawan, anunten pun Begja kaliyan pun Daulat kautus amariksa, wontenipun padhekahan kaliyan botenipun.

Nyai Rondha kaliyan anakipun taksih sami ninis, wicantenipun Nyai Rondha, kariya: enggér, aku arêpadol godhong menyang pasar, boten antawis dangu wonten titiyang celuk-celuk atakén margi. Jugul Mudha amethukaken kapanggih akaliyan Begja sarta Daulat lajeng sami kaajak lenggah, sarta dipun pitakeni, adhi: sampéyan saking pundi, sarta sinten ingkang sinambat, Begja amangsuli, kula tiyang kakalih sami ideran boten gadhah griya, kampir ing saenggén-enggén, nama kula Begja, adhi kula punika anama pun Daulat, balik kula kumapurun apitakén ing sampéyan kakang, punika padhekahan ing pundhi wastanipun déné wonten satengahing wana sarta risak, Jugul Mudha sumaur, adhi: punika dipun wastani padhekahan ing Panungkulon, ingkang agriya wonten mriki: namung kula, akaliyan pun Biyung, boten wonten réncang kula malih-malih, Begja: Daulat gumujeng, wica[33]ntenipun: midera salaminipun mongsa amanggiha tiyang agagriya kados sampéyan panggénanipun boten montra kénging dipun ambah ing tiyang, dhapuring griya boten kantenan ngajeng wingkingngipun, Jugul Mudha sumaur, sampun pinasthi karsaning Déwa mekaten, Begja: Daulat pitakén malih, kakang : sampéyan sinten ingkang sinambat, Jugul Mudha amangsuli, nama kula pun Jugul Mudha, pun biyang karan padhekahan Rondha Panungkulon, pun Begja awicanten salebetung manah, saciptanané Gusthi katekan, iya iki kang karsa ditedhaki, wicantenipun Begja dhateng Jugul Mudha, adhi: sampéyan kantun sakedhap, kula badhé ngunjuki uninga dhateng Gusthi, ingkang taksih kantun wonten ing wingking, Jugul Mudha sumaur, inggih: adhi, dipun énggal Gusthi kaaturan tedhak mriki.


Sawangsulipun panakawan kalih, Radén Daniswara tindak dhateng padhekahan kapanggih kaliyan Nyai Rondha, sarta kaliyan Jugul Mudha. Radén asuka tabé dhateng Nyai Rondha. Nyai Rondha sumengerén aningali bagusipun Radén Daniswara, cahyanipun mancur, sakedhap Nyai Rondha akaliyan Jugul Mudha salin paningal, pangraosipun kathah kang andhérék Radén Daniswara, priyantun ageng alit utawi para prajurit, wonten ingkang ambekta kapal tuwin



gajah. Sampun kados upacaranipun ing Rathu. Begja: Daulat Manawa: Manawi inggih mekaten paningalipun, [34] Jugul Mudha angrempelu, konca: titihan dalem iku wis aso suwé. Bok nuli diguyang, Nyai Rondha sumambung, para Gusthi iku bok padha malebu ing kadhaton, Begja: Daulat anyambungngi, éh: sakéhé konca magersari, gamanmu padha tatanen, Menawa: Menawi seru anggénipun wicanten: éh: konca, padha mondhol sapangkaté dhéwé-dhéwé, aja ana rusuh, lan dipadha ngati-yati, boten antawis dangu lajeng sami énget yén ngrempelu. Pun Begja anyebut: ya Déwa Bathara, ana apa aku iki ngrempelu, katon Gusthi akeh kang andhérék, Daulat sumambung, kula inggih makaten ugi, aningali konca Bupati kathah, Menawa: Menawi wicanten: kakang: kula katingal aningali wana, ing ngriki katingal nagari. Punapa inggih awangsiting Déwa.

Nyai Rondha matur dhateng Radén Daniswara, anggér: kula punika Begja, déné sampéyan ampiri. Anggér: sinten ingkang sinambat ing pundi ingkang pinongka, sarta ing pundi ingkang sineja. Punapa inggih akasasar, déné ngantos rawuh wonten ngriki, Radén Daniswara amangsuli pangandika, Bibi : jenengku Radén Daniswara. Sing dak seja ing Panungkulon arêp ngénger ing kowé, Nyai Rondha andheku, aturipun : kuwang sul sanget yén kula sampéyan ngéngéri, pantes kula angabdiya ing sampéyan sarta anak ku[35]la pun Jugul Mudha kaabdekna.

Radén Daniswara lami anggénipun ngéngér Nyai Rondha ing Panungkulon, Nyai Rondha dados sugih, boten sumerêp jalaraning kasugihanipun, inggih punika sawabipun Radén Daniswara anggénipun Nyamur tapa. Wana ing Panungkulon kathah ingkang dipun babadi, sarta dipun tanemi. Samu kawis ingkang dipun tanem dados sarta ngemohi. Jugul Mudha : sarawuhipun Radén Daniswara : anglangkungi sarégep samukawis padamelan boten mawi dipun atag medal kasagedanipun, wondéning ingkang sami nananem inggih Radén Daniswara : sapana kawanipun sakawan kaliyan Jugul Mudha. Akathah pategilan pagagén tuwin pasabinanipun, anunten kathah tiyang dhusun tebih-tebih sami andhatengngi, ambekta pangangngé sarta yatra, tuwin barang adi-adi sanésipun badhé kaurupaken pamedaling tanem tuwu



ing Panungkulan, nanging Radén Daniswara boten karsa tampi urup, sami kaparingakén kémawon, kalilan ambekta sakuwawinipun kathah sami ngalih agriya wonten ing Panungkulan, kala samanten ing Panungkulan gemah arja. Kathahipun tiyang gagriya sampun tigang éwu. Karsanipun Gusthi kang Agung, sami kapanjingangan kapurunan sarta kasektén, Radén Daniswara sampun rumantos namung angentosi dumuginipun ing wawangenan welingngipu[36]n ingkang Èyang Prabu Shindula.

Kocap nagari ing Mendhang Kamolan sang saya gemah arjanipun mirah sandhang : mirah tedha, titiyang alit sangsaya éca manahipun, Ajisaka : saréhning saweg dipun jurungi ing Gusthi Allah, saged damel tiyang. Ingkang dipun damel siti. Wondening pamendhetipun siti dhateng ing Galedug, panggénanipun damel tiyang. Béji wau anama thalaga Mahadirda, prenahipun wonten ngéréng-ngéréngnging rēdi, sakilénipun kitha ing Mendhang Kamolan, paméméyanipun tapel awasta ing Randhu Jajar. Bilih sampun aking, Ajisaka amumuja, malaékat Idajil lanattolah anuruni, sakathahé dadamelanipun tapel tiyang lajeng gesang. Pinten-pinten angsalipun sami kadamel Tumenggung, ngantos jangkep wolungatus, salakungipun saking punika sami tangkar tumangkar. Wondening ingkang kadamel Tumenggung wau, samidipun pilih ingkang wekel-wekel, watawisipun bilih boten burus utawi awon manahipun yén anggebyur ing béji thalaga Mahadirda silem lajeng ical, mila bilih wonten tiyang paripaben béji wau dados pangadilan, sinten ingkang dora : ical wonten ing toya.


Ajisaka anggénipun damel tiyang anglangkungi saking kathah. Na[37]gari ing Mendhang Kamolan wewah ing harjanipun, salebetung kitha sampun kebak dipun griyani. Inggih punika adilipun Gusthi kang Agung. Kala panjenenganipun Déwatha Cengkar amongsa tiyang, adamel risaking nagari, ing mangké Ajisaka ingkang mulihaken isén-iséning nagari, amargi anggénipun damel tiyang. Semunipun karsané Gusthi Allah, nyawanipun titiyang ingkang sami dipun mongsa dhateng Prabu Déwatha Cengkar, katitisaken dhateng tiyang énggal damelanipun Ajisaka.



Prabu Jaka miyos sinowan ing para sakabatipun wonten ing kadhaton kaénggetan sakabat kakalih, ingkang dipun tilar wonten ing pulo Majethi, pun Dora kaliyan pun Sembada, pangandikanipun : si Dora lan Sembada amesthi ora wani nunusul awit anerak wewekasingsun éh : Duga lan Prayoga, sira padha menyangnga ing pulo Majethi, si Dora lan si Sembada timbalana, rérêksané kagunganingsun keris konen anggawa, sakabat kakalih munjuk sandika, nyembah : lajeng mangkat.

Sakabat kakalih : pun Dora kaliyan pun Sembada, ingkang sampun lami katilar wonten ing pulo Majethi, sampun mirêng pwartos yén Gusthinipun dados Rathu wonten nagari ing Mendhang Kamolan, badhé nusul ajrih, awit welingipun Ajisaka, sapa-sapa sing nimbali kowé, utawa mundhut rérêksanamu, aja gelem lan aja koulungngaké, yén dudu aku dhéwé anjaluk, wusana pun Dora a[38]nerak wewelingnging Gusthi, anusul boten mawi rêmongan utawi sanjang dhateng kancanipun, wonten ing margi kapethuk utusan kakalih, pun Duga kaliyan pun Prayoga. Titiyang titiga lajeng sami wangslu dhumateng ing Mendhang Kamolan sowan ing ngarsanipun Prabu Jaka. Sang natha andangu, éh : Dora, sira teka dhéwé. Koncanira si Sembada ana ngendi. Déné ora ambarêngngi lakunira. Iku apa sababé, Dora munjuk : mila kawula sowan piyambak awit abdi dalem pun Sembada kawula ajak boten purun, Prabu Jaka sanget duka amirsa aturipun Dora, kasupén bilih ing ngajeng sampun andhawahaken weweling, kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau, lajeng ngandika, éh : Dora, baliya menyang ing pulo Majethi, timbalana si Sembada. Yén meksa ora gelem rérêksané keris apa déné sakéhing sosotya pundhuten, yén bongga : uwisna, cangkingen éndhasé, katura ing Ingsun, sira Ingsun wangeni mung sapasar, Dora munjuk sandika, lajeng mangkat.

Lampahipun Dora dumugi ing pulo Majethi, kapanggih kaliyan pun Sembada. Sembada apitakén : saka ing ngendi kowé : Dora, Dora sumaur, aku nusul Gusthi. Gusthi ing saiki wis jumeneng Rathu ana ing nagari Mendhang Kamolan, aku di utus animbali kowé, kéridda rérêksanmu kabéh, Sembada amangsuli, kapriyé, kowé biyén iya ngrungu dhéwé pangandikanipun Gusthi, sapa-sapa mundhu[39]t rérêksanmu : aja koulungaké, yén dudu aku dhéwé, mongkona




timbalané Gusthi, aku kowé padha ngrungu, mongka kojaluk dhéwé, dadi kowé iku nrajang bener. Éwadéné saréhné padha kakancan ayo padha séba wong loro, Dora sumaur, apa kowe ora ngandel marang aku, awéh : ora awéha, rérêksanmu dak jaluk, Sembada sumambung, kowé iku aninggal tata : ambuwang bener. Yén kojaluk dhéwé : amesthi aku ora awéh, awit kowé ora ngrungokaken ujar kang bener, anurut pikirmu dhéwé, Dora amangsuli seru, kapriyé ujarmu iku. Apa kowé baléla ing Gusthi. Angur ulungna, aja nganti nemu kang ora becik, Sembada sumaur, basamu ora énak dirungokaké. Kudu lumaku ginugu. Aku ora wedi marang kowé, wedi marang Gusthiku. Bokmanawa kowé ngamandaka, wis ngawula Gusthi liyané, lajengngipun ing paben sami tantang-tinantang, wusana sami kekerêngan sudukkan pejah kalihipun.

Prabu Jaka angajeng-ajeng utusanipun, sarêng sampun langkung saking antawis boten dhateng, angandika dhateng pun Duga kaliyan Prayoga, éh : sira padha nusula Dora menyang ing pulo Majethi. Wis kaliwat saka ing antara ora ana teka. Panduganingsun anemu pakewuh : utawa padu, Duga : Prayoga munjuk sandika, lajeng mangkat.

[40] Sadhatengngipun utusan kakalih ing pulo Majethi, angupadosi pun Dora kaliyan pun Sembada, pinanggih pejah kalihipun labetipun sami kekerêngan, lajeng sami mantuk sowan Gusthinipununjukipun : kawula kautus analika abdi dalem pun Dora kaliyan Sembada, inggih sampun, nanging sami pinanggih pejah kalihipun labetipun sami kekerêngan sudukkan, Prabu Jaka anjengger midhagetaken pratélaning utusan dangu boten saged ngandika. Wusana pangandikanipun : Ingsun dhéwé sing kaluputan, ing ngarêp wis Ingsun pacakki sakaroné, iku Ingsun ora kelingangan pisan-pisan, wekasan Ingsun anggugu aturé si Dora, amboboléhaké kancané. Ingsun kalimput ing nepsu, anerak papacakkingsun dhéwé.

Anunten Prabu Jaka nganggit aksara Jawi kalih dasa. Wondéning kang kadamel uwit lalampahanipun Dora kaliyan Sembada, kalanipun Dora nusul dhateng ing Mendhang Kamolan kautus wangsl dhateng ing pulo Majethi, animbali kancanipun ingkang nama pun Sembada. Anunten




kerêngan sami purunipun lajeng pejah samyuh. Menggah pratélanipun aksara kalih dasa punika, **Ha Na Ca Ra Ka**, tegesipun wonten utusan, **Da Ta Sa Wa La**, tegesipun anunten sami kerêngan, **Pa Dha Ja Ya Nya**, tegesipun sami purunipun, **Ma Ga Ba Tha Nga**, tegesipun wekasan dados bathang. Aksa[41]ra kalih dasa punika mawi kadamelaken sandhangan sami sanés-sanés ungelipun.

Prabu Jaka karêmanipun ameng-ngameng dahteng wana, ambubujeng Banhéng : sangsam kidang : kancil, tindakkipun nyamur, namung kaliyan sabatipun kémawon, anuju satunggiling dinten sang Natha tindak ambubujeng, aningali wonten sawer ageng tapa, sisikkipun manca warni, saking laminé anggénipun tapa, awak sampun kagubed ing gogodhongan : ula iku tapa arêp dadi apa. Lah iya : mongsa wurungnga kowé bilai déning aku, Sang Natha lajeng menthang gandéwa, jemparing lumepas sawer kénging pejah. Anunten wonten swara kapirsa, éh : Sang Natha, saréhné kowé sikara ula tapa, kowé kena ing paukuman, ing bésuk bakal ora bisa mujadahi nepsu hawamu, sawer lajeng musna. Boten dangu jawah derês awor lésus. Prabu Jaka salaminipun déreng naté ngraos luwé. Ing mangké ngraos ngelih sarta kagungan karsa dhateng putranipun Nyai Rondha. Kala kampiripun Sang Natha ingkang rumiyin taksih alit, ing sapunika sampun mepeg birahi, sarta sangsaya wewah ayunipun adamel kényut dhateng ingkang ningali.

Prabu Jaka kényut angéneget-éneget putranipun Nyai Rondha, tindak dhateng ing karandhan kadhérékaken ing sa[42]kabatipun badhé sumerép warninipun Déwi Rasathi, karsanipun bahdé kapundhut garwa.

Prabu Jaka : sarawuhipun ing padhekahan Sangkéh, adangu ameng-ngameng mubeng-mubeng, angajeng-ajeng wedalipun Déwi Rasathi, nanging boten wonten katingal, anunten Nyai Rondha paréntaha kén nutu. Para prawan énggal tumandang, Déwi Rasathi kapéngin mirêngngaken lajeng medal saking griya, asinjang pathola abrit asaléndhang gadhung kapraos pinggiripun anganggé konyoh jené. Tiyang sanagari Mendhang boten wonten ngungkuli ayunipun, Prabu




Jaka gimir aningali Sang Déwi, anyipta asmaragama. Déwi Rarasathi dipun celukki. Ingkang tut wingking Sang Déwi, kalangenanipun babon katé pethak sanggar dalima.

Déwi Rarasathi badhé nutu, sukunipun ingkang satunggil ngidak sirahing pantun, sinjangngipun kawingkis pupunipun katingal gumebyur kados thathit, sarêng dados ing cipta asmaragama, Prabu Jaka korut nutpahipun, anunten nutpah kakalih sami dipun cucuk ing babon katé wau, amor dados satunggil, sampun makaten karsanipun Gusthi kang Agung. Prabu Jaka : sarêng énéget sanget ing pangungun sarta lingsemipun awit sikara, saking déning anyipta asmaragama. Énggal kondur : lajeng saré.


[43] Sarêng sampun antawis katé pethak nigan, Nyai Rondha ingkang mendhet tiganipun kadékékaken ing padaringan, uwos ingkang dipun tunggili tigan wau, kaedang saben dinten boten saged telas-telas malah sangsaya wewah. Wicantenipun Nyai Rondha, apa éndhog iki sing mawa, déné beras ora bisa enték-enték, tigan dipun élih dhateng ing lumbung. Boten antawis lami uwos ing padaringan telas, Nyai Rondha bahdé mendhet pantun ing lumbung, amasang onda : lajeng minggah, boten nyana bilih tigan wau sampun netes, nanging salah kadadosan warni sawer, anglingkungngi ageng panjangngipun, lumbung kebak dipun lekeri. Nyai Rondha mendhet pantun sabelah. Sawer kaget kados dipun gugah, apitaken dhateng dhateng Nyai Rondha, éh : Nini, apa gawému, Nyai Rondha kaget gila aningali sawer, andhawah saking lumbung, lumajeng dhateng ing kapatihan badhé ngaturi uninga dhateng Kyai Patih. Sawer suka aningali solahipun Nyai Rondha, ngoré rambut niba-tangi, dipun gugujeng abelik-belik, lajeng anjog saking lumbung, muruggi émbokkipun, Déwi Rarasathi dhawah ngantos boten énéget, sawer anunten kesah nututi Nyai Rondha.

Nyai Roondha dumugi ing kapatihan, Kyai Patih kagét apitakén : kakang bok wonten punapa, déné lumajeng niba-tangi, Nyai Rondha megap-megap bo[44]ten saged nyauri. Boten dangu sawer dhateng, anjonggol wonten wingkingngipun, Nyai Rondha dhawah boten énéget, Kyai Patih kagét ajrih badhé késah, sawer gumujeng kalih wicanten : aja wedi. Ayo



padha lungguh. Mengko kowé dak tuturi, Kyai Patih gumeter anggénipun lenggah, gugup anggragapi takén : kowé iku ula apa, déné tekamu tanpa sangkan, sawer sumaur, aku iki : kaki patih : arêp séba ing Kangjeng rama, Sang Prabu ing Mendhang Kamolan, Kyai Patih mantun ajrih, mirêng sawer saged wicanten kados tiyang, sawer wicanten malih, kaki : munjukka ing rama Prabu, yén aku arêp séba, angaturaké carita, Patih amangsuli : kariya, dak munjuk ing Sang Natha, Kyai Patih lajeng lumampah, sawer tut wingking. Sadhatengé ngarsanipun Prabu Jaka, Patih nyembah munjuk : Gusthi : kawula angunjukki uninga, wonten sawer ageng anglangkungngi, sumerêp basanipun tiyang, angaku putra dalem, Kyai Patih saweg munjuk samanten sawer ingkang tut wingking : dhateng. Patih kaget munjuk : inggih punika : Gusthi : saweripun, Prabu Jaka andangu, sira iku ula apa, déné bisa basa jalma, wani-wani malebu ing kadhaton séba ing panjenenganingsun, sawer munjug : mila kawula kumapurun sowan ing ngarsa dalem saking sanget kapéngin kawula panjenengan dalem aken putra, Prabu Jaka amangsuli pangandika, Putra manéh Ingsun kangungan, krama ba[45]e Ingsun durung. Ula kang kaya rupanira iku : kena bebenduning Déwa kang luwih, lungaha, aja nganti Ingsun paténi, sawer mrebes mili,unjukkipun angrerêpa, punapa panjenengan dalem kasupén kalanipun ameng-ngameng dhateng wana, amejahi sawer ageng saweg tapa. Anunten wonten swara kamirêngan anyupaosi ing panjenengan dalem, boten dangu panjengangan dalem ngraos ngelih, anyamur lampah dhateng karandhan karsa uninga pun biyung Déwi Rasasathi, panuju saweg nutu, pupunipun katingal, panjenengan dalem anyelakki, matek aji asmaragama. Nutpah dalem korud, pun biyung inggih mekaten ugi. Anunten nutpah kakalih dipun cucuk ing babon katé pethak ingon-ningonipun biyung. Katé lajeng nigan tanpa jaleran, tigan kapendhet dhateng Nyai Rondha, kaprenahaken wonten ing padaringan, anunten kaelih dhateng ing lumbung, wonten ing ngriku netes ula. Punapa panjenengan dalem kasupén.


Prabu Jaka kaénetan rumaos yén kasinggihan cariyosing sawer, sanget lingsemipun, lajeng kondur malebet ing dalem, anunten lurah para Nyai medal anama Bok Puspasari, andawahaken timbalan dalem dhateng Kyai Patih tembungipun : Kyai Patih : timbalan dalem : sawer i



jengandika tarosa, bilih purun anglampahi sayembara, kang sarta angsal damel inggih kaaken putra dhumateng Sang Prabu. Wondéning sayembara dalem panjenengan dalem kagungan pacangan pre[46]nahipun kidul lerês wonten telengnging saganten nanging Sang Natha boten saged anedhakki, awit kapambengan ing satru : awarni baya pethak, punika angadhang margi. Bilih saged anyirnakaken baya pethak Sang Natha karsa angaken putra, Kyai Patih lajeng andhawahaken pangandika dalem wau dhateng sawer. Aturipun sawer, bilih kula saéstu putranipun Sang Natha, mugi angsal damel, bilih dédé : inggih mugi lebura. Sampéyan munjuk dhateng rama Prabu, yén kula sagah anglampahi sayembara. Sembah sungkem kula sampéyan unjukaken, saking sawabing berkah dalem mugi-mugi angsal damel, sawer wicanten malih dhateng Kyai Patih, wis kaki : kariya, munjukka menyang Kangjeng Rama, yén aku pamit mati, Kyai Patih welas aningngali, ngantos angrentahaken iuh. Wangsulanipun : iya : engger : dak munjuk, pamujiku muga-muga oléha gawé.

Sawer lajeng lumampah ngidul lerês, sabarang ingkang katrajang : gempur. Sarêng dipun manah kadangon lampahipun lajeng ambles ing siti, jebus telengnging saganten, anantang baya pethak kapurih amethukna tangledipun, susumbaripun : aku putranné Prabu Jaka ing Mendhang Kamolan Rathu sekti mondraguna, ginandhang angenténi kaprabon lan kakarsakaken anyirnakaken satru dalem, jenengku Pangéran Adipathi, endi rupané satru dalem, mara : mara metonana perang karo aku, aja mungsuh Rama Prabu : yén aku durung mati.


[47]Déwatha Cengkar ingkang warni baya pethak mirêng panantang wau, lajeng ngerik-ngerik ngantos kamirêngan saking padhusunan ingkang tebih-tebih. Wicantenipun : saiki aku bakal bisa males, sakendelipun wicanten makaten lajeng nyander. Toya saganten piyak, alun kéndel boten mungel, baya pethak sumerêp yén sawer ingkang nantang, lajeng pitakén : éh : sapa aranmu : asu, déné wani nantang aku. Baya kowé iku bosen urip, sawer amangsuli, jenengku Tunggul Wulung. Aku putranné Prabu Jaka ing Mendhang Kamolan, mara : baya putih : majuwa, aperang karo aku, aja ngoncati, padha angadu karosan lan kasektén, anunten sarêng sami anempuh, agelut banting-binanting :



bucal-binucal cakot-cinakot sabet-sinabet ing pethit, saganten kados dipun kebur, toyanipun panas ombak mumbul-mumbul dhawahipun kados jawah. Sanget swaraning toya saganten jumegur ngantos dumugi ing Surabaya. Bumi orêg kados dipun iyun, naga ingkang wonten ing saganten kagét sami medal aningali yén kang tangled sami Gusthinipun, saking panasing toya saganten ulam kathah ingkang pejah, kabucal ing ombak dhawahing pinggir, utawi rêmuk kabentus ing parang. Ngantos pinten-pinten dinten anggénipun perang, déréng wonten ingkang kawon. Tiyang seganten kidul sami aningali, ajrih atutulung, awit sami Gusthinipun.

Kacariyos Raja Anginangin ingkang akahyanan ing sagan[48]teng kidul suka ing galih aningali, yén baya pethak angsal tandhing. Panedhanipun baya pethak kawona perangngipun, supados Raja Anginangin angratonana piyambak wonten ing saganten kidul, titiyang saganten kidul kagégéran sami ngili dhateng ing wana tuwin dhateng ing guwa. Anunten baya pethak kawon perangngipun kabucal dhawah ing tanah kidul dados rêdi gangsal.


Tunggul Wulung linglung bingah sanget déné angawonaken baya pethak, ciptaningmanah siyos kaaken putra dhateng Prabu Jaka. Ing mangké damelipun kantun saprakawis angupadosi pacanganipun ingkang rama. Raja Anginangin sanget suka pirénaning galih, déné baya pethak sampun pejah. Angraos kasambutan dhateng Tunggul Wulung Linglung. Lajeng utusan animbalu tunggul Wulung Linglung. Sampun kairid malebet ing kadhaton lajeng dipun pangandikani : éh : Linglung, Ingsun warah marang sira, yén Ingsun duwé punagi, sapa-sapa kang amaténi baya putih, anggenénana panjenenganingsun dadi Rathu sadhéla. Saréhné sira kang maténi, mulané sira Ingsun timbali, supaya angluwarana punagi iku, madega Rathu sadhéla, Linglung matur, kawula sandika anglampahi. Nanging kauningana ing panjenengan dalem lampah kawula kautus dhateng Prabu Jaka, angupadosi pacangan dalem prenahing panggénanipun inggih wonten ngriki. Punika déreng kawula lampahi, Raja Anginangin ngandika, iya Ingsun pacangané ramanira. [49]Munjukka ing Sang Prabu, bésuk ing dina rêbo : sasi sura : tanggal purnama : wuku gulungan Ingsun aturi



tedhak mréné. Panyuwuningsun ramanira aja krama liyané Ingsun, nanging wruhanira : Linglung, ramanira ora lulus jumeneng Rathu. Karsané Hyang kang linuwih : mung telung taun oléh jumeneng, nuli kagenténan marang kang kagungan luluri karaton ing tanah Jawa. Rathu sekti mondraguna, kinéringan ing sajagad, iya iku pacanganingsun kang satemené. Ing saiki durung mangsané jumeneng Sang Rathu mau, sarta isih sinamar, ana déné sira : Linglung : angéstokna pitutur Ingsun, sira iku bangsaningsun mongsa lulusa sira amor manungsa. Saréhné sira bongsa Ejin iya muliha marang bangsanira. Ramanira aja sira batin, lairén baé. Wista : sira jumenenga Rathu, lan sira bakal Ingsun rabékké, oléh anakké si Naga Raja, putri ayu linuwih.

Tunggul Wulung Linglung matur sandika, lajeng sami asukan-sukan, lelembat ing pulo Jawi sami dhateng angedegi damel, wondéning ingkang mangku pangantén Ejin ingkang Kahyangan ing rédi Marapi. Punika ingkang mendheti laré éstri kadamel patah, punapa déné dhalang : niyaga : utawi sanésipun ingkang kaanggé ing damel, kala samanten ing dharatan pageblug ageng, kathah tiyang pejah kadadak.

Pangantén éstri : anama Rêtna Balorong : lajeng dipun paési, sarta dipun anggén-nangéni. Sangsaya wewah ayu[50]hipun, Linglung inggih dipun paési, wewah bagusipun, anunten anunten pangantén jaler éstri dipun panggihaken, Linglung madeg Rathu, laminipun namung pitung dinten lajeng nyuwun pamit badhé mantuk, Raja Anginangin angandika, Ingsun pitutur marang sira, saking welas ingsun marang sira, sira di ngati-ati. Pesthi katarima ing ramanira, sarta di aku anak awit sira oléh gawé, malah sira bakal di junjung jeneng Pangéran Adipati. Nanging sira bakal nemu bilahi, kaluputan nganti tumeka ing pati. Sira dibisa madhep ing pati. Wekasaning urip, ing mengko meh tutug ing wangen tekané Rathu kang kinéringan ing sajagad angréhaké sarupaning lelembat ing tanah Jawa. Ingsun iya bakal ngawula ing Rathu iku, tedhak-tedhakké Ingsun kang momong. Déne yén sira ora ngawula ing Rathu mau, amesthi ora kalilan ngambah tanah Jawa. Sira Ingsun lilani ngadhaton ana ing dharatan angréhaké lelembat kang ana ing gunung-gunung. Lan sira bakal dadi tetengeraning jaman kayata : yén bakal ana




perang, utawa bakal kerta. Wis mangkata, ngulono baé, aja ngambah dalanira lawas awit kebak déning barisingsun, bojonira tinggalen supaya aja angrubedi lakunira.

Linglung lajeng mangkat medal telengnging saganten ambles ing siti, jebul rēdi ing **Pasundhan**, mila ngantos ing sapuniakaing tanah Jawi kathah blengngipun inggih punika tilas jebusipu[51]n sawer Linglung. Ambles malih : anjog ing Wala : tanah ing **Demak**, ambles malih : jebul ing **Garobogan**, wondéning ingkang dipun kéndeli : anama ing **Ngembat**, wonten ing ngriku ngantos lami, dipun sowan sakathahing sawer. Lajeng rabi malih angsal putri ing Garobogan wastanipun inggih **Nyai Balorong**. Linglung andumugékaken lampah, ambles malih : anjog ing **Caréwék** lajeng dhateng ing **Kuwu**. Wonten ing ngriku kendel lami. Anunten sumeja sowan ingkang rama, anjujug dalemipun Kyai Patih. Wicantenipun : kaki, munjukka menyang Kangjeng Rama, yén aku teka oléh gawé, Patih sakalangkung suka ing galih, wangsulanipun : sokur séwu : enggér, kowé oléh gawé. Ayo padha séba.

Patih sowan dhateng ing kadhaton angirid sawer Linglung, kapanggih kaliyan Nyi Puspasari, anglerési badhé medal lajeng dipun cantheli atur, konjukkipun ing Sang Natha. Nyai Puspasari bingah sanget wangsul malebet munjuk ing Sang Prabu, abdi dalem angunjukki uninga, yén putra dalem sampun dhateng, lampahipun angsal damel, Prabu Jaka angandika, éh : Puspasari, timbalana putraningsun karo si Patih, Nyai Puspasari munjuk sandika, medal, wangsulipun angirid sawer Linglung.


Sawer Linglung : sadhatengngipun ing kadhaton angléker wonten ngarsanipun Prabu Jaka. Sang Natha andangu, kulup kapriyé [52] lakunira, sawer Linglung munjuk : lampah kula inggih angsal damel, satru dalem sampun sirna, Linglung lajeng angaturaken sakathahing nalar, wiwitan dumugi ing wekasan sarta amratélakaken pinanggihé pacanganipun sang Natha. Prabu Jaka angandika, Ingsun tarima : kulup gawénira, anunten ingkang putra dipun ganjar makutha, katarétés ing sosotya, muncar anyurémaken soroting srengéngé. Wondéning makutha punika sawegdipun agem kaping kalih. Pangandikanipun : Linglung, sira Ingsun ganjar makutha kiyé, enggonen lan aja siro pocot-



pocot, sawer Linglung lajeng dipun praboti. Buntutipun kablongsong ing mas katarétés ing sosotya adi. Pethit kasukanan kumala, agengipun sasirahing gajah. Sisik dipun rangkepi mas kaseling ing suwaos sarta salaka, mawi katerétés ing sosotya. Yén ébah pating galebyar ambalerêngngi. Sarta dipun anggéni kalung mas katarétés ing sosotya. Untu kaliyan siyungngipun kabalongsong ing mas, yén dipun tingali kados rēdi laku lumampah. Anunten dipun paringngi jimat awarni musthikaning naga. Kala waunipun ingkang kagungungan Rathu Melik, kalih lisah panggesangnganipun sawer, winadhan ing cupu asthagina. Pangandikanipun Ajisaka, jimat rong prakara iki sira anggoa. Panguwasané musthika ula iku, angédhepaké sarupaning ula, padha kumawula marang sira. Simpenen a[53]na ing cethakira. Déné panguwasané lenga, bisa anguripaké ula mati. Dokokna ing pethitira.

Énjing Prabu Jaka miyos sinowan ing para Adipati. Patih Thengger wonten ing ngarsa, abdi ageng alit pepak sadaya. Ingkang putra celak kaliyan Sang Natha, sakathahipun ingkang sowan boten ta ana aningali cahyaning panganggénipun sawer Linglung, ingkang sarta sami éram, Prabu Jaka angandika, éh : sakéhé kawulaningsun, padha sira pirsakna, yén lakunipun putraningsun anggoné anglakoni ayahaningsun oléh gawé. Ing saiki Ingsun ganjar kalungguhan jeneng Prabu Anom ajujuluk Linglung Tunggul Wulung. Omaha ing Tunggul Wulung. Kang iku padha sira rēksaha rina weginé, lan ladénana kang dadi pangané.

Prabu Jaka lajeng kondur angadhaton, boten antawis dangu Nyai Puspasari medal andhawahaken timbalan dhateng Patih Thengger, Kyai Patih : dhawah dalem i jengandika : sakonca Bupati sadaya, kakarsakaken andhérékaken tindakkipun Raja Putra dhateng ing Thunggul Wulung, Kyai Patih matur sandika. Raja Putra darat kémawon awit boten wonten titihan ingkang kuwawi dipun tumpakki. Jajaranipun anglangkungi saking kathah. Samargi-margi dados tontonan. Lampahipun sampun dumugi ing Tunggul Wulung. Wondéning patraping rumeksanipun sampun kados rumeksanipun dhateng ing Rathu. Laminé anggénipun wonten ing Tunggul Mulung sa[54]taun, anelasaken kambangan ingkang minongka tedhanipun sadinten-dinten, sarêng konjuk ing Sang Prabu Jaka, ingkang putra lajeng dipun timbali,




dipun pethuk ing tiyang sanagari. Karsanipun kaya saka akedhaton kaprenah sawétaning kadhaton lami, awit ing Tunggul Wulung kagalih katebihen, saréng sampu dados ingkang putra kakarsakaken andalemi. Raja Putra lajeng angutus si garwa saka liyan ingkang nama Nyai Balorong. Antawis lami anggénipun sami mukti wonten ing Mendhang Kamolan.

Prabu Jaka amulang dhateng ingkang putra ngélmí sikir : ngélmí ngasta karaton ngélmí panitisan tuwin kadigdayan kanuragan punapa malih ngelmi dhateng jaman kailangan, sadaya sampun kadhadha. Anunten Raja Putra énéget welingngipun Raja Anginangin lajeng tapa mangap dhateng ing **Kuwu**. Laminé sampun sataun, badanipun katuwuhan wringin randhu wana : utawi wit-witan sanésipun, dipun rambati ing oyod-doyodan ngantos boten katingal warninipun sawer, sampun kados rédi. Cangkemipun mangap dipun cengkal kados guwa.

Karsanipun Déwa kang linuwih, panuju jawah derês, wonten laré angén sanga, kajawahan ngaub wonten cangkeming sawer, dipun wastani guwa. Laré ingkang satunggil dipun jongkongngaken ing kancanipun boten suka : yén tumuta ngaub, lajeng minggah dhateng gigiring sawer. Wonten ing ngriku memerang. Pamerangipun kalangkung kénging gigiring sawer, medal rahiipun, sawer [55] karaos sakit angingkemi. Laré wolu ingkang ngaub pejah sadaya. Ingkang satunggil mau malajeng mantuk sanjang dhateng tiyang sepuhipun lajeng konjuk dhateng sang Prabu. Prabu Jaka andawahaken parénthah, amanték cangkeming sawer, supados pejaha. Anunten kaleksanan dhawahipun, sawer dipun panték ing wesi cangkemipun dados ing pejahipun, nanging sayektosipun boten pejah, namung Nyiluman kémawon, mantuk dhateng kadhatonipun ing Tunggul Wulung, wondéning Prabu Jaka sumerép ing gaib yén panjenenganipun namung kantun sataun.


Radén Daniswara ingkang wonten padhekahan ing Panungkulan sampun kathah punggawa : santana : sarta balanipun, saréhning namung kirang sataun dumuginipun ing mongsa, anggénipun badhé angrebat nagari, apirémbagan kaliyan Jugul Mudha : Begja : Daulat Menawa : Menawi, sarta kaliyan para santana sadaya, sami katantun



prakawis ing perang, pangandikanipun : éh : Jugul Mudha : saréhné ing mengkobalaku wis akéh, kapriyé rēmbugmu, prakara oléhku bakal ngrebut nagaraku, Jugul Mudha matur, sampéyan badhé mengsa Prabu Jaka, sinten ingkang sampéyan andelaken awit sekti tanpa timbang. Wawratipun rama i jengandika digdaya ing perang, suprandonipun kawon naganinipun kancikkan, Prabu Jaka anglangkungi sekti : saged anggesangngaken tiyang pejah, lepat ing pejah, kagungan putra sawer inggih sekti. Kalih pu[56]tranipun kémawon abdi-abdi sampéyan mongsa tandhingnga. Wewah nayaka wolungatus, boten timbang kathahing balanipun kalih abdi sampéyan ing Panungkul, nayaka wolungatus wau balanipun nyéwu. Patih cecepenganipun prajurit saleksa. Tumenggung : Ngabéi : kandhuruwan cecepenganipun prajurit anggangsalatus, riya nyéwu. Mantri ngalihatus, andhap-pandapaning mantri nyatus, prajurit ing kados patén déréng kaétung, iba kathahipun, sumongga sampéyan galih, pinten kathahipun bala sampéyan tur sami tiyang dhusun, abalung ngawisi : kulit tatembagi : sungsum magagala, mongsa wandé arêmuk upaminipun tigan kaapit ing séla. Tiyang ing Mendhang Kamolan upaminipun durén abdi sampéyan timun kaplipis amesthi rêmuk, abdi ing Panungkul upaminipun rēmbulan tiyang ing Mendhang Kamolan srengéngé, amesthi ngucem maken padhanging rēmbulan, makaten malih abdi sampéyan kula upamékaken latu, balanipun Prabu Jaka ingkang minongka jawah, amesthi nyirêpaken latu. Kados pundi anggén sampéyan saged mengsa Prabu Jaka, awit kaungkulon tigang prakawis, ingkang sapisan Prabu Jaka Rathu ageng, kaping kalih sekti, kaping tiga sugih bala. Éwa dénten bilih kekah ing karsa sampéyan sayogi angupados bantu.

Radén Daniswara muwun mirêng aturipun Jugul Mudha, rumaos yén kasinggihan, pangandikanipun : lah kapriyé : Jugu[57]! Mudha : kang dadiréhmu. Endi kang dak lakoni. Aku isin yén nagara ora karêbut, awit aku kang duwé luluri karaton tanah Jawa, tetepa aku kang anduwéni, turun-tumurun aja ana kang nyelani.

Sarêng kéndel ngandika makaten Prabu Shindula akaliyan Patihipun anedhakki. Ingkang wayah dipun rangkul, pangandikanipun : memelas



temen putuningsun, mengko nyawa Ingsun tuturi, Radén Daniswara nyembah, anyungkemi sampéyaning Éyang. Jugul Mudha tuwin Begja : Daulat inggih sami nyumkemi dalamakanipun, Prabu Shindula ngandika, Jugul Mudha : iku ramanira, Jugul Mudha lajeng nyungkemi pangkoning rama kalih anangis, ingkang rama inggih nangis angrangkul putra, pangandikanipun : dhuh : anakku, sukur kowé momong Gusthimu, pamujiku muga-muga lulusa ing sapandhuwuré. Biyangmu ana ngendi, Jugul Mudha matur, wonten ing dalem, Nyai Rondha medal anyungkemi dalamakanipun ingkang raka. Anunten sami rangkul-rinangkul tiyang titiga.

Prabu Shindula angandika, putu : mongané kurang sataun Ajisaka linungsur karatoné. Sira kang bakal anggénteni, angratoni ing tanah Jawa. Nanging sira sumurupa, ora gampang oléhira ngrebut nagara, amesthi kudu sira lakoni tapa, anenedhaha ing Déwa kang agung, kasembadana kang sira seja. Semono iku sira diawas marang paraning puja. A[58]turé si Jugul Mudha mau bener. Déné yén wis tekan ing wawatesan telung taun mongka wis akéh balanira, Jinurungan déning Jawatha kang linuwih, apa déné oléh sawabingsun ora wurung sira bisa ngrebut nagaranira, sarta banjur jumeneng Rathu, awit sira kang duwé luluri karaton tanah Jawa, turun-tumurun ora ana sing nyelani.

Radén Daniswara lajeng dipun wulang sakathahing kadigdayan supados unggul ing perang, sagesta malebet ing saganten boten teles kapendhem boten pejah, kaobong : boten geseng, punapa malih kawulang pratikelipun dados Rathu. Sakathahing wulangngipun ingkang Éyang sampun kadhadha sadaya. Jugul Mudha : Begja : Daulat Menawa : Menawi inggih tumut anguguru ngelmi.


Prabu Shindula angandika malih, putu : sira Ingsun tuturi. Prabu Jaka semayan karo Rathu Kidul kang aran Raja Angin-nangin bakal anekani, sarta wis kapesthi ing mangsané. Nanging sira sumurupa, wis pinesthi karsaning Déwa, sapa-sapa sing dadi Rathu ing tanah Jawa, **yén ora di emong ing Bok Rathu Kidul ora lulus panjenengané**. Ana déné Raja Angin-nangin mau, akahyangan ana ing sagara kidul, sapa-sapa Rathu kang tepung karo Bok Rathu Kidul pasthi lulus panjenengané, turun-



tumurun ora ana sing nyelani, nganti tumeka ing jaman Akir. Déné Bok Rathu Kidul iku ing bésuk bakal karabi marang turunira, kang bakal jumeneng Rathu ing nagara Matha[59]ram ajujuluk Sultan Matharam agamané Islam angeréhaké Rathu sabrang. Ing mengko : putu : pituduh Ingsun marang sira, Prabu Jaka dhisikkana, sira katemuha lan Bok Rathu Kidul, saiki dina rēbo : tanggal ping limalas sasi sura : taun alip wuku gulungan. Tapanira bangunen manéh, angéliha ing sagara. Iku marganira katemu karo Bok Rathu Kidul, déné si Jugul Mudha : Begja : Daulat Menawa lan Menawi, Ingsun bubuhi ngait wong Panungkulam, Prabu Shindula : sakéndelipun ngandika : lajeng musna.

Radén Daniswara apirémbagan kaliyan Jugul Mudha. Aturipun Jugul Mudha, ing mangké sampéyan sampun suka akibir, kasiku ing Déwa, Radén angraos kasinggihan atur punika, pangandikanipun : Jugul Mudha, saréhné aku ngandel ing kowé, sabarang réhmu mesthi dak lakoni. Kapriyé kang dadi karépmu, Jugul Mudha matur, yén parêng ing karsa sampéyan pitedahipun Èyang i jengandika sayogi linampaahan, kula minggah ing rēdi, sampéyan lumebet ing saganten anenedhaha ing Déwa kang linuwih, énggala kadugén ingkang sampéyan seja, Radén Daniswara amangsuli, lah : ayo padha mangkat.


Lampahipun Radén Daniswara malebet ing wana, anggebyur lépén Cikamis anut salampahing toya, nglangi ambathang kados layon, sarêng dumugi ing sawangan sega[60]nten lajeng jumeneng wonten pinggiring seganten, sakedhap toya seganten ngombak-ombak sarêdi-rêdi, swaranipun angajrihi. Kathah ulam ingkang pejah amargi saking panasing toya, utawi rêmuk kabentus ing parang, punapa déné kabucal dhateng pinggir. Saking sangeting gara-gara, Raja Angin-nangin kaget, salaminipun déréng naté mirsa letuh kados makaten, umubing toya prasasat srengéngé rêntah ing saganten, sanget susahing galih, welas aningali ulam ingkang sami pejah. Raja Angin-nangin mumbul dhateng awang-ngawang, karsa angyaktosakén ingkang dados sababing gara-gara. Boten wonten ingkang katingal namung Radén Daniswara, jumeneng wonten pinggiring saganten, Raja Angin-nangin angandika, ora ana liyané, kang anekakaké gara-gara iki, kajaba mung kang katon ika, sakéndelipun ngandika makaten tedhak saking awang-ngawang,



amurugi Radén Daniswara. Dumugi ing ngarsanipun anyembah, amemelas aturipun: adhuh: Pangéran Gusthi kula, kula boten kuwawi nyanggi aru araning seganten, toya kados dipun kebur, katrajang ing ampuhan ageng, panasipun kapatos, ulam ageng alit sami pejah. Sampéyan punika Rathu ageng. Ingkang andarbéni sadaya. Saisining wana utawi saganten punapa malih lelembat sampéyan ingkang ngratoni, amesthi sami ngestokaken paréntah sampéyan, tanpa damel bilih sampéyan angrisakka kagunganipun piya[61]mbak, sawarnining lelembat ingkang wonten ing seganten kaliyan ingkang wonten pucaking rēdi, sami suyud ing panjenengan sampéyan sandika dipun abena perang, awit panejengan sampéyan Rathu ageng tanpa sisihan ingkang minongka Bapa babuning Rathu ing tanah Jawi sadaya.

Radén Daniswara ngerês galihipun midangetaken atur mekaten punika, rumaos yén badhé jumeneng Rathu, amengku sakathahing Rathu. Ampuhan lajeng kendel sakathahing ulam sami pulih sadaya. Anunten Radén Daniswara dipun kanthi astanipun déning Rathu Angin-nangin dhateng salebetung seganten boten teles, antawis boten dangu sumpun dumugi ing kadhatoniipun Raja Angin-nangin lajeng sami tata apinarak, wondéning salebetung kadhaton punika, akathah pepethétanipun éndah-éndah, sarta wonten balénipun emas, ingkang kagungan kala kina Bhatara Rama, dipun sambutaken, ingkang ambekta Gathut Kaca, kauningan dhateng anoman dipun rēbat ngantos dados kemeréngngan arêbat-rinebat, dangu-dangu bale dhawah ing saganten dados rérêksanipun Raja Angin-nangin, milanipun seganten mancorong cahyanipun inggih amargi saking sawabing bale emas wau.

Wondéning korining kadhaton sami dipun trétéing inten mirah jumerut palataranipun kasebaran sosotya, cahyanipun murub angantos boten wonten watawising rinten kaliyan dalu, anyurémaken cahyaning srengéngé. Pe[62]pethétan salebetung kadhaton sami emas godhongipun cindhé, pradapanipun sutra, wohipun mirah jené, saréng wedalipun kaliyan sekar. Uwit satunggil wohipun kawandasa. Sangandhaping satunggil-tugiling uwit dipun dékékki kathil emas adi. Ingkang anglenggahi Jin sami ayu-ayu. Woh ingkang sami renthah



kados lintang dipun sebar. Wondéning patamanan wau dipun ubengngi lépén toyanipun warni sakawan.

Boten telas-telas yén kacariyosna sadaya, lalangenipun kadhaton salebeting saganten, kocap Radén Daniswara kaliyan Raja Angin-nangin pinarakkan salebeting kadhaton, Raja Angin-nangin punika anglangkungi ayu sarta sekti, angratoni sakathahing Jin ing pulo Jawi sadaya, sami ajrih sarta saben taun asok bulu bekti. wondéning para Rathu Jin ingkang kaléréh, punika pratélanipun: ing Lodhaya: ing Rêdi Kidul ing Rêdi Marapi: ing Ngaré: ing Kuwu: ing Baledhug ing Waringin Wok ing Kayu Landhéyan ing Rêdi Agung: ing Thunggul Wulung: ing Rêdi Baita: ing Dalepéh: ing Nglobang.

Radén Daniswara gimir galihipun aningali Raja Angin-nangin nanging tansah asabil awit éneget yén dédé bangsanipun, Raja Angin-nangin angraита, pangandikanipun salebeting galih, dak godhané sing bakal dadi Rathu iki, supaya aja éling marang karatoné, Raja Angin-nangi[63]n mésem kalih tumungkul lajeng dipun pondhong ing Radén Daniswara, pangandikanipun: dhuh : mas mirah, aku kapéngin weruh pasaréyanamu. Apata baya rupané, Raja Angin-nangin amangsuli, boten wonten pakewedipun bilih panjenengan sampéyan ingkang kagungngan kula darmi tengga kémawon, Raja Angin-nangin nyuwun mudhun saking embanan lajeng sami akanthen asta, tindhak dhateng pasaréyan, sarawuhipun ing pasaréyan sami pinarak, Prabu Kenny dipun rung ngrum pangandikanipun Radén Daniswara, wenangna aku ngaras kowé: Gusthi. Baya kowé panukmané Déwi Rathih. Panjalukku: mumuga lulusa asih marang aku, anunten sami saré. Sawungunipun saré sami siram sarta agagonda, lajeng sami pinarakkan, Radén Daniswara kasaosan unjuk-unjukkan wadhabipun kuwi warni sakawan pethak abrit ijem cemeng, sami isi Brem tape.


Boten kacariyos laminipun Radén Daniswara anggénipun wonten salebeting saganten, Radén Daniswara angandika, aku wis pracaya ing sihmu marang aku. Panjalukku: muga-, uga lulusa. Ing mangko séjé kang kang dak catur, aku bakal anglakoni pagawéyan gedhé, perang angrebut nagaraku. Yén aku arêp ngundang kowé: kapriyé pratikelé,



awit abdi-abdiku ana sing weruh ing kéné. Lan ora ana sing bisa mréné, Prabu Kenny amangsuli, bilih pa[64]njenengan sampéyan karsa animbali kula, asidhakep panyipta kula, amesthi kula énggal dhateng sabala kula. Prajurit kula Jin ing sapuniка sampun sami baris malah sampun wonten ingkang tangled kaliyan Jin sabrang, balanipun Prabu Jaka, Radén Daniswara angandika, iya: uwis anggér, aku saiki mulih.


Radén Daniswara tedhak saking saganten ngambah toya kados ngambah siti. Sampun dumugi ing Panungkulon kapanggih kaliyan Jugul Mudha, kadangu, kapriyé: Jugul Mudha: kang dadi rēmbugmu, oléhku sumeja ngrebut nagara, Jugul Mudha amangsuli, sampéyan sampun kathah, kénging sampéyan pitajeng. Kalih déning rayi sampéyan radén Nithi Adi Kusuma ing Sampang sampun lami nusul, wondéning Radén Nithi Adi Kusuma punika bagus kembar kaliyan Radén Daniswara. Dipun tantun anglurug dhateng Mendhang Kamolan purun, Begja: Daulat Menawa: Menawi tuwin para santana inggih sami angrembagi.

Énjing Radén Daniswara miyos, tiyang ing Panungkulon sami sowan sadaya. Upacaraning karaton tuwin wisiyatipun ingkang Éyang pepak, Jugul Mudha lajeng abaya wara, éh: wong Panungkulon kabéh, Gusthi ing saiki dak jumenengngaké Rathu. Kowé padha angéstholna kabéh, sarta ambiyattonana karsané angrebut nagara, sakathahing [65] titiyang sami saur peksi angéstokaken sarta sagah ambiyattoni angrebat nagari. Radén Daniswara angandika, éh: kawulaningsun kabéh, padha sira kawruhana, Ingsun jumeneng Rathu ing tanah Jawa, awit saka ing karsané Jawatha kang linuwih, Ingsun ajujuluk **Daniswara Sri Kaskaya Sri Maha Punggung Senapati Panata Jurit**. Si Jugul Mudha Ingsun kula wisudha, dadiya papatih Ingsun Ingsun ganjar jeneng Adipati Jugul Mudha. Apa déné Adi Mas Nithi Adi Kusuma iya Ingsun junjung lungguhé, Ingsun gawé sosoraning Patih, angliwoni wong tanah Jawa, Ingsun paringi jeneng Bupati Raja Surya Ngalam Ingsun paringi rérêksan ing Madura, si begja Ingsun dadékakén emban angeréhna wong sajroning kadhaton Ingsun paringi jeneng Adipati Raja Kapa-Kapa. Si Daulat Ingsun gawé Sénapati, aran Tumenggung Salokantara.




Si Menawa angeréhna sakéhé kawulaningsun pamajegan Ingsun ganjar jeneng Tumenggung Raja Nithi Nagara. Adhi Mas kang saka Bali, Ingsun gawé kaliwon kiwa, jeneng Raja Astha Praja. Si Menawi Ingsun ganjar jeneng Tumenggung Undhang Ngundhang Natha Praja.

Anunten tiyang ing panungulan sami dipun pilihi, ingkang pantes dados Tumenggung: Ngabei: Demang: Rongga: utawi prajurit, kathah tiyang alit sami mukti, Sri Maha Punggung angandika, Jugul Mudha: kapriyé sing dadi karêpira, oléh Ingsun annyidakaké ing karsa, Jugul Mudha munjuk: bilih andadosaken parênging karsa dalem ta[66]nah pasisir kaliyan monca nagari sayogi kalurugan katelukaken rumiyin, tanah bang kilén utawi lér kantuna kémawon, rayi dalem ing Bali dadosa wadana ing tanah Bang Wétan, wondéning ingkang anglirupi titiyang parêden abdi dalem kawula. Menggah dhatengngipun ing bantu saking salebetung saganten kawula sumangga ing panjenengan dalem, Sang Prabu amangsuli pangandika, Ingsun wis marêngngi pikirira iku, nanging kapriyé mungguh pamintanira ing laku, Jugul Mudha munjuk: bilih andadosaken parêngnging karsa dalem abdi dalem Tumenggung Undhang Ngundhang kawula lampahaken dhateng tanah Bang Wétan akanthi Tumenggung sarta Mantri ing sawetawis supados anenelukna tiyang tanah Bang Wétan, angrida bubujengangan wana, kadamel angajrih-ajrihi. Ingkang badhé kawula lampahaken mangalér, abdi dalem Tumenggung Salokantara, akanthi Bupati: Mantri ing sawetawis, rayi dalem Raja Surya Ngalam sayogi kundura, angeréhna tanah pasisir. Ingkang badhé lumampah mangilén abdi dalem Tumenggung Raja Nithi sakancanipun, angirida bubujengangan wana, kadamel ing gigila, supados sampun kangélan anggén panjenengangan dalem angrebat nagari, kaliyan bantunipun ingkang akahyangngan ing saganten, wondéning ingkang anenelukaken ing parêdén abdi dalem kawula piyambak, bilih tanah Bang Wétan sampun kénging, pun Tumenggung Undhang Ngundhang mingera mangalér, aguyuba kaliyan rayi dalem menggahing pangrampidi[67]pun lajeng lumampah mangilén anunten mangidul wangsul mangétan malih, sarêngnga majeng angepang nagari. Wondéning kawula tekiyar wonten ing wingking, angelar jajahaning monca, Sang Natha amangsuli, Ingsun wis parêng sing dadi




aturira iku, sarta sira Ingsun paringngi jeneng Adipati Raja Jugul Mudha, Sang Prabu lajeng kondur.

Para punggawa nunten sami dandos anglempakaken balanipun piyambak-piyambak angebeki alun-alun, sadaya sami bingah dipun dhawahi nglurug, ingkang lumampah mangetan Tumenggung Undhang Undhang, akanthi Kyai Tumenggung Jaga Sastra, sakancanipun Mantri, tuwin Carik anama Arya Dhadhap Tulis punama malih Rongga, anama Kamadaka. Dadamelipun warni-warni. Bubujengan wana sami tut wingking sadaya, titindhihipun bala ingkang mangalér: Tumenggung Salokantara, anakthi Tumenggung Asta Praja, kaliyan Arya Panithi Sastra, tiga carik anama Ngabei Sastra Wiradya, punapa malih para Mantri kathah. Bubujengan wana sami tut wingking sadaya, ingkang lumampah ngilén Kyai Adipati Raja Nithi, akanthi Tumenggung Rêsa Praja: Radén Arya Upaya Sandi: Rongga Nukma: Demang Jabung Alus Rongga Gundhala: Ngabei Jaga Tulis Rongga Paliwara: Rongga Suluh Lintang: Rongga Damar Sasi: Ngabei Ubaya: Demang Priksa Dhusun Tumenggung Dhendha: Ngabei Tigang Pratikel Arya Pancas Gupita. Akathah Mantri: Patinggi: sarta juru sabin sami tumut tuwin bubujengan wa[68]na sami tut wingking. Talatahipun nagari ing Mendhang Kamolan kathah ingkang karayud, ingkang lumampah mangidul Adipati Raja Surya Ngalam akanthi Kyai Tumenggung Nithi Praja Arya Tuhu Péling: Tumenggung Sura Séwa: para Mantri kathah, tuwin bubujengan wana sami tut wingking sadaya. Wondéning tanah utawi nagari: ingkang sampun katelukaken dhateng balanipun Prabu Sri Maha Punggung, anama ing Lumajang: ing Madhendha: ing Magada: ing Singasari: ing Rênon ing Sekar Kuning: ing Mataun ing Pasuruhan ing Kadiri, Bang Kilén ing Bahuwarna: ing Pudhak Sategal ing Ngawu Awu Langit, sakalangkung raménipun ing perang. Tiyang Panungkulam sami kendel-kendel, tanah Bang Wétan ingkang nungkul ing Balambangan ing Bali: ing Samarang: ing Baléga: ing Pakacangan ing Bawéyan ing Garésik ing Tuban ing Sidayu: ing Lasem ing Rêmbang: ing Pajangkungan ing Surapringga: ing Lamongan, Tumenggung Undhang Undhang kendel wonten ing Surapringga, kaliyan Tumenggung Salokantara. Sampun celak kaliyan nagari ing Mendhang Kamolan.



Prabu Jaka anuju miyos dipun sowan ing Bupati wolungatus, Kyai Patih munjuk: abdi dalem angunjukki uninga, yén wonten mengsah ageng dhateng, anama Raja ing Panungkulon, abdi dalem tanah lér utawi wétan sampun katelukaken sadaya. Ingkang tanah kidul inggih sampun karayud namung kantun ingkang celak kaliyan kitha kewawon, [69] dalem punika paningal kawula badhé dipun kepang, Prabu Jaka sampun rumaos bilih panjenenganipun bahdé puput awit sampun jangkep tigang taun, pangandikanipun dhateng Patih, yén mengkono: Patih, kawulaningsun sakariné sira pepekna, papagna tekané mungsuh. Bungngé manéh yén bisaha, sing tuwa ora piraha. Enya: Patih: iki pendhemen ana pojoking kutha papat pisan, konen angreksa Bupati. Saupama Bupati-ningsun wolungatus angrasa abot sangganing mungsuh, iki sebarén amesthi ora kangélan panglawané. Aja ana padha susah utawa kuwatir: yén mati tuwin kataton, Ingsun wani katempuh. Yén padha ora ngandel marang panjenenganingsun Ingsun ametokaké istujrat, Prabu Jaka lajeng medalaken istijrat, para abdi sami pitajeng sadaya, ciptanipun lepat ing pejah, yén taksih panjenenganipun Prabu Jaka. Sakonduripun Sang Natha angadhaton Bupati wolungatus sami mirantos ing pangénanipun piyambak-piyambak.

Rêmbagipun ingkang ngluruk badhé saréngan angrampid, Prabu Sri Maha Punggung andhahar pirêmbag punika, lajeng dhawah ngungelaken tengara. Boten antawis dangu balanipun pepak sadaya. Saking kathahipun tiningalan angajrihi. Dadamelipun warni-warni kados râdi sekar. Gilaping panganggé tuwin dadamelipun anyurêmaken padhanging srengéngé, kados upaminipun kalingan mendhung. Sang Natha lajeng angandika. Éh: [70] bocah-bocah Ingsun, ing saiki panjenenganipun karsa tindak, saréng tengara mungel prajurit ingkang wonten ing ngajeng: bidhal, tetelukanipun Sang Natha sampun kathah, titindhîhipun Adipati. Sang Natha tindak sawingkingnipun prajurit wau. Ingkang anjajari ngajeng, prajurit gedhong kaliyan prajurit kaparak utawi para Sénapati ingkang kawical sekti sarta pipilihan, wondéning ingkang ngampingngi kiwa tengenipun Sang Natha: para abdi dalem gersantun, kathahing panggénan ingkang kamergén sami nungkul sadaya.



Tindakkipun sang Natha dumugi ing panggénan tebihipun namung lampahan sadinten saking kitha ing Mendhang Kamolan, wonten ing ngriku lajeng masanggrahan, wondéning baris ing ngajeng sumpun tangled ramé, agentos long-linongan, nagari ing Juwana: ing Pathi: ing Kudus ing Jepara, ing Demak ing **Garobogan** ing Cengkalsawu: ing Balora: sumpun sami teluk dhateng balanipun Prabu Sri Maha Punggung.

Patih Jugul Mudha pirêmbagan kaliyan para Tumenggung, tuwin kaliyan para Adipati tanah ing monca nagari, sarta tanah pasisir, menggah lajengngipun lampahing perang. Guyubing rêm bag sami ngangseg angrampid sarêngan saking lér wétan kidul kilén. Baris ingkang kilén titindhihipun Adipati Raja Nithi, sakancanipun sadaya. Baris ingkang kidul titindhihipun Adipati Raja Surya Ngalam ingkang minongka sénapatin perang, sakancanipun ingkang nama Adipati Ni[71]thi Praja, Arya Demang Pandelegan sakancanipun Ngabei. Ingkang dados titidhihipun barisa ing ngajeng, Tumenggung Salokantora. Punika ingkang dipun enut saréhipun dhateng kancanipun sadaya. Barisan ingkang wétan titindhihipun Tumenggung Undhang Undhang, sakancanipun sadaya. Patih Jugul Mudha angeréhaken sakathaing Bupati tanah pasisir.


Barisan ing Mendhang Kamolan lajeng angrakit pasangrahan, lampahipun ingkang sami nglurug dumugi ing panggénan namung lampahan sabedhug tebihipun saking kitha ing Mendhang Kamolan, nanging ngangsek malih, ngantos ngancik rangkahipun ing Mendhang Kamolan, lajeng sami tangled saben dinten boten kéndel-kéndel, bala ing Mendhang Kamolan kathah ingkang pejah, nanging boten suda: malah wéwah, andadosaken girisipun bala ing Panungkulon katur ing Prabu Sri Maha Punggung. Sang Natha angandika, éh: Jugul Mudha, kapriyé dayanira. Ingsun mrayogakaken mundur baé, awit amimirang banget anglurug wusana kalah perang, Jugul Mudha munjuk: abdi dalem déréng ulap, panjenengan dalem sumerêpa, balanipun Prabu Jaka kathah ingkang sami sulap, Sang Natha andangu, lah: kapriyé kang dadi rêm bugira, Jugul Mudha nyembah munjuk: manawi parêng ing karsa dalem mengsah sumpun linawan perang, awit bilih dipun



lawan boten suda: malah wéwah. Baris ageng badhé kawula aseggaken pangajengngi[72]pun bubujengan wana, samiya lumampah angéca-éca, sampun angopeni mengsah sulap, Sang Natha mangsuli pangandika, iya: Jugul Mudha, Ingsun wis amarêngi kang dadi aturira iku.

Kyai Tumanggung Undhang Undhang lajeng apaparéntah, angrakit gelar emprit aneba, kadhwahan sami ngangseg sarêng, nanging sampun wonten ingkang anglawan mengsah. Sarêng sampun anggénipun apaparéntah, tengara mungel lajeng bidhal, ingkang saking kidul saking lér: sarta saking kilén sami tiyang pasisir sadaya, ingkang saking wétan tiyang monca nagari. Sami sarêng angseggipun, bubujengan wana lumampah wonten ing ngajeng, apapanthan sabangsanipun piyambak-piyambak, bala ing Mendhang Kamolan amedali, angrampid bala ing Panungkulon, wonten ingkang nglambung, nanging boten dipun lawan, ngéca-éca sami lumampah. Dangu-dangu sakathahing bala sulap sami sirna piyambak, wondéning barisan ing Mendhang Kamolan ingkang tiyang sayektos wonten ing wingking, saweg sami sukan-sukan kaget dhatengngipun bala ing Panungkulon, gugup sami dandos amethukaken mengsah. Titindhihipun Bupati wolungatus, lajeng sami aperang ramé. Bala ing Mendhang Kamolan kaplajeng. Anunten kasaput ing dalu, kéndel ingkang sami perang. Nagari ing Mendhang Kamolan sampun kakepang.


[73] Prabu Jaka miyos sinowan, Patih Thengger ingkang wonten ing ngarsa: Gusthi: kawula angunjukki uninga, bilih abdi dalem perangipun kawon, Prabu Jaka amangsuli pangandika, Ingsun mesthékake: yén kutha ing Mendhang Kamolan ora bedhah. Ebungngé manéh yén nyonggaha, sing tuwa biyén ora piraha, boten antawis dangu wonten abdi dhateng, angunjukki uninga ing Sang Natha, yén mengsah ageng dhateng, asarêng pangrampidipun, abdi ing Mendhang Kamolan sami bingung, boten kuwawi anadhahi. Kitha ing Mendhang Kamolan sampun kakepang, Prabu Jaka gumujeng, angandikanipun: wis padha mundura, angungsya menyang kutha. Padha kurang pracaya marang panjenenganingsun, abdi wau andhawahaken pangandikanipun Sang Natha. Barisan sami mundur sadaya dhateng salebeting kitha.



Bala ing Panungkulan ingkang ngepang kitha: saben dinten perangngan, tiyang ing Mendhang Kamolan kabujeng, sami lumebet ing kitha, sarta sami ngineb kori. Énjingngipun bala ing Mendhang kamolan angrampid prajurit monca nagari ing Panungkulan ingkang baris wonten wétan, tiyang monca nagari mawur, aramé perangngipun, nanging bala ing Mendhang Kamolan kabujeng, lumebet ing kitha, sami ngineb kori. Sarêng bangun tiyang Mendhang Kamolan anukup prajurit pasisir, ingkang baris wonten lér, tiyang pasisir kasoran lajeng dipun biyantoni dhateng [74] Sénapati Salokantora sabalanipun, aramé perangngipun bujeng-binujeng, elong-linongngan, anunten Tumenggung Raja Nithi, Adipati Jugul Mudha: Raja Kapa-kapa: sarta Raja Surya Ngalam ambiyantoni Tumenggung Undhang Undhang, kalih Tumenggung Salokantara. Tiyang ing Mendhang Kamolan kathah ingkang pejah, sakantunipun sami lumajeng dhateng kitha, sarta ngineb kori. Ingkang unggul ing perang: sami mundur, dhateng ing panggénanipun piyambak-piyambak.

Prabu Sri Maha Punggung sakalangkung suka ing galih, anampéni pratéla ungguling abdinipun prajurit, anunten para Sénapati sami katimbalan sadaya, kakarsakaken arêmbagan bab lajengipun prakawis ing perang. Karsanipun Sang Natha badhé ambedhah kitha, ingkang amargi dipun rangsang, pangandikanipun dhateng Patih Jugul Mudha: kawula amrayogékaken karsa dalem punika. Kawula badhé anglempakaken dandosan prantos pangrangsangning kitha, kados ta: ingkang warni karêteg ontha: sarta gangsir, tuwin totog gejug bandhol sapanunggilanipun, sarêngnga ing pangrampidipun kaangkaha rampung sadaya.


Sarêng sampun gilig rêmbagipun sarta sampun pepak sakathahing prantos pangrangsang kitha. Dipun lawan saking lebet na[75]nging boten kénging, meksa dipun inggahi. Tiyang ing mendhang Kamolan sami bingung, méh sami kacepeng sadaya. Anunten Ajisaka mumbul dhateng awang-ngawang. Bala ing Mendhang Kamolan ingkang sampun sami pejah, dipun kepyuri toya gesang saking ing gila sami gesang sadaya. Lajeng anglepasaken jemparing latu, kithanipun dados latu. Ingkang ngrangsang: sami bibar sadaya, kabujeng ing latu.



Ingkang kacandhak pejah. Bubujengan wana inggih kathah ingkang pejah déning latu. Wondéning latu wau ngombra-ombra ngantos ambesmi wana.

Patih Jugul Mudha sakalangkung kewedan ing manah. Prabu Sri Maha Punggung amuja semédi. Ingkang dipun cipta garwanipun Widadari, ingkang katilar wonten ing guwa, sarta Raja Angin-nangin ingkang ngadhaton wonten salebetung saganten semédinipu katrimah, saganten kidul mungel saganten lér wétan kilén anyauri. Rêdi Merapi obah sarta mungel, rêdi Merbabu: Sundara: Karungngrungangan Sumbing: Prahu: Kidul Kendheng: Medhang: Agung: Pragota: Pajajaran Ala-Ulu: sarta rêdi Thompa Mas sami anyauri sadaya. Rêdi Lawu: Bancak Pandhan Jamur Dipa: Ratawu: Thumpeng: inggih sami mungel, rêdi Kelud medal latu, mumbul dhateng awang-ngawang. Sanalika jawah awu kaliyan karikil, peteng dhedhet kados tengah dalu. Angin midid gelap asauran, boten antawis dangu para garwa Widadari sami dhateng. Prabu Sri Maha Punggung wonten salebetung latu. Para garwa inggih sami tumut lumebet ing latu, nanging boten kabe[76]smi utawi panas, dhemit sabrang ramé perang kaliyan dhemit tanah Jawi wonten ing awang-ngawang. Dhemit sabrang kawon sirna sadaya. Wondéning ingkang ambekta bala lelembat wau, garwa Widadari gangsal kaliyan Raja Angin-nangin, saking kathahing lelembat ing awang-ngawang kaliyan ing dharatan sami jejel.


Para garwa sami mésem matur dhateng Sang Natha, wonten punapa panjenengan dalem kasesa animbali kawula, Sang Prabu amangsuli pangandika: sarwi angaras: adhi Ajeng, mulané kowé padha dak undang mréné, aku arêp anjaluk tulung. Geni iki sirépen, lan manéh balané si Ajisaka luput ing pati. Iku apa mulané, Déwi Sangkaningngrat matur, inggih punika saking istijratipun Idajil sageeda adamel bala sulap sarta awit saking toya gesang, dipun cepeng dhateng Ajisaka, wonten ing tangan kiwa, angsalipun saking pun Idajil, Prabu Sri Maha Punggung ngandika, Adhi Ajeng: aku ora weruh, Déwi Sangkaningngrat matur, kados panjenengangan dalem boten sumerêp, awit dipun aling-alangi dhateng malaékat Idajil, inggih punika gurunipun Ajisaka, para garwa lajeng sami ngliga sadaya, sakedhap padhang, katingalan



Ajisaka anyepeng toya gesang. Para garwa matur, sumongga: Sang Natha, panjenengan dalem lepasi jemparing tumunten, Sang Natha lajeng amenthang langkap anglepasaken jemparing, anama Guwa Wijaya. Prabu Jaka asusumbar, ora piraha sing arêp dadi Ra[77]thu. Lebur déning geni. Éh: lelembut sabrang, mara: padha malesa, lelembat sabrang lajeng tangled malih kaliyan lelembat tanah Jawi, nanging kawon tumpes sadaya. Sakedhap lajeng jawah derês latu ingkang medal saking jemparing pun Ajisaka, sirêp, sarêng Ajisaka aningali, yén Prabu Sri Maha Punggung boten kabesmi, lajeng susumbar, éh: Daniswara, aja angadu bala, ayo perang padha siji, Prabu Sri Maha Punggung duka sanget wangsulanipun: iya: Ajisaka, aja kowé ngoncati.

Wondéning toya gesang, ingkang dipun cepeng dhateng Ajisaka, sampun katut ing jemparingngipun Prabu Sri Maha Punggung, dhawah ing saganten kidul dipun rêksa dhateng Raja Angin-nanging, Ajisaka sagendhingngipun kuciwa, amurugi Prabu Sri Maha Punggung, lajeng sami perang tandhing, agentos dhuwung sarta gentos jemparing. Wusana sami baben karosan abanting-binanting. Ajisaka dipun candhak katinggil badhé dipun banting, nanging lajeng boten katinggal sirna sakadhaton tuwin Bupatinipun wolungatus, yasanipun sumur wolungatus inggih tumut sirna, mila dalah ing sapunika nagari ing Mendhang Kamolan awis toya. Wondéning icalipun Ajisaka wau, dipun rēbat dhateng malaékat Idajil lanattullah. Wulangipun dhateng Ajisaka, éh: putuku, narimaha ing pepesthén, jangjiné oléhmu dadi Rathu mung telung taun, ing saiki wis anetepi ing wawatesané. Karaton ing Mendhang [78] Kamolan mulih marang kang duwé luluri, kang bakal anurunaké para Rathu ing tanah Jawa, ora kena disuwawa. Anadéné karsané Gusthi Allah, kowé dadiya bangsaku, angratonana sakéhing lelembut ing tanah Sabrang, nanging kowé anaha ing tanah Jawa baé, lan kudu ngawula Rathu ing tanah Jawa. Poma: aja kowé wani-wani marang Rathu iku, Ajisaka nangis wusana amupus pasrah dheteng karsanipun Gusthi kang Agung.

Sasirnanipun Ajisaka, Prabu Sri Maha Punggung jumeneng Rathu, kéringen ing tanah Jawi, tuwin ing tanah Sabrang. Kédhap sawarninipun




ingkang kumelip, lelembat ing tanah Jawi kumawula sadaya. Wondéning Adipati Thengger kalulusaken ing kalenggahanipun.

Prabu Sri Maha Punggung kekah ing adil abeg para marta sarta belaba. Abdinipun sami ajrih sarta asih. Wondéning kadhatonipun ngalih dhateng sakidul wétanipun ing Demak kaparingan nama Mendhang Paramesan, jujulukipun Sang Natha tiga, satunggil Prabu Daniswara, kalih Prabu Kaskaya, tiga Sri Maha Punggung. Garwanipun nenem kaliyan Raja Angin-nangin, gawa sepuh ingkang nama Sangkaningngrat kaparingan nama Rathu Pamenang. Sekaringngrat kaparingan nama Rathu Wétan, Rêtna Déwa Thika paringan nama Rathu Elér. Gonda Swara kaparingan nama Rathu Kilé[79]n, Daya Asmara kaparingan nama Rathu Panengah, punika sadaya badhé anedhakaken para Rathu ing tanah Jawi, ing Pajang kaliyan ing Mataram, wondéning seliripun Sang Natha sami putri: kathahipun wolungatus.

Karsanipun Prabu Sri Maha Punggung, Tumenggung Raja Nithi kadamel patinggi, Raja Kapa-kapa kadamel Emban Salokantara kadamel Jeksa nagari, Tumenggung Undhang – Undhang kadamel Kabayan Raja Surya Ngalam kadamel Jeksa nagari. Punika ingkang nyepeng pangadilan anganggit serat uger: nama Surya Ngalam, kencenging lelerêsanipun adamel padhanging nagari. Sang Natha inggih ngangit Serat Uger, kadhwuhan dhateng para nayaka. Sampun antawis lami anggénipun jumeneng Rathu, ajeg adilipun, nagari ing Mendhang Paramesan karta gemah arja.

Nyai Rondha ing Panungkulan anunten bésanan kaliyan Nyai Rondha Sengkeran, Patih Jugul Mudha kadhaupaken kaliyan Déwi Rasasathi. Anglangkungi agenggénipun ambawahi. Sakathahing tontonan wonten, para Bupati tanah pasisir kaliyan tanah monca nagari sami pepak sadaya. Raja Angin-nangin inggih anjengngi pikraménipun, kacariyos sampun atut asih lulut anggénipun salaki rabi.

Prabu Sri Maha Punggung anunten kagungan karsa nganggit Serat Lelelêsan, wiwit kala samanten wontenipun Serat Jugul Mudha, Se[80]rat Raja Kapa-Kapa, Serat Salokantara, Serat Undhang-




Undhang. Anggitipun Patih Jugul Mudha anama Serat Astha Bratha. Wondéning Tumenggung Raja Nithi, Raja Kapa-Kapa, Tumenggung Undhang-Ngundhang, Tumenggung Salokantara, tuwin Raja Surya Ngalam inggih sami nganggit Serat Leresan, menggah namining serat manut naminipun ingkang nganggit piyambak-piyambak.

Sang Natha sampun lami anggénipun jumeneng Rathu, tansah mukti kadugén sakarsanipun, karêmanipun angnganggit serat kaliyan ingkang para garwa. Garwanipun sepuh ingkang nama Rathu Pemenang: sampun puputra kakalih. Ingkang pambajeng: éstri, anglangkungngi ayunipun nanging wadat dados panunggilaning Widadari. Ingkang rayi: kakung, bagusipun angungkuli ingkang rama, sampun kaangkat nama Pangéran Adipati. Inggih punika ingkang dipun gadhang anggentosi Rathu. Rathu Wétan apuputra kakung, jumeneng Rathu wonten ing Bali. Rathu Lér apuputra kakung, jumeneng Rathu wonten Palémbang. Rathu Kidul apuputra kakung, jumeneng Rathu wonten ing Madura. Rathu Pamenang apuputra malih kakung, jumeneng Rathu wonten ing Nuswa Kaliya. Wondéning putra ingkang saking wingking, jaler: éstri, sampun sami kaparingan nagari piyambak-piyambak, Patih Jugul Mudha inggih sampun puputra jaler, kanaman Radén Kundhara.


[81]Sasédanipun Prabu Sri Maha Punggung, kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Sri Kandhiawan, patihipun Radén Kundhara wau. Sasédanipun Sri Kandhiawan kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Prabu Kala Pagadting. Sasédanipun Prabu Kala Pagadting, kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Prabu Andong. Umuripun karaton ing Mendhang Paramesan sadasa windu, lajeng risak sarta boten wonten ingkang jumeneng Rathu.

Anunten wonten ingkang jumeneng Rathu, ajujuluk Sri Andong Wilis, sasédanipun Sri Andong wilis kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Sri Bana Keling. Sri Bana Keling kagentosan dhateng Sri Maja Galuh. Sri Maja Galuh kagentosan dhateng Sri Ngawu Awu Langit, angsal panjenengan Rathu sakawan umuring karaton sadasa windu: lajeng risak, anunten Prabu Thunggul jumeneng Rathu. Sasédanipun Prabu Thunggul ingkang anggentosi jumeneng Rathu: angadaton



wonten ing Mendhang Paramesan, dédé Mendhang Paramesan sawétanipun ing Demak dados Mendhang Paramisan kaping kalih. Sasédanipun Sang Natha. Kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Prabu Séla Raja. Prabu Séla Raja kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Parbu Mundhing Wangi. Umuring karaton sadasa windu: lajeng risak, Mundhingsari ingkang anggentosi Rathu. Sasédanipun Prabu Mundhingsari, kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Raja Jala Sengara. [82] Raja Jala Sengara kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Prabu Giling Welis. Prabu Giling Wesi kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Prawatasari. Umuring karaton sadasa windu: lajeng risak, ingkang anggentosi Rathu: ajujuluk Prabu Wanasari. Prabu Wanasari kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Rathu Kaliyan, Rathu Kaliyan kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Sri Sana Séwu. Sri Sana Séwu kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Raja Thanduran, nagarinipun lajeng risak, panjenenganing Rathu kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Raja Majaratha. Sasirnanipun Raja Majaratha, kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Rathu Kawongga. Rathu Kawongga kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Rathu Ngumbulsari. Rathu Ngumbulsari kagentosan dhateng ingkang putra, ajujuluk Padang Angling. Umuring karaton sadasa windu, angsal panjenengan Rathu sakawan lajeng risak, anunten wonten ingkang jumeneng Rathu ing Parambanan ajujuluk apuputra gangsal, ingkang pambajeng: nama Panuhun padamelanipun tatanén, penenggakipun nama Sendhang Garba, padamelanipun dagang. Panengahipun nama Karung kala, karêmanipun saba ing wana. Adhining panengah anama Sumendhi Petung, malarat padamelanipun andérés, wuragilipun nama Rêsi Gathayu. Punika ingkang dipun gadhang anggentosi kaprabon, Sandhang Garba kadadosaken Rathunipun tiyang dagang, agriya wonten ing Jepara. Karung Kala ange[83]réhaken Kalang kaliyan Jagal, saben taun sami anyosi bulu bekti dhumateng ingkang rama.


Alami panjenengganipun Rathu ing Parambanan, nagarinipun gemah raha raja. Boten wonten mengsah ingkang purun andhatengngi. Sasédanipun Sang Natha, Rêsi Gathayu ingkang anggentosi. Ingkang raka saben taun sami asok bulu bekti. Rêsi Gathayu aputra nenem,



pambajengngipun éstri, anama Rara Suci. Panenggakkipun anama Lembu Amiluhur. Pandhawanipun anama Lembu Mardadu. Adhinipun malih anama Lembu Mangarang. Adhinipun malih anama Lembu Marjaya. Wuragilipun éstri, anama Pranggi Wongsa, ayunipun anglangkungi.

**Lembu Amiluhur** dados Rathu wonten ing **Jenggala**, inggih anama ing Bana Keling, **kaprenah sakidulipun ing Sura Pringga**. Lembu Mardadu nagarinipun ing Kadiri. Lembu Mangarang nagarinipun ing Gegelang. Lembu Marjaya nagarinipun ing Singasari. Ni Pranggi Wongsa krama angsal Rathu ing Pudhak Sategal, Prabu ing Janggala wau abésanan kaliyan sadhérékkipun jaler sakawan pisan, lajeng aséléh kaprabenipun dhateng ingkang putra: anama Laléyan, sarêng sampaun angsal sadasa windu, nagarinipun rēngka: sang Natha séda, kagentosan dhateng ingkang putra, anama Radén Banjaransari. Anging abdinipun sami boten angétokaké sami angadeg piyambak sanget andadosaken prihatos sarta lingsemmipun Sang Natha. Saben dinten dalajat awon ingkang katingal, [84] anunten kadhatengan ing pagering ageng, kathah tiyang ing Janggala ingkang sami pejah. Wondéning ingkang taksih gesang: sami ngalih. Nagari ing Jenggala suweng, ical semunipun, sakathahing dhusun sami suweng, wekasan sami dados wana. Grahana rêmbulan tuwin grahana srengéngé, punapa malih lindhu, kerêp wonten, jawah angin salah mongsa, lintang kumukus utawi dalajat sanesipun kathah ingkang katingal, lelembat sampaun amor kaliyan tiyang. Kathah rédi ingkang gempal, tanem tuwuhan boten medal, siyang: dalu: ingkang kamirêngngan namung ungeling peksi dokan peksi darés kadhasih: asauran tuwin peksi wanana sanésipun kadosta: beluk bleg katupuk ason-nason cabak sapanunggilanipun.


Sang Prabu Banjaransari taksih lomba, yuswanipun saweg kawan welas taun, bagus cahyanipun anglangkungi, boten dhahar: boten saré, bilih dalu: anaritis akajang sirah banon, anunten wonten Déwa anedhakki, amung kamirêngngan swaranipun kémawon, ujaring swara, tinggalen nagaranira. Sira ora kalilan ana ing kéné, awit nagaranira wis tuwa. Lungaha mangulon, ing bésuk sira dadi Rathu, sekti wignya kinéringngan ana ing tanah Jawa. Sarupané kang kumelip apa déné



lelembut padha kumawula ing sira kabéh. Karo déné Hyang Giri Natha amaringngi kaluwih[85]an marang sira, sarta bakal rabi Widadari. Kang sira kuthani: bésuk nagara ing Galuh, nanging ing saiki isih ginaib déning Hyang Jagad Natha. Saiki pituduhku marang sira, tapaha ana ing guwa Therusan, sajroning guwa iku kaya nagara. Ing kono margané oléh ira dadi Rathu. Enya: iki sipaté Bathara Gana. Déne panguwasané awas ora ana kang kasamaran weruh Jin Sétan sapanunggalané. Wis kariya, éstokna pituduhku, Prabu Banjaransari amangsuli, sinten Hyang ingkang anedakki, swara amangsuli, aku Hyang Narada, kang momong luluhurmu kabéh. Wis ta, nuli lungaha.

Prabu Banjaransari cipta badhé tilar kawibawan, wulu cumbunipun kakalih samitilem wonten ing dagan anama Sangut kaliyan Sangu Brongta. Lajeng sami dipun gugah, pangandikanipun: kakang: padha tangiya, panakawan kakalih sami kagét aningali Gusthinipun anyana dipun paringngi tetedhan, Prabu Banjaransari angandika, kowé padha dak gugah, ora bakal dak paringngi lorodan nanging bakal dak tari, aku arêp tinggal nagara, awit banget isinku, dadi Rathu ora kinéringan, apa kowé milu ing aku. Yén ora, mung kowé aja tutur marang adhi-adhiku. Yén kowé nganti tutur, amesthi kena ing supataku, panakawan kakalih nyembah munjuk: panjenengnga[86]n dalem karsa tindhak dhateng ing pundi, Sang Natha amangsuli, ora ana kang dak sedya manéh, mung anggolékki dalaning pati, Sangutaka munjuk: bilih makaten kula boten purun andhérék, sakéca wonten ing nagari, sanajan sepen nedha éca, Sangu Brongta anyambungngi, kakéyan caréwét temen, kowé iku ora dipeksa ing Gusthi, Prabu Banjaransari andangu dhateng Sangu Brongta, kowé kapriyé: kakang, apa milu ing aku, Sangu Brongta munjuk: sampun sumelang ing galih. Kula andhérék ing satindak dalem.


Prabu Banjaransari lajeng tindak kadhérékkaken ing panakawan ingkang nama Sangu Brongta. Anunten Sangutaka anututi, andhérék ing tindakkipun Sang Natha. Wondéning sadhérékkipun Sang Natha: ingkang dipun tilar: sakawan anama Kuda Amongsari: Kuda Jayéngsari: Jayéngrésmi: Lembu Pangarsa. Kacariyos sampun tebih lampahipun, wanci tengah dalu dumugi ing padhusunan, aramé swaranipun titiyang ingkang sami tengga sabin sami abingah-bingah. Sang Natha boten



kéndel lampahipun angantos byar, anjog ing wana ageng. Wonten ing ngriku sayah, kéndel saréyan wonten ing séla sumayana, dipun petekki ing panakawanipun.

Satindakkipun Prabu Banjaransari, ingkang katilar wonten ing kadhaton sami bingung angupadosi, aramé [87] swaraning tangis, anunten ingkang rayi sakawan sami nusul lampahipun sisiliban namung ambekta panakawan titiga, anakkipun Sangutaka kaliyan Sangu Brongta, anjog ing wana ageng. Anunten kasaput ing dalu, sami kéndel ing lampahipun, saréng rêmbulan andhadhari, Radén sakawan sami lumampah malih, angupadosi ingkang raka. Wondéning namaning panakawan titiga wau: Kalélét Jangkung Miling, Pak Sebolo. Punika samargi-margisami suka-suka, ababanyolan murih limuring Gusthi, ingkang tansah sami muwun amung nyipta ingkang raka kémawon, Prabu Banjaransari sumerêp bilih ingkang rayi sami nusul nanging boten karsa amanggihi, mila dipun simpangngi, supados ingkang rayi sayah angupadosi, sami wangsul dhateng ing nagari. Lampahipun Sang Natha sang saya tebih, nasak wana minggah ing rédi, boten mawi dhahar utawi saré, rinten dalu lumampah. Wulu sumbu kakalih sami nangis: adhuh: Gusthi: suwawi sami kéndel, ing pundhi ta ingkang sedya apurugan, Prabu Banjaransari amangsuli. Biyén mula aku wis tutur, yén kowé ora gelem ngetutake aku, padha baliya menyang nagara, mumpung durung pati adhoh, panakawan kalih kéndel.


Prabu Banjaransari andumugékake lampah. Dangu-dangu amanggih guwa, anglangkungni rêsik sarta radin kados alun-alun dipun ubengngi ing kakajengan, ngajengngipun ing guwa [88] anama peken Diyéng. Guwa punika siluman boten sok tiyang ngasumerêp utawi saged anglebeti, kajawi ingkang utama, sarta badhé angsal kaluhuran. Prabu Banjaransari lumebet ing guwa, akaliyan panakawanipun, ing nglebet anglangkungi padhang: boten kantenan rinten dalunipun, wondéning guwa punika kadhatonipun Prabu Shindula. Sasirnanipun nagari Galuh, Sang Natha pindah wonten ing ngriku. Inggih punika ugi panggénanipun tapa Sri Maha Punggung. Korinipun ing guwa sakawan sami anjog dhateng patamanan pepethanipun atharik tharik asri tiningalan, pethetanipun nagasari sami katanem wonten ing jembangan,



pasiramanipun ing widadari anglangkungi saé. Satengahing patamanan wonten balé kambangngipun mawi gedhongngan éndah warninipun sajagad boten wonten ingkang nyaméni, karêngga ing naga mas murub, langsénipun katarétés ing sosotya. Sajawinipun kori Sri Manganti wonten bangsalipun kakalih angapit kori. Kathahipun ing kori sanga, sami ukir-ukiran katarétés ing inten mirah tuwin sosotya sanésipun pating palencar cahyanipun, Prabu Banjaransari karêmenan aningali pasang rakiting guwa, kados kadhaton ing Kaéndran, anunten kori ingkang kidul dipun labeti, anjog dhateng patamanan, akathah pepethetanipun warni-warni. Sanggar pamelenganipun kaideran ing pager banon, gandaning sekar arum amridini. Akathah toya ing[89]kang anjog dhateng patamanan, wonten umbul ingkang dhapur peksi garudha, toyanipun medal saking cucuk, wonten ingkang medal saking cangkeming sawer naga. Sang Natha rêmén aningali. Wonten kori sakawan malih. Ingkang satunggil anjog dhateng patamanan ingkang satunggil dhateng langgar, ingkang satunggil dhateng patamanan ingkang satunggil dhateng patamanan wétan, kori kidul ingkang anjog dhateng kadhaton mineb, Sang Natha tindhak dhateng patamanan kadhérékaken ing panakawanipun, kasengsem aningali, angantos kéndel awit salaminipun déréng mirsa ingkang kados mekaten, anunten Sang Natha minggah dhateng ing gedhongngan, korinipun menga piyambak, wondéning ingkang kagungan gedhongan punika: Rathu Éstri ing nagari Galuh, balanipun putri sami ayu-ayu sarta kendel ing perang sadaya, nanging nagarinipun taksih nyiluman katingal wana kémawon.


Sang Prabu Éstri saben ing dinten anggara kasih siram dhateng ing patamanan ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau. Sasampuning siram saré wonten ing gedhongan, ing ngriku wonten kathilipun mas, anunten Sang Natha lumbet ing gedhongan aningali kathil mas murub katarétés ing inten sarta sosotya sanésipun amadhangi gedhongngan rinten dalu. Sang Prabu tapa wonten ing kathil amumuja nedha sih Déwa ingkang linuwih.

Kacariyos sadhérékkipun Sang Prabu sakawan ingkang sa[90]mi nusul angupadosi, lampahipun malebet ing jurang: minggah ing rêdi, boten




angsal dahar sarta saré, sami sanget ngelih sarta sayahipun, anunten sami kéndel lenggah ing séla sumayana. Sarêng sampun ical sayahipun andumugékaken lampah, anjog dhateng iringngipun rêdi inggil akathah tatanemanipun warni-warni, sarta wonten toyanipun bening. Radén sakawan saking sayahipun sami saré, sawungunipun sami siram, anunten wonten puthut kakalih, anama Sajaga Wasita, kaliyan Caraka, kagét aningali Radén sakawan lajeng sami apitakén: sampéyan sinten saking pundi, sarta ing pundi ingkang sineja, Radén amangsuli, aku wong ing Mendhang Paramesan, ora duwé omah, cilik mula katiwang-tiwang, anggolékkki sadulurku tuwa, ora karuhan sing dak jujug anut salémbakking ati. Tekadku ing kéné namung lérén baé sadhéla. Balik aku takon marang kowé: paman sapa jenengngé kang mara tapa ing gunung iki, puthut amangsuli, ingkang mara tapa wonten ing rêdi punika, anama Panembahan Suwignya Sidik, rêdinipun anama Lanang, Radén ngandika malih, matura marang Panembahan yén aku teka ana ing kéné, puthut amangsuli, inggih, sampéyan kula aturi kéndel wonten ing ngriki rumiyin.

Putut kakalih lajeng pratéla dhateng Sang Tapa, bilih wonte[91]n tamu sakawan émperipun kados satriya lalana, Bagawan Suwignya ngandika, padha aturan mréné, Radén sakawan sampun kéríd dhateng ngarsanipun Sang Pandhitha. Sang Pandhitha sampun sumerêp ingkang dados lampahipun ananging boten kabelakakaken, wondéning pamurihipun supados Radén sakawan sampun ngantos cuwa karsanipun kawedala saking pangandikanipun piyambak, tembungipun Sang Pandhitha, linggiha : putu, Radén sakawan sami nyembah: lajeng lenggah, Sang Pandhitha ngandika malih, sapa: putu: kang sinambat ing wawangi, saka ing ngendi pinangkamu, lan ngendi kang koseja, Radén nyembah matur, sampéyan mongsa kikilapan, amesthi sumerêp dhateng kula, sarta ingkang kula kajengngaken, Sang Pandhitha gumujeng, bener calathumu iku. Apa gawéné aku tapa, yén ora weruha sadurungipun winarah. Aku sumurup lakumu. Kowé anggolékkki sadulurmu tuwa, Sang Prabu ing Jenggala, kang lolos saka ing nagarané wayah bengi. Kapriyé, apa ta bener pambatangku, Radén amangsuli, inggih kalerêsan pangandika sampéyan punika. Ing mangké kula nyuwun pitedah sampéyan, ing pundi enggén kula saged panggih



kaliyan sadhérék kula sepuh, Sang Tapa amangsuli, ing saiki aku ora wenang anuturi, awit panggonané sadulurmu tuwa lagi ginaib ing Déwa. Kakangmu ora mati, nanging prasasat mati, kogolékkana dinemen ing [92] mongsa iki amesthi ora bisa katemu, nanging bésuk katemu dhéwé. Kowé tapaha ana ing kéné, anenedhaha ing Déwa kang Agung. Yén wis andungkap ing mangsané, amesthi aku anjateni marang kowé, mungguh panggonané sadulurmu tuwa, Radén sakawan sami nyembah, amiturut pituturipun Sang Pandhitha. Lajeng sami tapa wonten ing ngriku, dipun wulang sakathahing aji kasektén sarta ngélmí dhateng kapejahan, anggénipun sami tapa ngantos lami.

Gentos ingkang kacariyos ing tanah Jawi kala samanten boten wonten ingkang jumeneng Rathu. Para Bupati sami nyatriya ngadeg piyambak-piyambak, boten wonten ukum adil, anglangkungngi rêsahipun, sami apendhet pinendhet, pejah ing tiyang boten wonten aosipun, kalenggahan janganipun para ngulama ing Erum ingkang mungel wonten ing **Kitab Musarar**. Ing jaman punika wonten tiyang, anama Buyut Sathama, griyanipun ing Bajong, anglangkungi sugih sarta kéringenan ana nak putunipun kathah, sampun sami pencar arosa-rosa, tanganipun dhusun inggih kathah, sadaya sami ajrih sarta anguguru. Titiyang dhusun ingkang lampahan satengah wulan sami sowan angaturu bulu bekti. Kyai Satama wau guna sarta sekti, amunjuli tiyang kathah, taksih aném bagus warninipun, agadhah bojo ayu, bekti ing laki, anama Embok Sathomi. Anakkipun Empu Jathisura. Wondéning Empu Jathisura punika turunipun E[93]mpu Ramahadi, anglangkungngi saking guna sarta sekti, sabarang ingkang kacipta: dados, yén pandhé: aparon dhengkul apalu tangan asupit dariji: aubuhan irung, latunipun medal saking cangkem idunipun ingkang minongka sepuh. Yén damel gagaman dipun enyet ing dariji kémawon, Kyai Satama wau turunipun Patih Jugul Mudha ing Mendhang Kamolan, kala samanten saweg kasusahan manah, karanten boten gadhah Rathu. Sanajan kamukténipun kados Rathu, Kyai Satama sakéca ing manah, ajrih madega Rathu, awit dédé turuning Rathu, manawi kasiku ing Déwa. Mila sanget anggénipun anenedha ing Déwa kang Agung, tilem wonten ing taritisan alemek godhong, abantal banon, anunten wonten swara kamirêngan: éh: Satama, wruhanamu: ing saiki wis ana Rathu, sekti



mondra guna, kinéringan ing sajagad nanging isih ginaib ing Déwa, sarta kudu kogolekki, Kyai Satama tangi, sumedya badhé tilar kamukten, lumebet ing griya, sanjang dhateng ingkang éstri, wicantenipun : kowé kariya, aku arêp lunga, anggolekki Rathu, kang Jinarwa ing mau bengngi. Yén ora katemu impénku, aku ora mulih, pira bara aku urip, Nyai Satomi kagét nangis wangslanipun: Kyai: kula tumut, pejah: gesangnga: kula badhe sumerêp, dhatengnga ing pundi, sanajan dhatengnga ing jaman kaélangngan kula sampéyan bekta, Kyai Satama angrangku[94] ing sémah, wicantenipun: adhuh: tisna temen marang aku. Iya miluwa, nanging aja tutur-tutur wong liyané.

Nyai Satomi sampun patutan tiga kalih Kyai Satama, jaler kakalih: éstri satunggil anama Ki Palih: Ki Supana: Ni Suléki. Wondéning anakkipun ingkang sanés biyung: kathah. Nyai Satomi boten angétang tisnanipun (trisnanipun) dhateng anak, ingkang kaétang: namung bektinipun dhateng ingkang jaler. Lajeng sami lumampah tiyang kalih, boten wonten ingkang sumerêp, ingkang kemit sami tilem sadaya. Lampahipun dumugi ing wana ageng. Nyai Satomi samargi-margi anangis, Kyai Satama angimur, tembungngipun: menengnga: Nyai: aja nangis, menawa kawentar ing akéh. Lumakuwa alon-nalon baé, yén nganti kawruhana ing uwong, dadi wurung tapaku, Rathu sing dak golékki: ora katemu.

Sakésahipun Kyai Satama kaliyan ingkang éstri, anak putunipun ingkang kantun sami busekkan sarta angupadosi. Dalasan titiyang ingkang kalebet tepis iringngipun ing Bojong: sami tumut angupadosi sadaya, boten wonten tiyang jaler ingkang kantun nanging boten pinanggih. Anak putunipun sami susah, awit kaicalan pugeran.


Kyai Buyut Satama akaliyan ingkang éstri kendel satengahing wana ageng, wicantenipun salebeting manah, kapriyé oléhku anggolékki. Ciptaku mongsa katemuwa, tuwas kangélan, yén aku baliya: apa gawéné. [95] Ya Bathara, titahé anyuwun tulung, Kyai Satama lajeng amumuja. Anunten wonten swara, kowé: Satama: anggolékki Rathu, mongsa katemuwa: yé ora karo wangngi (wani) prihatin cegah pangan lan turu. Lumebuwa ing guwa Therusan, ingkono margané ketemu karo



Sang Natha, kang saiki lagi tapa. Iya iku kang bakal ngepel tanah Jawa, turun-tumurun ora ana kang nyelani. Lumakuwa saiki, mupung ora ana sing weruh. Yén ketemu: tunggonana ana ing guwa baé, Kyai Satama énggal anggugah ingkang éstri, tangiya: Nyai, ayo padha lumaku.

Lampahipun malebet ing guwa, angambah jurang kang rumpit Kyai dumugi ing guwa Therusan pratondha yén sinungan padhang paningalipun déning Déwa. Nanging Sang Natha dipun upadosi boten pinanggih, badhé lumebet boten saged awit korinipun mineb sadaya, dados Kyai Satama kendel wonten korining guwa ingkang jawi, angantos lami boten kendhet-kendhat amumuja. Anunten wonten swara, memelas temen sira: Satama. Ingsun iya anduduhaké prenahé kang bakal dadi Rathu. Sira lumebuwa ing patamanan, ing kono sira bakal katemu karo Rathu kang sira golékki, lagi tapa ana ing kathil mas, nanging dén angatiyati, sarta dén kurmat awit gedhongan sing ana ing taman iku nyiluman ana padusaning widadari, ora kena di ambah ing sawiyah wong, mung sira kang kalilan, yén sira wis tumeka [96] ing ngarsané, angadhepa baé.


Kyai Satama lumampah dhateng patamanan ngantos dumugi ngajengnganipun ing gedhongngan, wonten ing ngriku: akaliyan Nyai Satomi: sami nyembah, gedhongngan katingal padhang sanget, Sang Natha mujung wonten ing kathil panakawanipun sami tilem wonten ing dagan, angsalipun tapa sampun tigang wulan boten mawi ébah-ébah. Kyai Satama kaliyan ingkang éstri lami anggénipun ngadhep Sang Prabu, boten késah-késah. Anunten Prabu Shindula ing Galuh anedhakki, pangandikanipun: éh: putuku: tangiya. Tapamu wis katarima ing Déwa, Sri Banjaransari taksih sakéca saré. Prabu Shindula ngandika malih, lémbon temen kowé iku, tangiya: putu, aku Èyangmu dhéwé kang anggugah, Prabu Banjaransari wungu, lajeng anyungkemi sampéyanipun ingkang Èyang, Prabu Shindula angandika, sokur kowé dadi Rathu, sugih garwa: sugih bala: sugih donya, sarta kéringngan ing tanah Jawa, apa déné ing tanah sabrang, bakal padha suwita ing kowé kabéh: asok bulu bekti. Kowé bakal duwé bojo pademi Widadari, kang kokuthani: bakalé ing Galuh. Nagara iku wis ana, nanging ora katon, kang ngratoni Widadari, boloné wadon padha sekti-sekti kabéh, kéhé



wolungatus, ana déné Prabu Rara iku angluwihi sektiné, kéringngan ing sajagad ora ana tandhingngé, dalasan Jin padha kumawu [97]la kabéh. Patihé iya wadon prajurité wadon ayu-ayu kabéh, wis tau ambedhah nagara. Jujulukké Prabu Rara Rêtna Déwa Lengkara Supraba Déwi. Wis pinasthi ing Déwa: iku bakal dadi bojomu, kowé sing bakal jumeneng Rathu, patihmu Kyai Satama, nanging ing saiki durung mangsané, ana békané sathithik, kowé bakal ora kelar anadhahi, éwadéné yén kowé anyakep wulangku, béka mau ora ngapaha.

Prabu Shindula lajeng amulang dhateng ingkang wayah sakathahipun ing kasektén sarta ngélmi panitisan punapa malih ngélmi amengku kadhaton supados kéringngan ing titiyang tuwin lelembat, sarêng sakathahing ngélmi sampun kadhadha sadaya, Prabu Shindula ngandika, ayo lumebu ing kadhaton, aja karêm ana ing patamanan awit akéh rênccanané, karo déné si Satama lan Satomi oléhé tapa wis lawas, welas aku andeleng. Sapanen tumuli, Prabu Banjaransari nyembah, lajeng andangu dhateng Kyai Satama, sira wong ing ngendi, lawas ngadhep ing panjenengan, Satama akaliyan Satomi kagét mirêng swara: boten aningali tiyang, pundirangan ngawur angsalipun nyembah, sarta sanget ajrihipun, wicantenipun: ya Déwa kang luwih, sinten pukulun angandika dhateng kawula, Prabu Banjaransari amangsuli pangandika, iya Ingsun Rathu kang sira ajap rina wengngi. Ingsun tarima bektinira. Lah metuwa, menyangnga ing [98] lawang kang jaba, anaha ing paséban kidul, Kyai Satama nyembah, lumampah dhateng bangsal alit akaliyan ingkang éstri, andheku sila wonten ing ngriku. Prabu Banjarasari akaliyan ingkang Éyang sampun dumugi ing kadhaton lajeng sami pinarakkan, ingkang wayah tansah dipun wulang. Pangandikanipun: bésuk tanggal sapisan sasi sura, taun alip wuku wathu gunung: kowé jumenengen Rathu. Yén anuju ing dina anggara kasih. Wuku galungan paranana bojomu, aja kuwatir ing kasekténé, awit kowe wis wignya lan sekti. Déné Rathu wadon iku, sing momong, iya aku, wis putu: kariya, Prabu Shindula lajeng musna.


Banjaransari tedhak saking kadhaton kadhérékkaken ing panakawanipun, jumeneng wonten ngajengngipun Kyai Satama kaliyan Nyai Satomi, nanging boten katingal namung gandanipun kémawon



mambet wangi melek, Sang Natha angandika, apa jenengmu, Kyai Satama kaliyan Nyai Satomi anjumbul medhun burangkangngan ajrih kalangkung. Panakawan sami gumujeng aningali, Kyai Satama dipun incup sarta dipun kiléni irungngipun kaget lajeng wahing, sebutipun: ya Bathara, keri temen irungku, panakawan sami gumejeng, Sang Natha angandika, bok maréni oléhmu sok sembrana iku, Sang Prabu nunten angracut warana, ingkang ngaling-ngalingngi sariranipun lajeng ka[99]tingal, cahyanipun padhang, anyumerémaken padhangnging rémbulan kaping gangsal welas, Satama kaliyan Satomi boten tahan ngawasaken, Sang Natha bagus taksih timur. Satama: Satomi: anjenger ningali, boten saged wicanten.

Wusana Kyai Satama kaliyan Nyai Satomi sami sujud ing sampéyanipun Sang Natha. Pangandikanipun Sang Prabu, apa kang padha dadi karêpira, lumebu ana ing guwa, anglabuhi oléh Ingsun mati raga, lan ing ngendi omahira, Satama: Satomi: munjuk: kawula sami badhé ngabdi ing panjenengan dalem awit boten gadhah Rathu, boten saged suwita ing tiyang alit, nagari kula sanget rêsahipun boten wonten lerés katingal, mila panjenengan dalem kawula aturi jumeneng Rathu, kuthané ora katon awit isih kineker ing Déwa. Kang jumeneng Rathu iku: widadari, prajurité wadon kabéh, padha sekti-sekti. Karatoné Prabu Wadon iku akarsa Ingsun rēbut ing prang. Mulané sira muliha: anglumpukna prajurit alas ing Galuh lurungan: banjur kepungen, déné Ingsun iya nuli teka, kadha[100]ton ing Galuh amesthi katon, Satama: Satomi: munjuk sandika, lajeng pamit medal saking guwa, anglangkungngi bingahipun awit sampun gadhah Rathu.


Kacariyos ing wana siluman tanah ing Galuh. Prabu Éstri Rêtna Supraba Wathi apaparab Déwa Lengkara, anglangkungngi ayunipun boten wonten ingkang winancénan, kados inten ing ngukir pinindha tiyang. Ingkang ngadhaton ing saganten kidul menggah ing warni: kasoran, pantes yén anedhakna Rathu. Prajuritipun éstri walungatus wadonanipun sakawan patihipun satunggal awasta Natha Déwi Genawati. Punika ingkang amaréta para putri sadaya. Wadon ingkang satunggil awasta Rêtna Déwi Sura Déwati, sakalangkung asekti: angeréhaken prajurit kalihastu éstri sadaya. Manawi perang: anyepeng



jemparing, nganggar sabet suduk sami numpak kapal deragem suku pancal, wadana kang kaping kalih: awasta Rêtna Déwati, angeréhaken prajurit kalihatus mawi oncan-oncan inten sadaya, manawi perang: anyepeng talempak anyothé cundrik, sami numpak kapal pethak sadaya. Wadana kang kaping tiga: awasta Rêtna Déwi Kanakawati, angeréhaken prajurit kalihatus manawi perang: anyepeng sanjata, sami nganggar sabet numpak kapal janjan jené. Wadana kang kaping sakawan awasta Rêtna Déwi Asmarawati, angeréhaken prajurit kalihatus manawi perang: sami nyepeng towok nyothék lé[101]wang, numpak kapal cemeng sadaya. Wondéning prajurit sadaya wau, yén boten wonten perang, panuju sami jagi wonten ing pajagénipun damelipun sami ngantih: nenen ungeling jontra sami rinujukaken kados ungeling gamelan.


Kacariyos Sang Prabu Éstri saweg dados karsa miyos saking pagelaran, para punggawa saha para prajurit sami dados boten wonten tiyang jaler satunggil sami éstri sadaya. Ing nalika punika nagari ing Galuh gemah raha raja. Wana-wana sami binubakkan kadamel pasabinan tuwin pategilan, kathah wana ingkang dados dhusun, ananging nagari boten katingal mila boten wonten mengsaah andhatengngi. Sang Prabu Éstri: sasampuning dados lajeng miyos, para punggawa tuwin prajurit pepak sami sowan, ingkang wonten ngarsa dalem para Patih Rêtna Déwi Genawati, sekti tanpa tandhing. Wadana sakawan sami lengkah andhér wonten ing wingkingngipun Patih, Punggawa: Mantri: tuwin prajurit lengkah andhér wonten ing wingkinngipun Wadana sakawan.

Sang Prabu Éstri angandika dhateng papatih, Ingsun mau bengi ngipi, ana swara kang karungu ing Ingsun, ujaring swara, awéh péling marang Ingsun yén ing mengko Ingsun bakalé oléh tandhing, kang duwé nagara Guwa, bakal teka arêp jumeneng natha ana ing Galuh. Déné sarisaningsun sabocah Ingsun Widadari kang Ingsun ratoni kabéh, iku bakal kamanusan, mungguh kang bakal jumeneng iku, jenengngé satriya Andani Swara. [102] Antara suwé ana sawijining wong teka ing ngarsaningsun rupané bagus wayah isih jajaka. Ingsun takoni: sauré rada nyalunthang, ananging prak ati, sembada tangkepé kumraket, marang ing Ingsun ora nganggo krama, wanguné menthélang, ana



ngarsaningsun basa adhi. Calathuné marang Ingsun dhéwékké Rathuné ing satanah Jawa, karatoningsun dén jaluk kutha ing Galuh iki bakal dienggoni. Ingsun kaya ora ngipi, kaya katon sawéntéhé. Barêng Ingsun wéhi basa saru, banjur lunga: ora nganggo pamitan, Ingsun tantang ora gelem bali, wangulané: bésuk bakal bali, banjur jumeneng natha.


Sang Raja Patih Rêtna Déwi Genawati munjuk kalih nyembah, kawula nuwun Gusthi, sampun adatipun tiyang tilem inggih nyupena. Wondéning supena dalem punika mongsa dora dasiha. Sinten ingkang purun ing sampéyan dalem, Sang Prabu angandika, yayi Déwi: aja mengkono. Kuwasaning Déwa sapa kang weruh. Rasaning atiningsun mungguh ujaring swara iku, yén temena: kapriyé dadiné, déné wong liya bakal dadi Rathu. Yén ora temena: kamokalan sabab Déwa kang paring wangsit marang Ingsun apa wakané Èyang Prabu, kang ngadhaton ing taman, saben-sabené Èyang Prabu iku, yén paring wangsit ora dora. Kang képi ing Ingsun cinetha jumeneng Rathu, angendhih karatoningsun, iku [103] yén temen ujaring swara, panedhaningsun ing Déwa, aja agé-agé madeg Rathu, yén Ingsun durung mati, Raja Patih Rêtna Déwi Genawati nyembah munjuk: Sinuwun sampun panjenengan dalem nyarirani perang, manawi déréng pejah abdi dalem pun Genawati. Kados-kados abdi dalem pun Genawati kanggé sawulan, para prajurit Wadana sakawan sami nyembah munjuk: kawula nuwun Gusthi, panuwunipun abdi dalem sampun panjenengan dalem raosaken supenan wau. Mindhak angririsak galih dalem, sanadyan sayektosa, abdi dalem sadaya mongsa ajriha perang. Sandyan tandhing sekti, abdi dalem sadaya boten ajrih, Sang Natha ngandika, iya bener aturira kabéh, ananging aja ana lénané, kang padha prayitna, padha baris pendhem, menawa temen ujaring swara kang mélingngi, sabab kuwasaning Déwa ora kena kamokalan, terkadhang ana wong balilu anguwisi gawé. Iku saka ing kuwasaning Déwa. Lan maningngé: Wadana papat sira padha Ingsun kongkon nelikka menyang ing taman, kang képi iku: manawa temen, yén katemu ana ing taman banjur padha uwisna, lan sira Ingsun kongkon padha sébahé marang Èyang Prabu, munjukka mungguh ipéningsun apa goroh: apa temen, ananging lakumu padha sangadiya adus ing taman dadi katon kaya karêpira



dhéwé, Wadana sakawan munjuk: punapa panjenengan dalem boten tindak piyambak sowan dhateng kangjeng Éyang dale[104]m Sang Natha alon ngandika, Ingsun ora tindak dhéwé, amung pangabekti-ningsun baé unjukna marang Éyang Prabu. Malah sira padha aja lawas-lawas sabab Ingsun rada kuwatir ujaring wangsit kang képi, Wadana sakawan munjuk sandika, samangsanipun sampun ing lampah, abdi dalem lajeng énggal mantuk, malah abdi dalem boten ambekta prajurit sami lalanjaran kémawon supados énggalipun ing lampah, Sang Natha angandika, yayi: aja ana sembrana, lan aja ana kumawawa. Becik padha anggawaha prajurit manawa katarênuh lan wong kang képi iku, Rêtna Déwi Sura Déwati gumujeng sarta atur sembah, abdi dalem tiyang sakawan kados-kados boten ajrih dhateng tiyang satunggil, tiyang satunggil dipun but sakawan mongsa sageda budi, Wadana sakawan sami nyembah pamitan ing Gusthi, lajeng sami mumbul ing awang-mhawang. Lampahipun kados thathit, angungkuli guwa, lajeng aniyup mangandhap lumebet ing guwa. Ananging nalika punika Kyai Satama sampun medal saking guwa. Wadana widadari sakawan wau boten katarênjuk.


Lampahipun Kyai Satama boten kacariyos laminipun wonten ing margi, dumugi ing dhusun Bojong. Sanak sadhérékkipun sami dipun kalempakkaken sadaya, sarta sadadamelipun dalasan pirantosipun tiyang babad kados ta: wadung: pathél kudhi: arit bendho: pécok: griji: [105] linggis sadaya sampun pepak, Kyai Satama lajeng mangkat kaliyan Nyai Satomi. Sanak sadhérékkipun ingkang kantun sami nusul, boten kacariyos yén laminipun wonten ing margi, sampun dumugi wana ing Galuh, lajeng kinepang kikis, saking kathahing tiyang: malah langkung tiyang, wana ing Galuh kebak, lajeng sami dandos-dandos pasanggrahan dipun rakit kados kadhaton, ananging anak putinipun Kyai Satama, sadaya sami boten sumerêp kajengipun Kyai Satama.

Kacariyos Prabu Banjaransari, sakalangkung prihatos ing galih, tapa saré wonten ing kathil panakawanipun sami wonten ing dagan sampun telasan anggénipun tapa, ananging déréng medal-medal.




Ingkang kacariyos Wadana Widadari sakawan sami ngadeg wonten pinggiring toya ing patamanan sadaya sami cucul kampuh tuwin kasemekkan sami katumpangaken ing séla gilang, namung kantung pinjung kémawon sarta sami kikirab rambut lajeng sami anyandhak patelesan, Rêtna Déwati nganggé patelesan caweni pethah, Rêtna Déwi Kanakawati nganggé patelesan ngangrangangan, Rêtna Déwi Asmarawati nganggé patelasan sarasah. Sampun sami ambyur ing toya, gentos kosok-kinosokan ciciblon kados gamelan sakalangkung sami kasukan sirat-siniratan, [106] Widadari sakawan nelas sukaning manah, boten mawi taha-taha, ciptaning manah mongsa wontena tiyang ingkang purun lumebet mriku. Mila boten wonten ingkang dipun songga rungéni. Sami katingal pupu tuwin susunipun malah sami panthingangan cemeng-cemengangan susu, tuwin panthingangan penthil, boten nyana yén ing taman sampun kalebetan pandung.

Kacariyos Prabu Banjaransari, ingkang saweg kasengsem wonten ing taman, sadhatengngipun Widadari sakawan wau, umpetan sangandhaping kajeng pandhan tiyang, kaliyan panakawanipun, sasolahipun Widadari sakawan wau tansah dipun injen, panakawanipun ngalungsar ing siti, tumut ngijen kalih anjengking. Ananging ingkang sami siram boten wonten uninga: yén dipun injen ing tiyang. Prabu Banjaransari dangu anggénipun ngawasaken, saréng ningali susu bunder kados cengkir gadhing, gumyur galihipun tuwin pupuning Widadari katingal gumebyar kados dipun praos, Prabu Banjaransari kaliyan panakawanipun tansah anjomblong, ciptaning galih kados rinangkula gapyuk awit kasmaran ing galih. Salami-lamibnipun Prabu Banjaransari déréng apalakrama, awit winejang ngélmi raos dhateng ingkang Éyang. Prabu Banjaransari ngandika ing galih, sajegku urip durung andeleng wong wadon ayuné kaya mangkono. Pandugaku iku Widadari. Mendah kang jumeneng Rathu. Atawa kang jeneng Patih Genawati. Boboté iku wong cilik baé kaya mangkono rupané. Yé[107]n aku wéyaha, ora étung lara: pati, ingkang siram sampun sami dumugi anggénipun kosokkan ananging taksih sami kungkum ing toya, patelesanipun caweni sami kraket ing pupu, kasemptyok ombaking toya: sami katingalan pandhukul-pandhukul kados tanpa telesan, tétéla anggénipun ningali Prabu Banjaransari, kadosa datan patatu. Galihipun




déréng paja-paja lilih, ingkang siram sampun sami mentas lajeng anyandak sinjang. Rêtna Sura Déwati nyampingngipun pathola wilis kasemekkanipun Jingga tinepi, akampuh sekar kakung. Rêtna Déwati nyampingngipun pathola wungu, kasemekkanipun udaraga, akampuh gadhung malathi. Rêtna Déwi Kanakawati nyampingingipun pathola pethah kasemekkanipun gadhung pradatan akampuh podhang sapsari. Rêtna Déwi Asmarawati nyampingngipun pathola jené, kasemekkanipun sidhanggan dadol sinantenan akampuh bangun tulak. Sadaya sami agagonda, boréh rambut acundhuk serati nrétés ing séla. Lajeng sami methikka sekar, amilihi sekar taluki, tuwin sekar naga santun cinundhukkaken, sadangunipun methikki sekar wau, sami angrarêpi lantrah-lantrah, nyampingipun sami sinéréd rēngeng-rēngeng éca sami mithikki sekar, boten nyana yén wonten tiyang. Prabu Banjaransari sang saya boten daruna. Déwi Sura Déwati dipun indhikki saking wing[108]king, cinandhak kampuhipun sarta dipun getak: iki kang padha ngrusak kembang, Rêtna Sura Déwati kagét sarta anosotaken anderwili, kowé iku wong ngendi, wong lanang wani lumebu ing taman, apa kowé bingung, atawa kalap, tenagamu kaya wong baring, ora nganggo tata krama. Apa ora weruh: yén aku iki Bupati. Oléhmu ngagéti-géti, anggetak nganti tarataban, tinebasa sakethi: kagété atiku durung lipur. Apa wong kabalik sidi samber ing tok iyik, sidi ranjam ing ganten ing wong papat, muga disaraba ing anggang-anggang, sidi tuwek ing kuku jenthik dikethok ing asta, di bugis ing embuh-embuh: sungkan ngarani, dirampoga ing wong pados kang ayu-ayu, dikirima kembang: boréh, nganggo sawiyah-wiyah: angkuhé ora kajamak, aku digawé dolanan, rumengkuh kaya kaya marang bojoné. Apa kowé iku bingung, déné lumebu ing taman, apa ora ngrungu: yén ing kono padusaning Widadari, kagungané Prabu Éstri, Sri Nara Natha ing Galuh. Kowé iku wong ing ngendi. Tujuné ora panuju Sang Prabu Éstri kang siram, yén maréngangan: amesthi kowé mati. Luwih begja kapranggul ing aku dhéwé. Dadi mung dak patrapi kalebu ing larangan amesthi dak dhédhéli, Prabu Banjaransari mésem angandika, iki basakna, déné amalik su[109]mpah, wong anglarangngi nganggo arêp dén larangngi. Sajroning taman iki aku kang rumeksa, awit saka ing paréntahé Èyang Prabu, dadi yén mangkono: kapranggul padha wong anglarangngi, iya wis padha baul baé, panakawanipun sumambung,



inggih: punika lerês kilurah, Rêtna Sura Déwati sumaur bengngis: bangkrah: iku paduné wong ala. Paduné wong wis kabutuh. Saking isinmu. Nanging aku ora wurung dak dhédhéli. Mulih asruwalan baé, Sang Prabu Banjaransari amangsuli pangandika ngrarépa, yén sampun dados lelerêsanipun inggih sumongga karsaning Gusthi, ananging kénging: boten kéngingnga, kula nyuwun pangapunten, kalih déné yén awak kula sampéyan dhédhéli: katanggelan, pinten reginipun dandosan kula. Aluwung awak kula sampéyan abdékaken kadamel panakawan lowung. Priyantun sakawan sampun énggal duka, mugi welasa dhateng tiyang kawlas asih. Kalih déné kula matur pitakén: priyantun sakawan punika sinten sinambat ing wawangi, Widadari sakawan sarêng anyauri, aja kakéhan caréwét sangsaya manas ati: nganggo rintih-rintih adol lucu, énggal panganggomu nuli ulungna, minongka pangluputing patimu, sabab yén ngantiya mati: éman déné isih enom rupamu abagus, lan angakuwa ing ngendi pinangkamu, déné wani-wani lumebu ing taman, la[110]n sapa jenengmu, déné pangrengkuhmu kumaraket kaya sanak, aku dudu lonthé, nganggo korérépa, amrih aku welasa marang kowé, supaya luputa bilaimu, Prabu Banjaransari tansah angrerépa, bok sampun sampéyan lajeng-lajengaken duka sampéyan, yén andangu griya kula, inggih ing taman ngriki, sabab taman punika ing samangké dados rérêksan kula, Widadari sakawan sami amangsuli, wong: iki basakna, déné akéh léléwané, ditakoni sauré mamanas ati, sumlonong: ora wruh ing isin nanging anggepé samanak, apa tegesé wong iki. Énggal ngakuwa, sajenengmu, Prabu Banjaransari ngandika, wasta kula pun Arum Parang Tuwang Sumbaga Panji Ngrarangin Jebat Kasturi Kumkuma Kang Mas Banjuransari. Punika wasta kula, Widadari sakawan malérok gumujeng atutup lathi, iku arané wong apa, déné ngombra-ombra dawané rong landhépan, yén jenengmu nganggo kang mas mangkono, aku suthik ngarani, sabab samongsa aku padha ngundang kang mas ora wurung bakaling agegekki basa, aku banjur padha padha diaku bojo. Mangkono iku akalé si Jenat marang Kramat, panakawanipun kakalih anyambungi, bok inggih dipun turuti: ngangkah punapa, tiyang: sami mirsa, Sang Rêtna bengis angandika, tekan panakawané melu édan, Widadari sakawan wicanten ing manah, baya iya iki kang kasupena déning [111] Sang Prabu. Déné dora dasih temen, dhasar nyata bagus wong iki, pasang patuté aprabu kaduk




semu, émané wong iki dadi mungsuh dalem, Widadari sakawan sami kenyut ing manah, nanging sinasaban ing nepsu, badhé angayoni. Widadari sakawan lajeng sami wicanten: énggal lungaha saka ing taman kerismu lan dodotmu tinggalen, Prabu Banjaransari tansah matur, mugi dipun apuntena. Dhwung satunggil dodot satunggil dipun pundhut, ingkang kula damel salin boten wonten, Rêtna Déwi amangsuli, aja kakéhan padu, muliha kathokkan baé. Angur endi kowé mati. Saka ing maklumku, kowé mung dak thetheli baé. Énggala ulungna: mupung aku durung nepsu, Prabu Banjaransari amangsuli: kalayan basa ngoko, iya: apa sakarêpmu, kerisku sumeja dak tutaké. Yén kenaha: aku banjur ngawula, nanging kerisku aku kalilana anggaduhu baé, lara: pati: sumeja dak labuhi. Oléhku tinggal kamukten ana sajroning guwa wis lawas mongka ing samengko bakal anemu pati. Iya: mongsa bodhoha, Widadari sakawan sami ngunus pedhang sarwi wicanten: diprayitna: kowé ora wurung bakal mati, Sang Prabu lajeng kinarubut sakawan pinedhangangan saking kiwa: saking tengen tuwin saking wingking. Prabu Banjaransari mesem ngandika: tansah angarih-arih, kapriyé: yayi: déné padha nepsu. Éman temen ayumu. Angur tuwekke[112]n ing kincinging alis padha luruban dadotmu wong papat kunjaranen ing paturon belokken ing kasur guling, pada bandanen ing kembenmu, bedhilen ing gantén wangi, padha kramasana eluh, ora-orané sumeja dak unduri, Widadari sakawan saya sanget nepsunipun, pedhang risak sadaya. Lajeng sami ngunus suduk katamakaken dhateng Prabu Banjaransari, nanging wulunipun salembar boten rëntah. Sang Natha alon ngandika, mundhak padha sayah. Pedhangmu wis putung kabéh. Éman-éman nétramu liyep alindri, Widadari sakawan amangsuli bengngis: mara: malesa, apa kang ana ing kowé tamakna, dak tadhahi atepung padha prawira, ngadu kasektén lan kateguhan, Prabu Banjaransari angandika, aku ora gelem males sabab wedi marang Prabu Éstri. Ing saiki aku suthik angladéni, Widadari sakawan sami kaken manahipun déné amengsah tiyang sembrana. Lajeng sami nangis sarwi wicanten: iya: dak aturaké marang Èyang Prabu. Ora wurung kowé nemu duduka, lajeng sami mumbul dhateng awang-ngawang. Prabu Banjaransari anyarêngngi, nanging boten katingal.




Widadari sakawan dumugi ngarsanipun ikang Èyang: sami anangis, Prabu Shindula angandika, sira padha teka ing ngendi: Nini, déné padha anangis, Widadari sakawan mu[113]njuk anyembah, sadaya sami ngujung ing dalamakkan: kula nuwun manawi andangu ingkang dados tangis kula: Èyang, kula sami adus ing taman, salebetipun ing taman wonten tiyang jaler aném abagus, panakawanipun kalih, kula kén medal saking taman boten purun, wusana dados kerêngan, nanging tiyangngipun sembrana kados tiyang édan, kula pedhangngi tiyang sakawan malah angungudang, Sang Prabu gumujeng angandika, aja sira wani-wani. Wruhanira, Nini, iku bakal Rathu, kang mengku ing nagara Galuh. Sokur bagé sira padha katemu ing Ingsun dhéwé. Ing saiki énggal padha muliha sabab ing dina iki nagara ing Galuh wus kinepung. Déné kang ngepung: iya wong kang perang lan sira ana ing taman iku, Widadari sakawan munjuk anyembah, manawi makaten Èyang, kula nyuwun pangésttu dalem badhé lajeng mantuk, iya: Nini, wus padha muliha, nanging dén padha ngatiyati, sasampuning nyembah malih, lajeng sami mumbul ing awang-ngawang.

Kacariyos Prabu Banjaransari, saunduripun saking taman, lajeng tindhak dhateng pabarisan, nanging tiyang ingkang sami baris sakalangkung susah manahipun sabab ingkang kinepang: boten katingal dados namung katingal wana kémawon, sakathahing titiyang sami susah, kaparaga ing sasakit, saréhning mengsa lelembat dados sami boten uningnga, wonten tiyang ingkang dipun tekakki, lajeng sami macicil, wonten ingkang siniratan ing toya, dados sami saki[114]t rumab, wonten ingkang dipun dulekki silitipun dados sakit ising-ngisingen, kathah yén kacariyosna warnining sasakit, Kyai Satama kalangkung susah ing manah, lelembat dipun tulakki kalayan tumbal sakedhana gering ragi mendha. Lami-lami inggih sanget malih. Saking sami kakening manah tiyang ingkang sami nyulunthang, sakathahing griya dhemit sami dipun besméri. Saréhning griya dhemit wau boten katingal dados pambesminipun kaawur kémawon, awit saking serêngnging manahipun sakathahing grumbul ingkang ragi kiwa rêgenanipun tuwin gampéng: sami kaawud dipun bibrahi. Tarkadhang kalerêsan patilemanipun dhemit alit-alit tarkadhang anglesrêsi pasowanin dhedhemit sami dipun isingngi. Dhemitipun sinogok ing



merang, lajeng sami andalinding ngising rah umbel, tuwin ingkang sami tinedha ing sambang: sakala lajeng pejah. Wonten ingkang sakit rumab inggih lajeng pejah.

Gentos kacariyos Sang Prabu Éstri saweg sinowan, Raja Patih Rêtna Déwi Genawati wonten ing ngarsa dalem, boten antawis dangu Wadana sakawan dhateng, sowan ing ngarsa dalem angunjukkaken sasolahipun kautus tuwin welingipun ingkang Éyang konjuk sadaya. Prabu Éstri angandika, kapriyé: Patih: rêmbugira, prakara mungsuh kang padha ngepung kutha, Raja Patih Genawati munjuk: kawula nuwun Gusthi, prakawis mengsa kang ngepang kitha, abdi dale[115]m boten kuwatos awit mengsa tiyang, mongsa uninga ing bongsa siluman, ingkang kula kuwatosi: namung pawartosipun yayi Déwi, tiyang ingkang wonten ing taman anganggéni kathil pasaréyan dalem, gumunipun abdi dalem, séwu boten nyana, saketi andupara. Lerésipun sinten ingkang purun, Wadana sakawan sumambung, kawula inggih semanten ugi, sami boten gadhah panyana. Mila anggén kawula sami adus katingalan susu tuwin pupu kawula. Patelesan boten mawi kawula manah, sabab boten wonten ingkang kawula wékani. Wusana badhugul wonten tiyang jaler, dados dhapur sami kawirangan, sakathahing putri sami gumujeng sadaya, Wadana sakawan munjuk malih, malah pandugi kawula anggénipun nginjen sampun dangu, méndah anggénipun ngawasaken susu, tuwin welakang, kados ngantos tamat sadaya, sabab anggénipun nginjen saémper sadangunipun kawula sami adus, sarêng kawula sampun sami mentas tuwin sampun sami dandos konca sakawan sami mendhet sekar. Abdi dalem boten uningnga, dipun indhik-indhikki saking wingking. Dadot kawula kacandhak sarta abdi dalem kagetak, konca sakawan kaget anjumbul manah tarataban karinget sami réwéyan, panasipun manah kawula, sarêng konca sakawan sami nolih: awit saking kagét wau, abdi dalem konca sakawan ajeng dipun kukudang, Sang Prabu Éstri tuwin para prajurit ing[116]kang sowan sami gumujeng sadaya. Sang Natha andangu dhateng Wadana pangajeng Rêtna Sura Déwati, iku opa ora sira takoni, pinangkané wong saka ing ngendi, Rêtna Sura Déwati munjuk anyembah, kawula nuwun, panduginipun abdi dalem punika tiyang ingkang dados supena dalem, pangakenipun, wayahipun Éyang dalem Kangjeng Panembahan,




kagungan dalem taman santun kahaken gadhahanipun, wondéning namanipun abdi dalem kasupén sabab sakalangkung déning apanjang, Natha Déwi ngandika, mara: éling-élingen sapa jenengngé kang tartantu, kawula nuwun, énget-énegetanipun abdi dalem wiwitanipun mawi Sumbaga Panji Angrarangin Jebat Kasturi Ngambar Kumkuma Kakang Mas Banjaransari, Natha Déwi gumujeng atutup lathi. Raja Patih Rêtna Déwi Ganawati sakalangkung suka. Parékkan sadaya tumut gumujeng suka. Konjuk sadaya saaturipun Rêtna Sura Déwati, wiwitan dumugi wekasan, Natha Déwi karaos ing galih, saéstu yén boten dora supenanipun, lajeng adhawuh dhateng Raja Patih Rêtna Déwi Genawati, yén mangkono: yayi Déwi, anabuha tengeraning perang. Sira dhingina: anindhihana sakéhing bocah Ingsun wadana: tuwin prajurit anglawana sakéhing mungsuh kang padha ngepung nagaraningsun ing Galuh. Yén bisa: sira sirkakna: aja ana kari. Nanging wekasingsun sira diprayitna, Raja Patih Rêtna Déwi Genawati nyembah munjuk sandika, mundur saking ngarsa dalem lajeng [117] medal kaliyan wadana: tuwin prajurit, dumugi ing jawi sami angrakit kapraboning perang. Sadaya sampun amirantos.

Raja Patih Rêtna Déwi Genawati lajeng dhawah anabuh tengeraning perang. Bendhé: béri: tuwin gentha: sami kaungelaken, titiyang ing Galuh sampun lami anggénipun sami ngatos-satos, sarêng mirêng ungelung tengara, lajeng sami medal ambarubul kados semut medal saking eléng angambah ing séla. Ngalun-alun ing Galuh kebek swarnining lelembat, dhemit Jin Peri: Parayangan pepak sadamelipun, Raja Angin-angin tuwin Linglung Raja Thunggul Wulung sami dhateng sabalanipun, ingkang wonten ing dharatan tuwin saganten satanah Jawi: sadaya sampun pepak wonten ing alun-alun Galuh, jejal titip, ingkang wonten ing awang-ngawang tuwin ing dharatan swaranipun gumuruh. Raja Patih Genawati anganggé prajuritan, makuthanipun emas tinarétes, ngajeng: wingking: mawi garudha, jamang sungsun tiga, sami tinarétes ing inten, nganggé sumping saha kalung sungsun pitu, nganggé gelang sarta kelat bau tuwin pending. Sadaya wau sami tinarétes ing inten, calana rangkep tiga, sarwi anggéndhong-éndhongnging jemparing. Tiningalan kembar kaliyan Sang Natha ing Galuh. Wadana sakawan inggih sami nganggé prajuritan kados ingkang



sampun kasebut ing ngajeng wau, mila boten susah kase[118]butaken amurih énggaling cariyos, para prajurit inggih sampun sami mirantos sadadamelipun piyambak-piyambak, lajeng nabuh tengara: bidhal, orêg Jin ingkang wonten ing dharatan tuwin ing awang-ngawang, gumuruh amor swaraning angin prahara, sarta lésus, rēdi sami mungel gumludhuk jawah awu sarta karikil, tedhuh dhedhet srengéngé boten katingal.


Ingkang sami ngepang: sarêng, mirêng swara ing gegeterri. Sadaya anggraita, dados kapraboning perang. Kyai Satama anabuh tengeraning perang. Orêg tiyang sapabarisan nanging boten wonten uninga ing mengsaipun namung mireng swara kémawon, lajeng sami ngawur perang garubuh. Ngandhap nginggil sami dipun sanjatani, kajeng ageng: tuwin séla ageng, péréng grumbul sami dipun gepyokki utawi dipun waosi. Ingkang uninga ing lelembat namung Kyai Satama. Mengsa: konca: sampun tangled ramé swaranipun gumuruh, amor kaliyan swaraning angin prahara. Bumi kados ginonjing. Jawah kariki sarta séla: boten pegat, yén katingal mengsaipun amesthi sakalangkung saking ramé: tiningalan pratingkahing perang. Boten kendhat anggénipun nyanjatani, nanging awur-rawuran kémawon, namung Kyai Satama: ingkang anindhiji baris uninga ing lelembat, mila Jin Peri: Parayangan punapa déné parayangan dhedhemit sami ajrih dhateng Kyai Satama. Mengsa ingkang wonten ing dharat kathah kabujeng déning Kyai Sa[119]tama. Mengsa ingkang wonten ing nginggil sami andhawahi séla kados gerimis nanging boten wonten ingkang ajrih, sabab sampun sami naté dipun entebi ing séla, sarta sampun sami winulang aji pangampang – ngampangngan dhateng Kyai Satama. Namung séla lan karikil alit-talit yén angéngngingi: karaos sakit, tiyang ing Bojong sami bingung kadhwahan karikil saking derêspun, Dhemit Peri: Parayangan ambubujeng tiyang ing Bojong, sami lumajeng, ngungsi: dhateng Kyai Satama. Kyai Satama ngamuk, ingkang sami ambubujeng: wangsul ajrih. Kyai Satama tumenga. Ingkang wonten ing nginggil sami ajrih. Punika pratandhanipun tiyang linuwih. Lajeng kasapih ing dalu, perang kéndel, Jin Peri: Parayangan ing dharatan tuwin ing awang-ngawang dalu sami suka-suka agamelan sabab mentas perang.



Tiyang ing dalu sami dhedhep, Kyai Satama kaliyan ingkang éstri sami pitekur. Ingkang kacipta: amung Gusthinipun déné boten wonten rawuh. Kyai Satama wicanten salebeting manah, kuwat pira awakku wong siji, lan aku dudu turuning Rathu. Dadi ya mati: urip yén ditindhihi ing Gusthiku. Mungsuh iki lagi Jin rucah baé: samané boboté. Prajurité kang sekti-sekti durung metu, kéhé wolungatus, yén iku metuwa: sapa réwangku nadhahi.


Sampun rahinten, Jin sami anabuh tengara. Tiyang animbangngi nabuh tengara. Sampun sami ajeng-ajengan Jin kaliyan ti[120]yang. Nanging tiyang manahipun sami ajrih. Taksih sami kanji, kalanipun kabujeng ing mengsa, boten katingal sami angrutuggi karikil mila sakathah ing tiyang sami kawus sadaya. Namung anak putunipun Kyai Satama: ingkang sami uninga dhateng Jin Peri: Parayangan.

Salaminipun bala tiyang sami perang, Prabu Banjaransari aningali saking katebihan, ananging sakathahing tiyang sami boten wonten uninga dhateng Prabu Banjaransari. Ing ngriku lajeng angatingal jumeneng wonten ngajengngipun Kyai Satama. Sarêng Kyai Satama tuwin Nyai Satomi sumerêp lajeng sami nyungkemi sampéyan, kalih-kalihipun sami anangis: Gusthi, kawula ngunjukkaken tiwas, abdi dalem risak sadaya, Prabu Banjaransari angandika, Ingsun wis uninga, yén bocah Ingsun akéh rusak, ing saiki Ingsun paringi sarat arupa banyu. Iku padha sipatna marang sakéhing kawulaningsun kabéh, supaya padha weruha marang mungsuh, isarat sampun tinampén dhateng Kyai Satama. Sawarninipun tiyang sami dipun sipati sadaya, lajeng sami uninga dhateng mengsaipun, jin Peri: Parayangan sadaya sami katingal déning bala tiyang. Sadaya sakalangkung suka. Kyai Satama lajeng nabuh tengara. Gumuruh swaraning tiyang, sami bingah-bingah, boten wonten angraos ajrih, alok-alok manahipun sami pulih, malah sangsaya wewah kapurunani[121]pun, gumrubbyuk sarêng ngangseg, sampun tangled Jin kaliyan tiyang, kados saganten perang, gumulung uleng-ngulengngan suduk-sinuduk perang-pinerang. Yén kégingnga ing pejah, lelembat kathah ingkang pejah. Saréhning lepat ing pejah, dados namung sami kataton, sadaya lumajeng giris, Jin ingkang wonten




ing dharatan sampun sami giris, namung Jin ingkang wonten ing awang-ngawang: sami nepsu. Sangsaya kathah ingkang dhateng, swaranipun anggegeteri. Ing awang-ngawang kebek déning bala Jin boten kados mendhung. Lésus ngidid awor pedhut, peteng sanalika kados tengah dalu. Mengsah kaliyan réncang piyambak kathah ingkang kalintu, awit saking petengngipun, sami gagap ginagap, jawah sangsaya derês awor jemparing séla. Rathuning Jin sami ngabani bala, angrutug séla saking nginggil, bingung bala tiyang, pating sulayah, kathah susah dhawahan séla.

Prabu Banjaransari sakalangkung ngerês ing galih, aningali bala kathah risak, lajeng sidhakep asuku tunggal anutupi babahan nawa sanga, mandeng tuntungnging grana, sarta amatak aji Panjenengngan tuwin pangédhepanipun sakathahing dhedhemit Jin Peri: Parayangan tuwin sakathahing sato kéwan, boten antawis dangu katarimah ing Déwa. Prabu Banjaransari lajeng tumenga ing nginggil kupingngipun kados pinetik, sadaya sami dhawah ing siti. Wonte[122]n ingkang anggebyur saganten, wondéning ingkang wonten ing dharat sami lumajeng niba tangi, ngungsi ing guwa. Wonten ingkang ngungsi sapucakking rēdi. Pangraosipun kados dipun sanjatani, tuwin dipun pedhangngi. Wonten ingkang lémpoh. Sirna lelembat ingkang sami wonten ing awang-ngawang, srengéngé katingal mantu peteng, sampun padhang kados ing wau. Para Rathuning Jin sami boten kikilapan yén wonten panjengngan Rathu enggal sarta sami ningali cahya wonten jajanipun Prabu Banjaransari mancur amadhangngi jagad, para Rathuning Jin sami boten wonten kikilapan yén ingkang katingal Gusthinipun lami. Para Rathuning Jin Peri: Parayangan sami lumajeng dhateng ngarsanipun Prabu Banjaransari, sarta angabekti, anyungkemi sampéyanipun, sami boten wonten kuwawi ningali cahya. Para Rathuning Jin baleréngngen sadaya, Prabu Banjaransari angandika, kabéh Rathuning Jin Peri: Parayangan apa déné Rathuné dhedhemit, apa sira ora samar marang Ingsun yén Ingsun iki Rathuning Rathu Jawa, wahyuné panjenengngané Èyang-Èyang kang dhingin-dhingin wus ana ing Ingsun, sarta Ingsun wus awéh pratondha marang ing sira kabéh, para Rathuning Jin Peri: Parayangan sadaya sami munjur: kawula nuwun Gusthi, abdi dalem saéstu boten samar. Panjenengngan




dalem Gusthi kawula lami, ingkang andarbéni rat Jawi sadaya. Satedhak-tedhak dalem sami amengku tanah Jawi, ngantos dumugi ing Mathawis ing [123] salajengngipun, abdi dalem sami angabdi ing sangandhaping sampéyan dalem, ing mongsa punika abdi dalem sadaya: pejah gesangnga: inggih manut ing sakarsa dalem, ing nalika punika sakathahing tiyang sami uninga dhateng Jin Peri: tuwin Parayangan punapa déné nagari ing Galuh sampun katingal déning sakathahing titiyang, awit sampun mantun kineker ing Déwa. Kithanipun sakalangkung wiyar aradin sarta katingal pinten-pinten ingkang sami pacak baris, tiyang ingkang sami pejah wonten ing paprangan punika saéstu yén boten pejah, sami ngalih dhateng ing Galuh, utawi tiyang sakiwa tengenipun ingkang sami pejah kalap binekta saraganipun sami wonten ing kitha Galuh. Mila sakalangkung gemahipun, déné ingkang anyéna pathéni baris Raja Patih Genawati. Ingkang dados pangajengnging baris Rêtna Sura Déwati, kaliyan Rêtna Déwati. Panjawat ingkang tengen Rêtna Déwi Kanakawati. Panjawat ingkang kiwa: Rêtna Déwi Asmarawati. Ingkang dados dhadha: Raja Patih Genawati.

Prabu Banjaransari saweg miyos, bala tiyang: utawi Jin Peri: Parayangan tuwin dhedhemit sami sowan, upacara karaton tuwin makutha: agem sarta kaprabon paparingngipun ingkang Èyang: sami kawedalaken sadaya. Ing nalika punika karsa amangun jumenengngan natha, sarta anggenah-genahaken ingkang para abdi. Kathah ingkang sami jinunjung saking ngandhap sinengkakaken ing ngaluhur. Wondéning ingkang dados Papa[124]tih: inggih lastantun Kyai Satama. Anakkipun jinunjung dados Adipati, wasta Raja Patih Bojong Lowong. Adhinipun inggih jinunjung dados Adipati, wasta Dipati Mesir. Dénten ingkang sami wonten ing ngarsa dalem Adipati ing Pajajaran Tumenggung ing Sancang: Tumenggung ing Cipalih, nama Tumenggung Dwija Wara, Adipati ing Tharaju: Ronggo ing Timbang Nganten Adipati ing nagara: Rongga ing Rémaka, nama Rongga Kadung, Arya ing Parakantiga: Tumenggung ing Kandhang Wesi: Adipati ing Pawenang: Rongga ing Taman Ngabéi ing Pangkalan Adipati ing Laga: Adipati ing Cirébon Ngabéi ing Maja: Tumenggung ing Gunung Lincis nama Tumenggung Jigjawara, jujuluk Jaya Sudira,



Pangéran ing Sumedhang: Kandhuruwan ing Medhanglarang: Adipati ing Bogor: Adipati ing Limbangan Arya ing Batu Layang: Tumenggung ing Batu Wangi: Adipati ing Pakuwan Adipati ing Pugeran Arya ing Suci: Tumenggung ing Séda Padang: Adipati ing Madya Sukasma: Rongga ing Sumampir: Demang ing Methu: Rongga ing Kélu: Ngabéi ing Jeksa Gantungan Adipati ing Kancana: Tumenggung ing Ngrenurat Sénapati ing Karang, nama Adipati Mudhik Bathara, Arya ing Kurumaka: Adipati ing Ngukur: Kandhuruwan ing Wanasya: Adipati ing Sokawiyana: Rongga ing Piyambang: Arya ing Cipaku: Adipati ing Raja Polah: Pangéran Adipati ing Mamenang: Adipati ing Mendhala: Adipati ing Kuningan Demang ing Pasir: Ngabéi ing Saong Gantungan Kandhuruwan ing Babakkan Ronggo ing Wanajalu: Ngabéi ing Aji Barang: Rongga ing [125] Kawaton Ngabéi ing Babagan Adipati ing Midhang Larang: Radén Rongga ing Lopasir: Tumenggung Panyaran Pangéran ing Sumedhang Kilangan Adipati ing Ciyanjur: Adipati ing Sokapura: Sang Raja Mantri ing Thingkas Adipati ing Rawang: Tumenggung ing Parakan Muncang: Demang ing Cigalih: Sang Jigjawara ing Cigao: Demang ing Thegal Kapasan Demang ing Presi: Tumenggung ing Thegal Koripan Pangéran ing Jakartha: Pangéran ing Banthen Adipati ing Ciyanjur: Rongga ing Pamulur: Adipati ing Banyumas nama Banyak Widhé, Arya ing Pasir: Ngabéi ing Mardén nama Arya Banyak Patra, Tumenggung ing Ngayah: Ngabéi ing Dhaya Luwur: Adipati ing Pring Tulis Adipati ing Pring Tutul nama Banyak Bakung, Ondha Moi ing Salina, sampun pepak sadaya, sarta sakathahing Bupati wétan kilén tuwin tengahan, punapa déné pasisir lér: pasisir kidul boten wonten ing kantun, jejel titip pepak ing pagelaran, saréhning wonten panjenengan amangun karatonipun, sakathahing Tumenggung: Bupati: Ngabéi: Rongga: ingkang sami mengku nagari, punapa déné ingkang nama Dipati, sadaya wau sami kapinta-pinta, sarta kaparingan wadana piyambak-piyambak ingkang angeréhaken, panjang yén kacariyos.

Prabu ing Galuh Natha Déwi Suprabawathi sakalangkung prihatos awit kasoran prangngipun. Bala Jin Peri: Para[126]yangan Dhedhemit sampun sami nungkul dhateng Prabu Banjaransari. Karsanipun Sang Natha Déwi: badhe anyarirani perang. Para prajurité éstri sampun sami



dandos sakapraboning perang. Ingkang wonten ing ngarsa dalem Raja Patih Genawati. Wadana sakawan lengkah wingkingnging patih. Natha Déwi angandika dhateng Raja Patih, yayi Prabu: kapriyé musuh iki, déné angrebda: sangsaya ngombra-ombra. Prabu Banjaransari misiwur: yén digdaya sekti mondraguna. Rathuning Jin Peri: Parayangan Dhedhemit wus padha nungkul asuwita, sarta wus padha anganggep marang karatoné. Kang dadi pangunguningsun iku yayi, déné ana ipén terus lan riwayat, sabab riwayaté Kangjeng Éyang, nagara ing Galuh iki Ingsun mung derma tunggu baé, sing duwé méh teka. Kang kalebu ing riwayat iku: yayi, manawa mungsuh kang teka iki. Amung kang dadi panasing atiningsun déné ora ana tembungngé marang Ingsun, beneré: yén dhasar nyata dhéwékké kang anduwéni tanah Jawa, apamanéh bakal ngenggoni nagara ing Galuh, duwéya pitepung marang Ingsun kang karana becik, kang iku: yayi: pikirén mungguh lalakon iki, apa Ingsun becik nungkul anuhoni riwayat apa mapag perang, Raja Patih Genawati matur anyembah, kawula nuwun, manawi ingkang kapanggih ing pamanahipun abdi dalem prayogi methuk perang, dados sanungkul manawi sampun kasor saking perang. Sokur manawi panjenengngan dalem saged unggul, samangsanipun déréng methuk pe[127]rang: lajeng nungkul misuwuripun ing nagari sanés sanget nistha, sabab kasektén tuwin kaprawiran dalem saabdi dalem sampun misuwur ing jagad Jawi sadaya. Ing mangké kadhatengan ing mengsa: déréng bocok sarta déréng ngabruk lajeng teluk kados punapa ucapipun ing sanés, Natha Déwi angandika, iya bener aturira. Ingsun iya uga kaya karêpira mengkono. Yayi Déwi papat iku: kapriyé mungguh pikirira. Apa sira padha angrujukki pikiré bok ayunira iku, Wadana sakawan sarêng munjuk anyembah, kawula nuwun, abdi dalem inggih sami anyuwawéni sadaya, Natha Déwi angandika, Ingsun angidéni. Muga padha tinetepna ing kaantepanira anglabuhi nagara. Nanging padha di ngati-yati, Raja Patih nyembah munjuk: inggih, mugi-mugi abdi dalem sami angsala pangéstu dalem, Raja Patih Genawati sakancanipun Wadana sakawan sami mundur saking ngarsa dalem lajeng medal amatah-matah bala, sarta sampun sami nganggé prajuritan lajeng bidhal, sarêng dumugi sajawining kitha, mengsa ingkang sami ngepang kitha: ubek sami anyandhak dadamel lajeng nabuh tengara mapag perang. Untabing bala akethén, sampun ajeng-ajengngan kaliyan mengsa, lajeng perang




garubuh. Mengsa tuwin réncang boten wonten ngraos ajrih, sami angatingalaken kapurunanipun mila sakalangkung déning ramé. Pra[128]jurité éstri ing Galuh, tuwin Raja Patih Genawati, sarta Wadana sakawan sami angantep ing prang, angatingalaken kaprawiranipun, tiyang kathah karisakkan, Mantri: Bupati: sami susah, tuwin Kyai Patih sanget prihatosing manah, aningali bala alit sami karisakkan, kasaput ing dalu, lajeng sami mundur amasanggrahan, bala tiyang dhedhep sami prihatos, Kyai Patih ing ngandikan lumebet ing pasanggrahan dalem sarta para Bupati: Tuwin Mantri: sadaya sami sowan ing ngarsa dalem, Kyai Patih lenggah ing ngarsa tumungkul, Prabu Banjaransari angandika, kapriyé: bala: anggonira padha amapag perang. Apa pawartané ing paprangan ing sadina mau, Kyai Patih nyembah munjuk: kawula nuwun Gusthi, abdi dalem ngunjukkaken tiwas awit ing sadinten wau abdi dalem kathah ingkang tiwas sabab prajurit ing Galuh sadaya sami sekti-sekti. Ingkang nindhihi: Raja Déwi Genawati. Abdi dalem sadinten dipun amukki, boten wonten saged kawal, Sang Prabu angandika asemu gujeng, déné prajurit mung wolungatus bisa ngrusak wong pirang-pirang kethi. Yén mengkono: Bapa, sésuk Ingsun bakal miyos ngawakki perang, sabab iku dudu mungsuhira. Ingsun dhéwé kang mapag perang.

Kacariyos Natha Déwi ingkang mentas menang perang, ing dalu akasukan kaliyan Raja Patih Genawati, tuwin kaliyan Raja Wadana, sarta para prajurit ingkang samimentas saking paprangan, [129] sadaya pepak wonten ing ngarsa dalem, bale sawo mungel angrangin boten mawi tinabuh mungel piyambak, kados mungel ing awang-ngawang, prasasat gamelan ing kaéndran, Natha Déwi angandika, kapriyé: yayi Déwi: mungguh boboting perang, apa abot apa lumrah baé. Déné kapati-pati temen oléhé arêp mengku tanah Jawa, Rêtna Sura Déwati munjuk sarwi anyembah, kawula nuwun, ingkang nama bala alit inggih saéstu sami kendel teguh rosa sekti. Ananging abdi dalem taksih déréng wonten ulap, duka dalem ingkang nama Prabu Banjaransari, manawi angungkuli tiyang kathah, Natha Déwi angandika, Ingsun ing bésuké asuk bakal miyos ngawakki ngantep perang. Ingsun papaggé padha siji kang jeneng Prabu Banjaransari. Kaya apa rupané: déné ora kajamak-jamak temen, Natha Déwi kondur angadhaton lajeng dhateng



sanggar langgatan karsa amuja semedi. Raja Patih Genawati andhérék dhateng sanggar langatan, para Wadana tuwin para prajurit sami bibaran, Natha Déwi kaliyan Raja Patih Genawati sampun sami tindak badhé mumuja. Dupa kumutug sundhul ing langit, ingkang cipta: namung dhateng ing kamuksan awit sampun judheg ing galih, karatonipun sampun kamanusan, rumaos sariranipun camah, mila sanget muwun salebeting galih. Ingkang sinuwunan tulung: namung Sang Bathara. Osikki galih: mugi dipun uninga[130]kna dhateng ingkang badhé mengku rat Jawi. Kadhatengna ing ngarsanipun.


Sang Prabu Banjaransari ing dalu lengkah piyambak tansah ngeningaken galih. Sanalika Natha Déwi katinggal sasolahipun anggénipun amuja semedi kaliyan Papatihipun wonten ing sanggar langatan, Prabu Banjaransari gumujeng ing galih, mirsa sasolahipun Natha Déwi, utawi mirsa saciptanipun, Sang Prabu lajeng tedhak kadhérékaken ing panakawanipun kakalih, lumebet ing kadhaton Galuh, anjujug ing sanggar palangatan amimindhha Déwa anedhakki Natha Déwi kaliyan Raja Patih ingkang saweg mumuja. Prabu Banjaransari pinarak ing dhampar kancana, wonten wétan lajeng mangilén, ing sanalika Natha Déwi kagét sarta binawur tingalipun, Prabu Banjaransari kagalih: yén Déwa sayektos, Prabu Banjaransari alon anggénipun angandika, apa mulané: Nini: sira muja semadi. Apa kang sira jaluk, arêpa mukti, sira wus dadi Rathu, amengku jagad Jawa, kédhep sakéhing kumelip, Jin Peri: Parayangan apa déné Dhédhémít padha suwita ing sira. Arêp sugih, sira wus sugih. Arêpa digdaya, sira wus angluwihi, sajagad ora ana madhani. Cacadira mung sawiji: Nini, éman néman warnanira, déné sira jumeneng Rathu sangar, tegesé, sira ora duwé laki. Iku dadi sangaring nagara. Poma[131]-poma: Nini, sira lakiya, pesthi karta nagaranira, Natha Déwi nyembah matur, pukulun ingkang dados osikking manah kawula: kados-kados panjenengan tuwan boten kikilapan sarta panjenengan tuwan wening anyampurnakna, iya bener: Nini, aturira iku. Patakoningsun kang akéh-akéh iki: amung angramékaké anggoningsun lulungguhan lawan sira. Ananging anggoningsun gawé bebeneran, ing saiki sira lakiya, Natha Déwi nyembah, pukulun kawula boten kadugi, ingkang kados pangandika tuwan punika. Sabab kawula déréng gadhah kaniyatán




imah-imah, kang mindha Déwa ngandika, yén mangkono: apa sira ora ngéman marang negaranira, dadi nagara sangar, manggung géger urauru, Natha Déwi matur malih, pukulun sanajan dados nagari sangar, inggih kajengipun, sanajan tuwan aben prang tandhing kaliyan mengsa: kawula boten gumingsir, ingkang mindha Déwa ngandika, iku aja mangkono: Nini. Becik turuten pituturingsun iki, Natha Déwi ngandika salebetung galih, iki Déwa apa, déné sembrana temen, lajeng matur, pukulun mugi lepata ing ila-ila. Kawula kami purun matur ing tuwan sinten nama pukulun, ingkang mindha Déwa ngandika, yén sira ora sumurup marang Ingsun Déwa linuwih, ora ana kang mamadha. Jenengingsun Sang Hyang Daniswara, Natha Déwi mésem salebetung galih, [132] kawula déréng miréng Déwa ingkang nama Daniswara, ingkang mindha Déwa gumujeng sarwi ngandika, Ingsun iki Déwa sengkan anyar. Layak yén sira durung ngrungu. Kang mau Ingsun iki Rathu linuwih, banget anggoningsun tapa amatiraga, pamendengngingsun tan ana liyan amung marang kamuksan, déné nagariningsun tanah ing Keling, jenengngé kang Ingsun kadhatoni: ing Mendhang Paramesan, mungguh tapaningsun mau, katarima déning Sang Hyang Shiwha. Ingsun sinendhal mayang, ginawa marang kaéndran dikarsakaké dadi gegeñeping Déwa ing Suralaya. Mulané Ingsun tumurun di utus marang Sang Hyang Girinatha, andikakaké nuruni oléhira muja semadi, Natha Déwi nyembah matur, manawi paréng ing karsa tuwan mugi ngatingala sakedhap, kawula badhé uninga dhateng tuwan, ingkang mindha Déwa ngandika, putuningsun aja dadi atinira, Ingsun ora kena ngaton, sabab Sang Hyang Girinatha ora nglilani, Natha Déwi Matur, pukulun ingkang dados manah kawula, aprakawis lampahan kawula, anggén kawula tetengga nagari ing Galuh, rumaos badhé kapinten, sabab ingkang kagungan lami temen boten rawuh, mongsa sapunika kawula sampun kamanusan, jangjinipun ing riwayat nagari ing Galuh: manawi sampun katingal ing tiyang, inggih punika rawuhipun ingkang kagungangan, ing mangké sampun kalampahan, nagari ing Gauluh sampun kauningan ing tiyang. Ingkang kagungan meksa déréng rawuh. Punapa [133] boten welas dhateng kawula. Yén rawuha ingkang kagungan nagari, kawula boten kedah jumeneng Natha, kawula badhé nyuwun pamit angupados wekasaning tumitah, ingkang mendha Déwa gumujeng sarwi ngandika, aja sira agé-




agé tingal nagarinira: Nini. Éman karatonira, Natha Déwi nyembah matur, mila kawula badhé séléh karaton Êyang, kawula badhé mantuk dhateng kalangengan kapéngin dados Déwa, boten wonten ingkang purun, ingkang mindha Déwa ngandika, sanajan ing mangko: sapa kang wani marang sira. Natha Déwi matur, ingkang nama Prabu Banjaransari. Punika ingkang purun dhateng karaton kawula, sanget anggénipun apeksa badhé jumeneng Natha, angendhih karaton kawula ing Galuh. Mila sanget karaosing manah kawula, tegesipun kawula sampun boten kajén, yén rawuha ingkang kawula ajeng-ngajeng, kados-kados boten wonten ingkang purun dhateng karaton kawula, ingkang mindha Déwa ngandika, sapa: Nini: kang sira arêp-arêp, Sang Natha sendu matur, mongsa kawula ngantos-ngantosa dhateng Êyang Déwa. Ingkang kawula ajeng-ajeng: wayah tuwan lami kawula piyambak, kawula punika muja semadi temen-temen wekasan katurunan Déwa boncol, mongsa tuwan malatana, Déwa rêmeン gumujengan, tuwan kondur dhateng Kahyangan sampun dangu-dangu wonten ing pamujan kawula, ingkang mindha Déwa ngandika, kapriyé: putuningsun, yén mang[134]kono: sira iku ora anarima marang lakuningsun anggoningsun teka ana ngarépanira iki, diutus ing Sang Hyang Girinatha, andikakaké nuruni anggonira muja semadi, mongka ing mangko sira oso-oso. Anggur Ingsun muliha marang sawarga. Dadi Ingsun rada kaduwung, déné anuruni wong kerêng mangkono. Idhepa: yén sira bengis mangkono, pesti Ingsun ora gelem diutus nuruni sira, Raja Patih Rêtna Déwi Genawati anyambungngi atur, pukulun sampun énggal putungan galih, sabab sampun limprah éstri cekak budinipun, ingkang mindha Déwa boten amangsuli, Raja Patih wicanten salebetung manah, apa sida kondur marang Kahyangan déné ora ana bawané, lajeng ambesmi dupa malih. Kukusing dupa kumelun angebekki sanggar langgatan, ingkang mindha Déwa dhateng malih, anjujug ngajenganipun Patih Genawati, ana apa: putuningsun déné Ingsun wus mulih sira undang maneh, Raja Patih Genawati matur anyembah, mila kawula aturi wangsul Êyang, tuwan sampun sembrana, ngandikaha ingkang sayektos, ingkang mindha Déwa ngandika, Ingsun iki wus dicacad marang Prabu ing Galuh, diarani Déwa boncol mulané banget laraning atiningsun, Ingsun arêp mulih marang Kahyanganingsun ing kaswargan, Raja patih Genawati matur, sampun tuwan énggala kondur:




Éyang. Kawula badhé matur ingkang sayektos, ingkang mugi Kangjeng Éyang a[135]njawanana ingkang sayektos, kados pundi menggah lalampahan punika, ingkang mindha Déwa ngandika, iya: Ingsun gelem tutur. Ananging sira aja kerêng-kerêng. Lan Ingsun anjaluk ujani. Yén Ingsun goroh: tagihen, déné kang sira arêp-arêp iku: satemené ing mangko wus teka, malah ing saiki wus ana sajroning kadhaton Raja Patih Genawati matur malih, kinten-kintenipun benjang punapa anggénipun katingal, ingkang mindha Déwa ngandika, sanajana ing samangko: yén sira arêp weruh: iya bisa katemu. Ingsun bisa nemikaké padha saiki, samangsané sira wis awéh ujani, Raja Patih Genawati matur, ujaninipun punapa: Éyang, ngandika ingkang mindha Déwa, ujaniné amung ali-yalinira, matur Raja Patih Genawati, sanésipun supé punapa boten kéging, ingkang saupami ujani warni yatra: utawi emas sosotya, ingkang mindha Déwa ngandika malih, yén sira temen-temen arêp katemu lan kang bakal madeg Rathu, yén ora ngujanani aliyali nira: amesti ora katemu, lan lawas ora teka-teka, sabab jangjiné nganggo aliyali, Raja Patih Genawati Matur, pukulun inggih sumongga: supé kawula katura minongka ujani. Saking kapéngin kawula uninga dhateng ingkang darbé nagari, kados punapa warninipun, déné ngadi-ya[136]di temen sarta anéh temen pupundutanipun, yén boten mawi ujani supé: boten purun ngatingal, ingkang mindha Déwa ngandika, iya: putuningsun Genawati, ujaninira uwis Ingsun tarima, sarta Ingsun anekséni, Raja patih matur malih, kados pundi: Éyang: anggén kawula uninga dhateng ingkang darbé nagari, ingkang mindha Déwa ngandika, yén sira temen arêp weruh, sésuk samangsané Natha Déwi Suprabawati metu ing paprangan sira miluwa angiring-ngiring marang Rathunira. Pasthi sira banjur katemu lan kang sira arêp-arêp iku. Ananging aliyalinira Ingsun pilihi, endi kang patut dadi ujani, Raja Patih Genawati angaturaken susupé, sumongga: Éyang, sakarsa tuwan, supé sampun tinampan ingkang mindha Déwa, sarta Raja Déwi Genawati pinjet darijinipun, Sang Rêtna nyendhal asta sarwi ngandika, nyata yén Déwa boncol, ingkang mindha Déwa ngandika, aja dadi atinira: Nini. Ingsun anjaluk apuranira. Anggoningsun nampani kaliru, punapa Éyang gerah maripat déné boten uninga ing dariji, ingkang mindha Déwa ngandika malih, satemené dhasar Ingsun jarag Nini. Sabab saka ing rumesepingsun angajak guguyon lan putuningsun, wus sira padha



kariya: putu. Ingsun mulih marang Kahyangan, amung padha digedhé pangapuranira, ingkang mindha Déwa sampun musna. Ingkang kantun Natha Déwi sarta [137] Raja Patih Genawati sami sakalangkung éramipun déné atamuwa Déwa mencul, sadalu boten angsal saré, énjing Natha Déwi karsa miyos saking paprangan adhawah ngungelaken tengara. Prajurit sampun sami dandos sakapraboning perang. Ing jawi jejel Bupati: Mantri: Demang: Pecantondha: Pandeleggan, Sang Natha Déwi saweg angagem-agem cara kakung, sarta angagem makutha, jamang susun tiga, kancing gelang mawi rérékan garudha majeng: mungkur, mawi anting-nganting: kelat bau: bigel kana, ababadhong sungsun pitu, angagem pamekak sarta pending, rasukanipun dhapur onta kusuma, lancingan rangkep pitu, sadaya baberkatan paparinging Déwa. Wondéning ageman-ageman ingkang warni makutha, tuwin jamang: binggel anting-ting: badhong: kelat bau: sapanunggilanipun sadaya wau, sami tinarétés ing sosotya, sinilih asih ing mirah nila widuri. Panjang yén kacariyosna. Raja patih Genawati inggih ugi nganggé-anggé cara jaler, barang panganggé kambar kaliyan Sang Natha ing Galuh. Yén tiningalan barang solah bawanipun sampun kados tiyang jaler. Sasampuning dados Natha Déwi lajeng yosa ing sitinggil, para abdi ageng alit sami sowan, Raja Patih Genawati lumampah wonten ing wingking dalem, upacara tuwin ampilan ingkang nama baberkatan medal sadaya, Natha Déwi sampun pinarak ing dhampar kancana, wonten ing bangsal witana. Raja Patih Gena[138]wati wonten ing ngarsa dalem, Wadana sakawan lenggah sawingkingngira Raja Patih. Sang Natha Déwi angandika dhateng Raja Patih Déwi Genawati, yayi Prabu Déwi: karsaningsun aja ana metoni ing paprangan padha menenga baé, katono wedi marang mungsuh. Mungsuh Ingsun purih galak supaya padha tekaha ing alun-nalun, yén wus teka ing alun-nalun Ingsun papaggé perang padha siji kang jeneng Banjaransari, tandhing sekti lan kaluwihan, Ingsun durung ulap, Raja Patih Genawati tuwin para Wadana sakawan sami nyembah munjuk: kawula nuwun Gusthi, sampun énggal panjenengan dalem nyarirani perang. Manawi abdi dalem déréng wonten ingkang pejah. Bilih sampun lebur luluh abdi dalem pun Genawati tuwin para Wadana, punika sumongga sakarsa dalem, Natha Déwi ngandika, yayi Déwi kabéh: Ingsun tarima prasetyanira ing Ingsun.



Ingkang kacariyos Prabu Banjaransari, miyos sinowan ing para abdi: pepak andher ing ngarsa. Kyai Patih wonten ing ngarsa dalem, Sang Natha sakalangkung ngunguning galih, awit risakipun ingkang abdi prajurit, karsanipun badhé nyarirani perang, cipta badhé males adamel risak, sampun angagem prajuritan, baberkatan saking ingkang Éyang Natha Shindula kaagem sadaya. Punika sami wasiyaté dhak tumedhak saking Natha ing Ngasthina, Kala Dananjaya ginanjar déning Bathara Wisnu, awit amejahi Prabu Newata Kaca. Maku[139]tha: jamang: anti-nganting: bingel kelat bau, badhong: sapanunggilanipun sadaya: saking Déwa. Ing mangké dipun agem sadaya, lajeng anabuh tengara: bidhal bala ing ngajeng. Ing wingking taksih ambarubul kados sulung, sami surak-surak kados angrebahna rēdi sayuta. Prabu Banjaransari amungkasi ing wingking. Kyai Patih boten tebih. Ingkang baris ing lebet sami dhedhep boten wonten banenipun katingal kados kasusahan, mila mengsaah sangsaya ngangsek sami lumebet ing alun-alun sarta sami anantang bala ing lebet kapurih medal lan ing paprangan, Déwi Sura Déwati boten betah mirêngngaken susumbaring mengsaah. Wadana amber babak, dhasar putri wanter, digdaya ing paprangan. Buwana pamit ing Sang Natha. Natha Déwi angidini, yayi: dén ngati-yati, Rêtna Sura Déwati munjuk: langkung kapundhi. Ingkang kawula ésthi: namung pangéstu dalem, lajeng nyembah mundur sakancanipun, Wadana sakawan lampahipun sami dharat, tumpakkanipun sami katuntun ing gamel éstri. Sarêng sampun tebih kaliyan pinaraknipun Sang Natha, Rêtna Sura Déwati sakancanipun para Wdana lajeng numpak kapal sami anggéndhong-éndhong, sarta anyepeng lawung, Rêtna Sura Déwati susumbar, iki babandhéngngé nagara ing Galuh. Sapa kang padha arêp mati: mapagna ing tandingku. Nanging aja ana genti mara, padha barêngnga mara, Adipati Banyak Widhé ing Thoyamas akaliyan adinipun nama Banyak Supa[140]tra: Tumenggung Surabraja: Tumenggung Sokapura: boten betah mirêngngaken susumbaripun Rêtna Déwi Sura Déwati, lajeng sami numpak kapal medali ing paprangan sarwi susumbar, mayo, ing kéné dak tadahi padha prawira. Aja ana oncat, Rêtna Sura Déwati ngandika, nganggo kakéhan calathu si asu. Mara: rikat numbakka, dak tadhahi, Banyak Widhé lajeng anumbak, lawungipun ginebang dhateng Rêtna Déwati kasingsal,




numbak malih meksa boten angsal, Banyak Supatra numbak saking tengen ginebang kontal, Tumenggung ing Sokapura: tuwin Surabrama sami ngrubut anumbakki, ananging boten wonten angsal, Rêtna Sura Déwati sakalangkung saged ing prang, dipun karubut sakawan boten gumingsir, sakawan sami karépotan karinget réwéyan, Rêtna Sura Déwati gumujeng, numbaka kang patitis dak taduhané ing lambungku. Iki gatel temen, padha tumbakkan wong papat supaya mariya gatel, Dipati Banyak Widhé sakalangkung nepsu, angantepa numbakkipun, sarta tiyang sakawan sarêng anumbakki, Rêtna Sura Déwati gumujeng suka, kapriyé oléhmu numbakki: déné ora ana karasa ing kulit, tiyang sakawan sarêng awicanten: dhemit énggal malesa, Rêtna Sura Déwati mésem angandika, iya: di ngatiyati: asu, dak wales, Banyak Widhé: Banyak Supatra: dipun gebengngi ing landhéyan sami bingung anggénipun nangkis, Rêtna Déwati tutulung angetab kapal, [141] pinethukaken dhateng Tumenggung ing Sokapura, kaliyan Surabrama. Sang Rêtna kaebut kalih, dipun tumbakki saking kiwa: saking tengen tansah anangkisi. Panumbakkipun sami boten angsal, Rêtna Sura Déwati dipun ebut kalih. Dipati Banyak Widhé akaliyan Banyak Supatra boten pegat anumbakki. Sang Rêtna tansah anangkiri. Banyak Widhé dipun gebang lawungipun putung dados tiga. Lajeng dipun wales, Banyak Widhé dipun tumbak dhawah ing siti: boten énget lajeng dipun rēbat ing balanipun kabekta mundur. Banyak Supatra sabet nepsu, sumeda males dhateng Sang Rêtna. Tinumbak Sang Rêtna anangkis, Banyak Supatra ginebang lawungipun putung. Sirah ing kapal binuntar kagét anglumbang. Banyak Supatra dhawah saking kapal, sinogok ing tunjung saking sangginggiling kapal, banyak Supatra kempis-kempis boten amut lajeng dipun rēbat kabekta mundur, surak ambal-ambalan, bala ing Galuh sakalangkung bingah. Rêtna Sura Déwati anyiriggaken kapal sarwi susumbar, mayo: metonana ing paprangan sing arêp jumeneng Natha, aja ngadu bala, Rathuné metuwa: dak kembarané padha siji, Rêtna Sura Déwati tansah susumbar, mayo: Banjaransari: metuwa. Éman wong cilik akéh mati.

Prabu Banjaransari taksih pinarak, Kyai Patih ingkang [142] wonten ing ngarsa dalem boten betah mirêngngaken susumbaripun Rêtna Sura Déwati, nyuwun pamit ing Sang Natha, badhé medali ing paprangan,



Sang Natha angandika, Bapa: ajasira agé metoni ing paprangan, wruhanira: iki wekasaning perang. Sanajan sira metu: yén barêng lan Ingsun, Kyai Patih nyembah munjuk: Gusthi, sampun panjenengan dalem nyarirani perang, manawi abdi dalem kawula taksih gesang. Kawula dadosa babanten, adhep sungkemipun abdi dalem pun Bapa konjukka ing sangandhaping sampéyan dalem, anjanma akaping séwu, pun Bapa angéstu pada dalem, mila pejahipun pun Bapa konjukka, anglampahi ayahan dalem salebetipun mangun perang punika, Sang Natha angandika, sakéhé prasetyanira: Bapa: Ingsun tarima. Rathu iki abot sanggané, Ingsun duga ora ana kelar bongga, yén ora Ingsun dhéwé. Sabab wus pinesthi ing Déwa, Rathu iki mungsuh Ingsun, sira déن pitaya: Bapa: marang Ingsun, Kyai Patih kaluhuran pangandika, rumaos boten saged mangsuli, wusana andhérék sakarsaning Gusthi. Kyai Patih sampun anyaosaken titihan dalem, kathahipun nenem, sadaya sampun sami dipun kambil. Wastaning titihan ingkang satunggil pun Sukondha, kalih pun Sana Sekti, tiga pun Puspanaka, sakawan pun Tambang Ngarsa, gangsal pun Tambang Warih, nem pun Jayacapa. Wondéning ingkang badhé dipun titihi: pun Séna Sekti. Sadaya [143] wau sami kinarung kémawon, Kyai Patih sampun anabuh tengara. Bala ingkang lumampah ing ngajeng: sampun bodhol, Sang Natha sampun anitih titihan, pun Séna Sekti tansah anyirig, bala ingkang sami kakapalan sadaya wontening ngajeng, sakancanipun Bupati sadaya. Wondéning ingkang wonten ing wingking dalem wau: prajurit lebet pipilihan angamping-ngampingngi Sang Natha. Ingkang sami ngampil-ampil wonten ing ngarsa dalem. Sang Prabu Banjaransari sakalangkung abagus boten wonten ingkang nimbangngi. Manawi dipun sawang saking katebihan warninipun sami kaliyan Prabu Éstri ing Galuh.


Ing nalika punika Natha Déwi Suprabawati taksih pinarak wonten ing sitinggil, Raja Patih Genawati wonten ing ngarsa dalem, sarêng aningali prajurit ing jawi muntab malebet ing alun-alun sarta upacara kaprabon katingal Raja patih Genawati nyembah munjuk ing Natha Déwi, kawula nuwun, panduginipun abdi dalem ingkang majeng punika: Prabu Banjaransari. Sabab upacaranipun dados upacara Kabupaten, paningal kawula: kados upacara kaprabon, manawi parêng ing karsa dalem abdi dalem anyuwun pangéstu dalem kalilana medal ing paprangan methuk




perangngipun Prabu Banjaransari, Natha Déwi angandika, yayi Déwi: iya: Ingsun lilani. Ananging sira barêngnga lan Ingsun, karsaningsu[144]n iya uga bakal amapag perangngé Prabu Banjaransari, titihan sampun sumaos ing ngarsa dalem kathahipun pipitu. Wastaning titihan pun Ngronsari: pun Cis Srawa: pun Duksina Geni: pun Sari Wulan pun Wisnu Murti: pun Megantara: pun Ludira. Sampun sami dipun kambil sadaya. Ingkang ngarung: sami gamel éstri. Sadaya wau sami dipun karung kémawon wonten ing ngarsa dalem, ingkang dipun titih Sang Natha Déwi: Manglar Monga. Punika titihan andel-andel ing paprangangan, Raja Patih Genawati tumpakkanipun sakawan. Wastaning kapal pun Cipta Walaha: pun Surêng Rana: pun Wiragni: pun Puspakala. Sadaya sampun sami dipun kambil sarta linuruban, sami dipun karung ing gamel éstri. Wondéning ingkang dipun tumpakki: Wilmana, Raja Patih Genawati dados titindhih ing prajurit ingkang wonten ing wingking dalem, Natha Déwi sampun miyos saking ing sitinggil dipun garébek ing punggawa éstri tuwin upacara kaprabon, ingkang celak kaliyan Sang Natha: namung prajurit pipilihan kémawon, Natha Déwi sabalanipun sadaya wonten sakiduling waringin lurung. Prabu Banjaransari sabalanipun sadaya wonten saléring waringin kurung. Ajeng-ngajengngan amung let waringin kurung kémawon, tiyang alit boten wonten majeng perang. Rêtna Sura Déwati tumpakkani[145]pun nyirig, Sang Rêtna onclang lawung sarwi susumbar, endi kang jeneng Banjaransari, apeksa luwih, mayo: metonana, Kyai Patih boten saged mirêngngaken énggal majeng: sakancanipun Bupati: Mantri. Tumpakkanipun Kyai Patih wedalan kunungan angatépang: wedhar: sarta adhéyan, para Bupati: Mantri: sadaya anggarèg Kyai Patih, sami anyanderaken kapal, Rêtna Sura Déwati: saréng aningali mengsaipun sami majeng, lajeng anyamethi kapal nyander: saparjuritipun sadaya. Sampun kapanggih kaliyan Kyai Patih, lajeng campuh perang ramé. Dangu boten wonten kasoran, Kyai Patih tandhing kaliyan Rêtna Sura Déwati, sami sektinipun, mila sakalangkung ramé. Prabu Banjaransari karsa tutulung, titihan cinamethi nyander dumugi enggénipun Kyai Patih, alon angandika, Bapa: yén sira sayah: mundura. Ingsun kang ngembari mungsuh iki, Ingsun cobané kaya apa kasekténé prajurit ing Galuh, Kyai Patih nyembah munjuk: kawula nuwun Gusthi, abdi dalem déréng sayah.




Manawi samanten kémawon wawratipun prajurit ing Galuh, abdi dalem déréng ulap, Rêtna Sura Déwati, sarêng aningali Prabu Banjaransari, kumepyur semu kasmaran, sakalangkung éram osiking manah, déné bagus temen wong iki, pasang semuné kembar lan Gusthiku Natha Déwi. Pandugaku: wong iki karo Gusthiku Natha ing Galuh tunggal kang nurunaké, Prabu Banjaransari titihanipun nyirig, Sang Natha onclang lawung wonten sa[146]nginggiling titihan, Rêtna Sura Déwati garêgeten anggénipun ningali, kapalipun sinabet lawungngipun kaembat embat, alon anggénipun pitakén: sapa: prajurit jenengmu. Apa kowé iku satriya: atawa Bupati, déné mendhéleng temen nyirigaké jaran onclang tumbak, kaya wong lanang dhéwé. Majuwa mréné dak seseli tumbak wadhukmu. Nanging ngakuwa sapa jenengmu, aja mati tanpa aran, Prabu Banjaransari mésem amangsuli, apa sira pangling marang Ingsun, déné durung lawas kalané katemu ana ing taman Ingsun ubaya lan sira: yayi, bakal anekani pasrah pati urip, mulané ing mengko Ingsun leksanani. Manawa sira arani cidra ing ubaya, Rêtna Sura Déwati sanget nepsu, angembat lawung. Prabu Banjaransari winaos kéngin jajanipun nanging malését kewawon, dipun kaping kalih: kaping tiga: kaping sakawan meksa boten pasah. Lajeng nyandhak bindi. Dipun bindi wanti-wanti Prabu Banjaransari gumujeng kémawon malah angungudang. Rêtna Sura Déwati kaken manahipun lajeng nangis, Natha Déwi Suprabawati angandika dhateng Raja Patih Genawati, yayi Déwi: adinira kasoran ing prang. Énggal tulungana, Raja Patih nyembah munjuk sandika, mundur saking ngarsa dalem ginarébeg ing para punggawa éstri. Tumpakkanipun sami kinarung ing gamelé éstri. Raja Patih Genawati lumampah ing ngajeng, sarwi anoncong jebeng, nyangking sabet su[147]duk, sarêng sampun tebih kaliyan pinarakkipun Sang Natha, gamelé éstri anyaosaken tumpakan. Nanging Raja Patih Genawati boten ajeng numpak kapal lumampah dharat kémawon, apilan wonten ing kiwa: tengen, ing wingking para punggawa sami ngatos satos, lampahipun Raja Patih sampun dumugi ing tengah paprangan, aseru anggénipun wicanten: yayi Déwi, mundura. Dudu mungsuhmu. Iku mungsuhé lan aku, Raja Patih Genawati ngembat-embat jebeng: sarwi asusumbar, mayo: ing kéné prang lan aku. Nanging kowé dén tanggon, Prabu Banjaransari mirsa mengsahipun dharat lajeng tedhak saking titihan, para Bupati dharat sadaya. Sang



Prabu Mundhut jebeng kalih sabet suduk, Raja Patih Genawati tansah asusumbar, mayo: Banjaransari ngoré réma, ngagem sondhér garingsing. Alon anggénipun ngandika: sarwi lumampah alon: aja susah: yayi. Ingsun ladéni sakarsanira, jebengngipun cinoncong, sabet suduk cinangking. Sakathahing putri sami kasmaran aningali bagusipun Sang Prabu. Makaten ugi Prabu Banjaransari, kasmaran aningali sasolahipun Raja patih Genawati. Dhasar putri éndah karêngga ing panganggé, sasolahipun amantesi. Sampun campuh perang kalihipun, Rêmen ingkang sami aningali. Watang-winantang, suduk-sinuduk tuwin tinuwek, dangu boten wonten ingkang kasoran, tandhing sami prawi[148]ra. Surak ambal-ambalan, ingkang ningali andongong: éram sarta kuwatos bok manawi tiwas ing salah satunggil, prajurit ing Galuh sadaya pating ngathithit anyandhak dadamel énggal majeng tutulung prang anggarubuh. Para Bupati ingkang sami ngamping-ngampingngi Prabu Banjaransari: uninga yén mengsahipun sami majeng, sumeja anguruggi pepejah. Para Bupati prayitna, lajeng amethukaken perang garubuh. Campuh perang ulet-uletan, sami nyandhak pedhang: towok, sawenéh nyandhak jebeng: sabet suduk, sami ambeksa sasaged-sagedipun, Raja Patih Genawati wicanten: mayo: Banjaransari: padha perang sadhuwuring jaran, aku sayah perang dharat, Prabu Banjaransari alon amangsuli, iya: apa sakarêpira: yayi: Ingsun angladéni, anunten sami mundhut titihan, kalih-kalihipun sampun sami nitih titihan, Raja Patih Genawati tumpakanipun amendhapan, Sang Rêtna onclang jebeng sangginggiling kapal, Prabu Banjaransari titihanipun anyirig, Sang Natha onclang jebeng. Dangu sami ubeng-nugubengan lajeng ambucal waos sami-sami waos malih. Ramé anggénipun perang. Déréng wonten ingkang kasoran, Raja Pati Genawati garêgetan kaken manahipun ajeng anyandhak gada wawrat séwu katos, aseru anggénipun wicanten: Banjaransari: déné ngatiyati. Tadhabana gadaku, Prabu Banjaransari amangsuli, iya: ti[149]bakna: yayi, Ingsun tadhabané, gada dhumawah. Sang Prabu atangkis asta. Titihanipun andheku sarwi mungel, Raja Patih Genawati gumujeng: sarwi wicanten: cilik atiné Banjaransari. Mayo: malesa, gadaku angonen, Prabu Banjaransari amangsuli, yén ana parétaHIRA, Ingsun iya angladéni, lajeng ngawé punggawa. Sampun anampéni wangsit anyaosaken titihan, Sang Prabu salin titihan, titihanipun tansah anyirig



mubeng ngiwa: nengen, gadanipun Raja Patih Genawati rinebat sampun kéging. Pangandikanipun Sang Natha, dén prayitna. Sira bakal Ingsun wales anglakoni paréntahira, Raja Patih Genawati anyauri: sarwi atangkis tangan: énggal mara: tibakna, gada dhumawah. Saking sangetipun ing panggada: kapalipun sang Déwi ambruk sarwi mungel, surakkipun ramé. Tiyang ing Bojong Lodhang sami angelokaken mati, Natha Déwi Suprabawati kaget mirêng alokking tiyang. Anyana yén ingkang rayi séda sayektos, gugup ésmu duka, mundhut titihanipun Wilmana, kawrat saka praboning prang. Angandika: kalih mrebes mili, adhi Ingsun bélani. Lebur luluh Wilmana. Andedel ing awang-ngawang. Wadana sakawan boten kantun, tiyang ing Bojong Lodhong uninga: yén Natha Déwi sanget duka, sami ébah sadaya: angatos-sato[150], Kyai Patih sampun ambek pejah. Para Bupati: Mantri: Demang: Rongga: anglempak dados satunggil, anjagéni sakiwa tengening Gusthi, Natha Déwi tuwin para Wadana sakawan wonten ing awang-ngawang anjawahi jemparing, kumurutug kados garimis, sadaya tiyang ing Bojong Lodhang sami susah kadhwahan jemparing, nanging boten pasah. Sabab sadaya sami teguh-teguh, awit sami kasababan ing Gusthi. Namung Prabu Banjaransari boten kéging ing jemparing. Éwon leksan jemparing boten wonten kendhatipun, para putri pating jarêlih, mayo: Banjaransari: sira malesa, Prabu Banjaransari amangsuli, padha béka temen, iya: di ngatiyati, Ingsun wales, Sang Prabu nyandhak jemparing: amenthen gandhéwa. Jemparing sampun lumepas wedalipun ambarubul warni-warni, pinten-pinten kathi. Para putri kathah kawirangan kéging ing jemparing. Wonten ingkang kasingsal makuthanipun, sawénéh rantas pendingngipun, wonten ingkang sinjangngipun kasingsal, sami kabur-kabur kantun pinjung kémawon, Wadana sakawan sami ambruk ing siti, lara-lara anangis, sosotipun anderwili. Natha Déwi sakalangkung lingsem ningali risakipun ingkang abdi. Salaminipun jumeneng Natha wonten ing Galuh, déréng naté kadhatengan kados makaten, mila sanget duka: akarsa ngantep ing perang. Mundhut titihan salin manglar monga. Sarêng ningali untabin tiyang kathah, manglar monga mungel ngakak wonten ing awang-ngawang, [151] Raja Patih Genawati: sarêng mirêng ungeling manglar monga, lajeng nusul amancal siti dhateng awang-ngawang. Sampun kapanggih kaliyan Rathu Éstri, lajeng wonten ing wingking dalem boten




kénging tebih kaliyan Sang Natha, , tiyang ing Bajong Lodhang sami tintrim manahipun awit ningali dukanipun Sang Prabu Éstri, mabur wonten ing awang-ngawang: cat katingal cat boten, Kyai Patih tuwin para Bupati sami maras manahipun, Natha Déwi aseru anggénipun ngandika, Banjaransari: aja sira bungah-bungah. Tadhabhana panah Ingsun, yén ora pasah ing panah iki, siro sun guroni, jemparing Wijaya Capa, paparingipun Sang Bathara Surya, sampun wonten ing asta. Raja Patih Genawati nyepang jemparing Konta. Putri kakalih sarêng anggénipun amenthang gandhéwa. Wijaya Capa sampun kainceng: moh ucul Sang Raja Pandhita rawuh ing ngarsanipun sarwi ngandika alon: sira iku arêp apa: Nini, déné anginceng panah. Yén mungsuhamu iku mati: kapriyé dadiné. Weruhanamu: Nini: iya iku kang sira arêp-arêp ing salawasé, dhékkalané sira amuja semadi ana ing sanggar langgatan katurunan ing Déwa. Satemené iya iku kang amindha-mindha Déwa, Natha Déwi ngandika salebetung galih, bener oléhé ora kapénak atiku, déné kena di salimur ing uwong, méndah oléhé anguguyu ing aku, Sang Pandhita angandika malih, Nini, ujaring Déwa ora sisip, ipénira anété[152]si, Sang Pandhita angawé Prabu Banjaransari. Sang Natha malajengngi, lajeng anyungkemi pangkonipun Sang Pandhita. Kalih-kalihipun lajeng sami dipun pangku dhateng ingkang Éyang, pupu ingkang tengen Prabu Banjaransari, ingkang kiwa: Prabu Éstri. Prabu Banjaransari: sarêng aningali Natha Déwi, galihipun kumepyur, kados upaminipun panjang putra dhawah ing séla item, boten paja-paja yén puliha, lajeng binekta kondur malebet ing kadhaton, prajurit éstri sami anggarébeg ing wingking. Sadaya sami éram aningali perangipun Prabu Banjaransari kaliyan Prabu Éstri, garêgetipun sami adamel marasing manah, awusana: sarêng sampun kapanggih sami celak lajeng sami atut kados sadhérék kémawon, sadaya ingkang sami aningali boten wonten andugi, awit sami boten uningga dhateng Sang Pandhita wau sadaya boten wonten ingkang uninga, Kyai Patih tuwin para Bupati taksih sami pacak baris wonten ing alun-nalun manahipun sami boten sakéca.


Ingkang kacariyos salebetung kadhaton ing Galuh. Raja pandhita pinarak kaliyan Prabu Banjaransari tuwin Natha Déwi, punapa déné Raja Patih Genawati. Wadana sakawan wonten ing ngajengan, Raja



Pandhita alon ngandika, Nini, Ingsun mengko wus anetepi pethékké nagara [153] ing Galuh. Yén wus kawruhan déning uwong, iku nuli ana kang jumeneng Rathu Binathara, angluwihi kéringan ing mungsuh, tekan Jawatha kawengku kabéh, ora ana kang marêngkang, apa déné para Rathu ing tanah sabrang padha teluk angaturi pisungsung. Sarupané kang kumelip padha wedi. Jin Parayangan tuwin Rathuning Dhedhemit padha ngawula kabéh. Lan kang jumeneng Rathu mau: pinethéh krama widadari wolungatus padha ayu-ayu rupané. Awit wus pinesthi karsaning Déwa kang luwih, mulané ing mangko sira séléha karaton marang Prabu Banjaransari. Wruhanira: putu, bésuk sira bakal anurunaké Rathu ing tanah Jawa, turun tumurun ora ana kang nyelani, panjenengngané karaton ing Matharam kongsi tumeka ing jaman akir. Déné putuningsun si Genawati, iku bakal anurunaké lelembut saturunturuné dadi kanthiné kang jumeneng Rathu. Déné putuningsun si Sura Déwati lan si Rêtna Déwati sarta si Kanakawati utawi Asmarawati, papat iku bakal padha anurunaké prajurit luwih. Iku iya dadi kanthiné kang dadi Rathu. Déné putri Punggawa: iku kabéh bakal anurunaké Mantri: Dipathi. Karsaningsun putu, ing samengko sira Ingsun temokaké lan putu Prabu. Karo si Genawati: tuwin wadana papat lan para Prajurit kabéh: iya padha Ingsun temokaké karo putu Prabu, barêng sadino mengko. Rasané atiningsun wis ora ana kang kuciwa. Rathu bagus kramo oléh [154] Widadari ayu-ayu, padha sekti-sekti kabeh. **Déné panengerané:** putu: **bakal dadi Rathu, patang prakara.** Kang dhingin bagus kapindho: gedhé dhuwur, kaping telu: kedhot tan rosa, kaping patté: pinter marang wong wadon, penengeran papat iku salah siji pasthi ora sepi. Déné yén anduwéni panengeran papat iku kabeh, iya iku Rathu angluwihi sapapadhaning Rathu, Rathu Éstri tuwin Prabu Banjaransari: mirêng pangandikanipun ingkang Éyang, sami sakalangkung bingah salebetung galih, lajeng pinanggihaken, pinangku déning ingkang Éyang. Prabu Banjaransari wonten ing pupu tengen, Prabu Déwi wonten ing pupu kiwa. Sarêng sampun antawis dangu, Prabu Éstri andikakaken angabekti dhumateng ingkang raka Prabu Banjaransari. Saking ajrih kapeksa dhateng ingkang Éyang Raja Pandhita, Raja Déwi lajeng medhun saking pangkon ngabekti dhateng ingkang raka. Raja Patih Genawati tuwin Wadana sakawan inggih tumut ngabekti sadaya. Tumunten para Punggawa kumrubit atur bekti



sadaya, boten wonten ingkang kantun, Raja Pandhita sakalangkung suka sukuring galih. Alon angandika, putu: sira lan para putri kabéh apa apésa. Ingsun bakal miyos marang sitinggil lawan lakinira Sang Prabu. Ing buri padha dandana: rérésikka, saréhning padha dadi pangantén, Raja Pandhita lajeng miyos akaliyan ingkang wayah Prabu Banjaransari, ginarêbeg ing para biyada. Para manggung anja[155]jari kawan dasa sisih. Ampilan wonten ing tebah, ingkang sami wonten ing pegelaran tuwin ing alun-nalun Kyai Patih, punapa déné para Bupati, sarêng uninga yén Sang Natha miyos lajeng sami ébah sadaya, sowan minggah ing sitinggil, upacaranipun sami tinilar wonten ing pagelaran, Sang Natha sampun pinarak ing dhampar kancana, tinarétés ing sosotya. Raja Pandhita pinarak ing wingkingngipun ingkang wayah. Nanging para Bupati sapanunggalipun boten wonten uninga dhateng Raja Pandhita. Ingkang uninga: namung Ki Patih Satama kaliyan ingkang éstri. Kyai Patih sampun wonten ngarsa dalem tuwin para Bupati: Mantri: Demang: Rongga: Jeksa: Carik sadaya sampun pepak wonten ing ngajengan, Raja Pandhita angandika, nanging boten katingal warninipun: sakéhing kawulaningsun kabéh padha anaksénana, sarta padha ngéstokna, yén putuningsun Sang Prabu Banjaransari ing mengko Ingsun junjung karatoné. Biyén iya uwis madeg Rathu. Ananging ing mengko Ingsun adegaké mengku nagara ing Galuh, lan krama Widadari linuwih, sarta Ingsun paparabi Déwa Aji Maha Raja Sénapathi Ing Alaga Pakuning Bumi, Kyai Patih nyembah munjuk anakséni, saha temen-temen angéstokaken ing karatonipun akaliyan dhateng ingkang jumeneng Rathu. Para Bupati sadaya sami munjuk sandika. Kyai Patih sakancanipun para Bupati sadaya angabekti dhumateng Sang Na[156]tha, anyungkemi dalamakan dalem, sasampuning sami ngabekti, wangsul dhateng panggénanipun lenggha piyambak-piyambak, Raja Pandhita angandika malih, Patih: sira Ingsun paringngi jeneng Raja Purwa Dinatha. Déné bojonira Ingsun paringngi jeneng Rathu Dipati Among Praja, Kyai Patih munjuk anuhun sumungkem ing siti sarwi anyembah, Raja pandhita angandika malih, Patih: anakkira kang tuwa Ingsun paringngi jeneng Raja Lingga Érang. Adhiné Ingsun paringngi jeneng Raja Sangkan, déné anakkira kang wuragil Ingsun paringngi jeneng Arya Lingasari, Patih nyembah sumungkem ing siti: munjuk anuwun, Prabu Banjaransari alon ngandika,




Bapa: bocah Ingsun karo pisan padha Ingsun junjung lungguh, Ingsun gawé kabayan nagara, lan padha Ingsun paringngi jeneng. Si Sangulara Ingsun paringngi jeneng Arya Dutha Prabu. Si Sangupati Ingsun paringngi jeneng Arya Sura Natha Wacana, Kyai Patih nyembah munjuk anuwun, Sang Natha tedhak saking dhampar, lajeng kondur angadhaton kaliyan ingkang Éyang Raja Pandhita. Kyai Patih sakancanipun sampun sami mundur, para garwa sami methuk ing palangatan sampun kapanggih kaliyan Sang Natha, lajeng kinanthi lumebet ing dalem prabayasa. Sang Natha pinarak kaliyan ingkang Éyang, ing ngadhep para garwa, Raja Pandhita alon angandika, putu Genawati: sira kang minongka gegentené bok ayunira si putu Rathu, angeréhna para putri kabéh, lan Ingsun a[157]lih aranira, ajeneng Rathu Inthen Hapsari. Wus pinesthi déning Hyang, turunira bésuk lelembut saparo, manusa saparo, Raja Pandhita ngandika malih, putuningsun Sura Déwati: aranira Ingsun alih, ajenengngra Rathu Kancana. Si putu Rêtna Déwati Ingsun paringngi jeneng Rathu Sarisinom, putu Asmarawati Ingsun paringngi jeneng Rathu Mayang Ngarum, Si Kanakawati Ingsun paringngi jeneng Rathu Mayangsari, sadaya sami nyembah munjuk anuwun, Raja Pandhita ngandika malih, ana déné bojonira kang akéh-akéh iku: putu Prabu, mongsa bodhoha anggonira anjenengngaké. Wis putu, Ingsun pamit mulih. Padha kariya salamet, Raja Pandhita lajeng musna saking palenggahan, ingkang kantun Sang Natha akaliyan para garwa: taksih sami pinarak ing ngadhep para abdi éstri. Ing wanci sampun dalu Sang Natha lumebet dhateng pasaréyan tunggil saré kaliyan ingkang garwa kangjeng Rathu. Lajeng dhateng pasaréyanipun para garwa, sadaya tinunggil saré gentos-gentosan, garwa wolungatus waradin tinunggil saré: saréng sami sadalu. Lami panjenenganipun Prabu Banjaransari. Boten wonten karibedanipun, tetep jumeneng Rathu Binathara, angrengani karaton ing Galuh. Ananging tanah Jawi déréng waradin, ingkang wétan, ing nalika satunggil dinten Sang Natha miyos pagelara[158]n pepak para Mantri: Punggawa. Patih Raja Purwadinatha Nagara wonten ngarsa dalem tumungkul sumungkem ing siti. Sang Natha angandika, Bapa Patih Purwadinatha Nagara: wis lawas anggoningsun jumeneng Natha mengku ing Galuh. Atiningsun isih durung lega, awit ing tanah Jawa durung warata suyud marang panjenenganingsun, kapriyé Bapa:



mungguh karêpira, aprakara wong Bang Wétan, akéh kang durung séba marang Ingsun, tegesé: ora nganggep marang karatoningsun, Patih Raja Purwadinatha Nagara nyembah munjuk: kawulu nuwun Gusthi, abdi dalem pun Bapa sampun anglampahaken utusan abdi dalem utusan abdi dalem pun Banyak Widhé sakancanipun aneluk-nelukaken tiyang Bang Wétan lajeng anugurri wonten ing Jagabaya. Wondénten abdi dalem Bangkilén sampun waradin sadaya, boten dados damel, anjawinipun ing nagari sabrang, ingkang déréng sowan, Sang Natha angandika, mungguh nagara sabrang iku: Bapa, Ingsun dhéwé kang patut anindakki. Dudu bubuhanira. Déné si Banyak Widhé iku, wus sedheng mungsuh wong monca nagara. Ana déné nagara ing Bali iku: Bapa, anakkira si Prabu Sangkan kang bakal Ingsun kongkon angawa layang ngingsun diparingna marang Dipati ing Bali. Kapriyé kang dadi wangsulané. Dadi Ingsun sumurup ala becikké, lang dadi karêpe. Déne anakkira ingsun kanthéni si Banyak Supatra. Padha lalancarana baé, Patih Raja Purwadinatha Nagara munju[159]k sandika, Sang Natha tedhak saking dhampar kondur angadhaton, Patih Raja Purwadinatha Nagara taksih wonten ing pagelaran amatah-matah ingkang badhé katumutaken dhateng nagari ing Bali, andhérék lampahipun Prabu Sangkan, Arya Banyak Supatra sampun dhinawuhan, sadaya sami kakapalan, kathahipun watawis saleksa. Prabu Sangkan sampun bidhal lajeng saking pasowan kémawon, ingkang sowan sampun sami bibaran.

Kacariyos ingkang amara tapa ing rēdi Lanang, Panembahan Suwigya Sidik, Pandhita gentur tapanipun awas paningalipun sampun angraga suksma. Sang pandhita kagungan wayah sakawan, ingkang sepuh: anama Radén Kuda Amongsari. Ingkang rayi: anama Radén Kuda Jayéng Asmara. Ingkang rayi malih: nama Radén Kuda Jayéngrésmi. Ingkang aném pisan anama Radén Lembu Pangarsa. Wayah sakawan sami sanget ing tapanipun, punapa ingkang dados pitedhahipun ing Éyang: dipun lampahi. Mila priyantun sakawan wau sakalangkung sekti-sekti. Panuju sami wonten ing ngarsanipun ingkang Éyang, sami nyuwun dhawah, saréhning sami sakalangkung anggénipun badhé kapanggih kaliyan sahdérék sepuh ingkan ical boten kantenan, Sang Pandhita angandika, putuningsun saiki wis mangsané, tutug ing jangjiné. Sira bakal padha katemu lan kakangngira. Putuningsun papat



pisan ing samengko padha tumuruna saka ing gunung. Aja sira padha dhe[160]men ing gunung. Dudu bubuhanira, mapan ing mangko sira wis padha guna sekti. Ing kéné ana nagara, dén arani ing Galuh. Kang jumeneng Rathu: Widadari. Ananging ing mengko wis krama oléh Rathu luwih sekti, kéringan ing satanah jawa, bisa amor kang dudu bangsané, lan amor ing agal alus, sarupané kang ana: padha wedi. Jin Parayangan lan Dhedhemit padha angrathu kabéh. Putuningsun kabéh, sira angawulaha marono. Ing kono margané sira katemu lan kakangngira, wayah sakawan sami nyembah matur sandika, nyuwun pamit sampun linilan, lajeng sami ngabekti sumungkem ing suku, angusapi lebu dalamakkan, cantrik kakalih andikakaken tumut, Sang Pandhita ngandika malih, wis putu, sira mangkata, muga padha nemu salamet, lajeng sami mangkat, patapan sampun kapengker. Boten kacariyos lampahipun wonten ing margi, sampun dumugi nagari ing Galuh. Satriya sakawan sampun sami lumebet ing nagari.


Sang Natha panuju miyos, pepak kang para Punggawa, Patih Raja Purwadinatha Nagara wonten ing ngarsa dalem amunjukakaken utusan saking pabarisan sampun andikakaken majeng ing ngarsa. Utusan nyembah munjur: kawula nuwun Gusthi, abdi dalem pun Banyak Widhé kami purun angaturaken sembah, konjuk sangandhaping sampéyan dalem, kaping kalihipun abdi dalem angunjukaken paka[161]baranipun mengsa. Para Bupati Bang Wétan sami pakumpulan sadaya, iyeg badhé angrisak nagari dalem ing Galuh, awit boten wonten purun anganggep ing karaton dalem, ing punika: Gusthi, abdi dalem pun banyak Widhé sumongga ing karsa dalem namung anerang ingkang dados dhawah dalem, Sang Natha angandika, kongkonan sira dhawuhna marang bocah Ingsun si Arya Banyak Widhé, mungguh prakara iku, ing samengko Ingsun lagi nganténi lakuné kongkonaningsun kang angawa layangngingsun dhawuh marang Adipati ing Bali. Ana déné mungguh pawarta iku, yén dhasar tetep kaya mengkono karépé wong Bang Wétan bocah Ingsun padha aja ana nglawani perang, padha mundura anglawanana prang lérés baé. Mungguh dimén padha galak anarkaha yén Ingsun wedi, legané atiningsun, dimén padha teka ing nagaraningsun, poma: sira dhawahna marang bocah Ingsun si Arya Banyak Widhé, diwaratakna sakancané




kabéh, utusan nyembah munjuk sandika. Sampun mundur saking ngarsa dalem lajeng dhateng pabarisan lampahipun gagancangan.

Sang Natha angandika, Bapa Patih Purwadinatha Nagara, si Banyak Widhé iku becik-becikké sira bantonana kancanira kang prayoga, supaya aja nganti tiwas, Patih nyembah munjuk sandika. Sanalika lajeng dhadhwah, amatah ingkang badhé kalampahakaken dhateng barisan sarta mawi titindhih. Ingkang anyénapaténi lampah: Raja Ka[162]kalih. Para Bupati tanah parêden ingkang nyénapaténi: satunggil, para Bupati tanah ngaré ingkang nyénapaténi: Pangéran Sumedhang. Sarêng sampun rumantos lajeng sami bodhol saking pasowan kémawon, Sénapati kakalih sami angabekti ing Sang Natha, sumungkem angusapi lebu dalamakkan, kaparingan pangésttu, mundur saking ngarsa dalem lajeng mangkat sabalanipun.


Tumunten kasaru gégér ing peken, wondénten ingkang dados gégér, awit sadhatengipun satriya sakawan ingkang saking rēdi, ing ngiring cantrik kakalih. Saréhning sakawan sami bagus-bagus adamel gégéring para éstri. Pating baleber. Ingkang saking éler: mangidul, ingkang saking kidul mangalér, ingkang saking kilén mangétan, ingkang saking wétan mangilén, jalér éstri sami aningali dhateng satriya sakawan ingkang énggal katingal warninipun bagus-bagus, réncangipun para Bupati tuwin réncangipun para mantri, ingkang sami sowan ing pagelaran sami mlajeng-mlajeng tumut aningali, orêg ing pasowan, Sang Natha kagét angandika dhateng Patih, Bapa Purwadinatha Nagara, ana apa ing pasar wong padha pating baleber lanang wadon swarané gumuruh, pariksanen, sira lumakuwa dhéwé: Bapa, bokmanawa ana telikking mungsuh, tiyang ingkang sami aningali, mirsa yén Kyai Patih dhateng, sami piyak sadaya, andhodho[163]k sakiwa tengening margi, atap jalér éstri sami rēbat ngajeng. Patih sampun kapanggih kaliyan satriya sakawan ingkang adamel gita, sanget éraming manah ningali bagusipun, satriya sakawan pasang semunipun mémpé sang Natha. Alon apitakén: anak kula pitakén: jengandika ing pundi, Radén alon amangsuli, kula tiyang saking ing rēdi jaler, putunipun Bagawan Suwigya Sidik, Patih apitakén malih, milanépun anak lumebet ing nagari, punapa wonten karsanépun kang prelu, Radén



amangsuli, paman mila kula lumebet ing nagari, manawi katampén kula sasadhérék tiga punika badhé manakawan dhateng Sang Natha, awit saking pitedahipun Éyang Panembahan Suwignya Sidik dipun dikakaken sami sinau tapa salebetung nagari, Patih amangsuli, yén makaten anak kapasang yogi, sabab ing dinten punika Sang Natha anglerési miyos, kula mangké lajeng munjuk dhateng Sang Natha. Ananging bilih dipun dangu ing nama, pun anak sinten sinambat, Radén amangsuli, manawi wonten ingkang sudi mastani, nama kula pun Kuda Among Sekar, adhi kula punika nama Kuda Jayéng Ngasmara, adhinipun nama Kuda Jayéng Rêsmi, adhi kula ingkang ragil nama Lembu Pangarsa. Wondénten tiyang kakalih punika, ingkang sami momong ing kula, ingkang satunggil anama pun Jaga Wacana, satunggilipun nama Jaga Wasitha, Patih amangsuli, ing[164]gih sampun anggér, hi jengandika kantun sakedhap, kula munjuk Sang Natha, Patih lajeng wangslu dheteng pasowan, dumugi ngarsa dalem nyembah munjuk: kawula nuwun, sampun abdi dalem kautus mariksa ingkang dados gégréipun ing peken, wonten tiyang énggal kathahipun sakawan taksih sami nénéman sadaya, réncangipun kakalih, pinangkanipun saking rēdi jaler, sumeja sami badhé ngawula ing sangandhaping sampéyang dalem, Sang Natha angandika, iku: Bapa: manawa telikking mungsuh momor, Patih nyembah munjuk: kawula nuwun, saweg pandunipun abdi dalem kados-kados dédé, Sang Natha alon angandika, Bapa, yén sira ora anduwéni sumelang marang bocah kang bakal suwita iku, timbalana ing ngarsaningsun, Ingsun karsa weruh rupané, Patih nyembah munjuk sandika. Mundur saking ngarsa dalem, boten antawis dangu dumugi ing peken sampun kapanggih kaliyan priyantun sakawan andhawahaken timbalan dalem: anak sakawan pisan hi jengandika tinimbalan ing Sang Natha, Radén matur sandika, kérid dhateng Kyai Patih. Lampahipun sampun dumugi ing pasowan tumunten majeng dhateng ing ngarsa dalem, priyantun sakawan sami lengkah tumungkul wonten wingkingnging Patih. Ingkang wonten ing pasowan sami cingak sadaya aningali priyantun sakawan ingkang saweg dhateng, warninipun sami memper Sang Natha, bagus-bagus boten wonten kang winaona[165]n, Sang Natah sarêng aningali priyantun ingkang sakawan dhateng, kagét sanget kumepyur, sarta ngandika lebetung galih, bocah iki kapat pisan rupané padha memper




Adhi Mas, pasang semuné: solah bawané: ora géséh sarambut, mokal temen Adhi Mas padha temen tekaha ing kéné. Mongko pangakuné bocah saka gunung Lanang. Luwih adhoh gunung Lanang lan ing Jenggala. Apa madha rupa baé, Sang Natha kumembeng ingkang waspa, énget ing rayi ingkang tinilar wonten ing nagari, Radén sakawan sarêng aningali dhateng Sang Natha, osikking galih sami kaliyan Sang Natha, Rathu iki memper temen Kakang Prabu. Yén Kakang Prabu, kamokalan temen awit luwih adhoh nagara ing Jenggala saka ing kéné. Lan maningngé sapa kang ngangkat jumeneng Natha ing nagara kéné. Dhék lolos saka nagara: ora anggawa bala, lan kang dadi galih: amungka mulyaning kapatén, kamokalan lamun karsa ajumeneng Rathu. Apa ana Rathu kembar lan Kakang Prabu, Radén sakawan sami tumungkul marêbes mili, énget dhateng ingkang raka, Sang Natha alon ngandika, kapat pisan padha bagéya, satekanira ing ngarêp Ingsun, lan ingsun takon marang sira, ing ngendi pinangkanira, lan sapa aranira. Sira padha arêp angawula marang Ingsun sapa kang aweh pitudhuh Radén munjuk sarwi anyembah, kawula nuwun, manawi panjenengan dalem andangu dhumateng abdi dalem tiyang saking ing rédi ja[166]ler. Mila abdi dalem kalampahan dumgi ing ngarsa dalem ingkang asuka pitedah: Éyang Bagawan Suwigya Sidik, manawi panjenengan dalem angarsakakén abdi dalem sami sumeja angawula amana kawan ing sangandaping sampéyan dalem, ananging abdi dalem punika ingkang wau saking nagari Jenggala. Mila sami dumugi ing rédi jaler, sumeja ngungsi patakénan dhumateng Kanjeng Panembahan awit abdi dalem kaécalan sadhérék sepuh. Nama kawula ingkang sudi mastani, pun Kuda Among Sekar, abdi dalem adhi kula punika awsta Kuda Jayéng Asmara, anggénipun munjuk déréng ngantos dumugi, Sang Natha selak kawratan tresna, supé yén saweg sinowan namung kétang welas sarta sanget dhateng ingkang rayi-rayi, tedhak saking dhampar kancana, ingkang rayi rinangkul gentos-gentos Sang Natha sarwi amuwun akathah-kathah ingkang pangandika. Tiyang ingkang sowan sami ébah, sanalika Sang Natha énget yén sinowan lajeng wangsul pinarak ing dhampar kancana, ingkang rayi dipun kanthi, sami sumungkem ing suku, anangis kados éstri, kathah-kathah sambatipun, ingkang sowan sami tumungkul sadaya tumut marêbes mili, sami ngerês manahipun mirêngngakén sasambatipun satriya sakawan, Sang Natha samanten



ugi, boten pegad wedaling waspa. Séwu boten nyana: yén ingkang rayi sami nusul, Sang Natha mingsek-mingsek sarwi ngandika, wus yayi, padha sira menengnga, kabéh iki saka ing karsaning Dé[167] wa, sira lawan Ingsun padha darma anglakoni, ingkang rayi sampun sami tata lenggah ing ngarsa dalem, Sang Natha alon angandika, Bapa Purwadinatha Nagara, iki anakkira, adhiningsun kang kari ana ing nagara Jenggala, padha nusul anggolekki Ingsun, Patih nyembah munjuk nuwun, pun Paman angaturi kawilujengan, Radén sakawan sami amangsuli, sanget anarima sih pamujinipun Paman, Sang Natha tedhak saking dhampar, kondur angadhaton, ingkang rayi sami nyuwun kantun kéndel ing pasowan Sri Manganti. Sang Natha lajeng lumebet ing kadhaton, para garwa methuk ing palataran, Rathu Ayu sampun kinanthi ing raka natha, lajeng dhateng ing dalem prabayasa, pinarak akaliyan garwa Rathu Ayu, ing ngadhep para garwa sadaya, Sang Natha alon ngandika dhumateng ingkang garwa, Adhi Ajeng, aku awéh weruh ing kowé lan ing bojoku kabéh, adhimu kang kari ana ing nagara Jenggala, nusul ingaku: anggolékki, anasak alas lumebu ing guwa: munggah ing gunung: tumurun ing jurang, panganggoné nganti padha rusak, ing samengko padha kari ana ing paséban Sri Manganti, Rathu Ayu nyembah matur, punapa amawi kantun ing pasowan Sri Manganti, Sumakéyan kang jumeneng Natha, kang rayi padha teka kandhev ing Sri Manganti, [168] Lurah Kaparak kautus animbal, nyembah mundur saking ngarsa dalem, dumugi ing pasowan Sri Manganti: nyembah alon aturipun: Gusthi, panjengan dalem sami ngandikan ing Bok Ayu dalem Kangjeng Rathu Ayu, Radén matur sandika, kérid ing Lurah Kaparak, cantrik ingkang sami kantun ing jawi, sampun binekta dhateng daleming Patih, langkung sinuba-suba, Radén sakawan sampun lajeng kairid lumebet ing dalem prabayasa, Rathu sakawan sami methuk ing paringgitan, Radén ingkang sepuh lajeng déning ingkang Bok Ayu Rathu Kancana, Radén sakalangkung ajrih, pineksa déning kang Bok Ayu, boten montra yén sadhérék ipé saweg kapanggih, para Rathu sami kumraket kados sadhérék tunggil saibu rama, Kanjeng Rathu Ayu angandika sarwi ngawé, Adhi Mas padha majuwa baé, aja kowé sumelang. Mungguha ing dhuwur, aja lungguh awor batur, Radén kalangkung ajrih, tumungkul konjem ing siti, Sang Natha angandika, Adhi Mas padha munggaha, di kon ing Bok Ayumu, Rathu Kancana



sampun tampi pasemon lajeng tedhak, ingkang rayi cinandhak astanipun pangandikanipun: Adhi Mas aja wangkal, ayo padha munggaha, Radén sakawan sampun sami minggah, Sang Natha angandika, Adhi Mas padha ngujungnga, kalané ana ing paséban durung nganti ujung, Radén majeng angujungngi ingkang raka Sang Natha, sakawan gentos-gentos, lajeng ngabekti [169] dhateng ingkang Bok Ayu lajeng Rathu Ayu. Rathu Ayu alon angandika, kang rayi dipun rangkul jangganipun: Adhi Mas kowé wus padha anemu begja banget oléhmu anggolékki sadulur tuwa, katemu mukti jumeneng Rathu, Sang Natha dhawah dhumateng ingkang garwa, Adhi Ajeng, panganggoné adhimu wis padha rusak, awit wis lawas anggoné padha ana ing alas lan ing gunung. Ing mengko padha paringngana pasalinan. Rathu Ayu matur sandika, lajeng dhawah dhateng ingkang rayi Rathu Inthen Hapsari. Sampun acawis agem-mageman kawan pangadeg saupacaranipun Raja Kaputran, Radén sakawan sampun sami salin agem-mageman, dhasar satriya bagus-bagus saé panganggénipun saya wewah bagus kados Déwa andharat, tiyang ing kadhaton kathah sami kayungyun punapa déné ingkang Bok Ayu sadaya sami asih kados sadhérék tunggil ibu rama. Rinten dalu Radén sakawan tansah wonten ngarsanipun ingkang raka, sami anelasaken kangen, rorонcénipun boten kacariyosaken, Sang Natha sampun dhawah dhateng Papatih, andikakaken adamel padalemanipun Radén sakawan, boten antawis lami sampun dados, rakit-rakiting padaleman langkung déning prayogi, sakawan sinami rérèngganipun, saking sageding Patih Raja Purwadinatha Nagara, Radén sakawan sampun sami kakramékaken dhateng ingkang raka, Radén kang sepuh kakramékaken angsal putri sa[170]king Banthen Radén panengahpinaringan putri saking Jakartha, Radén Sumendhi kaparingan putri saking ing Pajajaran, saha sami binektanan Raja Brana, tuwin pinaringan réncang éstri, punapa déné pirantosipun tiyang dadalem, kala ing dinten satunggil Radén sakawan sagarwanipun badhé angelih padalemanipun piyambak-piyambak saréhning sampun lami anggénipun nunggil ingkang raka wonten salebetung kadhaton, sadaya sampun sami cumawis, para réncang éstri pating baleber sami ngusung-ngusungngi, utawi ing jawi Patih Raja Purwadinatha Nagara sakancanipun Bupati: Mantri: pepak sadaya, sami sowan ing pagelaran,




tuwin ing alun-nalun gamelan pating jalenggur, punapa déné umbul-lumbul lalayu sami anjajari sakiwa tengening margi, dumugi ing padalemanipun Radén sakawan, tiyang ningali jejel atap pipit.

Sang Natha akaliyan ingkang garwa sadaya sampun dandos, panganten sakawan sampun mangkat saking kadhaton kairid dhumateng ingkang raka. Para Rathu sami wangslul ing kori Sri Manganti. Sang Natha lajeng tedhak dhumateng ing sitinggil sampun pinarak ing dhampar kancana: wonten ing bangsal witana. Patih sakancanipun sampun sami ngandikan minggah ing sitinggil, Radén sakawan wonten sakiwa tengening dhampar, ajojodhon lenggha tumungkul kados konjem ing siti, Sang Natha alon angandika, Bapa Purwadinatha Nagara, sira [171] lan sakancanira padha ngaterna anakkira, Patih nyembah munjuk sandika, ingkang rayi lajeng sami ngujung sadaya, sarêng sampun sami ngujung: lajeng sami mangkat, Patih sampun anyaosi titihan tandhu: jempana: joli, tuwin titihan kapal, Sang Natha tedhak saking dhampar: lajeng kondur angadhaton, pangantén éstri sampun sami nitih joli, pangantén kakung sami nitih kapal, Patih miyah para Bupati sadaya anggarêbeg ing wingking, sawenéh wonten ingkang anjajari ing ngajeng, tuwin angurung-ngurung sakiwa tengen, tiyang ingkang ningali kathah sami kédanan dhateng bagusipun Radén sakawan, ing margi boten kaucapaken, sampun sami dumugi ing dalemipun piyambak-piyambak, Patih Purwadinatha Nagara sampun amatah kancanipun Bupati: tugur ing dalemipun radén sakawan laminipun kawandasa dinten kadhawahan sami amajangangan, rinten dalu gamelan pating jalenggur.


Kacariyos tiyang ing Bang Wétan ingkang saweg sami pagineman badhé anggecak ing Galuh. Engénipun pakumpulan wonten ing Lumajang. Ingkang dados gugunungan Adipati Déwa Suksma ing nagari Bali, ingkang akadhaton i – Kalungkung, sakalangkung prakosa, dedegepun ageng inggil sakalangkung sekti tanpa timbang. Tiyang ing Bang Wétan sami angrathu sadaya, awit saking ajrih dhateng kasekténipun, namung Dipati ing Balambanggan tuwin Dipati ing Pasuruhan ingkang dipun éringngi [172] dhateng Dipati ing Bali, liya saking punika sadaya sampun prasasat kagegem ing épék-épék, Dipati




tuwin Demang: Ngabéi: Rongga: Kandhuruwan ing Bang Wétan miwah tanah tengahan tuwin bang kilén sami pepak wonten ing Lumajang sadaya. Ingkang dados pangejengnging tanah Bang Wétan Adipati ing Lumajang ingkang dados pangajengnging tanah tengahan sadaya: Adipati ing Balabangngan, ingkang dados pangajengnging tanah bang kilén sadaya: Radén Arya Wira Nagara, Adipati ing Pasuruhan, sadaya wau sami turun saking Keling. Wondéning ingkang tinaros-taros dhateng Prabu ing Kalungkung, namung Adipati ing Balambangngan anama Radén Panji Sanjayaningngrat, sabab wicaksana ing pikir, sarta sampun misuwur kadigdayanipun, mila ingkang dados patarosanipun para Bupati sadaya, namung Panji Sanjayaningngrat, ing nalika sami pakumpulan wau, Prabu ing Kalungkung alon angandika, sanak-sanak para Bupati ing bang kulon apa déné ing Bang Wétan lan ing tengahan yén sembada: aku padha rabékna, sinambi angrata nagara, supaya Gusthi Prabu Banjaransari yén rawuh, ing nagara Jawa kabéh uwis saka temuwa rata, dadi oléh kabecikkan marang Gusthi. Ananging pawartaning akéh, ing samengko Gusthi wis séda ana sajroning Guwa. Pawarta iku wis talanjer, mulané saiki aku rabékna, oléhna Rathu ing Galuh. Sabab kang Rathu ing Galuh iku Widadari angluwihi déning se[173]kti, prajurité wolungatus, iku Widadari kabéh, lan padha sekti-sekti. Déné bésuk sanak-sanak para Bupati kabéh padha rabiya Widadari. Iba kéting widadari wolungatus, bener-beneré sawijining Bupati bisa wayuh nyapuluh, atawa ngrong puluh. Lan padha seksénana, yén kalakon aku bisa katemu karo Rathu Ayu ing Galuh, anjalukka kang anéh-anéh, dak turuti sakarépé, saking lega-leganing ati, radén Panji Sanjayaningngrat alon matur, ing sapunika Rathu ing Galuh sampun krama, angsal sinatriya, anama Daniswara, kabaripun sakalangkung déning sekti, tuwin awas ing paningal boten kéging dipun raosi, sarta kathah balanipun sami lulut asih sadaya, manawi amanggih damel sami anglabuhi, boten wonten ingkang sulaya, awit saking sih tresna ing Gusthinipun, Prabu ing Kalungkung angandika, iku banget andadékaké panasing ati, sabab ora patut lan ora bobot, kang aran Daniswara iku: wartané: turuné wong cilik malarat mongka oléh Rathu gedhé lan Widadari, iku banget anyurémaké jagad, beneré oléha aku patut, sabab padha turuning Rathu: dadi padha. Kayata kang jeneng Daniswara iku, wong cilik rabi Rathu gedhé, pasthi dhéwékké




jumeneng Rathu, kapriyé oléhé patut, dadi yén mengkono: nagara ing Galuh iku saking larangnging wong lanang. Iba-[174]iba weruh wong kaya aku, pasthi banjur padha kédanan, yén sanak-sanak kabéh padha rémbug ing Galuh arêp dak lurugi. Pira banggané wong tanah kulon, mongsa nganti yasa dina, destun kanggo salingsir. Apa sanak-sanak para Bupati padha wedi mungsuh lan wong désa, Radén Panji Sanjaningnrat alon matur, kakang mas, sampun sampéyan mesthék-mesthékaken, paribasan janma tan kena ing ngina, sadaya sami titahing Jawatha. Dédé para Bupati kémawon ingkang dinamel, sanajan sikep inggih ugi dadamelaning Jawatha. Kados kang nama Daniswara wau, yén botena sampun linilan ing Déwa, kamokal lan saged kados makaten, kalih dénten kakang mas kasebut ngrisak pager ayu, tujuwaning ngrebut putri ana ing wawengkoné dhéwé, kamirêng ing tanah sanés nistha. Éwa sapunika manawi kakang mas karsa krama sayektos mongsa kirangnga putri ayu, ngupados dhateng nagari sabrang, manawi wonten Rathu gadhah putri ayu, sumongga sami dipun lamar, yén boten suka, sami linurugan ginitik ing perang. Kamirêng ing tanah sanés dados boten nistha, malah kawentar sarta amewahi kaluhuran, manawi anglurugi nagari ing Galuh, punika kula boten angrembagi. Ingkang sapisan wewengkon ing tanah Jawi piyambak kaping kalih ingkang kakarsakaken sampun gadhah bojo, dados kalebet anganiaya, Radén Ariya Wira Nagara anyambungngi atur, kula nuwun, a[175]turipun Adi Mas Panji Sanjaningngrat punika lerês sadaya, mugi kagaliha, sampun ngantos ing wingking manggih ingkang boten saé, Raja ing Kalungkung angandika, tegesé: si Adhi iku saking padha wediné. Apa ingkang winedénan, mungsuh perang lan wong alan-alan turuné wong anggaru maluku, Bupatiné padha turuné wong turuné wong gorékkán, wong ngécilik padha turuné wong andhuduk gangsir. Sabab iku kaya upamané geni. Yén ora siniram ing banyu, manawa ngombra-ombra. Mulané énggal arêp dak lurugi, supaya aja nganti mraman, Radén Arya Wira Nagara matur, boten susah kakang mas anglurug. Mongsa wandéya dipun lurugi, sabab sapamirêng kula: ing tanah Jawi badhé kawardin sadaya, Adipati Saosragi Nyambungngi atur, kula nuwun, ing Kedhu: Pagelén tuwin ing Thoyamas sapangilén sapangidul sampun sami sowan dhateng ing Galuh sadaya, namung kantun ing Bang Wétan ngriki ingkang déréng



sowan, mila kabaripun ing ngriki sapanunggilanipun badhé kawardin, malah pangajengngipun Adipati ing Saosragi déréng ngatos dumugi, kasaru géger ing jawi, para Bupati ingkang saweg pirémbagan sakalangkung kagét, anunten ingandikakaken antawis dangu ingkang kautus wangsul dumugi ing ngarsanipun [176] para Bupati, nyembah alon matur, kula nuwun, ing ngandikakaken mariksa, ingkang dados gégeripun ing jawi. Wonten utusan saking nagari ing Galuh, amundhi seratipun Rathu ing Galuh, sarta ambekta dadamel, Radén Arya Wira Nagara angandika, ora goroh ujarku, nginangnga durung abang, gumarubyug wong ing Galuh nuli teka. Nyata ora kena rinasanan. Raja ing Kalungkung ngandika, wekasan kayo bocah cilik si Adhi, akéh-akéh kang rinasakaké, timbalan malebu, ingkang kinéngkén nyembah mundur, dumugi ing jawi sampun kapanggih kaliyan Prabu Sangkan, utusan alon tembungipun: suwawi: i jengandika kaaturan malebet, Prabu Sangkan angandika, apa kowé wis matur marang Ki Dipati, utusan matur, inggih sampun, Prabu Sangkan lajeng tedhak saking titihan, ingkang adhérék malebet namung tiyang kawan dasa sisih, dados sadaya tiyang wolung dasa, sami ambekta sadamelipun tiyang pipilihan sadaya. Wondéning ingkang kathah-kathah sami tinilar ing jawi, sami ngatos-atos ing pakewed, Prabu Sangkan lajeng malebet, sampun kapanggih kaliyan Raja ing Kalungkung, jumeneng wonten ing ngajengan sarwi amundhi serat, ingkang aningali sami éram déné utusan boten purun lenggah, sakalangkung déning kendel, Prabu Sangkan angandika, andhawahaken timbalanipun Sang Natha, Sang Adipati, lakuku [177] iki di utus marang Sang Natha ing Galuh, amundhi serat dalem dhawah marang kowé, lan lumrahna marang sakancamu para Bupati ing Bang Wétan kabéh, serat lajeng kaparingngaken sampun katampén dhumateng Sang Adipati Raja ing Kalungkung. Pecatonda ing ngandika majeng, ing ngandikakaken maos serat, ungeling serat: pénget, layang ngingsun Prabu ing Galuh, Kangjeng Bathara Déwa Natha Raja Kathong Sénopati Alaga Pakuning Alam dhawuha marang sira Adipati ing Bali, kang akadhaton ing Kalungkung, lan sira lumrahna marang sakanca kaléréhanira para Bupati ing Bang Wétan kabéh. Liring layang, ingsun aparing weruh, yén karaton ing Jenggala ing samengko ngalih marang nagara ing Galuh, lan karaton ing Galuh Ingsun becikki, karo Ingsun jumeneng Natha ana ing Galuh.




Sarupaning lelembut Jim Peri: Parayangngan apa déné dhemit satanah Jawa, wus padha nganggep lan angrathu marang Ingsun, mulané ing mengko sira sakancanira para Bupati ing Bang Wétan kabéh Ingsun timbali, padha sébaha ing ngarsaningsun, yén sira ora gelem séba marang Ingsun apa nganti sira Ingsun lurugi, atawa sira manawa duwé karêp anglurugi marang Ingsun iya Ingsun tadhahi. Anangnging nuli anekanana, aja lawas-lawas, yén sira arêp séba marang Ingsun énggal nuli sébaha. Poma-poma: wong ing Bang Wétan padha sira angéstokna sauniné layang ingsu[178]n, sapa-sapa kang maido: amesthi nemu bilahi, Prabu ing Kalungkung: sarêng mirêng ungelipun ingkang serat Wadananipun ambrababak kados raup rah, kumedut padaning lathi, tingalipun macicil jaja kados wora-wari, saking sangeting duka, yén sampuna énget utusan saking ing Galuh kados pinejahan sakal punapa déné Kyai Pecatonda ingkang maos serat kados kasuwék kipingipun, sakalangkung anggenipun nepsu, serat badhé sinuwék-suwék, Prabu Sangkan malumpat serat rinebat sarwi angandika seru, yén kowé arêp nyuwék layang iki, suwekken kulitku dhingin, yén durung pedhot guluku, mongsa kalakono kowé anyuwék layangngé Gusthiku. Yén kowé lanang: mayo rêubuten, karubuten ing perang, dak tadhahi, Kyai Pecatondha sanget nepsu, ngadheg badhé malumpat, cinandhak ing kathah, Ki Lurah: sampéyan énget, sampéyan sipating Bupati, nistha yén mejahana utusan, Prabu Sangkan inggih samanten ugi, cinepengan déning Banyak Supatra, kakang mas Dipati: sampéyan énget, sampéyan saweg anglampahi pangandika dalem kautus ing Gusthi, Kyai Pecatondha apitakén seru, sapa aranmu: wong sesengkan, Prabu Sangkan amangsuli, aranku Prabu Sangkan, ing nagara Galuh ora ana loro. Ya iki anakking Patih Purwadinatha Nagara, kang minongka andel-andeling perang, baba[179]nthengngé nagara ing Galuh, ginawé Wadanuning Bupati. Ing bésuk manawa tempuhing perang, ajaliya amethukaké aku. Ora-orané sira kacuwan, sakarêpmu dak ladéni, Ki Pecatondha sumaur, apa tenggeranamu ing perang, Prabu Sangkan amangsuli, tenggeranaku pare anom nganggo tulis kethék putih. Kowé apa tenggeranamu ing perang, Kyai Pecatondha anyauri, yén ana bandéra atenger tulis buta, iku tenggeranaku, Prabu Sangkan lajeng mantuk kaliyan Banyak Supatra, boten mawi pamitan bidhal saprajuritipun, ing margi sami angatos-satos sakancanipun, ingkang




kantun Adipati ing Kalungkung akaliyan para Bupati ing Bang Wétan sadaya, bidhal telas sami sadinten anglurug dhateng ing Galuh. Umyung swaraning tengara, kados ombaking saganten, wana ingkang katrajang: rêsik kados binabatan, saking agengnging baris samargi-margi angrarayah, lampahipun utusan ing Galuh Prabu Sangkan saprajuritipun katututan déning prajuriting Bang Wétan lajeng acampuh ing perang, ananging tiyang ing galuh anadhahi prang lérés kémawon sinambi alalampah. Sadinten-dinten sami apererangan, laminipun wonten ing margi sampun angsal sawulan, awit ngancik jajahan ing Galuh, ingkang kaambah sami kagégéran.

Kacariyos ingkang pacak baris wonten ing Jagalaya. Ing[180]kang anyénapaténi: Pangéran Sumedhang kaliyan Arya Banyak Widhé. Panuju pepekkan para Bupati sadaya. Pangéran Sumedhang rêmbag anglampahaken utusan angaturi uninga dhateng Patih Raja Purwadinatha Nagara, katuripun ing Sang Natha, prakawis mengsah ing Bang Wétan siyos andhatengngi. Utusan sampun tanpi piweling: nyembah mundur saking ngajengngan, ing margi boten kacariyos, sampun dumugi salebetting nagari, anjujug ing kapatihan, utusan lajeng katimbalan ing ngajengnganipun Kyai Patih, matur salampahipun kautus wiwitan dumugi ing wekasan, Patih Raja Purwadinatha nagara lajeng utusan canthél unjuk ing Sang Natha, angunjukaken saaturing utusan saking ing pabarisan, ingkang kautus mundur, sampun canthél unjuk dhateng Wadana ingkang saos ing Sri manganti, lajeng konjuk ing Sang Natha. Dhawah dalem ingkang sami lagi wonten ing Jagabaya, andikakaken sami mundur, angladosana perang ing sawatawis mengsah pinurih galakka, anarkaha yén ajrih. Utusan saking kapatihan sampun kadhwahan dhateng Wadana ingkang saos yén kados makaten ingkang dados dhawah dalem, utusan mundur saking Sri manganti, lajeng lumampah, dumugi ing kapatihan lajeng sowan ing Kyai Patih, punapa ingkang dados dhawah dalem sampun kadhwahaken sadaya, utusan ingkang saking pabarisan kadhwahan dhateng Kyai Patih, andikakaken nu[181]lak wangslu dhateng pabarisan, dhawah dalem sampun kamotaken ing utusan, utusan nyembah mundur saking ngajengan, ing margi boten kacariyos, dumugi ing pabarisan lajeng lumebet dhateng pabarisan, Pangéran Sumedhang




kaliyan Arya Banyak Widhé: tuwin para Bupati sadaya: panuju pepakkan wonten ing pasanggrahan, utusan majeng, andhawahanké punapa ingkang sampun dados dhawah dalem sadaya, Pangéran Sumedhang lajeng undhang pradandosan, kasaru dhatengngipun Prabu Sangkan kaliyan Arya Banyak Supatra saprajuritipun sadaya, sampun kumpul akaliyan ingkang pacak baris ing Jagabaya, Prabu Sangkan kaaturan lajeng lumebet ing pasanggrahan, Arya Banyak Supatra boten kantun, sampun kapanggih kaliyan Pangéran Sumedhang: sarta akaliyan Arya Banyak Widhé, punapa déné akaliyan para Bupati sadaya. Sampunipun bagé-binagékaken Pangéran Sumedhang awawertos dhateng Prabu Sangkan yén ingkang dados karsa dalem pabarisan ing Jagalaya andikakaken sami mundur lebeting nagari. Prabu Sangkan anyarêngngi, tumut bidhal sarêng sadinten, lampahipun sami Ion-Ionan rérêmbatan lumampah ing ngajeng: dados satunggal, lajeng nyabrang lépen, sarêng dumugi sabrang kilén kasusul dhateng mengsa, lajeng tempuh ing perang ngantos berêg-binerêg, tiyang Bang Wétan sami anumpak kapal, tiyang ing Galuh dharat sadaya, kapal tinuntun kémawon, sami lumampah [182] Ion-Ionan, ingkang dipun kalumuhi tiyang ingkang ngrerêmbag sampun ngantos kasesa ing lampah, dados anggénipun perang wau tiyang dharat mengsa tiyang kakapalan, suprandosipun tiyang Bang Wétan sami ajrih celak awit tiyang ing Galuh sami teguh-teguh, mila namung kinalang kalang saking katebihan kémawon, tiyang wétan angudani pasir: jemparing: towok, ananging boten wonten ingkang anedhasi dhateng titiyang ing Galuh, saking pangéstunipun Gusthi, sarta kathah wuwulangnging Patih dhateng para Bupati tuwin Mantri sapangandhap ingkang sami angguguru dhateng Patih Raja Purwadinatha Nagara, dangu-dangu tiyang Bang Wétan kamuriten sami anyanderaken kapal, tiyang kilén tinarajang, sumeja dipun idak ing kapal, tiyang kilén prayitna: sami dhawah, ramé perang ulet-uletan, kapal satiyangngipun kathah ingkang pejah, tiyang wétan kasoran lumajeng, tiyang kilén lajeng sami numpak kapal ambujeng tiyang Bang Wétan, kasaput ing dalu: kéndel ingkang perang kalihipun sami sipeng ing wana, mengsa tuwin réncang angantosi byar. Sarêng énjang: mangkat alalampah, sinambi perangan, roronganipun boten kacariyosaken, tiyang ing Galuh sadaya sampun dumugi sajawining nagari, lajeng lumebet saprajuritipun sarta para




Bupati sadaya. Tiyang ing Bang Wétan ingkang ambubujung: sami wangsul, tiyang ingkang agagriya caket sajawining nagari, sadaya ngili dhateng salebetung nagari saraja kaya tuwin anak bo[183]jonipun, Patih sampun ngunjukki uninga ing Sang Natha, énjingngipun Sang Natha lajeng miyos sinowan pinarak ing sitinggil ing ngayap para Bupati, ingkang wonten ing ngarsa dalem Patih Raja Purwadinatha Nagara, Prabu Sangkan tuwin Pangéran Sumedhang: Arya Banyak Widhé: Arya Banyak Supatra: sami wonten wingkingging Patih. Sang Natha alon angandika, Sangkan sira Ingsun utus, kapriyé mungguh lakunira, Prabu Sangkan nyembah alon munjuk: kawula nuwun, sampun abdi dalem kautus maringngaken serat dalem dhawah dhateng abdi dalem pun Adipati ing Kalungkung. Abdi dalem kapanggih wonten ing Lumajang, anglerési kalempakan akaliyan Bupati ing Bang Wétan sadaya, ingkang sami karémbag badhé anggecak nagari ing Galuh, amargi sami sanget maiben ing karaton dalem, pun Pecatondha sanget nepsu, dipun rapu dhumateng Panji Sanjayaningnrat, abdi dalem mundur boten mawi pamitan, ing wingking sami mepak dadamel, abdi dalem dipun bujung, amargi-margi perang kalih lumampah. Tumunten kawula ngumpul akaliyan abdi dalem ingkang baris ing Jagabaya, anglerési badhé bidhal mundur. Saréng mangkat saking Jagabaya, mengsa nututi, perang ngantos ruket, saking pangéstu dalem tiyang ing Bang Wétan kaplajeng, abdi dalem sadaya wilujeng, Sang Natha sakalangkung suka amidhanget alon angandika, [184] ing samangko mungsuh ana ngendi, Prabu Sangkan munjuk anyembah, kawula nuwun, ing sapuni mengsa kantun ing margi, kados-kados lajeng anyelakki kitha, Sang Natha angandika, Bapa Purwadinatha Nagara, undhangana bocah Ingsun kabéh, aja ana metu, padha dhedhepa baé. Mungsuh dimen narka wedi, Ingsun purih galakka, Patih nyembah munjuk sandika, Sang Natha tedhak saking dhampar lajeng kondur angadhaton, ingkang sowan sami bibaran sadaya. Sanagari sami angatos-atos kéndel sami boten wonten sabawanipun.


Kacariyos tiyang ing Bang Wétan ingkang sami suka-suka, andugi yén tiyang ing Galuh sami prihatos awit saking ajrih, lajeng anabuh tengara, bidhal sadaya. Sakalangkung agengnging baris, ingkang ngajeng sampun anyawisi pasanggrahan badhé panggénanipun Adipati ing




Kalungkung. Nagari ing Galuh kinepang mubeng, ingkang wonten ing sawétaning kitha: tiyang ing Bali, sakiduling kitha tiyang ing Balambangan saléring kitha tiyang ing Pasedhahan sakiléning kitha tiyang ing Lumajang. Tiyang salebetung kitha sami dhedhep kémawon boten wonten sabawanipun, ingkang sami ngepang: anarka yén suweng. Adipati ing Kalungkung lajeng animbalu para Bupati, badhé kakarsakaken pirémbagan bab prakawising perang. Para Bupati sampun sami sowan sadaya, namung Adipati ing Balambangan ingkang boten sowan dhateng pasanggrahani [185]n Adipati ing Kalungkung, awat-dawat sakit awit manahipun miring, badhé ambalik dhateng ing Galuh, sabab asring nyupena, yén Natha ing Galuh saéstu Prabu Banjaransari, katingal wénté-wéntéyan, Adipati ing Balambangan boten pandung, ingkang jumeneng ing Galuh inggih ugi Gusthinipun lami, Natha ing Jenggala. Mila Adipati ing Balambangan sadinten-dinten angupados margi alampah samun badhé teluk dhateng ing Galuh, rujuk akaliyan tiyang ing Pasedhahan, sabab sami tunggil supenanipun, saben dalu katingal dipun bestani, wonten ingkang winayung-yung, tiyang alit waradin supenanipun sami, kalih dinten kathah ingkang kambah ing gegering, adipati ing Kalungkung ingkang saweg kalempakkan ing pasangrahan angandika dhateng para Bupati, aku saben bengi ngipi, ana sawijining wong teka, pangakuné Natha ing Galuh, jenengngé Prabu Banjaransari, anelukké, nanging aku ora gelem teluk, banjur perang ramé, nanging aku kalah, aku banjur dicekel, para Bupati gumujeng, sadaya sami angaturaken supenanipun, wonten ingkang nyupena ginodhi déning Natha ing Galuh, wonten ingkang nyupena kinunjara, wonten ingkang nyupena teluk sadaya angabdi. Kathah-kathah aturipun, sami gumujeng suka-suka, sadaya éram ing manah, déné titiyang sapabarisan supenanipun sami. Adipati ing Kalungkung angandika, mungguh iku kabéh aja ana ginugu, wus jamakké wong turu ngipi. Pandugaku Rathu [186] ing Galuh iki duwé sétan déné saben wengi ngatoni wong sapabarisan, Radén Wira Nagara matur, kados boten makaten, saweg pamanggih kula, tiyang anglurug nagari ingkang linurungan wau, manawi dhanyangngipun nusupena katingal menang, saéstu badhé unggul, mongka nagari ing Galuh punika salaminipun kinepang, dhanyangngipun saben dalu ngamuk ambestani tiyang ing pabarisan manawi dados pratondha,




kados kula ingkang ing ngajeng wau, Adipati ing Kalungkung angandika, si Adhi anyitikki ati. Yén mungguh penémunipun kakang, Natha ing Jenggala Prabu Banjaransari iku tételané wus séda, mongka ana dhedhemit ngatoni, ngaku Natah ing Jenggala, wus tétéla yén dhemit ngaku-aku. Lan maningngé mungguh wong ngipi iku sok tulak balik, yén katon kalah: wekasané menang. Mulané mungguh iku aja ana rinasa, saiki padha mikira pagawéyaning perang iki baé. Kapriyé, mayo padha rinembuk, lawas-lawas wong cilik akéh mati, dadi tanpa wekas, aja mikir mulih: yén durung bedhah nagara ing Galuh. Kadar wong pira sakutha. Pandugané pun kakang: ora nganti sapanginang: rampung. Dadiya bésuk mulih: yén wis kalakon amboyong putri, dadi rada suka-suka sathithik, Radén Wira Nagara matur, kula boten nyuwawéni, yén perang kasab gedhag gedhig, sabab manah sampun alit, balik rēmbag kula: éca sami nungkul, prayogi kaga[187]lih prayoginipun, yén sageda, menggah tiyang mendhet ulam kénging ulamipun, toya sampun ngantos buket, dados tiyang alit boten karisakan, kalih déten malih konca kirang satunggil tur ingkang dados ugeran, Dipati Balambangngan saweg sakit, para Bupati sadaya asahur peksi, lerés kawula andhérék rēmbagipun Radén Wira Nara, Adipati ing Kalungkung angandika, kapriyé: adhi Wira Nagara. Mungguh rēmbugé si adhi, pun kakang manut baé, Radén Wira Nagara matur, yén andhahar atur kula, prayogi anyaosi serat dhateng Rathu ing Galuh, kadosa serat panantang makaten, sabab Rathu ing Galuh déréng kantenan kajengngipun lumawan ing perang, nungkula karana alus dados boten susah paperangan, ulamipun kénging: boten-boten buket, para Bupati rēmbag sadaya, Adipati ing Kalungkung inggih angrujukki, lajeng andikakaken damel serat, Ménak Panatas ingkang anyerat, boten dangu serat sampun dados, Sura Sasmitha akaliyan pun Sura Santika ingkang dipun utus ambekta serat kabektanana prajurit kakapal lan gangsal atus, serat sampun kaparingaken utusan kakalih mundur: lajeng bidhal saking ing pasangrahan, lampahipun sampun kapanggih kaliyan ingkang lagi kori kitha. Tinakenan utusan sumaur, tiyang ing Bali, kautu[188]s ngaturaken serat ing Sang Natha, ingkang lagi kori kitha: kongkonan ngaturi uninga dhateng Kyai Patih, Kyai Patih lajeng sowan malebet ing kadhaton, dumugi ing Sri Manganti, Candhél unjuk dhateng Nyai Tumenggung. Sampun konjuk ing Sang Natha, Kyai Patih ing



ngandikan kéríd déning Nyai Tumenggung. Sang Natha pinarak ing paringgitan, Patih kaawé majeng, lunggah tumungkul kados konjema ing siti, nyembah alon munjuk: kawula nuwun, abdi dalem ingkang lagi kori sakéthéng wétan angunjukki uninga sangandhaping sampéyan dalem wonten kongkonanipun Adhipati ing Bali, mawi ambekta serat konjuk sangandhapipun sampéyan dalem, Sang Natha angandika, karsaningsun kongkonané si Adipati ing Kalungkung banjur lumebuwa ing nagara sadina iki. Kang bakal Ingsun kon nemoni, Gusthinira Bok Rathu Inthen Hapsari lan Wadana putri papat sakancané. Déné bocah Ingsun para Bupati padha ngadhoha baé, nanging dén padha angati-ati, manawa kongkonan iku ora temen, déné Ingsun bakal manjing sajroné Bok Rathu, Patih nyembah munjuk sandika, mundur saking ngarsa dalem, dumugi ing jawi andhawahi para Bupati, andikakaken sami sowan sarta amirantos sakaprabonipun perang. Para Bupati dhasar sampun lami sami angatos-atos, salaminipun nagari kinepang ing mengsa: sami tugur makajenggan ing alun-nalun, Rathu Inthen Hapsa[189]ri sampun ngagem ageman cara kakung, makutha karajan, agemipun kaprabon ingkang raka kaagem sadaya. Para Wadana putri sakawan sampun nganggé anggé prajuritan sadadamelipun, Prabu Banjaransari sampun lumebet ing sumpingngipun Rathu Inthen Hapsari, lajeng miyos saking sitinggil ginarébeg ing para Wadana éstri saprajuritipun, upacara kaprabon medal sadaya. Sang Natha sampun pinarak ing bangsal witana, Patih ing ngandikan minggah ing sitinggil sampun wonten ing ngarsa dalem, Rathu Inthen Hapsari ngandika, Bapa Purwadinatha Nagara, timbalan kongkonané wong ing Bali. Lebuné ing nagara urung-urungen ing gagaman wiwit saka ing lawang kutha nganti tutug ing paséban, diméné éram sarta wedi, sabab nagara ing Galuh iki diarani ora ana uwongngé, mulané kudhu sadia busananing karaton ing Galuh, Patih nyembah munjuk sandika. Sampun angutus nimbali utusan ing Bali, ingkang kandhev ing kori sakéthéng. Ingkang kautus mundur, boten dangu sampun kapanggih kaliyan utusan ing Bali, lajeng kairid malebet ing kori sakéthéng wétan, kang kéngkénan ing Bali éram aningali kathahipun ing tiyang. Ingkang wau kawastanan boten kathah tiyangngipun, sabab salaminipun kinepang dhedhep kémawon boten wonten sabawanipun, malah sami anarka yén suweng. Sarêng dumugi ing pangurakkan utusan ing Bali



sangsaya éram, lume[190]bet ing alun-nalun aningali sasolahipun para éstri: anjenger sarta sumengerén, dumugi ing pagelaran sumaput panonipun ningali prajurit kumpul angepang. Utusan lajeng kairid ing ngarsa dalem, Wadana sakawan ngepang wonten ing wingking, utusan balerêngngen anggénipun ningali, lengkah celak kaliyan Patih, utusan kakalih nyembah munjuk: kawula nuwun, lampah kawula kautus dhateng Adipati ing Bali, angaturaken serat ing sangandhaping sampéyan dalem, serat lajeng katampén déning Patih. Utusan ing Bali malongo kamitenggengen ningali Kangjeng Rathu tuwin Wadana sakawan, saumuripun déréng aningali Widadari linangkung, Patih nyaosaken serat katanpén déning Rathu Kancana, lajeng winaos, tembungnging serat: péngget, ingkang serat Raja ing Bali. Kang jujuluk Prabu Déwa Suksma, kang akadhaton ing Kalungkung, kang wis anjajah nagara, digdaya ing perang, ing Bang Wétan ora ana loro, temen yén tedhakké Natha ing Janggala, tumekaha marang sira Rathu ing Galuh. Wiyosa, enggonira dadi Rathu iku aja nganti kabacut, yén kena: sira Ingsun éman, sabab dudu turun Rathu, sira turuné wong urakkan mongsa kelara dadi Rathu. Angur sira séléha marang Ingsun, Ingsun kang patut jumeneng Natha, sabab tedhakking Natha, krama oléh Raja Déwi timbang, sabab padha tedhak Rathu. Sira ora timbang oléh Raja Déwi, sira turuning wong mlarat, ing bé[191]suk sira Ingsun rabékaké oléh papadhanira. Mungguh iku pikirén mupung durung metu dudukaningsun, yén sira mopo, dén ngati-ati, gawéya béténg gunung, ora wurung Ingsun unggahi. Yén sira wani marang Ingsun ora wurung Ingsun gempur kuthanira, mongsa ngantiya sajam, wis masthi bésuk ésuk sira Ingsun tumpes saanak putunira, sipat lanang Ingsun paténi, kariya Raja Déwi baé, lan garwanira sakéhing para putri. Poma: dibecik béténgngira lan kapurancangira, jerokna lalarénira, ora wurung bakal Ingsun bedhah. Titi. Rathu Hapsari sakalangkung duka sumerép ijemaning serat, sumpingngipun dhinedet ingkang raka, andikakaken saréh, Rathu Kancana méh boten dumugi anggénipun maos serat awit saking sanget duka, talinganipun kados sinuwék Wadana abrit tingal menceréng kumukus awor sumukking duka, tedhak saking palenggahan nyandhak talempak kaumbulaken dhawahipun katadhahan ing wentis, kaumbulaken malih, udhunipun katadhahan ing jaja. Talempak sampun cinepeng, dangu kaembat-embat lajeng tinugel dados tiga, sarwi




ngandika seru, Bupatiné wong Bang Wétan yén ora kaya Sura Déwathi, dak éman aja agé-agé dol kawanén marang ing Galuh, serat sampun kadamelaken awangsul lajeng kaparingngaken ing utusan sarwi wineling dhateng Rathu Kancana, wis sira muliha, lan warahen Gusthinira, ing samong[192]so-mongsa anekani, sakarépé Ingsun tadhahi. Lan aja anggampangngaké mondhong putri ing Galuh. Yén Ingsun isih urip kaya-kaya ora Kalakon, utusan boten saged matur, kalih déné boten nyana yén manggih gesang, kami tenggengngen boten saged késah. Ingkang sinowan sampun kondur angadhaton utusan kakalih taksih lenger-lenger, unduripun semu isin, Patih Raja Purwadinatha Nagara lajeng dhawah dandos ing perang, tiyang sanagari ing Galuh ébah.

Kacariyos mengsah ingkang angepang nagari ing Galuh. Para Bupati sadaya pepak wonten ing pasanggrahanipun Adipati ing Kalungkung. Utusan ingkang saking nagari ing Galuh sampun dhateng, tinimbalan majeng ing ngarsa, lajeng matur anyembah, kawula nuwun, abdi dalem kautus andhatengngaken serat dhumateng Rathu ing Galuh, inggih sampun dumugi. Ingkang manggihi: garwanipun awasta Kangjeng Rathu Inthen Hapsari. Punika miyos sinowan angagem sakapraboning Rathu. Kadherékaken para Wadana putri sakawan sami ambekta prajuritipun éstri. Saumur kula déréng aningali warni tuwin pratingkah kados makaten, wondéning ingkang nampéni serat awasta Rathu Kancana. Lajeng winaos, Adipati ing Kalungkung angandika, apa ora nepsu ngrungu uniné layang ngingsun, utusan matur, kawula nuwun, sakalangkung anggénipun duka, Adipati ing Kalungkung [193] ngandika malih, iku dhasar Ingsun suprih nepsua, sakarépé Ingsun ora wedi, mara: kapriyé: tutugna, kawula nuwun ingkang nama Rathu Inthen Hapsari katawisipun manawi duka. Tingalipun kados medal lalatu. Ingkang nama Rathu Kancana wau lajeng nyandhak waos kaumbulaken tinadhahan ing wentis, akathahing pratingkah wiwitan dumugi ing wekasan sampun katur sdaya, Sang Adipati angandika, iku banget éram Ingsun déné wong wadon bisa kaya mengkono. Méndah wongé lanang. Samono iku sing lanang apa ana katon, utusan matur, kawula nuwun, abdi dalem boten uningnga, Sang Adipati angandika, Ingsun weruh karépé, mulané ora ngaton sabab wedi marang Ingsun, serat



wawangsul lajeng andikakaken maos, para Bupati sami nyelak amirêngngaken tembungnging serat, péget, layang ngingsun Kangjeng Rathu Inthen Hapsari, Sénapati ing paprangangan, kang sekti angluwihi, prawira: pangiriding prang, jumeneng Papatih ingkang kuwasa, nagari ing Galuh, dhawuh amarang sira Adipati ing Kalungkung. Liring layang, Ingsun wus anampéni, sarta angawruhi, layangngira kang kagawa ing lakuné kongkonanira loro, apa sauniné layangngira Ingsun wus sumurub kabéh. Ana déné sira arêp angrusak nagara ing Galuh, lan anjawat marang Rathu ningsun Prabu Déwi. Kang iku, aja sing Sang Prabu Déwi, slagi para Nyai baé kaya-kaya ora ka[194]lakon yén kapondhongnga déning sira, yén Ingsun durung mati. Yén lakiningsun tuwas ing perang, kabéh padha béra milu mati, tobat yén ngantiya krama liyan, lan maningngé, bésuk apa enggonira nekani. Yén sira ora nekani padha saiki: dudu lanang, lan éman lakunira. Doh kono doh kéné, mongko tutug ing kéné ora wani. Yén sira dhasar wani: énggal mangkata, poma-poma, thi, thi, Adipati ing Bali sarêng ungelung serat sanget anggénipun duka, lajeng dhawah anabuh tengara. Ramé swaraning béri miwah kendhang: bendhé: angklung. Ingkang baris sakidul nagari, tuwin salér nagari, sarta sakilén nagari, punapa déné sawétan nagari, gumrubyug saréng majeng, sami anyelakki nagari. Sarêng celak kasaputing dalu, lajeng sami ngrakit pamondhokan anjathok ing nagari, ambalabar sadaya sami masang dadamelipun.

Kacariyos ing salebeting nagari ing Galuh, para Bupati tuwin para pangajenging prajurit sami sowan dhumateng Patih Raja Purwadinatha Nagara, anyuwun dhawah bab lampahing perang, saréhning mengsa sampun celak nagari, punapa boten dipun wedali, Patih amangsuli alon: kang mangkono iku durung ana dhawuh dalem, sabab Gustimu ora bodho, Rathu digdaya sekti, temen terus ing paningal weruh sadurungngé kelakon, ingering jagad sapolah tingkahé kabeh Gustimu wus uningnga. Wataraku Gu[195]sthimu banget sukané galihé, kinepung ing akéh. Sabab nimbalana: kangélan mongko ing mengko padha séba dhéwé-dhéwé. Ing bésuk ésuk padha pepakka kabéh ana ing paséban, sabab ingkang Sinuhun karsa miyos, lajeng sami bibaran mundur saking ngajengnganing Patih. Énjingnipun para Bupati: Mantri: Demang, Ronggo: Kandhuruwan Pecantondha: Tondha Mantri: sampun




pepak wonten ing pasowan sadaya, Sang Natha sampun dandos sakapraboning perang, Kanjeng Rathu Inthen Hapsari kembar akaliyan Sang Natha angagem prajuritan tuwin para garwa Wadana sakawan saprajuritipun sampun sami dandos namung Natha Déwi boten andhérék sinengker déning ingkang raka, andikakaken tenggo kadhaton, Sang Natha sampun miyos akanthén asta akaliyan ingkang garwa Kangjeng Rathu Inthen Hapsari, pinarak ing pasowan wonten ing dhampar kancana, para garwa wonten kiwa tengenipun Sang Natha, sami tata alenggah ing kursi kancana. Ing pasowan orêg, Kyai Patih tuwin rayi dalem titiga sampun majeng wonten ing ngarsa dalem para Bupati wonten wingkingnging Patih, ingkang sowan sami pating kalesik ajawil-jinawil boten saged aningali warniné Sang Natha, sabab para garwa gangsal pisan warninipun sami akaliyan Sang Natha. Ing sapunika Sang Natha badhé akarsa nimbali Rathuning Jim Parayangngan tuwin Ratuning Dhedhemit miwah Brakasakkan punapa déné ingkang sami Bongsa [196] lelembat sarta Rathuning Bubujengngan wana satanah Jawi sadaya, punika sami angrathu dhumateng Kangjeng Rathu Inthen Hapsari, wondéning ingkang kaparingan panguwasa angrathoni Rathuning manusa, Kanjeng Rathu Suprabawati, Natha éstri ing Galuh, Sang Natha angandika, Bapa Purwadinatha Nagara, bocah Ingsun kabéh padha konen aningsih ana tengen sabab Ingsun karsa nimbali Rathuning lelembat kabéh, tuwin saisining alam kabéh, iku wongngé Gusthinira Bok Rathu Inthen Hapsari, padha ana ing awang-ngawang, sabab arêp padha medhun ora oléh enggon, Patih nyembah lajeng nolih ing wingking, adhawah dhateng para Bupati sabawanipun sadaya, ingandikakaken sami nisih nengen, sasampuning nisih, lajeng Rathu Inthen Hapsari lajeng animbalu para Rathuning lelembat miwah Brakasakkan saisining wana sadaya, lajeng sami anyuwara, jumegur ing saganten kidul tuwin ing rédi Marapi, gumludhuk medal lathu, punapa déné ing **Kuwu Baledhug Kasanga**, miwah ing Pening, ing Rawa Lobang, Rawa Dalem ing Dalepéh, ingkang angker-angker satanah Jawi sadaya: sami mungela sauran awor swaraning prahara angin lésun, mendhung peteng awor angin bumi gonjang-ganjing. Ingkang sami ngepang kéndel boten wonten sabawanipun sami kekes giris panyananipun langit badhé rébah. Sadaya sampun pepak lumebet nagari ing Galuh, kathah




swaranipun pating galerêng pating galero, panjang yén kacariyosna solah bawanipun sadaya, [197] amurih énggaling cariyos rorонcen boten kacariyosaken, sadaya wau sampun sami pepak ing ngarsa dalem, Kangjeng Rathu Inthen Hapsari angandika, wong sanakkingsun kabéh, mulané sira ingandikan marang Kangjeng Kakang Rathu, karsa padha pinundhut gawénira, ilangna mungsuh kang saka ing Bang Wétan iki, sadaya nyembah munjuk sandika, rinten dalu ingkang sami kawula ajeng-ngajeng namung karsanipun kajeng raka dalem Gusthi, sarta sami rumaos badhé gesang yén wonten ayahan dalem, Kangjeng Rathu Inthen Hapsari nyembah matur ing Raka Natha, punika Kakang Mas aturipun abdi dalem sadaya, kawula sumongga ing karsa dalem menggah ing padamelanipun, punapa dénten bubujengangan wana sadaya sampun sami sowan wonten ing ngarsa dalem, Sang Natha alon ngandika, kabéh ing balaningsun manusa, apa sira weruh kang mawa gara-gara angin lésus prahara iki, sadaya sami nyembah munjuk boten wonten sumerép, lajeng kaparingan sipating maripat kawaradinaken dhateng sakathahing Bupati, Satriya tuwin Kaliwon Panewu Mantri sapangandap waradin sabalanipun ing Galuh sadaya boten wonten ingkang kalangkungan sakala lajeng sami uningnga dhateng Rathuning Jim Peri Parayangan miwah Dhedhemit, Sang Natha angandika, Bapa Patih, sira lumrahna sakancanira kabéh, yén ing mengko Adimas-adhimas kabéh padha Ingsun pasrahi gawé, Ingsun adeggaké Sénapati ing paprangan, Adhimas kang tuwa [198] dhéwé anyénapaténana balaningsun wong sajroning nagara kabéh, lan Ingsun paringngi jeneng Prabu Sukasmadi Kusuma, Ingsun kanthéni Bok Rathu Kancana, sapunggawané kabéh, lan wong ing Banyumas sakancané kabéh padha miluwa marang si Adhi, anggitik mungsuh kang ana sawétan nagara. Adhimas kang panengak amyénapaténana balané si Pangéran Sumedhang: sakancané Bupati kabéh, Ingsun paringngi aran Prabu Déwa Katon Sénapati ing paprangan, Ingsun kanthéni Bok Rathu Mayangsari, sapunggawané kabéh, anggitik mungsuh kang ana sakidul nagara. Adhimas kang pandhawa anyénapaténana balaningsun para Patih sakancané Bupati kabéh, lan Ingsun paringngi aran Prabu Sari Langit Ingsun kanthéni Bok Rathu Sarirasa: sapunggawané kabéh, anggitik mungsuh kang ana sakuloné nagara. Adhimas kang wuragil anyénapaténana balaningsun pasisir lér



kabéh, Adipati ing Banthen lan Pangéran ing Jakarta, sapanunggalané kabéh, lan Ingsun paringngi aran Parbu Sénapati Ing Ngalaga, Ingsun kanthéni Bok Rathu Mayangrum Asmaraningrat sapunggawané kabéh, anggitik mungsuh kang ana saléring nagara. Dimén padha sinau perang, si Bapa barêngan lan Ingsun, sadaya sami angéstokakaken ing dhawah dalem Sang Natha angandika malih, wis Adhimas padha sira mangkata, Rathuning lelembut satanah Jawa kabéh padha miluwa, angluhurakén karatoningsun miluwa mangkat sadina iki. Endi kang sakira abot ri[199]kat tulungngana. Déné kang Ingsun gawé Sénapatiné sakéhing buron alas iku, si Nagaraja Tunggul Wulung. Sang Natha lajeng kondur angadhaton, ing jawi lajeng anabuh tengara, ingkang bidhal rumuyin Prabu Sukasmadi Kusuma sapunggawanipun lajeng Prabu Déwa Kathon sapunggawanipun ing wingking Prabu Sari Langit sapunggawanipun, ing wingking pisan Raja Sénapati Ing Ngalaga sapunggawanipun, bala lelembat sapanunggilané anyaréngngi bidhal sami sadinten, ingkang wonten ing awang-ngawang, sami sumyak-sumyak anabuh tengara, gumuruh kados mecahma langit, ingkang sami angepang nagari kagégéran gugup lajeng anabuh tangara, medal saking pamondhokkan, lér kilén kidul wétan sami nata balanipun, Sénapati sakawan sami amendhet enggén piyambak-piyambak angajengaken mengsah ingkang dados bebanipun, ingkang wiwit katitik ingkang kidul kaliyan ingkang wétan ingkang lér kaliyan ingkang kilén sami dipun jagéni dhateng Sénapati ingkang gadhah beban pamurihipun sampun ngantos saged tutulung dhateng ingkang ginitik wau, Dipati ing Kalungkung kaliyan tiyang ing Bali sadaya sampun ngumpul Raja Galéngsong tiyang ing Bandhung sadaya, tuwin tiyang ing Sokawati, miyah tiyang ing Kawis Sasem ngumpul kaliyan Adipati ing Kalungkung, namung Adipati ing Balambangan ingkang boten ngumpul sabab pasangrahanipun wonten sakidul nagari, sampun angajeng ngajeng mengsah piyambak, mengsah kaliyan réncang sami pu[200]runipun sampun ajeng-ngajengan ambalabar ing ngara-ara swara ramé gong béri asauran, bala Jim Peri Parayangan ingkang wonten ing ngawang-ngawang, sami asurak-surak kados angrebahna langit, sanés ingkang wonten ing ngandhap ing lépén ing sendhang, ing séla-séla, ing uwit-uwitan ing dharatan sami jejel kebek sapapranggan boten wonten selanipun ananging mengsah boten wonten sumerêp,




ingkang dipun sumerépi namung bubujengan wana, sami majeng sapontha-sapontha, ingkang anggirékaken tengis kaliyan cicir, ilu-ilu, sami anantang mengsa, mengsa ingkang ningali sami giris, sarta awicanten: ora goroh unining layang sing digawa ing kongkonan anelukaké dék isih ana ing Lumajang biyén. Adhipati ing Kalungkung namung kabujeng ing isin ing batos manahipun sampun gempal aningali kancanipun maléngos kémawon mengsa ing perang kapeksa, awit sampun kapokoh, prajurit ing Galuh gelaripun ing perang sapit urang, Sénapati wonten ing tengah, Jim ingkang sami wonten ing dharat angubengngi Sénapati, ingkang mayungngi ing nginggil lajeng Rathu Kancana, ingkang ngampingngi kiwa tengen bubujengan wana, amor kaliyan bala manusa, mengsa wétan ingkang dipun uningani namung bala manusa, kaliyan bubujengan wana, mila namung katingal sakedhik boten uningga dhateng dhemit ingkang sami wonten ngandhap tuwin nginggil, sabab punika mengsa wétan sami aggregut awicanten: mayo [201] konca aja wedi, mungsuh mung saméné. Lajeng tangled kapanggih sami purunipun, mila sakalangkung ramé, Jim Peri Parayangan tuwin bubujengan wana saréng sami anempuh, ing nginggil peteng dhedhet jawah awor angin lésus, bala ing Bang Wétan perangngipun bingung, boten saged males, bubujengan wana sami anyundhangngi: nyauti: anujahi, tinadahan ing waos badhama: limpung, ingkang wonten ing nginggil sami angrutug séla, ingkang kénging buncur-buncur, séla boten kénging dipun indhani, bala ing Bang Wétan boten kantenan solahipun, kathah ingkang perang kaliyan kancanipun piyambak awit saking bingungipun, panjang yén kaucapna solahipun mengsa ing Bang Wétan, kathah pangangengnging prajurit pejah ing paprangan, wonten ingkang sumeja males malah katiwasan, sakantunipun sami lumajeng, giris ngenes aningali bubujéngan wana sami ngamuk, perang sadinten tiyang ing Bang Wétan pinten-pinten ingkang pejah, sampun kasapihing dalu, sami lumajeng, angungsi ing Gusthinipun, ingkang menang perang lajeng mundur malebet ing nagari, kairing déning bala sadaya, namung Jim Peri Parayangan miyah bubujengan wana sami kantun sajawining nagari, dalu sami anggigila dhateng pasanggrahaning mengsa ngarutuggi séla, tiyang ingkang tilem sadaya dipun dulekki silitipun sakala sami andalinding medalaken rah umbel, wondéning pangagengngipun ing lelembat sami




akasukan gamelan pating jalenggur, anangnging sami boten katingal namung swaranipun kémawon gumeder, mengsaah sami te[202]las manahipun boten wonten rumaos gesang, sami kendel tiyang pabarisan, Adipati ing Balambangngan Radén Panji Sanjayaningngrat manahipun sangsaya gempal panarkanipun ing manah Natha ing Galuh sayektos yén Gusthinipun ing Jenggala Prabu Banjaransari, sabab ingkang dados Sénapati ing perang ingkang rayi Prabu Banjaransari, Radén Panji Sanjayaningngrat boten pandung, saréhning taksih mambek kulit daging, ing sakala dalu punika andadosaken pirêmbag sabiyantu kaliyan Radén Ariya Wira Nagara bahdé teluk dhumateng ing Galuh, namung pakewed anggénipun angupados nargi, dados sami ngredatos, ananging sampun damel serat ingkang badhé konjuk dhumateng Natha ing Galuh, pamanahipun manawi sampun angsal ngupados margi, boten susah rinembag malih, serat lajeng linampahaken.

Kacariyos ingkang lumebet ing nagari, para Sénapati tuwin para Wadana putri: Rathu sakawan sampun lajeng lumebet ing kadhaton, Sang Natha pinarak ing Paringgitan Patih ing ngandikan malebet, sampun sami wonten ing ngarsa dalem ingkang saking ing paprangan angunjukaken pratingkahipun tuwin solah ing mengsaah, Sang Natha sakalangkung suka ing galih, alon angandika, ing mengko wus mangsané ingsun amungkasi perang, sésuk Bapa sira asébaha sakapraboning ngaprang, dén pepak sakancanipra, ingsun bakal miyos ing paprangan, Patih nyembah munjuk sandika, lajeng mundur sa[203]king ngarsa dalem Sang Natha sampun lumebet ing kadhaton, ing dalu boten kacariyos énjingngipun Patih anabuh tengara, ébah tiyang sanagari sampun sami sowan Punggawa Nayaka Bupati Mantri mirantos sadadamelipun, ebér kebek ing alun-nalun, bala Jim Peri Parayangngan ingkang taksih wonten sajawining nagari, animbangngi nabuh tengara, sami dandos mirantos ing perang. Sang Natha sampun miyos saking kadhaton lajeng kémawon bidhal dhateng ing paprangan garwa sakawan wonten ing ngarsa dalem ingkang rayi-rayi sami wonten ing wingking boten tebih, ingkang rayi nyembah sarwi lumampah, kawula nuwun mengsaah ingkang Lér Kilén angoncati, émperipun kados gadhah manah badhé saé, nanging déréng angsal



margi, Sang Natha angandika, iya bener Adhi Ajeng, pandugaku iya mengkono, manawa ana kang éling, saréhning isih padha kulit daging dhéwé, mungguh kang iku gampang Adi Ajeng: katemu ing buri. Kasaru wonten utusan saking Adipati ing Balambanggan amundhi serat, Sang Natha kéndel utusan lajeng kairid ing ngarsa dalem serat sampun konjuk ing Sang Natha, sakalangkung suka ing galih, sumerép wiraosing serat, Sang Natha alon angandika, kongkonan sira matura ing Gustinira, banget panarimaningsun marang Si Sanjayaningrat lan marang Si Wira Nagara, manawa kasawo ing perang. Gén wis rampung perang, énggal sébahá ing [204] Ingsun, utusan nyembah lajeng wangsul matur ing Gusthi. Sang Natha lajeng tindak para prajurité éstri wonten ing ngarsa, Kangjeng Rathu Inthen Hapsari tindak ing awangngawang, nindhihi bala lelembat, mengsaห ing Bang Wétan ngumpul dados satunggal badhé ngantep ing perang, tengara mungel asauran sakalangkung ageng barisanipun tiyang ing Bang Wétan tuwin prajurit ing Galuh, kados saganten pasang, amber ngebekki papan, ing awangngawang kebek déning bala Jim miyah ing dharatan boten wonten selanipun, angin ageng dhateng, baledug ametengngi, peteng dhedhet ing paprangangan, Sang Natha animbali garwa Rathu Inthen Hapsari, dumugi ing ngarsa anyembah, Sang Natha alon angandika, Adhi Ajeng, balamu lelembut tuwin buron alas kabéh padha konen sumingkir, ing paprangangan dén padhangna, gawéné wus padha dak tarima, sabab mungsuh iki dimén aja cuwa oléhé arêp angantep ing perang, supaya legaha atiné, Rathu Inthen Hapsari nyembah alon matur ing raka, Gusthi, mengsaห dalem sami digdaya, wonten sumelangnging manah kawula; yén panjenengngan dalem anyarirani perang, manawi amanggih tiwas sinten ingkang kawula suwitani, Sang Natha mésem alon angandika, Adhi Ajeng dén pitaya marang ing Jawatha, turutén karépku, sabab manawa Rathu perang ngandelaké bala, iku kasebut Rathu nistha, Rathu Inthen Hapsari nyembah matur, manawi makaten ingkang dados karsa dalem kawula inggih sumong[205]ga, namung kalilana kawula andhérék sapejah gesang. Boten antawis dangu sumriwis angin ing sawatawis garwa dalem Rathu Angin-nangin ingkang akadhaton ing saganten kidul rawuh, anyembah sila ing ngarsa dalem, Sang Natha kagét ingkang garwa cinadhak astanipun sarwi mésem angandika, apa ana karépmu: Adhi Ajeng, déné nusul marang




paprangan, Rathu Angin-nangin matur nyembah, mila kawula énggal nusul ing panjenengngan dalem awit mirêng kabar yén panjenengngan dalem karsa anyarirani perang, kawula boten pitados, pinten banggi kawula andhérék labuh pejah, botenipun amung mirsaha kémawon, ingkang garwa rinangkul Sang Natha alon angandika, tisna temen marang aku, satemené aku kalalén déné ora awéh weruh ing kowé, amung pangapura baé Adhi Ajeng dak jaluk, awit saking bingungnging atiku, Rathu Angin-nanging matur sarwi anyembah, kawula nunggil rayi dalem Bok Rathu Inthen Hapsari kémawon, Sang Natha angandika, iya sakarêpmu. Ing nalika punika lelembat ingkang sami angreksa, sadaya nisih ngiwa nengen ing paprangan padhang, Sang Natha kantingal angégla, mengsa wétan Adipati ing Bali saprajuritipun tuwin para Bupati, sami sakalangkung suka, rumaos bahdé kadugén pikajengnganipun, sadaya awicanten: Rathu Galuh iki tibané bilaimu. Prajurit ing Bali sa-Bupati kapiliyan nyatunggal ingkang saé-saé titiyangnga[206]nipun ing Bang Wétan sampun wugu, awasta Pecatondha, Dipati ing Lumajang, kaliyan Singa Lodra tiyang Bali, Macan Pura, sarta Singa Barong, punika sami andel landel ing Bali, dipun kandhékaken Adipati ing Lumajang. Ki Arya Pecatondha lajeng majeng ing perang narajang purun kewawon sarwi susumbar, mayo wongnging Galuh sapa kang arêp mati: amapagna tandangku, Prabu Sangkan putranipun Patih ing Galuh akanthi Banyak Supatra sarta Arya Banyak Widhé, punapa déné Adipati ing Ngonja, Adipati ing Sokapura, majeng ing perang methuk tandangngipun Ki Arya Pecatondha, dhasar sampun endhem mendheman kala ing ngutus maringngaken serat kapanggih wonten pabarisan ing Lumajang, mila Prabu Sangkan sanget pangigit-tigetipun dhumateng Arya Pecatondha, tiyang wétan sarêng uningnga mengsa kilén methukaken tandangngipun Arya Pecatondha, kathah ingkang nusul prajurit gegedhugg ing Bali, wasta Banyak Wilanglung, Kebo Lorodan sarta Maesa Terathé, lajeng caruk ing perang ramé, ruket alintu watang, lintu dhuwung. Mengsa akaliyan konca sarêng surak kados angrebahna rêdi, mengsa wétan ingkang wasta Macan Pura sampun pejah déning Tumenggung Bonjo, kantun Singa Barong, sakalangkung nepsu ningali kancanipun sami pejah, énggal mangamuk, kapethukaken déning Dipati ing Sokapura, ananging karépota lajeng tinulungngan déning Prabu Sangkan [207] akaliyan




Raja Patih, Singa barong sampun kacepeng lajeng kakethok gulunipun, Banyak Wilanglung majeng ngonus dhuwung sarta susumbar, kapethukaken déning Banyak Supatra, ramé waos winaos dhuwung sampun tanpa damel, tandhing sami prakosa, Banyak Wilanglung kasoran sampun pejah, Macan Béwuk akaliyan Maésa Tarathé majeng ing perang, pinethukaken déning Tumenggung Bojonagara, Ki Tumenggung kaebut kalih boten kewedan kalih sampun pejah déning Tumenggung Bojonagara, Ki Arya Pecatondha kalangkung nepsu aningali prajurit ing Bali kathah pejah, tur sami tiyang gegedhug sadaya, Pecatondha majeng ing perang, sarwi onclang waos asusumbar, endi kang jeneng Prabu Sangkan, mayo majuwa papagen tandangngé Pecatondha, aja liya kang nadhahi, ing kéné tandhing sekti padha prajurit, Prabu Sangkan énggal majeng amethukaken tandangngipun Pecatondha, sampun kapanggih sami satunggil lajeng ruket perang arêbat unggul, dangu boten wonten kasoran tandhing sami prajurit suduk-sinuduk waos-winaos, sakathahing dadamel sadaya tanpa damel lajeng sami séléh dadamel angaben karosan junjung-jinunjung, Ki Pecatondha binanting ngantos boten émut lajeng rinebat ing balanipun, tiyang ing Bali lajeng perang kroyokkan, tiyang alit sami alit Bupati sami Bupati, para Bupati kilén sami ngawakki perang sadaya, ramé anggénipun perang, suduk sinuduk pedhang pine[208]dhang, mengsa réncang kathah longngipun, tiyang Bang Wétan kuwur tatanipun awit kathah ingkang pejah, tiyang Balambangan miwah tiyang ing Pasuruan tumut angebyukki angamuk tiyang Bang Wétan, tiyang wétan sadaya sami kagét déné konca piyambak ambalik tumut mengsa, temah aporoh amuk, tiyang Lumajang akaliyan tiyang Gembong tadhal mengsa kuwel ramé udreg gudregan serêg sinerêg bujeng binujung, Bupati kilén sami teguh-teguh, boten wonten dadamel ingkang nedhasi. Tiyang ing Bali sadaya manahipun sampun alit lajeng sami ngumpul sakancanipun tiyang Bali, lumajeng sumeja angungsi gesang. Tiyang wétan sarêng uninga tiyang ing Bali lumajeng, para Bupati saprajuritipun sadaya sami tumut lumajeng asalang tunjang, rêbat gesang, lajeng tinututan kinalang kalang, ingkang saking tengen Radén Kuda Amongrêsmi, ingkang saking kiwa Radén Kuda Jayéng Ngasmara, ingkang tengah Radén Kuda Among Sekar, ing wingking Radén Lembu Pangarsa, ing wingking pisan Sang Natha, akaliyan Patih



Raja Purwadinatha Nagara, Wadana putri sakawan sami anjungkung ingkang rayi-rayi, ingkang tinututan palajengngipun sami bingung, awit marginipun kapepetan kinalang kalang, kinepang ing mengsa, rérépot kathah ingkang kancandhak, tiyang ing Bali sampun katututan, Adipati Kalungkung saréhning sampun kapengkok sumeja ambek pejah, kendel angabani bala, majeng perang malih, tengara bendhé tinitir, surak ramé, awor akaliyan ungeling kapal, [209] Dipati ing Bali angawakki majeng ing perang, sumeja arêrêmon, para Bupati medal kapurunanipun malih, awit Sénapatinipun angawakki ngantep ing perang. Sang Natha amethukaken pangamukkipun tiyang Bang Wétan, garwa kakalih boten tebih akaliyan ingkang raka Sang Natha. Kangjeng Rathu Angin-nangin akaliyan Kangjeng Rathu Inthen Hapsari, tuwin Wadana putri sakawan saprajuritipun sarêng majeng, anjawahi jemparing. Ingkang rayi-rayi para Sénapati sakawan sami anyarirani perang, ingkang katarajang gusis-gusis tiyang wétan risak sadaya, Sang Natha anglepasaken sanjata ranté, lajeng binekta ing ngarsa dalem cinepengen déning ingkang rayi-rayi, Bupati akaliyan para satriya sami anggarêbeg anjagéni, wondéning Bupati wétan ingkang kathah-kathah inggih sampun kacepeng sadaya, ingkang sami anyepeng, Radén Panji Senjayaningrat akaliyan Arya Wira Nagara, sampun tinangsulan sadaya, katur ing Kyai Patih, lajeng kabekta sowan ing ngarsa dalem, Bupati ing Galuh sami anyepengngi tangsulipun Bupati telukkan nyatunggil-nyatunggil, lajeng bidhal kondur lumebet ing Kitha, ginarêbeg déning prajurit éstri kakapalan, salong wonten ingkang anjajari ing ngarsa dalem rayi-rayi dalem para Sénapati sakawan sami wonten ing ngarsa dalem caket akaliyan raka Natha, wondéning boyongnga[210]n sadaya ingkang ngiringngaken Patih Raja Purwadinata Nagara, wonten ing ngajeng pisan para Bupati sadaya saprajuritipun lumampah ing wingking dalem, boten kados mentas perang, émperipun kados Rathu mentas ameng-ngameng, kebek jejel tiyang aningali, sami bingah-bingah Gusthinipun menang perang, pating baleber sami anganggé-anggé, aningali Gusthinipun rawuh saking ing paprangan angsal boyongngan, ingkang adang: tilar dang-dangngan ingkang saweg nedha: tilar ajang, Sang Natha sampun rawuh ing pagelaran lajeng pinarak ing dhampar kancana, Patih ingkang wonten ing ngarsa dalem jajar kaliyan rayi-rayi dalem sadaya, para Bupati wonten wingkingngipun




Patih, Radén Arya Wira Nagara: Bupati ing Pasuruan jajar kaliyan Adipati Sanjayaningnrat sarta Bupati ing Balambangngan, wondéning para Bupati tetelukkan sami wonten ing wingking pisan, ing alun-nalun jejal lubér ambalabar dumugi ing wancak suji sapinggairing alun-nalun ing wingking taksih déréng pedhot ingkang saking paprangangan menang perang. Para Mantri sami mangah-mangah. Sakathahing jajaranan andikakaken sami bagi dhateng para Bupati Satriya Mantri sapangandhap Patih sampun aparéntah ngedum, Sang Natha alon angandika, sakéhé kawulaningsun para Bupati ing Bang Wétan kabéh, kapriyé mungguh pandelengngira marang ingsun, padha sira waspadakna, para Bupati Bang Wétan sami anyembah munjuk saur peksi, kawula nuwun Gusthi, saéstu panjenengngan dalem Gusthi kawula Na[211]tha ing Jengala, abdi dalem sami boten pandung. Bupati ing Bali munjuk: kawula nuwun, mila abdi dalem kalampahan purun mengsaah panjenengngan dalem awit abdi dalem amirêng wartos manawi panjenengngan dalem musna wonten salebetung guwa, ing samangké abdi dalem angunjukkaken pejah gesang, ingkang mugi wontena pangapunten dalem dhawuha ing abdi dalem konca ing Bang Wétan sadaya, Sang Natha alon ngandika, sadurungngé sawusé wus padha ingsun tarima prasetyanira ing ingsun lan padha ingsun apura kabéh kaluputanira, apa déné ingsun karsakaké ana sakarêpira kang mangkono. Padha teka ing nagara Galuh. Saréhning sira iku kabéh padha turun ing Keling, isih padha kulit daging dhéwé. Si Sanjayaningnrat iku putuné Carang Tambuh, Dipati ing Singasari putuné Lembusari, Dipati Pajarakanputuné Jejetan Dipati ing Lumajang putuné Gadchingngan, Dipati ing Prabalingga putuné Rantunan Dipati ing Malang putiné Panesek Dipati Ngantang putuné Pamberêg Dipati ing Magada putuné Pamecut Dipati Nungsa Barong putuné Winata, Dipati ing Purwongga putuné Mandhapa, Dipati ing Bali putuné Kerthala, Dipati ing Sokawati putuné Puntha, Dipati ing Karang Asem putuné Premadé, Dipati ing Bandhung putuné Panji Wulung, Dipati ing Bandhung sijiné putuné Prasontha, Dipati ing Tingal Taun putuné Sutrama, Dipati ing Kembang Kuning putuné Panji Sutra, Dipati ing Madura putuné Braja Natha. [212] Kabéh iku padha tetepa ana nagarané dhéwé-dhéwé, alungguh Bupati kaya lawas, ingsun ora ngowahi, para Bupati sadaya nyembah sami sujud ing ngarsa dalem,




Sang Natha angandika malih, Bapa: sira lumrahna marang kawulaningsun ing satanah Jawa kabéh, yén ing mengko Adhimas kang tuwa dhéwé ingsun deggaké Natha ing **Jenggala**, jenengngé isih kaya lawas **Prabu Sukmadi Kusuma**, amadanani kawulaningsun ing pasisir kabéh. Kang minongka kakaliwoné. Dipati ing Pasuruan lan ing Singasari. Adhimas kang panengak ingsun adegaké Natha ing Pamenang, jenengngé isih lawas Prabu Déwa Aji, amadanani kawulaningsun ing Bang Wétan kabéh, Tandhes ing Bali. Kang minongka kaliwoné: Si Adipati Balambangngan, Adhimas kang Pandhawa ingsun adegaké Natha ing Urawan jenengngé isih kaya lawas Prabu Sarilangit amadanani kawulaningsun monca nagara sapangulon, kang minongka kaliwoné: Si Dipati ing Panaraga, Adhimas kang wurgil ing adegaké ing Singasari, jenengngé isih kaya lawas Prabu Sénapati Ngalaga, tetep dadi kaliwoné Adhimas kang tuwa, Patih nyembah munjuk sandika, lajeng kalimrahaken dhateng para Bupati satanah Jawi sadaya, panuju pepak wonten ing pagelaran, sabab sadhatengngipun saking ing paprangangan lajeng sowan ing pagelaran sadaya. Sang Natha lajeng kondur angadhaton ingkang sowan sami bibar sowang-sowang, Bupati ing Bang [213] Wétan sami aso ing pasanggrahanipun lami.


Kacariyos nagari ing Galuh sampun tentrem lami boten wonten padamelan perang, tiyang alit sami sakéca manahipun mungkul anggénipun sami angupados tedha, tiyang ageng sakalangkung sami mukti sadaya, Sang Natha ing Galuh rinten dalu anggung ulah kamuktén kaliyan ingkang para garwa, lestantun karatonipun kéringngan ing sanungsa Jawi. Lami-lami ingkang garwa sami wawrat sadaya, sarêng sampun mongsa, wawratanipun Kangjeng Rathu Ayu ambabar miyos éstri, Widadari ing Kaéndran kathah ingkang tutulung dhateng ing Galuh. Tengara kathah kang mamirêng saking nagari ing Galuh, ing sawarga warni-warni ungeling tengara, ing ngandhap anyauri ungel gara-gara, ingkang angker-rangker satanah Jawi sami mungel sadaya. Para Rathuning Jim Peri Parayangngan sadaya sami sowan sadaya, ciptanipun lumampah dipun pragata, saréhning Gusthinipun kagungngan putra. Nalika wiyosipun anuju ing dinten anggara kasih, wulan Besar tanggal kaping kawan welas ing taun Jimawal mongsa




kapitu, wuku dukut, sarêng miyos jabang bayi lajeng saged ngandika, ingsun Rathu Ayu kang angeréh sakéhing lelembut satanah Jawa, amomong kang duwé tanah Jawa, kadhatoningsun ing sagara kidul, wondéning warninipun kembar kaliyan Rathu Angin-nangin, lajeng pinangku déning ingkang Éyang Raja Shindula, ingkang wayah dipun kukudang, iki putuningsun satemené [214] ora ana kang mamadha. Rupané luwih ayu, ing sadinané bisa salin warni kaping pitu, lan mungguh sekténé: ora nana kang animbangngi. Putuningsun ora laki-laki, salawasé salamban baé. Bésuk jaman akir ana Rathu luwih sekti sarta kéringgan ing rat Jawa, tuwin ing sabrang, agamané Mukhamad nagarané ing Matharam pusering tanah Jawa, iku bésuk pinasthi dadi jatukramané putuningsun, ingsun paringngi jujuluk **Rathu Pagedhongan**. Pangandika wau sinauran ing geter-water, pratondha yén kinasihan ing Jawatha. Jabang bayi lajeng siniram ing toya géhé déning Bathari Durga, sawabipun toya géhé anggal ageng, sarta boten kénging sepuh, boten kénging pejah, ngantos ing dinten kiyamat warninipun kados prawan kémawon, ing sanalika menggah wancinipun sampun rumaja putri, warninipun anyithak ingkang ibu. Ingkang Éyang Raja Shindula sampun musna, Sang Rêtna sakalangkung kinasihan ing rama ibu, gandes luwes sasolahipun, kaugung sekar sinapun dhumateng ing rama ibu, ingkang momong putri wolungatus, wondéning putri ingkang bongsa lelembat sampun kathah, boten kacariyos menggah ing wiyosipun sadaya sampun sami kaprenahaken piyambak-piyambak, ingkang sepuh anama Jagah Larang, pinarnahaken ing nagari Ngoban, ingkang rayi tumunten anama Sapu Larang, pinarnahaken nagari ing Tunjungbang. Ingkang rayi malih anama Rawangngiran pinarnahaken ing nagari Wira[215]ka. Tumunten Ki Yupung, pinarnahaken ing Guwa Uwas, tumunten Ki Lempang Larang, pinarnahaken ing Nglobok, tumunten Ki Dulek pinarnahaken ing Sawangangan, tumunten Ki Kaluwing, inggih ugi pinarnahaken ing Sawangangan, para putri sadaya kang dipun anggé agami pakuan, wondéning putrinipun Natha ing Galuh wau ingkang tedhah saking Sundha, putra tengahan awasta Radén Tengah. Radén Mesir: Radén Papang Larang: Radén Mundhing Kalangon tiga punika ibu saking Raja Mantri, awasta Rêtna Agung Mundhingsari, Radén Mundhing Dalem kaliyan Sanghyang Ageng, sami putranipun Rathu Kancana, Radén




Dalem Magong: ibunipun saking saking Timbang Nganten anama Rathu Premana, sarêng diwasa: putra wau lajeng pinarnahaken wonten ing Timbang Nganten, Prabu Limacaya: ibunipun awasta Kangjeng Rathu Hapsari, kaprenahaken ing Nglimbangongan. Radén Rongga Mantri: ibunipun awasta Mayang Taruna, pinarnahaken ing Sekar Arum, Sanghyang Jempana ibunipun awasta Rêtna Manik Gumilang, pinarnahaken ing Batu Layang, Sari Rathu: ibunipun awasta Rêtna Prenggi Layar, pinarnahaken ing Batu Wangi, Prabu Aywa: ibunipun awasta Rathu Agang Larang, pinarnahaken ing Pakukuan, ingkang rayi nama Prabu Mudhik Bathara, tunggil ibu, sami saking Rathu Agang Larang, kaprenahaken ing Kawis, putri Rathu: ibunipun wassta Rathu Masturi, ka[216]trimakaken dhateng Radén Lembu Alas ing Ngukur, Sanghyang Wirun tinanem ing Wanayasa, kalih Rongga Sinom, ingkang rayi malih awasta Guru Mida Mantri, tinanem ing Sokawiyana, titiga punika putranipun Kangjeng Rathu Hapsari, sadaya wau tinitah dados putra manungsa, Rongga Pakuwan ajujuluk Sanghyang Sutra, ingkang rayi awasta Prabu Sari, tinanem ing Raja Polah, ingkang rayi malih nama Sanghyang Padurêksa, sami wonten ing Raja Polah, tiga punika ibunipun awasta Rathu Séla Wangi, Radén Kalifa pinarnahaken ing Suci, Radén Sinom pinarnahaken ing Séda Padhang, kakalih punika ibunipun awasta Rathu Thomas, wonten malih putri ingkang saking Rathu Prenggi Lalarsari miyos kakung awasta Radén Mundhing Malathi, ingkang rayi awasta Sanghyang Wirongga, kalih pisan sami atapa wonten ing Mandira Sukma, silih nama Bathara Mika, ingkang rayi silih nama Bathara Malarang, kalih pisan gentur tapanipun sami anurunaken Rathuning lelembat awasta Rathu Demang Bathara, sakalangkung asekti, Radén Kumbang ibunipun awasta Rathu Kancana, pinarnahaken ing Saongan Tungngan, putra ingkang saking Raja Kastari, anama Sunan Duga Élang, katanem ing Mandhala, ingkang rayi anama Rongga Santen, ingkang rayi malih anama Sunan Sindumana, acakal bakal ing Sigaluh, ingkang rayi malih anama Sunan Jaya[217]rêtna, tatanem ing Ciminaka, putra ingkang saking Rathu Sangkan anama Radén Kading Sukakartha, ingkang rayi anama Raja Widara, katanem ing Maja, ingkang rayi malih anama Sunan Tambak Layon katanem ing Tharaju, ingkang rayi malih anama Santhang, krama angsal Rathu Mandhapa, puputra éstri anama Umar Malih, krama angsal Bima



Larang, putra ingkang saking Jampang katanem ing nagara, wonten putra saking wingking, anama Radén Mundhing Singa, wonten malih putra ingkang saking Rathu Ngrumayang Gondhasari, tinanem ing Kadongan, ingkang rayi anama Sunan Cipta Luwih, katanem ing Kadongngé Ramaka, ingkang rayi malih nama Raja Éyang Terustatha, katanem ing Parakkan Tiga, ingkang rayi anama Raja Éyang Bawa, katanem ing Kandhang Wesi, ingkang rayi malih anama Raja Hyang Lunggacana, tinanem ing Cidarma, wonten putra anama Sunan Raja Nawung, ingkang rayi nama Raja Tapa, sami tinanem ing Pawenang, kakalih punika ingkang ibu awasta Kangjeng Rathu Kandhuruwan, wonten putra ingkang saking Bathari Rêsi Putih, panggénanipun ing awang-ngawang, nunggil saprenahipun ing srengéngé, anama Rathu Déwa Guru, ingkang rayi nama Rathu Guru Aji, tumunten ingkang rayii malih nama Déwa Guru Aji Maléla, kaliyan Sang Gejesalun, wonten putra saking Pangéran Sumedhang, anama Rongga Carik ingkang rayi nama Rongga Gedhé, ingkang rayi malih anama Radén Sura Diwongsa, tinanem ing Mendhang [218] Larang, Kangjeng Rathu Galuh Kagungngan putra malih medal kakung, warni bagus cahyanipun manther, Rathu Inthen Hapsari inggih kagungan putra miyos kakung, Rathu kancana inggih kagungngan putra miyos kakung, saréng sami sadinten, anangnging ingkang medal rumiyin putranipun Kangjeng Rathu Galuh, punika ingkang tinitah badhé angratoni ing satanah Jawi, mila para Déwa: tuwin para Déwi: sami mudhun dhateng ing Galuh, akathah ungeling gara-gara, kados kala wedalipun Rathu Pagedhongngan lelembat miyah bubujengan wana sadaya sami sowan dhateng ing galuh, jabang bayi sakalangkung teguh, puseripun tinigas ing samu kawis welad boten pasah, lajeng katigas ing pangotipun ingkang Éyang Prabu Shindula, anama Ponca Karya, sasampunipun tinigas lajeng dipun dusi ing toya géhé dhumateng Sanghyang Pramuni, jabang bayi énggal ageng, lajeng dipun pangku dhumateng ingkang Éyang Prabu Shindula, sarta dipun kudang, putuningsun iki bésuk angratoni tanah Jawa, bésuk sasédané kang rama anggenténi jumeneng Natha ing tanah Jawa, tumeka ing jaman akir, ingsun jenengngaké **Raja Arya Bangah**, jumeneng Rathu akanthi saduluré kabéh, ingkang kadamel nigas puseripun wau kaparingaken dhateng ingkang wayah, andikakaken nyimpeni ingkang saé, Sang Natha




Shindula alon angandika, déné putuningsun pati uripé ana ing pangot kono, mu[219]lané ingsun wasiyataké, basuk yén putuningsun perang, iya iku minongka gagamané, ora ana wong digdaya sarta tateguh, pasthi pasah déning gagaman iku. Anunten dipun sarati, pangot boten katingal, Sang Parbu Shindula angandika malih, bésuk yén wis patang turunan nagara ing Galuh ngalih menyang ing Gunung, ananging isih tunggal windu, yén wis genep sapuluh windu, nagarané rusak Rathuné salin, nagara ngalih menyang loré Caket, sarêng wayah sampun dipun kudang, lajeng kaparingngaken dhateng ingkang ibu, gentos putranipun Kangjeng Rathu Inthen Hapsari kaedusan ing toya géhé déning Déwi Uma, puseripun tinigas samukawis dadamel boten pasah, lajeng dipun tugel dhumateng ingkang Éyang Sang Prabu Shindula, ingkang kadamel nugel Kudhi Sakawayana, pinangku kalih dipun kudang, putuningsun iki bésuk dadi prajurit sekti, saturuné bakal dadi kanthiné kang jumeneng Natha ing tanah Jawa, **bisa manjing ajur-rajér**, lan bisa mabur, ana déné pratapané ing awang-ngawang, dadi Rathuning dhemit anurunaké lelembut, ingsun paringngi jeneng **Maha Raja Sekthi**, amomong marang kang dadi Natha. Sasampuning kakudang lajeng dipun paringaken dhateng ingkang ibu, putranipun Rathu Kancana gentos kapangku dhateng ingkang Éyang Natha Sindhula, sarta dipun kukudang, putuningsun iki bagus sarta pinter sabarang gawé, teguh, rosa, sekti, yén perang bésuk bisa anjunjung gada, atiné gedhé, misuwur ka[220]digdayané, katémpélan Empu Rama, bisa metokaké geni, lan ora gosong di obong, patut dadi kanthiné kadangngé kang jumeneng Natha, kayata upamané kembang ésuk soréné mekar, kaya upamané rêmbulan yén wus mangsané surup bisa dadi tanggal manéh, mangkono uga putuningsun iki, bésuk ing jaman akir bisa mekar maneh, dadi guruning para empu, ingsun paringngi jujuluk **Raja Siyung Wanara**. Puseripun tinigas ing sawernining dadamel boten pasah, lajeng kapancas ing gada kagungnganipun ingkang Éyang, gada wau kaparingaken pisan dhateng ingkang wayah, pangandikanipun: iku bésuk yén perang minongka gagamané putuningsun. Sasampunipun kakudang, lajeng kaparingngaken dhateng ingkang ibu, Natha Shindula lajeng musna boten katingal sarwi angandika, wis padha kariya salamet kabéh.



Kacariyos para putra wau sami énggal ageng sadaya saking sawabing toya géhé, ingkang saking para Jawatha, ingkang rama tuwin ingkang ibu: sami sakalangkung suka, sarta asih tresna, putra tiga sampun sami kuwawi angembat landhéyan, ingkang sami rinathu-Rathu Raja Arya bangah, warninipun kembar kaliyan ingkang rama, tuwin kaliyan ingkang Bok Ayu Rathu Pagedhongngan boten mawi géséh sarambut namung kaot jaler kaliyan éstri kémawon, ingkang rayi kalih pisan sami ajrih sarta asih, angepipun angawula.

[221]Kacariyos Sang Natha ing Galuh, sampun lami anandhang prihatos awit déning nagari sabrang déréng wonten teluk, Sang Natha supé dhahar saré, anggung anenedha ing Jawatha. Anuju satunggiling dinten Sang Natha amumuja, aneges karsaning kang amurba ing paningal, sasampuning ening, ingkang kacipta ing galih: nagari ing Palémbang, katarima ing Jawatha, natha ing Galuh musna saking nagarinipun sampun dumugi ing Palémbang, kapanggih kaliyan Raja ing Palémbang, nuju kapanggih piyambak wonten ing kadhaton, Raja Palémbang sanget kagét ing galih, dipun wastani Déwa tumedhak saking swarga kayanganipun, Raja Palémbang alon matur, punapa sampéyan Déwa, tedhak ing panggénan kula, punapa dipun utus ing Sanghyang Pramésthí, Natha ing Galuh mésem angandika, ingsun ora ngikibi ing laku, ingsun iki dudu Déwa, ingsun iya manungsa kaya kowé mengkono, Raja ing Palémbang apitakén: ing wingking pundi pinongka, sarta badhé karsa punapa, déné angambah nagari boten mawi asuka uninga, Natha ing Galuh angandika, ingsun ingkang ngeréh tanah sawétaning Ngajam kang angepel ing tanah Jawa, déné jenengngingsun Prabu Banjaransari: Déwa Natha: Sénapati Ing Ngalaga: Pakuningrat Jawa, mulané ingsun maréné dhéwé, arêp tatakon ing sira, apa mulané sira ora séba menyang nagaraningsun, mulané teka[222]ningsun ora anggawa bala, karsaningsun arêp perang lan sira, ora susah angadu bala, mundhak angrusak wong cilik, Raja ing Palémbang kagét ing galih, sarta seru anggénipun ngandika, aja sira anglungani, mara diperak maréné, sira diprayitna, tadhahana pedhangngingsun, Prabu Banjaransari angandika, aja kakéyan celathu, kebat sira tibakna, ingsun tadhahané, Raja Palémbang lajeng amedhang, sang Natha ing Galuh dipun pedhang wangsul-wangsul




kémawon wulunipun salembar boten rēntah, kados upaminipun kaca sinosog ing alang-ngalang, malésad kémawon, pedhangngipun Raja ing Palémbang ngantos tugel dados tiga, lajeng nyandhak wangkingngan, Natha ing Galuh sinuduk wangsal-wangsul meksa boten pasah, wangking nganipun Raja Ing Palémbang putung, salin dadamel pinten-pinten, awusana Raja Palémbang ngandika, malesa, yén sira nyata digdaya, Prabu Banjaransari amangsuli, ingsun ora arêp males entekna gendhingmu dhisik, ora-orané ingsun lumayu, sakarêpmu ingsun tadhai, amék kawungkal pikulan maréné, enggonen ngasah pedhangmu, yén kethul asahen yén wis landhep amedhangnga manéh, ingsun tadhahané, Raja ing Palembang lajeng anyembah, anyungkemi suku, sarta matur dhumateng Sang Natha ing Galuh, sayektos yén panjenengngan dalem Rathu ka[223]wula, kawula rumaos sampun kawon, manawi parêng: kawula andhérék ing panjenengngan dalem, saha abdi dalem nyuwun wulang. Kathah-kathah aturipun Raja ing Palémbang dhumateng Sang Natha ing Galuh, Sang Prabu welas alon angandika, ing mengko sira ingsun apura, mungguh aturmu kang akéh-akéh, ya ingsun tarima, wis tangiya: lungguha, Raja Palémbang lenggah ing ngarsa, Natha ing Galuh angandika malih, sira ingsun aku sadulur, ing saturun-turunmu iya ngawulaha menyang saturunku, Raja Palémbang matur nyembah, inggih sandika, angsal pangéstu dalem, nagari ing Palémbang saisinipun sumongga katura ing panjenengngan dalem, Sang Natha alon ngandika, sadurungngé sauwisé ingsun tarima, sira lulus dadi Bupati ana ing nagara Palémbang, ananging ing saben kala mongsa sira séba menyang ing ingsun, Raja Palémbang nyembah matur sandika, manawi parêng ing karsa dalem yén panjenengngan dalem miyos ing sitinggil adhawaha dhateng tiyang Palémbang sadaya, supados sampun ngantos amaiben dhateng kawula, Natha ing Galuh angandika, iya sakarêpira ingsun turut, bala ing Palémbang sampun kaundhangngan sadaya, sami andikakaken sowan ing pagelaran kadherékaken dhateng Raja ing Palémbang, sarta pasang rikitipun kados tiyang tanah jawi, manawi Sang Natha miyos sinowan kadherékaken ing pa[224]ra abdi éstri, sarta mawi ampihan banyak dhalang, sawontenipun upacara nagari ing Palémbang: winedalaken sadaya, Sang Natha sampun wonten ing sitinggil Raja ing Palémbang wonten wingkingngipun Sang Natha ing Galuh, ingkang sami sowan




sampun tinimbalan minggah ing sitinggil sadaya, pepak tiyang nagari Palémbang, Mantri Panglima tuwin para Puthut miwah Juru Tenung, sarta para Dhukun Ulubalang tuwin para Khakim sampun sami wonten ing ngarsa dalem sadaya, Raja ing Palémbang alon angandika, éh sarupané balaningsun kabéh, padha sira rungokna, yén ing saiki nagara ing Palembang ingsun mung darma tutunggu baé, Sang Natha ing Galuh iku kang ngepel tanah Jawa, ajujuluk Prabu Banjaransari, akadhaton ing nagara ing Galuh, déné saiki ingsun wus kasoran ing perang, mulané padha bektiya, lan amituruta, yén ora ana kang miturut iya ingsun mungsuhira perang. Para abdi sami saur peksi manut sadaya, sarta ajrih asih kumawula, malah sami amumuji angalem, lengkah tumungkul kados konjema marang ing siti, wicantenipun salebetung manah, sami amastani Rathu titiban déné dhatengngipun boten wonten ingkang uninga, sarta ijén tanpa bala, Sang Natha ing Galuh angandika, éh sakéhé balaningsun wong ing Palémbang kabéh, yén sira wus padha manut ing saréh ingsun dhawuh ingsun padha sira éstokna, yén ing saiki nagara Palémbang ingsun gadhuhaké marang Adhiningsun [225] tetep madeg Dipati, padha manuta apa saparéntahé, sadaya nyembah munjuk sandika, Sang Natha angandika malih, Adhi, sira miliha bala sing pinter lan sing digdaya, bakal ingsun utus marang nagara ing Minangkabu, anggawa layangingsun kaparingna marang Raja ing Minangkabu, sampun amilih Ulu Balang satunggil, serat lajeng kaparingngaken sarta sampun wineling, Ulu Balang sasampuné anampéni serat nyembah: lajeng mundur saking ngarsa dalem, Sang Natha ing Galuh lajeng musna saking palenggahan, ingkang sowan sami éram andongngong, déné Gusthinipun musna saking palenggahan, Adipati ing Palémbang sampun andugi ing galih, yén Sang Natha lajeng dhateng ing Minangkabu, sakathahing bala sami andikakaken dados prayitna ing batos bok manawi Sang Natha manggih pakewed ing lampah, bala sami matur sandika, Sang Adipati lajeng kondur, ingkang sowan sami bibar, sarta tiyang ing Palembang sami angantos-satos sadaya.

Kacariyos nagari ing Minangkabu, Rajanipun anuju sinowan, sabab saweg katamuwan Raja Patani, kaliyan Raja Sulébar, Raja ing Jambi, ingkang sami kaginem prakawis bedhahipun nagari ing Palémbang,




binedhah déning Rathu ing Galuh ijen tanpa bala, nyata sekti lan digdaya, yén botena énggal rinampas kasekténé Rathu Galuh, manawi aneluk-nelukaken dumugi tanah ing Minangkabu, mara manas ki[226]watengenipun, déréng ngantos dumugi ingkang kaginem kasaru utusan saking Palémbang dhateng sarta amundhi serat dumarojog tanpa larapan, Raja Minangkabu lajeng angandika, kowé wong saka ing ngendi, déné ora nganggo tata krama, teka ana ing ngarsaningsun ora anyaosi uningen, utusan awicanten: aku utusané Sang Natha ing Galuh, ing saiki wis angrata nagara ing Palémbang, andikakaké maringaké serat dalem marang kowé, Raja ing Minangkabu angandika dhateng Patihipun andikakaken anampéni serat, serat sampun katampén lajeng winaos dhateng Raja Jambi, ungeling serat: pénget, iki layang ngingsun panjenengngan Natha ing Galuh, rinaja-raja putra déning Sanghyang Guru Natha, ajujuluk Parbu Banjaransari: Déwa Natha Sénapati Ing Ngalaga, digdaya angeréh tanah sawétan Ngajam ababala para Rathu, sarta pinuji-puji déning sakéhing bala kabéh. Liring layang ngingsun kang dhawuh amarang sira adipati ing Minangkabu, mulané ingsun paring layang marang sira, ing saiki sira sébahá marang ingsun, yén sira mopo, anjerokna larénira, kandelna bétengngira, pesthi ora wurung ingsun tekani, poma-poma Raja ing Minangkabu, sakéhé karsaningsun wus kamot ing layang, serat lajeng sinuwék-suwék Raja ing Minangkabu angandika, kongkonan matura menyang Gusthimu, bésuk apa o[227]léhé anekani, ingsun nadhahi sagendhingé, déréng ngantos dumugi anggénipun ngandika, jleg Sang Natha ing Galuh tedhak, ingkang sami ningali anjenger sadaya, gumun aningali bagusing warni, sami kanyana Déwa tumedhak, Raja ing Minangkabu tuwin Raja Sulébar: Raja Jambi: sami tedhak saking palenggahan alon matur, pukulun sinten ingkang tumedhak déné jleg tanpa sangkan, Sang Natha ing Galuh angandika, iya ingsun kang sira tantang sasuwéné, ing saiki wis katemu lan sira, énggala sira sébahá, anyembaha ing karatoningsun, Raja ing Minangkabu sarêng mirêng pangandikanipun Prabu Banjaransari sanget kagét ing galih, sarta lajeng duka anarik pedhang, Prabu Banjaransari pinedhang wanti-wanti, nanging wulunipun satunggil boten rêntah, lajeng kaebyukkan ing kathah, Sang Natha boten kéguh, wondéning utusan ingkang ambekta serat saking Palémbang, sumeja kacepeng ing kathah, nanging boten kéging, sami



kalintu anyepeng kancanipun piyambak, pinten-pinten tiyang katangsulan déning kancanipun piyambak utusan saking ing Palémbang kasaban kasektening Gusthinipun Prabu Banjaransari, sanget anggénipun sami uleng-ngulengan pedhang pinedhang tunjang-tinunjang; sami réncang piyambak, Prabu Banjaransari sakedhap musna boten katingal, tiyang ing Minangkabu taksih ramé bujeng-binujeng: tumbak-tinumbak suduk-sinuduk sami kancanipun, wekasan kathah ingkang pejah, sakantu [228]nipun sami ngili dhateng ing wana tuwin ing rēdi, pangraosipun binujeng ing mengsa, Sang Natha ing Galuh ngatinggal malih, sampun kapanggih kaliyan Raja ing Minangkabu, sarta Raja Patani, Raja Jambi, Raja Sulébar, Sang Natha kinurubut sakawan sinabet ngiwa tengen, Natha ing Galuh angandika, aja kasusu, dialon pedhangmu, dipatitis, ora-orané ingsun oncati. Sabetipun rinebat sampun kénging, Raja sakawan bingung tandangngipun lajeng cinandhak tinangsulan sakawan pisan, Raja sakawan lajeng sami atur patobatan anyuwun gesang, sakawan pisan sampun sami kaapunten, ananging saréhning nalika punika tiyang ing Minangkabu kathah pating balesar, Raja sakawan sami késah saking ngarsa dalem, sabab Sang Natha ing Galuh karsa angentosi kalempakipun bala ing Minangkabu ingkang sami angili, sarêng sampun sami ngalempak para Raja sakawan sampun sami katetepaken ing karatonipun piyambak-piyambak, dhawah dalem dhateng Raja sakawan: saben taun sira sébaha marang ingsun aja ana padha léléda, Raja sakawan sami nyembah matur sandika, sarta sami atur prajangji akathah-kathah, Sang Natha ing Galuh angandika, iya uwis padha ingsun tarima prajangjinira marang ingsun, ing saiki ingsun karsa kindur, padha kariya salamet. Sang Natha lajeng musna, utusan ingkang ambekta serat saking Palémbang, binekta ing Sang Natha, tumuli boten katingal awit kasaban Pra[229]bu ing Galuh.

Kacariyos Raja ing Palémbang amepak bala, badhé anjujul Sang Natha dhateng nagari ing Minangkabu, amargi mirêng pawartos yén Sang Prabu Banjaransari wonten ing Minangkabu: perang kaliyan tiyang siti, wekasan musna ing satengahing paprangan, saking gugupipun Raja ing Palémbang, kawastanan Gustinipun séda satengahing perang, mila amepak bala, badhé anglabuhi ing Gusthi, kasaru rawuhipun Sang




Natha ing Galuh, jleg tanpa sangkan, Raja ing Palémbang lajeng sumengkem ing sampéyanipun Sang Natha, antawis dangu Sang Natha angandika, ing kéné apa ana prakara, déné sira amepak bala, Raja ing Palémbang nyembah matur, kawula nuwun mila abdi dalem amepak bala, sabab kawula mirêng wartos, manawi panjenengngan dalem perang wonten nagari ing Minangkabu, ananging panjenengngan dalem musna wonten satengahing paprangan, ingkang punika: Gusti: saking gugupipun abdi dalem panarka kawula panjenengngan dalem kondur dhumateng ing kamuksan, mila bala sadaya sami badhé anusul dhateng ing Minangkabu, badhé bélá ing perang, anusul badhé andhérék dhateng ing kamuksan, Sang Natha angandika, sadurungngé sawisé: Adhi: wus ingsun tarima sihira marang ingsun katujuné ana pangreksaning Déwa, ing saiki Raja ing Minangkabu, lan ing Patani, apa déné ing Sulébar, ing Jambi, wis padha teluk marang ingsun, lan maningngé Adhi, yén dhangan lan karêpira, [230] sakéhé mariyemira baberkatan ingsun pundhut, Raja ing Palémbang nyembah matur sumongga, abdi dalem boten rumaos gagadkah, sadaya kagungan dalem, Sang Natha angandika malih, lan maningngé Adhi, sira dhawuh amarang Raja ing Minangkabu, ing Patani ing Sulébar ing Jambi, mariyemé baberkatan padha ingsun pundhut déné kirimna marang nagara ing Galuh, Raja ing Palémbang nyembah matur sandika, Sang Natha ing Galuh angandika, wis Adhi: sira kariya salamet ingsun karsa mulih marang ing Galuh, Sang Natha sampun musna, ingkang kantun Raja ing Palémbang dhawah angrakit baita, badhé kadamel ambekta mariyem dhateng ing tanah Jawi, katur dhateng ing Galuh, punapa déné Raja sakawan sampun sami dhinawuhan, mariyem pinten-pinten kawrat ing baita, saking Minangkabu Sulébar Patani ing Jambi.

Kacariyos ing Galuh, para Raja ing tanah sabrang ingkang kalebet sawétanipun tanah Ngajam sampun sami teluk sadaya, saben taun sami sowan dhateng ing Galuh, wonten ingkang angaturi putri, sawenéh wonten angaturi rajabrama, saking sami ajrihipun saéstu boten kénging rinaosan lajeng andhatengngi, terkadhang nagari ingkang boten sowan lajeng dipun tedhakki piyambak kados adat ingkang sampun kalampahan.




Kacariyos kala musnanipun Sang Prabu ing Galuh saking nagari: boten ambekta bala: tiyang ing Galuh sami prihatos [231] awit Gustinipun boten wonten, ing sapunika Sang Natha rawuh, sampun lumebet ing kadhaton tiyang sanagari misuka bingah, para garwa tuwin para putri inggih mekaten ugi, ing sapunika nagari ing Galuh sakalangkung gemah raha, tulus ingkang sarwa tinanem, putra jaler éstri sampun sami diwasa, sadaya sampun sami kakramékaken sarta pinaringan dalem piyambak-piyambak atut angénipun asaduluran, sadaya sami ajrih dhateng Raja Arya Bangah, malah para putra sampun sami apuputra, saréng ing nalika satunggiling dinten Sang Natha ing Galuh saré anyupena, katingal pinaringan mariyem barkatan dhateng Sanghyang Guru Natha, sakalangkung tételá, kados wénté-wéntéyan, sawungunipun sakalangkung ngungun ing galih, sarta sanget ing panyipta, Sang Natha lami boten sinowan, ingkang kagagas namung supenanipun, nuju satunggiling dinten Patih katimbalan malebet sarta ingkang éstri, sampun sami wonten ing ngarsa dalem, Sang Natha angandika, Bapa, enggoningsun saré bengi ngipi, pinaringan mariyem déning Sanghyang Guru Natha, kéhé loro, padha bagus-bagus, yén saupama saiki anaha, ingsun ora pangling, iku Bapa, sira golékana lan Si Biyung, sapiraha lawasé ngantiya jambul wanen, yén durung katemu, aja mulih-mulih, dadiya mangan gogodhongngan ana ing alas iya lakonana, wis Bapa, sira mangkata lan Si Biyung, ingsun anyangoni sa[232]lamet, poma Bapa, dén katemu, Patih sarta ingkang éstri nyembah munjuk sandika, mundur saking ngarsa dalem, tiyang kakalih samargi-margi amabrebes mili, ting salengruk, Kyai Patih wicanten lirih dhateng ingkang éstri, baya Gusti iki wis bosen marang aku, endi ana impén andikakakén anggolékki, iku ujar anglengkara, tegesé basa kamokalan. Patih kaliyan ingkang éstri boten pedhot anggénipun nangis anujujug dalemipun ingkang putra, Prabu Sangkan methuk ingkang rama, lajeng rinangkul tinangisan, tholé, sira dibisa kari, pira bara awakku lan ibumu anemu urip, wis pinasthi ing Jawatha kowé bakal pisah lan ibumu sarta aku, kang becik enggonmu suwita, aja léléda, Sang Prabu Sangkan tumut nangis matur dhateng ingkang rama, kula nuwun rama, punapa sababipun mundur saking sowan temah minggah susah, kula badhé sumerép prakawisipun, kang rama amangsuli, cahyanipun pucet saha pethak kados wacucal ingkang sampun




kinelétan saking badan, wruhanira: tholé, ingkang sinuwun mundhut pati uripku, lan pati uripé ibumu. Sampun winartosaken sadaya, ing wiwitan dumugi ing wekasan, Prabu Sangkan matur, pagraosipun manah kula rama, yén makaten kémawon ingkang dados karsa dalem gampil kagungan dalem mariyem jarahan punika kémawon dipun upadosana, mokal yén boten **angsa**[233]la ingkang saé saking sarakit ingkang pantes konjuk ing panjenengan dalem, kang rama amangsuli, tholé, sira isih bocah, durung bisa tompa, éwa samono jajal golekono, sakéhé mriyem jarahan manawa ana kang dadi seneng dalem, nanging pandugaku dudu iku kang di karsakaké, mariyem ugering nagara. Ingkang putra lajeng bisikan sarêng sampun kabisikan Prabu Sangkan sanget anggénipun nangis ingkang rama wicanten malih, wis tholé, aja dinawa, dibecik kowé kari, aja pépéka tunggu nagara, dikaya aku wewékamu, déné enggonmu arêp anggolékkki mariyem mau, iya sidakna, manawa oléh kang panuju dadi panglipuré prihatos dalem, aku karo ibumu arêp amumuja, manawa ana pitulungnung Jawatha, anangnung kowé di kerêp tilik menyang pamujan, déné pagawéyan nagara dak pasrahaké marang kowé, *aku wong wis tuwa, pandelengnganku wis suda, wis ora awas ambakoni nagara, lan maningngé untuku wis padha ogak tegesé wis ora kukuh ambakoni nagara, lan rambutku wis warna loro, iku iya dadi ilapat tegesé ati wis mango menyang kamuksan, tegesé tholé karsa dalem wong ngulah nagara iku aja nganti amaro adhep, yén wong wis banget tuwané, amesthi mango, mulané mengko kapinteranaku ngalih marang kowé, aku mung madhep marang sawiji baé, marang ing kamuksan, poma di é*[234]*ling tholé*, aku arêp mangkat wis kariya salamet. Kyai Patih lajeng mangkat kaliyan ingkang éstri dhateng pakuburanning kaki, sumeja tapa tilem akaliyan ingkang éstri, mujung kados tiyang pejah.


Kacariyos ingkang kantun ing nagari, putranipun Patih, ingkang nama Prabu Sangkan ginentosaken ingkang rama, dados Patih ing nagari Galuh, sarêng antawis lami, sakathahing mriyem jarahan dipun pilih ingkang saé-saé, ananging boten wonten ingkang dados karsa dalem sabab dédé ingkang kasupena, Patih ngantos telas akalipun mila sanget prihatosing manah, tilar tedha: tilar tilem, *saben dalu anepi wonten ing taritis ingkang kadamel lémék godhong pisang, bantalipun*



*banon sarimbag, ing wanci bangun Patih Sangkan nyupena, ingkang rama katingal dhateng, angugah enggénipun tilem nenepi, sarta wawartos yén saking sih pitulungnging Jawatha aksal mariyem sarakit ingkang kasupena ing Sang Natha, panggénanipun wonten salebetung patapanipun, tholé, di énggal jupukna, Patih Sangkan kagét lajeng tangi, langkung getun kénégetan supenanipun, lajeng késah boten mawi ambekta bala, sumija tuwi dhateng panggénanipun ingkang rama, badhé angaturaken supenanipun, saréng dumugi ing pamujan ingkang rama tuwin ingkang ibu badhé dipun wungu, kemulipun winiyak, Patih Sangkan kagét anjola, sarta niba sakalangkung anggénipun nangis, anjenger bo[235]ten saged wicanten aningali ingkang rama sarta ibu sami dados mariyem kembar ajajar: sami bagusipun, Patih sangkan sumungkem sarwi nangis, rama ibu, kula boten nyana: boten nyupena, yén makaten dadosipun, lajeng wonten swara dumeling kamiréngan: *wis menengnga, sanajan kotangisana, mongsa baliya urip manéh, kang muksa lakuné wus sampurna, patitis marang kailangngan, déné aku ora mati, satemené misih momong kowé, mung salin panggonan baé, pratikelmu di patitis aja kaliru, dibisa amisahaké, pisahé raga lan sukma, wruhanamu iya mariyem iku ragaku, sukmaku wis sampurna, ananging yén patitis pratikelé, sarta kasumurup pangolahé, iya uga ora pisah raga lan sukma mau, kaya upamané layangan lan kenuré, saparané dén tutaké, mengkono upamané raga lawan sukma iku, yén pisah ora kumpul iya iku kaliru, dadi kurang patitis, salawasé bingung baé, wekasan tiba saenggon-nenggoné, déné kang wis bisa angaworaké, raga lan sukma iku tunggal kamukténé, iya iku tholé kang diarani jaya sampurna, wruhanamu, Gusthimu Sang Natha ing Galuh iku luwih disik uningnga ing susurupan, iya iku kang dadi supenané Sang Natha, wis pasthi dadi baberkatané panjenengngan Natha ing tanah Jawa, turun tu[236]murun mariyem loro iku dadi ugeling nagara, sasampuning telas wangsiting swara, Prabu Sangkan lajeng kondur, samargi-margi kagagas ingkang rama sarta ibu, sadhatengngipun ing dalem lajeng sowan lumebet ing kadhaton, kéndel ing bangsal Sri Manganti, Candhél unjuk, Patih lajeng tinimbalan malebet dumugi ing ngarsa dalem anyembah tumungkul anggénipun sila, Sang Natha alon angandika, Patih, apa ana gawé kang prelu, Patih Sangkan nyembah munjur: kawula nuwun abdi dalem pun Bapa anggénipun anglampahi**




pangandika dalem akaliyan pun Biyung, sami tapa amesu raga wonten ing kabuyutanipun, ing sapunika sami amanggih tiwas abdi dalem Bapa saha pun Biyung sami boten wonten, wondéning ingkang wonten mariyem kalih, warninipun kembar: sami bagus-bagus. Anggénipun munjuk makaten punika kalih anangis sarta sumungkem ing sampéyan dalem, Sang Natha kumembeng ingkang waspa, dangu boten angandika, antawis dangu Sang Natha angandika, Si Bapa lan Biyung ora gelem cidra, ingsun dhéwé kang maha, wis Patih, padha dipupus baé, tegesé Si Bapa lan Si Biyung iku wus tumeka ing jangjiné, ala becik lara kapénak pati urip cendhak dawa, iku wus di pasthi marang kang amurba, kawula iki mung darma nglakoni baé, ananging gawéné aja salang surup di patitis lan diweruhi pisahing kawula lan Gusthi, [237] Patih nyembah munjuk: saking pangésttu dalem Gusthi, kados-kados boten kikirangan, kalayan malih Gusthi, wonten swara ingkang mangsit dhumateng abdi dalem nalika abdi dalem wonten ing kabuyutanipun Bapa, mariyem kakalih punika ingkang dados supena dalem dipun jujul dhateng ing sawarga, abdi dalem dipun kén angunjukaken ing panjenengngan dalem, Sang Natha angandika, iya banget ingsun tarima, lan ingsun dhéwé kang kang bakal mapag marang enggoné i **apa sarta Si Biyung, wis Patih, sira nagundhangngana bala, upacaraningsun padha wetokna kabéh**, lan para Bupati sira dhawuhana, padha anggawa bojo, Patih nyembah munjuk sandika, sampun mundur saking ngarsa dalem, dumugi ing jawi lajeng angundhangngi bala, sakathahing titiyan miyah upacara medal sadaya, Bupati Mantri sami ambekta bojo, Sang natha miyos saking kadhaton kaliyan ingkang para garwa, miyah selir pipingitan sami andhérék boten wonten ingkang kantun, Sang Natha kaliyan ingkang garwa lajeng anitih rata, wondéning para garwa selir tuwin pipingitan nitih joli, wonten nitih jempana, sawenéh nitih tandhu, bidhal kebut sadaya, orêg sanagari ing Galuh. Tabuhan pating karémung, pating carêngkung samargi-margi, jejal pipit tiyang aniningali, tiyang dhusun ingkang ngurut margi sami saos dhadhaharan pinten-pinten sekul ulam nganto[238]s langkung, dalasan gamelipun para Bupati Mantri sami tuwuk sadaya, samargi-margi boten kikirangan, lampahipun Sang Natha kaliyan bala kathah, manawi dalu leréb énjing mangkat alampah malih. Boten kacariyos laminipun ing margi, sampun dumugi panggénan kabuyutan, Sang



Natha tedhak saking rata kaliyan ingkang garwa, tuwin ingkang para garwa kathah-kathah wau inggih sampun tedhak saking titihan sadaya, bojoning para Bupati Mantri inggih sampun sami mudhun saking tumpakkan, Patih lumampah wonten ing ngarsa dalem, mariyem kakalih katingal saking katebihan wonten ing sanggar langgatan, Sang Natha sarêng mirsa, lumajeng sarwi ngandika, iya uga iki kang ingsun impi. Mariyem kakalih lajeng rinangkul déning Sang Natha, sarwi brebes mili, dangu boten ngandika, anjenger ningali Patih kaliyan ingkang éstri. Sanalika punika kaciptanipun Sang Natha, kados boten ningali mariyem katingal kados kala taksih wujud manusa, saking déning sanget sih tresna dhateng Papatihipun, dangu-dangu Sang Natha anetah ing sariranipun: ingsun dhéwé kang maha, Si Bapa lan Si Biyung iku darma nglakoni karsaningsun wus pasthi ora kena owah gingsir, kadadéyané Si Bapa lan Si Biyung iku dadi pikukuhing karaton tanah Jawa, Sang Natha sampun mupus awit mekaten punika saking karsaning Jawatha linuwih, ananging saking sangetipun ing tresna boten saged megeng raosing galih, waspanipun androdo[239]s awusana dados telagi wiyar abening toyanipun, para garwa sadaya sami abonyohi mariyem kakalih, sarta dipun ukup ing wawangi, sabab sampun makaten pakarémanipun para Déwa, sémahipun para Bupati sadaya sami angujung dhumateng mariyem kakalih wau, kumrabut gentos-gentos, sakalangkung kajén kéringngan sanget dipun pepetri dhumateng Sang Natha ing Galuh, kaulesan sinjang adi-adi rangkep pitu, sanesipun para Bupati, sami angaturi piyambak-piyambak ngantos sungsun-sungsun, ing nalika punika dipun sengkalani, naga papat nembah ing Rathu, **Wdangka**, 1248, Sang Natha lajeng dhawah dhateng bala, badhé kondur dhumateng nagari ing Galuh, mariyem kakalih andikakaken andadosi, ingkang tumandang para Bupati sadaya, dhawah dalem andikakaken ngingahaken ing pedhati, nunggil Sang Natha, sarta dipun jajari tundha pitu, Sang Natha sampun bidhal saking kabuyutan ginarébeg ing bala kathak, gamelan mungel angrerangin pating caréngkung, samargi-margi sami asukan-sukan kados angarak pangantén ingkang mentas pinanggihaken, sakalangkung rinengga rēngga, muktinipun angungkuli kala taksih dados Patih, tiyang aniningali jejel uyel samargi-margi, lampahipun Sang Natha sampun dumugi salebeting nagari, lajeng lumebet ing [240] kadhaton mariyem kakalih kadékékkaken ing dalem




Prabayasa, para Bupati sami amakajangngan ing alun-alun, mariyem kakalih wau dhawah dalem andikakaken andamelaken panggénan ing sittinggil bangsal alit ginandhok kaliyan bangsal Withana, ingkang kadamel saka kajeng kalembak usuk balandar utawi pangerêt sapanunggalipun sami kajeng cандhana, sirapipun kajeng garu, sadaya wau sami kaukir, sarta cineplokkan kancana. Boten antawis lami bangsal sampun dados Patih lajeng angunjukki uninga ing Sang Natha, para Bupati sami sowan ing pagelaran sémahipun sami sowan malebet ing kadhaton, Sang Natha animbali Patih sakancanipun para Bupati, andhér ing palataran, Patih ing ngandikan majeng, Sang Natha pinarak ing paringgitian alon angandika, Patih, mariyem karo pisan sira usungnga marang sittinggil lan kancanira Bupati kabéh, Patih nyembah munjuk sandika, kaliyan malebet ing dalem Prabayasa, mariyem ingkang satunggal pinanggul ijén dhateng Patih Sangkan ingkang satunggal cinangking ing asta kiwa dhumateng Kangjeng Rathu Kancana, medal saking dalem Prabayasa, ginarêbeg ing para éstri. Sarêng dumugi ing sittinggil ingkang pinanggul Patih Sangkan kasélémaken rumiyin wonten ing Withana, linémékkán babud sungsun pitu, ingkang kaasta ing Kangjeng Rathu Kancana, lajeng sinélémaken kadadosaken satunggil, Patih Sangkan saking ajrih [241]ipun dhateng Kajeng Rathu, andhepés mépét sarwi mungkur, mariyem kakalih sampun kasasaban rangkep sanga, linangsé sungsun-sungsun warni-warni, ing kiwa tengenipun kapasangngan dilah, rinten dalu dupa boten kénging pejah, ingkang tenggak sarinten sadalunipun tiyang kawan dasa. Lajeng Rathu Kancana sampun kondur angadhaton ginarêbeg ing para éstri: tuwin sémahipun para Bupati, Patih Sangkan sakancanipun lajeng sami mundur mantuk piyambak-piyambak, sarêng ing ngalami-lami, mariyem kakalih sampun misuwur ing satanah Jawi, karsanipun Sang Natha kaparing dalem, kamufakataken ing bala sadaya, ingkang ragi ageng panjang nama Kyai Jaka Pekik ingkang ragi alit kaparingngan nama Rathu Mas Sathomi, punika sakalangkung rinengga-rêngga, amewahi cahyaning nagari, ing mongsa punika sakathing abdi dalem ageng alit jaler éstri, ingkang wonten nagari ing Galuh, sami suka sugih sadaya, ingkang tinitah Bupati Mantri sapanunggilanipun sadaya sami angraos mukti, awit boten wonten perang, amargi mengsah sampun sami teluk sadaya, nagari sabrang




saben taun sami sowan saha ngaturaken paos dhumateng ing Galuh, tiyang dagang layar ingkang saking tanah sanés pinten-pnten boten wonten kandhetipun, nagari ing Galuh sakalangkung karta, kéringngan ing perang, Sang Natha sampun kadugén sakarsanipun sugih donya garwa putra, para putra sampun sami dalem piyambak-piyambak, ingkang dados telengnging galih namung putra sakawan [242] punika ingkang sami ginadhang-gadhang, ingkang saking Kangjeng Rathu Supraba kakalih, ingkang sepuh putri, warninipun kembar kaliyan ingkang ibu, saged salin warni kaping pitu sadinten wasta Kangjeng Rathu Pagedhongngan, ingkang rayi-rayi sami asih lulut sadaya, saged ngambah awang-ngawang, utawi manjing ing ajur-ajér, mrojol ing ngakerép punjul ing ngapapak, sabarang pandamelan saged sadaya, utawi basa kawi inggih saged, saking angengnging tapanipun ingkang kadhahar namung kukus kaliyan sekar, ananging cacadipun boten karsa krama, yén aningali tiyang jaler: kados ningali sami éstri, ingkang rayi jaler warninipun bagus aluruh, kembar kaliyan ingkang rama, digdayanipun kados ingkang Bok Ayu, malah kapara ngungkuli ingkang raka, punika ingkang badhé anggentosi Rathu, kaweca anedhakkaken Rathu ing tanah Jawi, ngantos dumugi Rathu ing Mathawis, kaparingan nama dhumateng ingkang Éyang Sri Arya Bangah, kaemong ingkang Bok Ayu Rathu Pagedhongngan ingkang akadhaton ing seganten kidul saenggén-enggénipun panjenengngan Rathu ing tanah Jawi, boten tinebihan, wondéning putra kakung ingkang saking Kangjeng Rathu Inthen Hapsari, ingkang kinasihan satunggal digdayanipun angungkuli tiyang kathah, binadhé déning ingkang rama, badhé nedhakkaken lelembat sarta bongsa siluman sanésipun angratoni sakathahing Jim, namanipun saking kukudangngan mau **Raja Sekthi**, akadhaton ing awang-ngawang, pu[243]nika ingkang badhé anggentosi ingkang ibu, putra kakung ingkang saking Kanjeng Rathu Kancana, satunggil kinasihan déning ingkang rama, bagus digdaya, kabadhé nedhakkaken para Natha nagari ing Pasundhan.


Gentos kacariyos Sang Natha ing Galuh, sampun lami asring amratapa ing rēdi, anyakiti sarira, saréhning sampun sepuh badhé atilar kamuktén, namung karsa madhep dhumateng kamulyaning pejah, mila makaten sabab para Déwa kathah ingkang amituturi dhumateng Sang



Natha, wondéning ingkang badhé kagentosaken jumeneng Natha, ingkang putra Sri Arya Bangah, tinimbalan malebet ing kadhaton tuwin Rathu Pagedhongngan para garwa pepak sadaya, Sang Natha angandika, mulané sira ingsun timbali: kulup saréhning ingsun ing mengko wus rumasa tuwa, sira gumantiya jumeneng Natha, lan ingsun wus pitaya aninggal ing sira, sabab nagara wus rata kabéh, ingsun kang ambabakali karinbet getih, ingsun suprih sira muktiya, akanthi sadulurira kabéh, supaya ing buri aja ana perang, karana ing mongsa iki ingsun wis tuwa, karsa nenepi ana ing gunung, amadhep marang kamulyaning pati, sarta amumuji kaslametané karatonira, ngantiya tumeka akiring jaman aja kaselanana ing liyané, saturunira kang mengkuwa nusa Jawa, putra munjuk sandika, Kangjeng Rathu Pagedhongngan kedhah andhérék dhumateng ingkang rama, badhé dados andhang, *supados mirsa asuruping kapejahan*, [244] ing dalu boten kacariyos énjingngipun Sang Natha dados badhé miyos, anjumenengngaken ingkang putra, sawarnining kaprabon tuwin beberkatan sadaya pinaringanken dhumateng ingkang putra, Sang Raja Putra sampun kaageman-mageman kados Rathu, sarta kaageman makutha karaton, tinarétés ing sélapating galebyar kados kilat miwah upacara pepak sadaya, Sang Natha sampun miyos saking kadhaton ingkang putra lumampah wonten ing ngajeng, ginarébeg ing para éstri, manggul sarta biyada ingkang sowan wonten ing Sri Manganti, medhun lajeng sami anjajari ing ngarsa dalem, lampahipun Sang Natha sampun rawuh ing pagelaran para Bupati orèg sami tilar lampit Sang Natha pinarak ing dhampar kancana, abdi dalem pepak sadaya, tiyang monca nagari miwah para raja ing tanah sabrang, tiyang pasisir, para Déwa para Pandhitha, sadaya sami sowan ing pagelaran, Sang Natha angandika, éh kawulaningsun kabéh, padha sira rungokna, yén ing saiki putraningsun Si Adipati ingsun junjung jumeneng Natha, anggenténi karatoningsun, amangkurat tanah Jawa, tetep akadhaton nagara ing Galuh, ingsun jujukki Sri Déwatha Arya Bangah, mulané ingsun séléh kaprabon marang putraningsun yén angeréha tanah Jawa, déné ingsun karsa magawan baé, nanging kang bakal ingsun gawa jegsa: carik empu: kabayan, anakké padha gumati[245]ya ing kalungguhané, dimén padha nglakoni muktiya wong tuwané, Patih nyembah munjuk sandika, Gusthi, pupundhén kawula ingkang pinuji ing ngakathah, abdi dalem andhérék ing sakarsa dalem,



mugi mugi panjenengngan dalem angsala sih ing Jawatha. Ingkang sami sowan sadaya jumurung, geter peter asauran, Sang Natha angandika malih, karo déné putraningsun Siyung Wanara ing mengko ingsun junjung Bupathi, alungguha ing Pajajaran ananging karéha marang kakangangané, ingsun gawani pandhé wolung atus iku padha dén réhna, ingsun paringngi jeneng Raja Siyung Wanara, déné putraningsun mau Raja Sekti anggenténana ibuné, angratoni sarupaning Jim karatoné ing awang-ngawang, ingsun paringngi jeneng Raja Déwa Sekthi, Sang Natha lajeng tedhak saking dhampar, ingkang putra cinandhak sarta angandika, wis kaki: sira lungguh ana damparingsun. Ingkang putra lajeng lenggah ing dhapar kancana, kasuripun baludru rinénda, Patih Sangkan sakancanipun Bupati lajeng sami angujung dhumateng panjenengngan Natha enggal, Sang Natha tedhak saking dhampar kondur angadhaton kinanthi déning ingkang rama, ginarêbeg ing para éstri, Patih Sangkan sakancanipun mundur sami bibar, Prabu Aném wau kacariyos ngantos lami boten krama, lajeng kakramakaken déning ingkang rama, angsal putri ing Kadiri, kaliyan putri ing Jenggala, putri ing gelang, putri ing Singasari, sakawan punika ingkang kace[246]tha dados garwa pademi, wondéning para Natha ing tanah sabrang tuwin para Bupati Pasisir monca nagari kathah ingkang sami angaturi putri, ananging dados garwa selir kémawon, boten kacariyos rorongcénipun amurih énggaling lalampahan, putra titiga ingkang kasebut ing ngajeng wau, sampun sami puputra, wonten miyos putri, wonten miyos kakung, wondéning putranipun Prabu Arya Bangah, ingkang miyos saking Kangjeng Rathu Mas Mayangngarum Gandhasari, pambajengngipun éstri, sakalangkung déning ayu éndah, nuruni ingkang uwa Kangjeng Rathu Mas Gedhongngan sekti wadat, kala taksih timur pinundhut putra dhumateng ingkang uwa, ing mangké sampun diwasa, jinunjung nama Rathu, tinanem ing Nungsa Tembini, punggawa tuwin prajuritipun sadaya sami éstri, ingkang rayi tumunten kakung, warninipun bagus cahyanipun amanther, kaparingan nama Sri Déwa Manthala Rasa, putranipun Raja Siyung Wanara, ingkang pambajeng putri, nama Sang Prabusari, warninipun sakalangkung mancorong, dipun kramékaken dhateng ingkang rama, angsal Lutung Kasarung, wayahipun Panggung Kancana, putranipun Maha Raja Déwa Sekti sadaya pitu, ananging sami siluman sadaya, ingkang pambajeng




nama Rathu Rosa, jumeneng ing Ngroban angratoni lelembat, ingkang rayi krama angsal ing Loérang, jumeneng Rathu wonten ing Tunjungbang, ingkang rayi malih anama Rathu Butaguru, pinarnahaken ing Guwa Upa[247]s, ingkang rayi kalih putri, warninipun anglangkungi ayu, anama Sanghyang Paséréyan pinarnahaken ing Lobong, ingkang rayi malih kakung, anama Sadura Malangeng Érang, angratoni lelembat ing Pajajaran, ingkang rayi malih kakung, anama Ki Dulek pinarnahaken ing Macingngan, wuragilipun kakung, anama Ki Janggi, pinarnahaken ing rēdi Ageng nagari Tegil, sampun jangkep pipitu, sami jumeneng Natha sarta kayangngan piyambak-piyambak, wondéning ingkang kathah putranipun Prabu Arya Bangah ing Galuh, kakung putri sadaya, sampun sami apencar, nedhakkaken piyambak-piyambak.


Kacariyos Prabu Banjaransari, kaliyan ingkang putra Kangjeng Rathu Pagedhongngan ingkang saweg tapa, sami anyantrik dhumateng ingkang Éyang, Sang Wiku Raja Shindula, wonten ing guwa terusan, sakalangkung banter anggénipun mati ragi, tapanipun sampun katarima, Sang Natha sampun angraga sukma, Jeksa Carik Kabayan sampun sami minggah ajar sadaya, ababad piyambak-piyambak, tatanemanipun saweg sami nedheng eném-meném sadaya sami amendeng dhumateng kamulyan sami boten ajeng ing kadonyan.

Kacariyos ing rēdi mendhang wonten ajar satunggil sakalangkung gentur tapanipun digdaya sekti guna, kathah kasagedanipun ngélmí kadigdayan kasektén, Kyai Ajar sakalangkung ngawas pangingalé sarta terus saciptanipun u[248]ninga sadéréng winarah, ing kamuksan sampunelas, cantrikkipun sami ajar sadaya, kathahipun wolungatus sadaya sami gentur tapanipun, wondéning namanipu Panembahan Balasaréwu, apaparab Hyang Raga Purnajati, éndhangngipun satunggil awasta Nyai Sonya Asmara, Kyai Ajar wau sampun lumuh gesang, namung karêm dhateng jaman kailangngan, anangnging déréng kalilan, malah asring tilar dhépokkipun andhawah ing jurang, badan binantingngaken ing curi, anglundhung saking pucakking rēdi, meksa boten dados ing pejahipun malah wewah cahyanipun.


Ing nalika punika lajeng Rathu Pagedhongngan midhanget pawartos bab solah tuwin lampahipun Ki Ajar Balasaréwu wau, kapéngin kedah



badhé kapanggih dhumateng Kyai Ajar, tinurutan dhumateng ingkang rama Sang Pandhita Raja, akarsa mertamu dhumateng dhépokkipun Ki Ajar akaliyan ingkang putra Kangjeng Rathu Pagedhongngan, sanalika Sang Natha ing Galuh nekung mesu sarira, saréhning sampun katarimah samukawis karsaning galih, sakedhap anyipta karsa kapanggih kaliyan ki Ajar, jleg sanalika Sang Natha ing Galuh sampun kapanggih kaliyan Ki Ajar, ingkang putra Kangjeng Rathu Pagedhongngan inggih boten kantun, Kyai Ajar gepah angaturi lenggha dhumateng Sang Natha, panjenengngan dalem kasasar mariki, mugi anglerésna ing sembah saluku kawula, ingkang katur ing panjenengngan dalem Gusthi, panjenengngan dalem katuran pambagé, raosing manah kawula [249] kados kabanjiran madu, kajugruggan rédi menyan prasasat tedhakkan ing Déwa, abdi dalem boten nyupena yén katamuwan Gusthi, manawi parêng mugi angganténo wohan wangén memper wangining gandapura. Ingkang angladosi éndhangngipun, Sang Natha angandika, panarimaningsun anyarambahai, kaya upamané banyu udan tumiba ing godhong kamuning, ambalébér tiba ing lemah, wekasan sinesep ing bumi, dadi etuk gedhé, minongka pangongsané wong sajadad, sadurungngé sauwisé Ajar, pambagénira wus ingsun tarima, Kyai Ajar munjuk malih, ing ngriki sepa-sepi Gusti, tangéh manggiha kabingahan kaluhuran utawi manggih atoya sacawuk kémawon prasasat adhahar nginum namung pinten banggi manawi aksal kasinggihan ing jaman kapejahan, Sang Pandhita Raja angandika, ingsun iki Ajar, iya uga ora béda lan sira, angréngga patapan luwih nistha tanpa tutur, mulané banget lesah ingsun karsa dhahar ora ana kang ngolah-olahaké, Ajar gumujeng sarta munjuk: Sang Natha, ing ngriki sanget langipipun tangéha manggiha, inggih namung sawonten-wontenipun konjukka ing panjenengngan dalem Gusthi, Sang natha angandika, apa sira weruh marang ingsun, Ajar munjuk: barkatipun ing Gusthi, panjenengngan dalem Déwa dharat Sang Prabu ing Galuh, Sang Natha gumujeng sarta ngandika, yén mengkono: sira nyata awas déné we[250]ruh marang ingsun, Ajar anyaosaken wadhan gantén unjukkipun: punapaha Gusthi boten karsa anggantén, Sang natha angandika, mengko sadhéla, ingsun durung karsa, arêp tatakon dhingin mulané ingsun tetemu lan sira maréné, satemené apa kang sira seja ing tapanira iku, apa marang kadigdayan




apa marang kamuksan, Ajar matur, Gusthi, boten sanés kaliyan karsa dalem, ingkang kawula pendeng mung dhateng ing kasirnan ngupados margi ingkang dados pangruwat, karanten abdi dalem kalepatan ing Jawatha, sampun kalihatus taun abdi dalem wonten ing macapada, Sang Natha ing Galuh mésem angandika, yén dhasar temen-temen karêpira, pasthi ana pangéstuné ing Hyang luwih, Ajar lajeng munjuk ing Sang Natha, punapa saéstu panjenengngan dalem karsa dhahar, Sang natha angandika, iya Ajar, banget luwéningsun, *Ajar lajeng amedalaken pasegah, ananging pasemon sadaya, awarni kunir satapas sekar sruni satakir, emplék-emplék galepung gangsal iris wiji sawi, uwos sapitrah, sekul punar, keji sawit sarta kasegah éndhang satunggil sakalangkung ayu, ajar munjuk: sumongga Gusthi, punika pasegah kawula, konjuk ing panjenengngan dalem, sang Natha angandika, iki godhong apa: Ajar, Ajar munjuk: punika godhong keji, ingkang wau tatanemanipun priyantun ngaré, kawula tular, katanem ing rēdi, mi[251]la kawula tular, sabab keji punika saé, samukawis ingkang katedha manawi dipun worri godhong keji, dados lebur, sanajan ingkang atos-atos kamamah inggih ajur, ingkang alot dados empuk, sarêng Sang Natha midhangetunjukking Ajar, sakalangkung dukanipun jaja kados medala latu, padoning lathi kumedut, tingal abrit kados srengéngé, pangandikanipun seru, yén mengkono: sira iku: Ajar: ora becik, susuguh godhong keji iku ora patut. Sang Natha lajeng narik dhuwung, Ajar sinuduk dhadha terus ing walikat, Ajar sampun pejah, raganipun lajeng musna, saréhning Kyai Ajar sampun patitis dhateng ulah kasampurnan mila dalasan raganipun tumut mantuk dhateng kamuksan, Sang Natha kaliyan ingkang putra Kangjeng Rathu Pagedhongngan lajeng kondur dhateng nagari ing Galuh, badhé tutuwi ingkang putra Sang Prabu Arya Bangah ing Galuh, sakedhap Sang Natha rawuh ing kadhaton ingkang putra boten kantun, Prabu Anom Arya Bangah sarêng uninga ingkang rama rawuh, lajeng angujung sumungkem ing suku, tuwin dhateng ing Kang Bok Ayu Kangjeng Rathu Pagedhongngan, Sang Natha lajeng pinarak ing dalem Prabayasa, putra kakalih wonten ngarsa dalem, Kangjeng Rathu Pagedhongngan nyembah munjuk dhumateng ingkang rama, punapaha panjenengngan dalem kala wonten ing dhépokkipun Ajar kasaosan pasegah, Ajar lajeng panjenengngan dalem pejahi, Sang Natha angandika, wruhanira: nini, si[252]ra ora weruh pasemoné Si Ajar,*




dhéwékké dhasar awas weruh sadurungngé winarah, mulané ingsun paténi, tetep Si Ajar iku ora becik atiné, sabab isih katémpélan budi murka, sumeja jumeneng dhéwé, ora gelem ngempék-empék, tegesé arêp dadi Rathu, ingsun sinugu keji sawit iku pasemon karaton ing Galuh iki bésuk ngalih ing pagunungan, sabab calathuné Si Ajar, godhong keji iku kang mau tandurané wong nagara, tinular tinandur ing gunung, wruhanira, bésuk tanah ing pagunungan ana panjenengngan Rathu, nagarané ing Pajajaran, Rathu iku angluwihi sapadhaning Rathu, kaprenah buyutingsun anakké kang dadi paugeran lima, pambarépé wadon ayu rupané, wadat kaya sira, panguluné lanang, jenengngé Arya Bangah, tinandur dadi Bupati ing Galuh kéné, loro iku padha metu saka ing buri, kang metu saka ing pademi: lanang, jenengé Raja Susuruh, Rathu iku nuli sikara amaténi Ajar Béka, Ajar mau banjur nitis marang bojoné, ametoni lanang, banjur angendhiih karaton, déné Rathu Nyakrawathi mau, **araning jamané Drumuka, Kala Wisésa**, sirnané Rathu iku lan bojoné, lagi meteng telung sasi, ananging wetengngan kang telung sasi mau, iya uga kalakon bésuk yén lair metu lanang, rabi Widadari anurunaké para Raja, déné kang angendhiih jumeneng ing Pajajaran mau, jenengngé Raja Siyung Wanara, iya ing Galuh ké[253]néné, Arya Bangah mau, dadi anunggak semi adhinira Sang Prabu, ingkang putra nyembah munjuk ing rama, dados punika dédé putra dalem Adhi Prabu, ingkang rama angandika, dudu Adinira, Arya Bangah iku kaprenah canggahé Adhinira, ingkang putra munjuk malih, manawi makaten rama, panjenengngan dalem kéging dipun wastani sikara, amejahi Ajar asesegah, ingkang rama ngandika, ingsun ora sikara, karana Si Ajar lan ingsun padha bungahé, kang dadi sukané Si Ajar enggoné golék dalan pangruwat wus lawas mongka ingsun kang nguntapaké, dadi patiné Si Ajar mau prasasat anguguru marang ingsun, iku kang dadi bungahé Si Ajar, ana déné mungguh sukané galih ingsun Si Ajar agawé wiwitán carita, sabab suguhé pasemon kabéh, muni ing layangngingsun peca, tinggalané swaga Éyangngira kang cakal bakal ing Bojong, iya iku kang diarani Rathu ing Galuh, kang putra nyembah munjuk: nama Rathu Galuh punika tegesipun kados pundi: rama, ingkang rama angandika, tegesé Galuh iku mengkéné, satriya putraning Natha ngalih marang ing gunung Mendhang, rinawengi sinungkeman kang sinembah kang pinuja: amung cahyané kang metu saka ing mata,




mulané kaaranan Rathu Galuh, putra nyembah alon munjuk: Rathu Galuh punika kathahipun pinten, ingkang rama ngandika, awiting Galuh saka **Ngadam** apa déné kang akal baka [254] ing Bojong Lopang, kang rayi lan kang putra, telu iku nunggal jeneng Galuh kabéh, ping pat kang jeneng Galuh, kalané Éyang Shindula, ping limané tumurun marang ingsun, iku aran Rathu Galuh kabéh, Adhinira iku iya isih karan Rathu Galuh, déné kang mekasi jeneng Galuh, kang wus sun caritakaké ngarép mau, Raja Siyung Wanara ing Pajajaran lan Arya Bangah Raja ing Galuh mau, iku araning **jaman Drupeksa Kala Wisésa**, jenengngé Rathu Sangara, wong cilik pajeggé sing katur maring Rathuné emas sabab ingsun disuguh kunir satapas marang Si Ajar, iya iku pasemoné, lawasé jaman iku sapuluh windu, nuli kasalinan Rathu, nagarané Majapahit araning **jaman Rajapati Déwaraja**, araning panjenengan **Drubala Kalaséda**, wong cilik pametuné kang katur ing Rathu arupa papicis iku pasemoné Si Ajar suguh kembang saruni marang ngingsun, lawasé jaman iku sapuluh windu, nuli kasalinan Rathu, aran Rathu Jajathah, nagaraning ing Demak araning **jaman Ngadiyati**, Rathu iku Islam manut agama rasul ing gelaraké kitab Kur'an, wong cilik pajeggé isih rupa picis, ananging Rathu iku ora tumurun marang putra, nuli salin Rathu, agamané iya Islam guna sekti sinembah ing para Natha, ing nalika iku nini bubaré anak putu Sundha, agama pakuwan sinalinan agama Islam, Rathu iku mau iya uga ora tumurun karatoné, déné bésuk anak putu Sundha males marang wong [255] agama Islam, sabab ing bésuk nagara ing Jakartha ana nangkoda mondhek ing kono, nangkoda iku wong walonda, ana ing Jakartha ngempék-empék marang anak putu Sundha, saéngga kaya wong ngawula, lawas-lawas ana turun Sundha wadhon ayu luwih, tinuku ing Walonda, ananging kang minongka patukun sundha mariyem tetelu, dadi wasiyating nagara, kang sawiji arané Si Gunthur Geni, kang siji aran Sawomi, loro iku katur marang Sultan Matharam kang katur marang Pangéran Carêbon siji, kang siji ana ing Banthen arané Ki Pamuk, iku nini wiwité anak putu Sundha ana ing Walonda, patutan lanang siji **jeneng Kapitan Nemur**, iku bésuk kang bakal males marang wong agama Islam lawas-lawas sangsaya ngrebda, déné Rathu Jajathah, kang sun tutur dhingin mau, kagentén ing Rathu, nagarané ing Pajang, araning **jaman Kala Bongga**, Rathu iku ora turun karatoné, lawasé mung selapan tahun nuli kagenténan ing




Rathu luwih, dibya sekti, nagarané ing Matharam, Rathu iku kéringngan ing tanah Jawa, lan ing tanah sabrang, wong cilik pajeggé kang katur ing Rathu rupa réyal, iku pasemoné Si Ajar, ingsun sinuguh juwadah iris-irisan, ing mangsa iku **jamané aran Kala Sekti**, Prabu Nyakra Kusuma, lawasing panjenengngané karo belah taun nuli rusah nagarané, wangsané dhéwé kang ambedhah, Rathuné jengkar mangulon nuli ginenténan ing Rathu Numpal Ké[256]li, ananging ora lawas Rathu iku nuli sirna, ora nganti ngamohaké atep nuli kagentén ing Rathu, arané Rathu Kathépéng, dadi lan karsaning Pangéran tuwu ora ana kang nandur, anjaluk tulung marang Walonda kang mondholing Jakarta mau, nuli perang ramé, Rathu Numpal Kéli kalah, cinekel nuli pinaténan, nangkoda mau ana ing jakartha banjur rumengkuh kaya tanahé dhéwé, lawas-lawas angendhiih marang kang duwé nagara, nanging dhék panjenengngan ing Matharam nangkoda mau séba menyang Matharam ping telu, ananging dudu kapiten Nemur dhéwé, wakil baturé baé. Ingsun baléni manéh enggoningsun carita, Rathu Kathépéng mau akadhaton ing Kartasura, karatoné jumeneng lawas balané bacingah, Walonda lan wong Jawa, awit **jamané Dahuru**, ing mongsa iku uwong akéh goroh, sétan jajal lanat tumurun amor wong, uwong akéh lali marang Pangérané, lakuné padha kadang kokonang, sanajan sanakké dhéwé yén malarat ora diaku, sababé ora ana pakolihé, kang di aku sanak kang padha sugih, dadi kang diaku sanak mung donya, sanajan sanak sadulur wong tuwa, yén nepsu kalu patiné, kang katon mung dunya baé, adoh marang laku kabecikkan, ora ana kabecikkan katon, akéh wong wani cidra marang Rathuné, padha kendeladol supata, kang di enggo padha budi saén sungkanan doyanan, adoh marang aga[257]mané, padha amaléséd ing jangji, wong wadon padha nunggang jaran awit wis padha ora duwé wiwirang, wong lanang padha demen nunggang tandhu, wong wis kaya sato kéwan, suda brekating bumi, wong sasawah oléh-oléhané mung sathithik, jaman dhasar wus akir katekan dahuru, kang malati ora nana, kang angker-angker camah kabéh, kali jero dadi cethék, wong wis ora ana betah tapa, lan ora nana bener kopan, antaraning bumi mingkup kang adoh dadi cedhak, tataning wong wus rusah, babar pisan genti anji ing nganji, ora nana nganggo wiwirang, agenti liru bojo, pék pinék singa dhemena, nangkoda mau sangsaya rosa, nagara rēbut-rinebut, wong



cilik bingung adhepé, endi kang diiloni marang nangkoda iku menang perangngé, wong wadon binoyongngan, padha jinamahan, nangkoda sangsaya gedhé atiné, angarah tanah Jawa, anangnging yén wis ngaku dadi Rathu: nangkoda nuli apes, ing sanalika iku rada ana mendhané dahuru ing tanah Jawa, wong cilik pametuné kang katur marang Rathuné picis uwang réyal, araning **jaman Druruswa: Kalawisésa**, akiring jaman iku wong cilik tanbuhan polahé, wong wadon wis ora duwéni wirang pisan, iya iku pasemoné si Ajar, ingsun disuguh Éndhang. Nuli perang sajroning kurungngan, wong gedhé-gedhé kaliru, banjur perang ramé, nuli ana jumeneng Natha, jinunjung wong rucah, patihé wong corah[258] tilasing bobotoh gedhé, Mantriné wong céré pracéré, Bupatiné padha wong bandarakan, ora ana adil khukum pék pinék patén-pinatén papati wis ora nana ajiné. Rathu iku lawasé enggoné jumeneng mung saumuring jagung, banjur sirna, donya sajroning kadhaton wutah mawut-mawut kabéh, karsaning Hyang kang duwé nagara ingkang ngrebut, banjur perang jeroning kurungngan manéh, akéh mati, wong nganggur ora karuhan oléhé, kasusahan padha ngili, kang dén ileni lunga, wong sugih-sugih padha dadi nistha, wong miskin padha dadi sugih, donya padha dadi satru, prayayi padha dadi wong cilik wongngé cilik padha dadi Bupati, papati tanpa wilangan, ana kang mana ing paprangingan ana kang mati gering, ing nalika iku rusak tanah Jawa awit déning perang gedhé, kulon kidul wétan perang tutumpesan embuh rowang embuh mungsuh, wongngé cilik ora karuhan polahé, endi kang diungsiu milu lunga, mrana duwékké ilang, mréné uwékké lebur, akéh wong omah sadhuwuring jaran, lagi ana mendhané sathithik anuli ana perang jeroning kukurungngan manéh, akéh papati tanpa wilangngan, aprasasat tutumpesan, kékéré éwon leksan awit larang pangan, polahing wong ora karuhan, ora kober nyambut gawé, pijer padha ngili ngalor ngidul ora karuhan kang diungsi, pitik padha ngendhog ing pikulan, wong akéh [259] mangan padha uwong, nagara lan ing désa akéh suwung dadi alas, wong mati akéh tanpa iman patiné padha kalap, déné nangkoda mau sangsaya apes jayané, sabab anglakokaké cidra, ora temen ing jangji, rina wengi perang lan kang duwé nagara, ananging nangkoda asor perangngé, balané akéh mati, wong sabrang perang padha sabrang, Jawa perang padha Jawa, nangkoda atiné miris, tataning wong wis ora karuhan, wong kang




nganggur janagur lebur, kang ladah kacandhak dhinupak, wong kang wani akéh mati, wekel karingkel-ringkel kang kendel-kendel padha kacekel, wong kang temen anamahi papa, awit ora kanggo, kang jerih pinatén kabéh, wong kang bandhol tulus mandhosol kang balilu banjur di ulu pisan, wong sing pinter-pinter padha di ubeng-ngubeng diakali, nganti komet dibutuh-butuhaké, banjur cinekelan kabéh, wong kang wuda dadi wani atiné, para botoh yén kabutuh kalah dolanan dadi kendel temah padha angrayah, wong sugih dadi jerih. Ing nalika kono nangkoda angantep perang, ananging meksa kasoran, prasasat tutumpesan, nuli sinapih ing Molana Ngerum utusané Sulthan ing Mekah, amatut kang padha peperangangan, tumuli ana panjenengangan sasi kembar lan Srengéngé, nagara sinigar samongka, woh siji kinaron patut aruntut miturut, ing nalika iku akéh wong muncul adhaha (padha) suwita, wong kang padha mi[260]lu mubeng-mubeng nalikané dhék paperangangan kari lan wong kang nganyar-anyar wong békéngkrakkan kang jail padha macicil baé, kang laku goroh katarima, wong ala padha dilopa, kang malincur padha dadi prayayi, kang nganyar padha kelar amubyar, wong kang lawas luwas, timah padha ngaku salaka, kang emas tulen padha diarani kuningangan, kabéh iku kagawa ing jaman sabab jamané wus akir, akéh wong padha selang surup, ing nalika iku wong cilik pametuné kang katur marang Rathuné, dinar lan picis tembaga, iya iku pasemoné Ki Ajar, ingsun di suguh sega punar, lan getih sapitrah, punar iku pasemoging dinar, getih sapitrah iku pasemoning tembaga, lan pasemoning perang gedhé, kaya kang wus ingsun caritakaké ing ngarép mau. Pomo nini, atawa sira Kaki Prabu, di éling marang ing lalakon, kang ingsun caritakaké kabéh mau amesthi kalakon, ananging lawas énggalé ingsun ora bisa mesthi, déné Rathu loro kang ingsun caritakaké ing wekasan iku nagarané dadi siji, endi kang mituhu marang agama, iya iku kang ngadeg khukum ngadilé, kang di enut saréngaté Kangjeng Rasulullah, padha anggelaraké kitab Khuran, ing mongsa iku akéh wong padha sumungkem marang agamané, sarta anetepi ngibadah, saenggon-nenggon padha amumuji ing Pangérané, lan ora cidra ing ubaya, a[261]sih ing pekir miskin padha anggedhékaké kabecikkan, iya iku ngalamaté oléh ngapura, nagara bakal pulih karta raha raja. Wis kaki, karya, ingsun mulih, Sang Natha



kaliyan ingkang putra Kangjeng Rathu Pagedhongngan lajeng musna saking palenggahan Prabu Arya Bangah kantun piyambak.

Kacariyos ing mongsa punika nagari ing Galuh sakalangkung gemah raha, sarêng antawis lami, Prabu Arya Bangah puput panjenengnganipun kagentosan dhateng ingkang putra Sri Aji Manthala Rasa, boten kacariyos laminé anggénipun jumeneng Rathu, Sri Manthala Rasa sampun puput panjenengnganipun kagentosan dhateng ingkang putra, nama Prabu Mundhing Wangi, Prabu Mundhing Wangi puput panjenengnganipun kagentosan dhateng ingkang putra, nama Prabu Anyakrawati, anétési ing riwayat karaton ngalih ing tanah rédi, Rathunipun kikitha ing Pajajaran tulus panjenengnganipun nagari gemah raha, sang Natha sugih garwa: sugih donya: sugih putra, sakalangkung mukti. Kathah ing bala tanpa wicalan, putranipun ingkang pambaheng éstri, warna sakalangkung ayu, wadat anuruni ingkang Éyang Kangjeng Rathu Pagedhongngan, anyuwun pamit dhumateng ingkang rama badhé tapa, dipun lilani, boten kacariyos laminé: sampun gentur, musna kalayan raganipun, ingkang rayi kakung, nama Arya Bangah, tinanem dados Bupati ing Galuh. Ingkang rayi malih inggih kakung bagus warninipun nama Jaka Susuruh, punika ingkang badhé angentosi Na[262]tha ing Pajajaran, wondéning putra ingkang kathah-kathah boten kacariyos.


Kacariyos Sang Prabu ing Pajajaran kagungngan garwa selir, sakalangkung kinasihan rinten dalu boten kénging pisah, sampun kados pangantén ingkang saweg papasihan, sarêng antawis lami garwa selir ingkang kinasihan wau sampun wawrat tigang wulan, Sang Natha sangsaya sanget sihipun, ananging kapalang Sang Natha saweg prihatos awit nagarinipun pinaraga ing pagebluk ageng, tiyang sakit énjing sonten pejah, sakit sonten énjing pejah, katha padhusunan ingkang sami suweng, ing satunggiling dalu Sang Natha saré anaritis wonten swara kamiréng, éh Sang Natha, yén arêp mulya nagaramu, anjalukka sarat marang Si Ajar, kang mratapa ing gunung Banita, amesthi waluya nagaramu, Sang Natha kagét lajeng wungu, énjingngipun Sang Natha lajeng miyos, Mantri Bupati tuwin monca nagari pepak sadaya, Patih wonten ing ngarsa dalem, Sang Natha



angandika, Patih, sira lan sakanganira ingsun utus timbalana Si Ajar ing gunung Banita, gelem ora ingsun ambodhokaké marang sira, wruhanira, iya iku kang agawé rusakké nagaraningsun ing Pajajaran, wis Patih: sira mangkata, Sang Natha lajeng kondur angadhaton, Ki Patih sakanganipun para Bupati lajeng sami dandos sakaprabonipun perang, sasampuning mirantos lajeng nabuh tengara bi[263]dhal, dadamel sakalangkung ageng, angebekki margi, boten kacariyos lampahipun wonten ing margi.

Kacariyos ing rēdi Banita, Ki Ajar kaadhep ing para cantrik miwah para galuntung pepak sadaya, ambekkipun sampun kados Raja, para cantrik sami jinunjung kanamakakén Bupati, wonten ingkang kajunjung Patih: Ngabéi: Rongga: Demang: Pandeleggan Pecatondha: Tondha Mantri, sami abaris pendhem mirantos angatos satos ing pakewed, bala anak putu tuwin Cantrik pinepak sadaya, Kyai Ajar wicanten dhateng sakathahing bala, éh sakéhé anak sabatku, wruhanira, ing dina iki bakal ana prakara, bilai gedhé anekani, awit wis karsaning Jawatha kang luwih, yén ora kabeneran agawé pepati, ora kena disingkiri, kowé kabéh aja kari marang kapatén, ing mongsa iki wis sedhengngé, aku bakal obong ana sajroning kadhaton Pajajaran, anangnging kowé kabéh padha di awas, bésuk manawa ana panjenengnge Rathu ing Pajajaran ajujuluk Prabu Siyung Wanara, iya iku panitisku, karana aku dhéwé ora kalilan madeg Rathu, anangnging ora wurung aku bakal tumempel, saréhning saiki polahku wus kauningan marang Sang Natha, kitha Pajajaran bakal dak cidra sangkaning lembut baé, ananging karépku bakal dak pupucukki perang, yén nututa ora wurung banjur diiles baé, sisip-sisip mati diiles angur mregagah[264]a rada ana ucapé ing buri, sadaya matur iyeg rēmbag anangledi, sedya labuh pejah sadaya, Ki Ajar wicanten malih, iya dak idini kabéh, saoléh-oléh padha tadhahana ing perang amurih ramé, wis kabéh padha mirantiya, sabab mungsuk iki méh teka, déné kang dikongkon nimbali aku, Ki Patih: sarta anggawa prajurit sagagamaning perang, bala anak sabat sadaya sampun mundur saking ngajengngipun Kyai Ajar, sarta ngatos-satos.

Kacariyos Kyai Patih, sampun dumugi sukuning rēdi saprajuritipun sadaya, swaranipun gumeder, rēdi lajeng dipun kepang kikis, kawit Ki




Ajar sampun katawis ing awonipun, sabab tiyang ing rēdi sadaya katingal saking ngandhap sampun sami mirantos, Ki Patih angundhangngi bala kadhwahan sami anginggahi, bala lajeng sami tumandang, minggah ing rēdi sarwi surak-surak, ingkang wonten ing nginggil para cantrik lajeng sami tumandang anatasi séla ingkang sami dipun cancangngi, sadaya anglundhung andhawahi mengsa, kathah ingkang kapalipis boten wonten saged minggah ing rēdi, Ki Patih sarêng uninga, sakalangkung nepsu, lajeng dhawah angesuk sarta anumpes si tiyang rēdi sadaya, ingkang ngepang lér kidul wétan kilén sarêng minggah sarwi surak-surak tiyang ing nginggil anadhahi, lajeng tangled ramé, dados kasoran perang ngi[265]pun tiyang ing rēdi, pinten ingkang pejah, sakantunipun sami lumajeng, ngungsi ing gurunipun, tiyang rēdi karayahan saraja kayanipun sadaya telasan, Kyai Ajar boten gumingsir, taksih wonten ing dhépokkipun, boten antawis dangu Ki Patih sakancanipun para Bupati dumugi ing dhépokkipun Ki Ajar, lajeng angepang, Ki Patih sampun kapanggih kaliyan Ki Ajar, Ki Ajar lajeng amedalaken pasegah, warni erah sapitrah: waos dhuwung; kimpul beton, boten wonten ginodhog, Ki Ajar anyarakaken: punika pasegah kula, sadaya katura, Ki Patih anyauri tarima, aku iki: Ki Ajar: utusané Sang Natha ing Pajajaran andikakakén nimbalí kowé, barêng salakuku, Ki Ajar sumaur, kula nyuwun duduga, awit boten naté teng nagari, tiyang ing rēdi sanget ajrih, kalih malih punapa damelipun, Ki Patih sumaur, Ajar, kowé aja tumambuh mengkono, mulané, mulané tinimbalan pasthi ana gawéné, rusakké nagara Pajajaran kowé kang nenung, ing mengko mulya ateka ing kowé, Ki Ajar amangsuli, punika dédé pabenan, kula dédé dhukun, anggén kula tapa punika: namung anedha kamuktén, Ki Patih lajeng angejépi kancanipun Ki Ajar lajeng jinambak kaabyukkan ing kathah, Ki ajar sayah ambekkanipun kempis-kempis dipun pisakit dipun gebaggi, Ki Ajar sambat boten daso, [266] kénging napa awak kula dika pala. Lajeng kawasésa badhé dipun tangsuli, ananging prucat-prucut boten kénging, Ki Ajar lajeng dipun sudukki ing kathah: Ajar amoh lajeng pejah, jisimipun musna, anunten wonten swara, Patih: énggal sira nusula, patapanipun Ki Ajar dipun obrak-abrik, Ki Patih aken nabuh tengara, sampun mudhun saking rēdi, mundur sakancanipun sadaya, bidhal mantuk dhateng nagari.



Kacariyos Ki Ajar wau, lajeng lumebet dhateng kadhaton ing Pajajaran sowan Sang Prabu, sampun kapanggih kaliyan Sang Natha, boten antawis dangu, Ki Patih sakancanipun dhateng, lajeng konjuk ing Sang Prabu, yén Patih sakancanipun ingkang saking rēdi sampun dhateng, tumunten ing ngandikan malebet, dumugi ing ngarsa dalem Kyai Ajar sampun pinanggih wonten ing ngarsa dalem. Patih sakancanipun para Bupati sami éram aningali, badhé angunjukkaken salampahipun kautus sampun karumiyan ing Kyai Ajar, Ajar munjuk ing Sang Natha, é kang andarbéni sembah puja, bekti kawula konjukka ing sangandhapipun pada dalem, panjengngan dalem animbalii kawula, punapa wonten karsa dalem ingkang gatos, kalyan malih kawula anyaosi angsal-langsal dhaharan sawonten-wontenipun ing rēdi, saréhning sepa sepi, namung keji sapitrah punika kaatura ing panjenengngan dalem prayogi dipun tanema salebeting nagari, dados pajala uliyan, sabab ingkang wau wijini[267]pun saking ing kadhaton tinular dhateng tiyang ing rēdi, lajeng katanem, ing mangké wangsu dhateng nagari malih, sampun sedhengngipun Gusti, dados gentos nanem, Sang Natha sarêng mirêng aturipun Ki Ajar, sakalangkung duka, lajeng anarik wangkingan Ki Ajar sinuduk dhadhanipun terus ing walikat Ajar lajeng pejah, jisimipun musna, boten dangu wonten swara kamirêng déning Sang Natha, éh énéget-énéget bénjing kawula nagih pejah, manawi wis sampun lair wawratipun garwa dalem inggih punika kawula ingkang anitisi, Sang Natha angandika, iya ingsun ora oncat. Sang Natha lajeng kondur, Patih sakancanipun sampun sami mundur, roroncé boten kacariyos, sarêng alami-lami garwa ingkang wawrat sampun mongsa, lajeng ambabar, jabang bayi miyos kakung, abagus warninipun, lajeng dipun dulang upas dhateng Sang Natha, nanging boten pejah, dipun besmi inggih meksa manthengel kémawon, Sang Natha sakalangkung duka, jabang bayi lajeng kadékék ing tabela, binektanan panganggé sarta raja kaputran sarta kabektanan waos tuwin dhuwung, lajeng linabuh ing lépén Ciamis.

Kacariyos wonten tiyang sepuh, sakalangkung miskin awasta Ki Santhang, damelipun masang bara, ing nalika Ki Santhang wau anuwéni bara, kagét aningali tabéla kasangsang ing bara, lajeng dipun candhak sarta dipun ungkabi, ing lebet isi babayi, tuwin panganggé




warni-warni, sarta mawi wao[268]s dhuwung, Ki Santhang sakalangkung suka bingah, rumaos yén angsal begja, lajeng binekta mantuk, saréng dumugi ing griya, ingkang éstri pitakén, sing kogawa iku apa: Kyai, Ki Santhang sumaur, pethi oléhku nemu kasangsang ana ing bara, lajeng dipun tanpéni dhateng ingkang éstri, saréng aningali: sakalangkung bingahipun, dhasar Nyai Santhang boten anak-anak mila sami sakalangkung-langkung bingahipun, Ki Santhang dados sugih saréng sakala, awit jabang bayi wau kathah bebektanipun, kacariyos jabang bayi sampun ageng, panci méh jajaka, warninipun abagus cahyanipun mancur, sakalangkung kaugung dinama dama, anedha nama piyambak dipun kén amastani Radén Banyak Widhé, Ki Santhang sarta ingkang éstri sami jumurung, ing nalika satunggil dinten Randén Banyak Widhé atatakén dhateng Ki Santhang, aku iki anakké sapa, Ki Santhang alon sumaur, kowé ora duwé Bapa, iya aku Bapakmu, Radén awicanten sarwi nepsu, kowé iku goroh, ora tutur sabeneré, Ki Santhang lajeng cinandhak jinunjung badhé binanting jerit-jerit: enggér, maras atiku, udhunna, mengko dak tuturi, satemené kowé iku oléhku nemu ana ing banyu, sampun kacariyosakén sadaya, ing wiwitan dumugi ing wekasan, Radén sumaur, aja susah kowé tutur, aku wis weruh, saking jrihipun Ki Sa[269]nthang: sumedya angayem-mayemi dhateng Radén Jaka, yén mengkono, enggér, ayo padha lunga, aku duwé sanak, alul péitungan omahé ana tengahing alas, iku manawa kena tinakonan, Radén anuruti, sampun mangkat tiyang kakalih, dumugi ing wana: kathah ingkang katingalan tuwin ingkang kamiréng, ungeling peksi wurahan, wonten kethék mathangkrang ing kakajengangan, Radén apitakén dhateng Ki Santhang, Kiki: sing mathangkrang ing kayu kaé apa, déné kaya uwong, lan maningngé iku manuk apa, becik temen rupané, nganggo jajamang, sembada temen lan swarané, Ki Santhang sumaur, kang mathangkrang ana ing epang kaé wenara jenengnge, déné manuk kang kaya nganggo jamang ika: jenengngé manuk siyung, Radén wicanten: yén mengkono: Kaki, saiki aku ngalih jeneng Siyung Wenara. Ki Santhang anakséni, Radén atatakén malih, endi: Kaki: omahé sanakmu, kang bisa péitungan iku, Ki Santhang anyauri, pandugaku wis ngalih saka ing kéné, biyén iya alas iki kang di omahi, ayo: enggér: banjur marang nagara, aku duwé sadulur dadi lurah empun, omahé sawétaning alun-alun, Radén tansah anuruti ing




wicantenipun Ki Santhang, boten dangu sampun dumugi griyanipun Ki Empu, Ki Santhang sarta Radén Siyung Wenara sampun kapanggih kaliyan Ki Empu, sasampuning bagé-binagékaken Ki Empu [270] lajeng atatakén dhateng Ki Santhang, Ki Santhang lajeng awawartos ing wiwitan dumugi ing wekasan, sarta agadhah pitembung anitipaken dhateng Radén Jaka Siyung Wenara, Radén Siyung Wenara sampun sinanjangngan: enggér, kowé dak titipaké marang pamanmu ing kéné, apa saréhé pamanmu: amituruta, lan aja lunga-lunga, Ki Santhang sarêng sampun memeling dhateng Radén Siyung Wenara, lajeng pamit mantuk, Radén Siyung Wenara tetep wonten pagriyanipun Ki Empu, ing ngalami-lami winulang pandhé, sampun saged malah angungkuli Ki Empu, manawi pandhé Radén Siyung Wenara, ingkang kadamel saron dhengkulipun pukulipun kepeling tangan, sakalangkung sekti, Ki Empu sanget éram aningali Radén Siyung Wenara, anuju ing dinten satunggil Radén alélédhang dhateng ing radinen akaliyan Ki Empu, panuju kagungngan dalem gajah badhé kaguyang dhateng ing benawi, Radén pitakén dhateng Ki Empu, irêng abrengunuk iku apa: Bapak, Ki Empu anyauri, gajah ika, kagungngané Sang Prabu, arêp di guyang menyang ing Bengawan, Radén lajeng amuruggi, gajah kacandhak gadhingnipun mendhak anjeru boten saged polah, Lurah Sariti sakalangkung nepsu, angabani dhateng kancanipun, Radén lajeng kinarubut ing kathah, sarta kaangkusan, Radén Siyung Wenara sakalangkung nepsu, [271] para Sariti cinandhakkan rangkep kalih rangkep tiga, sami dipun bantingngi: dipun bucali: pating palesat, Ki Empu lajeng agrerapu dhateng lurah Srati, sarta angaturi patiba jampi, tembungngipun: mugi sampun ngantos konjuk ing Sang Natha, sabab punika anak kula, laré déréng mirsa ing lerês, lurah Sariti anyauri, iya aja sumelang. Ki Empu lajeng mantuk radén binekta, dumugi ing griya: Ki Empu wicanten dhateng Radén Siyung Wenara, enggér, saiki kowé aja lunga, anaha ngomah baé, sarêng antawis lami, Sang Natha kasukan ngaben tiyang wonten ing pagelaran kaaben prang tandhing, munggang mungel angungkung, radén Siyung Wenara mirêng, lajeng pitakén dhateng Ki Empu, Bapak sing muni ngungkung lan surak ambal-ambalan ika apa, Ki Empu sumaur, ika Gusthimu Sang Natha: enggér, kasukan ngadu uwong ana ing pagelaran, Radén angandika, Bapak aku lilanana arêp nonton wong perang tandhing, lan arêp weruh wong



agung, supaya bisa asumurup tata kramané, Ki Empu anyauri, enggér, kowé aja nonton, sréhning Sang Natha miyos akéh wong padha baris lan priyayi gedhé-gedhé akéh séba, kowé durung sumurup tata kramané, manawa kasiku, Radén sumaur, ora: Bapa, aku lilanan, sapian iki baé, Lajeng mangkat boten kénging pinalangngan malebet ing kadhaton meda[272]I ing sitinggil, tiyang kathah boten wonten uninga, katungkul sami ningali ngaben perang tandhing, sarêng dumugi ing kadhaton Radén Siyung Wenara uninga balé sawo, kacariyos balé sawo punika ginepok kémawon mungel jumenglung kados gongsa, ing nalika punika Radén Siyung Wenara dangu aningali ngiwa nengen, wonten katingal kados kenul tabuh gongsa, ginantung sandhingnging balé sawo, lajeng cinandhak dhateng Radén Siyung Wenara, wawatonip[un balé sawo tinabuh: mungel jumenggur, kados ungeling gongsa, tiyang ingkang wonten ing pagelaran sadaya sami kagét, Sang Natha kagét sarta sanget duka, énggal andikakaken mariksa, sabab punapa balé sawo mungel angungkung, énggal lampahipun ingkang kautus, boten antawis dangu wangslu dumugo ing ngarsa dalem nyembah munjuk: mila kagungangan dalem balé sawo mungel awit katabuh ing laré, Sang Natha lajeng dhawuh dhumateng para Bupati, andikakaken sami nyepeng dhateng laré, ingkang purun-purun anabuh balé sawo wau, para Bupati énggal sami lumebet ing kadhaton, dumugi prenahing balé sawo: laré ingkang nabuh wau lajeng badhé cinepeng, Kinarubut ing kathah, para Punggawa kinapataken dhateng Radén Siyung Wenara, wonten ingkang binanting, sami kawus sadaya, satunggiling Punggawa wonten ingkang lumajeng, angunjukki uninga ing Sang Natha, agunjukkaken ing sasolahipun [273] dhawah dalem: yén mengkono, aja sira keras-keras, takonana di lirih, diméné ngaku, sapa kang duwé anak, Wadana kang ngunjukki uninga: nyembah mundur, sampun dumugi nyembah ing balé sawo, laré lajeng dipun pitakéni, wangulanipun: yén kowé takon aku anakké Ki Empu, sarêng sampun tépéla, para Bupati lajeng sami mundur saking ing ngriku, wangslu dhateng pagelaran, dumugi ing ngarsa dalem munjuk ing Sang Natha, kawula nuwun, laré sampun kawula pitakéni, wangulanipun anakkipun Ki Empu, ingkang kautus énggal lumampah, boten antawis dangu Ki Empu sampun kéríd ing utusan lajeng ing ngandikan majeng, Sang Natha angandika, Empu, anakkira ana ing kadhaton dolan ana ing



balé Sawo, timbalana ing ngarsaningsun, Ki Empu nyembah munjuk sandika, lajeng kairid malebet ing kadhaton, sampun kapanggih kaliyan Radén Siyung Wenara, lajeng dipun jak medal dhateng Ki Empu kabekta dhateng pagelaran, sampun dumugi ing ngarsa dalem, Sang Natha angandika, Empu: iku apa anakkira dhéwé, Ki Empu nyembah munjuk: jrih kawula kaabdékaken ing sangandhapipun sampéyan dalem, laré punika angsal kawula manggih ing toya, wonten salebetipun ing tabela, dados étangngipun anak papanggihan dédé anak kawula piyambak, Radén Siyung Wenara [274] tinimbalan majeng, jéjér akaliyan Sang Natha, lajeng mundhut paningalan, Sang Natha kaliyan Radén Siyung Wenara sami aningali ing paningalan, Sang Natha mésem sarwi ngandika, Empu: anakkira ingsun pondhut, Ki Empu nyembah munjuk sumongga, Sang Natha tedhak saking dhampar: lajeng kondur angadhaton Radén Siyung Wenara tinunggilaken kaliyan panakawan alit-alit, sarêng ing alami-lami, Radén Siyung Wenara kandel ing pangawulanipun pinutra-putra, sarta kaugung sapijajengnganipun lajeng tinunggilaken kaliyan putra sepuh, ingkang anama Jaka Susuruh, inggih punika ingkang jumeneng Pangéran Adipati, Radén Siyung Wenara kawenangngaken lenggah jajar kaliyan Pangéran Dipati, sakathahing para Bupati tuwin abdi monca nagari sami kadhwahan manawi sonten sowan ing Sang Natha, manawi énjing sowana dhumateng Pangéran Dipati sarta Radén Siyung Wenara, sabab putra kakalih pangwasanipun dados satunggil, sarêng lami-lami, Radén Siyung Wenara ayasa gedhong tosan anglempakkaken para pandhé, sami dipun kén anggarap gedhong tosan, boten lami sampun dados, gedhong sakalangkung saé, sarta mawi kasukanan galindhingngan maju sakawan ing lebet karêngga linangsé pinajang-pajang. Anuju satunggil dinten Radén Siyung Wenara: kaliyan ingkang raka kanjeng Pangéran Dipati: sami sowan ingkang rama, Sang Natha angandika, kulup sira ka[275]ro padha séba ing ingsun apa ana gawénira, Radén Siyung Wenara munjuk: kawula nuwun rama, saréhning panjenengngan dalem sampun sepuh, manawi parêng ing karsa dalem samukawis prakawising nagari sampuna déning kawula: kaliyan putra dalem Kang Mas Pangéran Adipati, sampun susah panjenengngan dalem angeréh bala, panjenengngan dalem sampun kawula damelaken pasaréyan gedhong tosan sakalangkung saé, tulus samukti wonten salebeting



gedhong tosan, saréhning sampun sepuh rama, éca adhahar saré, kawula kaliyan putra dalem Kang Mas ingkang gentos anengga, angladosi sakarsa dalem, ingkang rama inggih sakalangkung amarêngngi, lajeng lumebet ing gedhong tosan kaliyan ingkang garwa kangjeng Rathu, gedhong tosan wau prenahipun wonten salebeting kadhaton, Sang Natha kaliyan ingkang garwa sakalangkung mukti, anggung dhahar saré wonten ing gedhong tosan, lami-lami ingkang garwa wawrat tigang wulan, putra kakalih gentos anenggakki, angladosi sakarsanipun ingkang rama, terkadhang karsa ameng-ngameng, ingkang putra andhérék, ing alami-lami karsaning angya: nuju ing satunggil dinten Radén Siyung Wenara ingkang anggiliri tenggak Sang Natha anglerési saré kaliyan ingkang garwa, gedhong tosan lajeng kinunci saking jawi dhateng Rdén Siyung Wenara, anunten medal amepak baris, Radén Siyung Wenara awicanten dhateng sakathahing bala, é sakéh[276]é balaku kabéh, gedhong wesi kang ana sajroning kadhaton iku anyangaraké nagara, agawé rēngkaning karaton, jupukken labuhen ing sagara, balé énggal sami lumebet amendhet gedhong tosan sampun kabekta medal, wonten satunggiling abdi uninga ing wados lumajeng angunjukki uningnga dhateng Raja Susuruh, sarêng dumugi ing ngrasanipun nyembah matur sarta nangis: Gusthi: abdi dalem angunjukki uningnga ing panjenengngan dalem, Kangjeng rama dalem saha ibu dalem wonten salebeting gedhong tosan dipun kunci saking jawi dhumateng rayi dalem ing samangké menggah gedhong wau dhawahipun rayi dalem andikakaken anglabuh dhateng ing saganten, sampun kabekta medal saking kadhaton, Pangéran Dipati kagét amirêngngaken lajeng ngandika, apa temen aturira, bok manawa sira angadon-nadoni, amrih ingsun perangangan lan Adhi Mas, abdi ingkang ngaturi uningnga: nyembah matur, Gusthi, pejah gesangngipun abdi dalem konjukka, saking temen-temenipun abdi dalem, Raja Susuruh angandika, é Déwa Bathara, Kangjeng rama, séwu boten nyana, yén Adhi Mas apala cidra. Lajeng angagem sakapraboning prang, tumunten angundhangngi bala, sarêng sampun mirantos lajeng bidhal anututi kang ambekta gedhong, sampun rinebat déning Raja Susuruh, ingkang ambekta sami lumajeng, ajrih dhateng Raja Susuruh, lajeng angaturi uningnga dhateng Radén Siyung Wenara, ing wiwi[277]tan dumugi ing wekasan katur sadaya, Radén Siyung Wenara




sarêng mirêng: sanget nepsu, awicanten dhateng bala, wis padha mundur, Kang Mas aku tandhingngé, sabab wis di gadhang-gadhang ing Jawatha kang luwih, lajeng anganggé-anggé: mangkat ijén tanpa bala, gedhong rinebat sampun kénging, Raja Susuruh angandika, élingnga: Adhi Mas, kowé pinutra-putra marang Kangjeng rama pinadha lan aku, rama liwat asih ing kowé, ing mengko-mengkono pamalesmu, apa kang bakal kotemu, Radén Siyung Wenara sumaur, sabab kangjeng rama sampun nyambut pejah, amejahi Ajar, aluwung nyaura ing ngriki kaliyan anyaur ing ngrika, Raja Susuruh angandika malih, embuh-embuh kang sira ucap Adhi, mulané Si Ajar dipaténi, sabab anenung nagara, Radén Siyung Wenara matur, boten Kang Mas saduka duka sampéyan kula angladosi, Raja Susuruh angandika, apa kowé wus lali: Adhi Mas, gedhong lajeng rinebat déning Raja Susuruh, sampun karébat gentos rêbat rinebat kados undhi, lajeng sinépak dhateng Radén Siyung Wenara, gedhong malesat dhawah ing saganten, Raja Susuruh lajeng muwun sambat ingkang rama, rama: panjenengngan dalem kawula bélani. Sarta sakalangkung duka, mara: Adhi Aku bélakna kangjeng rama, yén dhasar kowé arêp numpes wiji, aja tanggung, Radén Siyung Wenara sumaur kalayan basa ngoko, mongsa aku wediya, lajeng angunu[278]s dhuwung, Raja Susuruh dipun suduk boten busik dhuwung sampun putung, lajeng salin pedhang, pedhang inggih lajeng tugel, lajeng nyandhak bindi, ingkang raka binindi: tangkis asta, bindi malesat, Raja Susuruh ngandika, Siyung Wenara: élingnga, mupung aku durung lali, Radén Siyung Wenara sumaur, mayo malesa, endi kang unggul pasthi angenténi kapraboning rama, Raja Susuruh lajeng anarik wangkingngan Radén Siyung Wenara inggih ngunus dhuwung, lajeng ruket suduk sinuduk boten wonten kasoran, salin bindi: salin gada, boten wonten ingkang tumama, sampun telas sadaya dadameling perang, lajeng sami kéndel, sarêng sampun mantun sayah: ngangkat perang malih, angaben karosan banting binanting junjung jinunjung, gelut dugang dinugang, sami sérét sinérét, Raja Susuruh binucal dhawah saonjatan tebihipun lajeng wangsul muruggi anyandhak Radén Siyung Wenara, kabucal dhawah lampahan sadinten, sawangsulipun lajeng sami aso asiram, sasampuning siram perang malih, Raja Susuruh sinéréd mangilén, lajeng males Radén Siyung Wenara linarak mangétan, dangu sami larak linarak, ananging




Radén Siyung Wenara manawi anglarak dhateng ingkang raka, boten kuwawi ngantos anglangkungngi lépén Cipalih.

Kacariyos sampun lami anggénipun perang, manawi dalu kéndel énjingngipun perang malih, manawi sanget panas sami aso siram, yén sampun siram perang ma[279]lih, sarêng ing nalika satunggil dinten Radén Siyung Wenara matur dhateng ingkang raka, kula nuwun Kang mas kados pundi menggah perang punika, sampun nelasaken akal boten wonten kawekasanipun, sapuni ka kula sampun rumaos kawon, Raja Susuruh ngandika, ora: Adhi, becik tutugna karêpmu, arêp ngayoni wong tuwa, sagendhingmu dak ladéni, Radén Siyung Wenara matur malih, boten Kang Mas kula nyundhul atur manawi kanggé, panjenengngan sampéyan jumenengnga Natha, anggentosi karatonipun Kangjeng rama, kula anyantan kémawon angawat-tawati minongka dados prajurit utawi dados Punggawa, inggih punapa saprayoginipun karsa sampéyan kula anglampahi, Raja Susuruh lilih dukanipun rumaos yén dados sepuh, wusana alon angandika, iya bener: Adhi: aturmu, banget dak tarima, nanging aku ora gelem madeg Rathu ana ing nagara Pajajaran, kowé baé madegga Natha ana ing Pajajaran Adhi, aku wong tuwa ngalah, déné aku yén bisa cacakar dhéwé, bakal lunga mangétan golék papan kang prayoga di gawé nagara, nanging janjiku marang kowé, tanah Jawa sinigar semongka, wetas ing Cipalih sapangétan aku kang anduwénana, sakuloning Cipalih sapangulon bowé kang anduwénana, poma aja ana cahak-cinahak sapanjenengnganmu lan sapanjenengnganaku, ing buri aku ora ngawruhi, turunku lan tu[280]runmu iya sadhéngahné ya kang kasérénan, Radén Siyung Wenara nyembah matur, kula sumongga sakarsa sampéyan Kang Mas, kula darmi anglampahi. Lajeng ngujung, ingkang raka angrangkul, sarwi alon angandika, wis Adhi, mayo padha rēbut paran kowé ngulon aku ngétan, nanging wekasku: Adhi, sarupané wong Pajajaran yén ana kang tresna sumeja nusul marang aku, aja kowaleri, ingkang rayi nyembah matur sandika, lajeng mangkat dhateng nagari ing Pajajaran awit sampun karsaning Jawatha.


Kacariyos lampahipun Raja Susuruh. Lumebet ing wana, minggah rêdi, tumurun ing jurang, tilar dhahar saré, wonten seliripun satunggil kantun



ing nagari Pajajaran awasta Rarasathi, nusul kaliyan Adhinipun jaler satunggil, wonten malih panunggilanipun abdi panakawanipun Raja Susuruh kathahipun gangsal sami nusul angupadosi Gusti, sampaun sami kapanggih kaliyan Gustinipun Raja Susuruh, lajeng sami andhérék sapuruggipun nusup ing wana, minggah ing rēdi, tumurun ing jurang, Rarasathi samargi-margi anangis kathah sasambatipun, Gusthi, punika ing pundi ingkang dipun sedya, déné rinten dalu lumampah: boten kéndel-kéndel, manawi parêng: kawula nyuwun aso, badhé tilem saliyep[281]an kémawon, mripat kula kados dipun pulut saking sanget aripipun badan sakalangkung lesah, sarta sanget luwé kawula, manah angintirintir, sadhérékkipun jaler awicanten: kowé ngajak nusul ing mengko wis katemu: sabendina nangis, mundhak angrubedi galihé Gusthimu, Rarasathi sumaur sarwi anjerit: menengnga baé; édan, aku ora sambat marang raimu, sambat-sambat ing Gusthiku dhéwé, Gusthi: sumonga sami aso, Raja Susuruh angandika, menengnga: aja nangis antékna disaréh: sangsaya sayah temen suku kula, malendhung sami abuh, kaduwung anggén kawula nusul, jeléh bosen saben dinten nedha godhongngan boten kantenan wekasanipun sarta lumampah boten kantenan ingkang kajujug, Gusthi, kawula nyuwun kendel, Raja Susuruh anuruti, awad-awad damel dhépok wonten ing rēdi, kadamel angarêm marêmi Rarasathi, rinakit-rakit padhépokan sampaun dados sakalangkung asri, Rarasathi meksa taksih béka, rinten dalu nangis sambat-sambat boten karaos wonten ing rēdi, Raja Susuruh angandika sanget duka ing galih, ngéwuhaké temen, ngajak aso wis dituruti: meksa béka baé, Kakang Adhi padha kaya buta, lajeng sami dados denawa, kakangngipun dados raseksa, Adhinipun dados raseksi, Prabu Susuru[282]h angandika malih, iku kang padha kokarépaké, wis kariya, padha tunggu guwa dhépokku, aja lunga-lunga, Prabu Susuruh lajeng mangkat alalampah, lumebet ing guwa, aneges karsanipun Bathara Guru, kang kacipta ing galih, mugi tetepa angrenggani karaton Jawi, tedhak tumedhak ngantos dumugi ing jaman akir, sampaun ngantos kaselan ing tedhak sanés, laminipun tigang wulan wonten salebetung guwa, rinten dalu anjungkung ngeningngaken cipta ingkang boten kawoworan, lajeng katarimah ing Déwa, cahya karaton medal anyumukki wadana, sampaun katémpélan dhateng ingkang rama Sang Natha, cahya mancorong amadhangngi guwa, salebetung guwa kathah



ingkang katingalan brekasakkan sami anggogodha, kathah pratingkahipun angogodha, panjang yén kacariyosna, Prabu Susuruh boten gingsir, teteg pasrah ing Jawatha, sasirnanipun ingkang sami anggodha, wonten satunggil tiyang éstri dhateng tanpa sangkan warninipun ngasoraken Widadari, mésem-mésem waja katingal gumebyar kados kilat, lenggah sandhingngipun Prabu Susuruh, lajeng atileman ing pangkonipun, ing nalika punika Prabu Susuruh kapéncut, éstri badhé rinangkul anginggati, lajeng rinungngrum cinandhak tanganipun Sang Ayu lajeng musna, Prabu Susuruh sanget ngungun awit déning kasmaran, boten dangu Sang Ayu katingal malih, ngadeg ing ngarsanipun Prabu Susuruh, sarta wi[283]canten alon: wis kaki: luwarén tapanira, saiki wis katarima, wruhanira, Éyangngira buyut iku Adhiningsun iya ingsun kang jeneng Rathu Pagedhongngan, Raja Susuruh sarêng mirêng: lajeng angabekti, sarwi matur, kami purun kawula ingkang akathah-kathah, mugi-mugi lepating sarik saking déréng sumerêp kawula, kangjeng Rathu Pagedhongngan angandika, sadurungé sawisé: kaki: wus ingsun apura, ing samengko wus kena kang sira sedya, sira bakal dadi Rathuning satanah Jawa, turuntumurun isih padha amengkoni, sira mangétana mrana, ana ara-ara-ara jembar, ing tengah ana kayoné siji, iku dhukuhana, ing bésuk dadi nagara gedhé, sira lan saturun-turunira ingsun kang momong, déné kang ingsun kadhatoni ing **sagara wedhi**, wis ta : kaki: mangkat ta. Sang Rêtna sampun musna, Prabu Susuruh lajeng medal saking guwa, lumampah mangétan anasak wana, siyang dalu lumampah, boten kacariyos laminipun wonten ing margi, Prabu Susuruh lajeng amanggih dhekah, awasta ing Kali Gunthing, anunten ngéngar dhateng Rondho ing Kali Gunthing wau, laminipun ngantos sataun, Nyai Rondha sakalangkung ajrih sarta asih dhateng Prabu Susuruh, Nyai Rondho agadhah sadhérék jaler satunggil anakkipun tiga sami jaler, ingkang sepuh anama Ki Wiro, adhinipun anama Ki Palih, wuragilipun anama Ki Bandar, sarêng ing dinten satunggil Nyai Rondha badhé tuwi dhateng sadhérékkipun Prabu Susuru[284]h binekta, lajeng mangkat, ing margi boten kacariyos, Nyai Rondha sampun kapanggih kaliyan sadhérékkipun jaler, ing sanalika sadhérékkipun jaler ragi kagét aningali ingkang Bok Ayu, awit dipun wastani imah-imah, Prabu Susuruh dipun wastani lakinipun, adhinipun lajeng pitakén: Bok Ayu, punika punapa



laki andika, Nyai Rondha sumaur, dudu, iya iki Gusthimu ing Pajajaran, lajeng kacariyosaken sadaya: ing wiwitan dumugi ing wekasan sarta adhinipun binisikan, Nyai Rondha lajeng pamit mantuk Prabu Susuruh kaaturan kantun wonten griyaning adhinipun wau, Nyai Rondha mantuk piyambak dhateng ing Kali Gunthing.

Kacariyos Prabu Susuruh, anggénipun wonten griyaning adhinipun Nyai Rondha sampun tigang wulan, wondéning ingkang angladosi sabendinten Ki Wiro: Ki Palih: Ki Bandar, kala Prabu Susuruh déréng wonten ing ngriku, tiyang titiga sakawan Bapakkipun damelipun saben dinten namung sami anananem, saréng ing nalika satunggil dinten Prabu Susuruh karsa késah ameng-ngameng dhateng ing wana, Ki Wiro: Ki Pali: Ki Bandar: sami andhérék, lampahipun Prabu Susuruh kalunta-lunta, wanci tengangé lerép anuju ngambah wana tarataban panasipun sanget, lajeng ngambah ara-ara wonten kakajengnganipun Maja satunggil, Prabu Susuruh saréncangngipun kendel wonten sangandhaping kajeng wau, awit saking ka[285]panasen sanget, Prabu Susuruh angandika, Wiro, uwit iki wohé akéh temen jajal methikka siji baé, Ki Wiro methik satunggil sinaosaken tinampén lajeng ginepuk dhateng Prabu Susuruh, saréng dhinahar: raosipun pait, Prabu Susuruh angandika, iki woh Maja, nanging rasané pait rada-rada langu, aku arêp dhudhukuh ing kéné, yén wus dadi, dak arani dhukuh Majapahit, lajeng sami babadhé, Ki Wiro: Ki Palih: Ki Bandar: saben dinten sami babad, lajeng tinaneman wiji, pala gumantung, pala kasimpar, pala kapendhem, boten antawis lami sampun sami angemohi, pémahan inggih sampun sami rinakit, dhusun sakiwa tengen kathah ingkang ngalih tumut dhedhekah ing ngriku, tegil sabin sampun kathah, dhasar sitinipun radin toyo tumumpang, mila tiyang gagriya sangsaya wewah-wewah, mila lami dados nagari ageng.@@@

¤¤¤¤¤